menen birqansha uqsaslıqlarǵa iye bolıwı menen birge, basqa xalıqlarda ushıraspaytuǵın kiyimleri de bar. Bul kiyimler qaraqalpaqlardıń ruwxıy dúnyasına, milliy psixologiyasına baylanıslı rawajlanıp otırǵan. Bul kiyimlerdi úyreniw arqalı qaraqalpaqlardıń ruwxıy hám materiallıq mádeniyatın túsiniwge boladı. Qaraqalpaqlardıń er adamlarınıń kiyimleri ishinde ton úlken orın iyelegen. Tonlardıń bir neshe túrleri bolǵan. Bulardan qoy terisinen tigilgen tonlar, tay terisinen tigilgen-tayshaxı, eshki terisinen tigilgen-qılqanı aytsa boladı. Tayshaqı menen qılqanı tiykarınan padashılar kiygen. Bul tonlar terisi ishke, júni sırtqa qaratıp tigilgen. Qaraqalpaqlar kóbinese tondı qoy terisinen islegen. Bunda qoy terisi iylenip jumsartılıp bolǵan soń júni astarına qaratıp tigilgen. Sırtı sulıw etip hár qıylı boyawlar menen boyalǵan. Ton tek ǵana jıllı júriw ushın ǵana emes, al sán ushın da kiyilgen. Xalıq arasında saqlanǵan ańız boyınsha belgili qaraqalpaq biyi Aydostıń «qısta ton kiymegen, jazda qatıq ishpegen qaraqalpaqtan keńes sorawǵa bolmaydı», dep aytqan sózi usı waqıtqa shekem saqlanǵan. Sonıń menen birge er adamlardıń kóplegen kiyimlerdi shapan hám shekpenler, kóylek, beshpentler kiygen. Bellerin qayıslar hám belbewler menen buwatuǵın bolǵan. Belbewlerdiń qamarı belbew, gúdarı belbew sıyaqlı túrleri bolıp, olardıń birneshe pıshaqlar ushın, shay qalta ushın arnawlı qırları bolǵan. Qaraqalpaq bas kiyimleri arqalı da basqa xalıqlardan ózgeshelenip turǵan. Erler basına taqıya, malaqay, shógirmeler kiygen. Solardıń arasınan jas qozılardıń sulıw terilerinen islengen shógirmeler úlken áhmiyetke iye bolǵan. Shógirmeler qurash dep te atalǵan. Erler ayaǵına etikler, másiler, gewishler kiygen. Ayaq kiyimler hár qıylı mallardıń terilerinen tigilgen. Etiklerdiń birneshe túrleri bolǵan. Olardan uyıq, sharıq, báykem etik. Bunday etiklerdi tigetuǵın hárbir awılda hám qalada arnawlı etikshiler bolǵan. Qaraqalpaqlar qızların jaslayınan kiyim tigiw, órmek toqıw, keste tigiw sıyaqlı sheberlik islerge úyretip kelgen. Hárbir qız turmısqa shıǵaman degenshe qaraqalpaq milliy kiyimlerin tigiwdi, milliy naǵıslar toqıwdı biliwi tiyis bolǵan. Qaraqalpaq qız-kelinshekleriniń kiyim-kenshekleri sulıw etip naǵıslar menen bezelip, kiyimler hár túrli reńlerge iye bolǵan. Ásirese olar qızıl kók reńdegi gezlemelerden tigilgen kiyimlerdi kóp kiygen.

Hayal-qızlardıń ayrıqsha kiyimleriniń túrleri: Sáwkele-naǵıs penen kestelep tigilgen, hár túrli altın-gúmis penen bezelgen hayal-qızlardıń bas kiyimi. Jazda adamlar basına taqıya, qalpaq kiygen yamasa oramal taǵıp júrgen. Úyge kirip otırǵannan keyin, sırtqı shógirme yamasa malaqay alınadı, al taqıya basta qaladı. Shógirme-altı aylıq yamasa bir jıllıq qozı terisinen tigilgen dóńgelek bas kiyim. Onı xalıq «qurash» dep, eski waqıtta «telpek» dep te ataǵan. Árebi shógirmeni baylar kiygen. Taqıya-qısta da, jazda da qollanılǵan. Maqpal taqıyanı hayal-qızlar da, erkekler de kiygen. Qaraqalpaq hayal-qızlar kiyim-kenshekleri altın, gúmisler

menen bezelgen (shatırash kóylek, háykel monshaq, aydınlı, jupqa, oraypek, jegde, kiymeshek). Hayallar basına taqıya kiygen, sırtınan aydınlı yamasa jupqa menen oraǵan. Hámmesiniń de sırtınan oraypek tartqan. Toy-merekelerge shıǵarda, bir jaqqa qıdırǵanda bullardıń hámmesiniń ústinen jegde jamılǵan. Jegde menen bir qatarda hayal-qızlardıń kiymeshek degen kiyimi de bolǵan. Qızlar kiyetuǵın kóylek, kóbinese, shatırash etip naǵıslap toqılǵan. Bunı «shatırash kóylek» dep ataǵan. Qaraqalpaq milliy kiyimlerin keleshek áwladqa qaldırıw ushın dáslep bul haqqında túsinik jumısların alıp barıw kerek. Milliy kiyimlerdiń súwreti hám ol haqqındaǵı maǵlıwmatlardı plakatqa shıǵarıp ildirip qoysa, adamlar ózleri ushın kerekli maǵlıwmatlardı aladı. Jáne de milliy kiyimler kórgizbesin jiyi-jiyi ótkerip tursa, maqsetke muwapıq boladı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. A.Ibrohimov, X.Sultanov, N.Juraev. Watan tuwǵusı. Tashkent-«O‘zbekiston», 1996. Madaniyat 114-115 betler.

ÚSHINSHI RENESSANS TIYKARLARÍN QÁLIPLESTIRIWDE TÚRKIY XALÍQLAR KÓRKEM ÓNERINIŃ ULÍWMA TÁREPLERIN ÚGIT-NÁSIYATLAW

Maxamatdinov Shaxabatdin Isak ulı
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

«Túrkiy xalıqlardıń hawazı dúnya boylap jáne de bálent,
jáne de kúshlirek jańlamaqta»
Sh.M.Mirziyoyev.

Túrkiy mádeniy integraciyanı hár tárepleme rawajlandırıw mashqalası mámleketimiz ilimiy hám jámiyetshilik diskursında jańalıq emes. Birneshe jıllar dawamında oqımıslı adamlar, mádeniyat wákilleri hám ekspertler jámáti ulıwma mádeniy mákandı qáliplestiriwge, onı ámelge asırıw ushın túrli shárt-sharayatlar hám faktorlardı kúsheytiwge shaqırıp kelgen. Bul ideyalardı ámelge asırıw ushın ulıwmalıq tiykarlar, dástúrler hám kórkem ónerdiń uqsaslıǵı, til hám tariyxtıń jaqınlıǵı, sonıń menen birge, birgelikte sheriklik qılıw ushın motivaciya bar ekenligi menen baylanıslı bolǵan zárúrli shártler bar. Óz-ózinen túrkiy mádeniy integraciya júz berip atırǵan waqıyalar hám hádiyselerdi de keńnen túsiniwdi ańlatadı. Eger keń kólemde aytatuǵın bolsaq, barlıq túrkiy mámleketler hám xalıqlardı qamtıp alǵan ulıwma process haqqında aytılmaqta. Bunıń zárúrli shárti

mámleket hám jámiyetlik institutları, mádeniy ǵayratkerler, ekspertler hám basqalar tárepinen kórsetilip atırǵan sheriklikke bolǵan motivaciya esaplanadı. Bul túrkiy mámleketler rásmiyleriniń sózlerinde de sáwlelenedi, olar da ulıwma integracion sheriklik sheńberinde de mádeniy bloktaǵı máseleler boyınsha baylanıslargá sadıq ekenliklerin ańlatadı. Ulıwma alǵanda, unamlı dinamika haqqında sóylew múmkin, ol ayırım tómenlewler hám ósiwlerge qaramay, saqlanıp qalmaqta. Túrkiy xalıqlar júzlegen jıllar dawamında ajıralmastan birge jasap, óz erkinligin joǵaltpaǵan. Hárbir orında qádiriyatlar jaqsı shólkemlestiriwshilikke járdem beredi, wayran bolǵan mámleketti bir keshede qayta tikleydi hám eń áhmiyetlisi, xalıqtı birlestiredi hám baylanıstıradı. Erkinlik hám ǵárezsizlik, ádep-ikramlılıq, ádalat, juwapkershilik hám tolerantlıq sıyaqlı qádiriyatlar bul xalıqtı birlestirdi jáne onıń keleshektegi bar bolıwınada úles qostı.

Waqıt aǵar dárya, túrk xalıqlarınıń bir xalıq retinde jasawda dawam etiwine isenimimiz kámil. Turkiylerdiń milliy hám ruwxıy qásiyetleri menen baylanıslı bolǵan kóplegen qádiriyatlar bar bolıp, bulardıń barlıǵı túrkiy xalıqtı saqlap qalıwǵa hám birlestiriwge járdem beredi, túrkiyler bolsa bul qádiriyatlar tiykarında jasaydı, olardı túsinedi hám jańa áwladlarǵa ótkeredi. Solay etip, bul aylanıw sheksiz dawam etedi. [1] Endi túrkiy xalıqlardıń tarıyxına azǵana bolsada názer taslap ótsek. Túrk tariyxınıń tariyxıy procesin esapqa alǵan halda, úsh tiykarǵı ulıwma kórkem óner dáwirin anıqlaw múmkin. Olardan birinshisi 10-ásirge shekemgi dáwir bolıp, biz onı sahra mádeniy dáwiri dep atasaqta boladı, tábiyat-insan qatnasıqları kórkem ónerdi jaqsı túsiniwdi talap etti.

Ekinshisi – Islam dáwiri, Arab hám parsı tilleri mádeniy sheńberge kirgen, olardıń tásiri jańa dinge sıyınıw hám civilizaciya tásiri astında pán hám kórkem ónerde kúnnen-kúnge kúsheyip bardı. Sońǵı dáwirdi túrklerdiń social, ekonomikalıq hám siyasiy turmısında, sonıń menen birge olardıń mádeniy turmısında tez ózgerisler júz bergen milliy oyanıw dáwiri dep klassifikaciyalaw múmkin. Enisey hám Altay aymaǵında qáliplesken sahra-dásht mádeniyatı, Afanasevo, Andronovo, Skif, Hun hám Kóktúrkler dáwirlerine tiyisli qazılmalarda tabılǵan mádeniy ónimlerde óz sáwleleniwin tapqan. Usı waqıtqa shekem olardı hár túrlı dáwirler, hár qıylı materiallar hám toparlarǵa tiyisli dep bilgen bolsada, házir ulıwma táreplerin júdá anıq kórsek boladı. Waqıt ótiwi menen bul mádeniyat Qazaqstan hám Mangoliya sahraları sıyaqlı keń tarmaqlardan tabılǵan hám ásirese, qurǵan qural-jaraqlar hám ot úskeneleri sıyaqlı materiallıq mádeniyat jumıslarında dawam etiw waqtı bilinedi. Qorǵanǵa marhum menen birge buyım yamasa ónimlerdi azıq-túlik retinde gósh hám suw sıyaqlı azıq-túlik ónimlerin qaldırıw ádeti bar edi. Afanasevodan Kóktúrklerge shekem bolǵan dáwirlerde paydalanılǵan qurallar hám at úskenelerine qaralǵanda, mádeniy baǵdardaǵı tábiyiy jóneliste

dawam etiwi hám birqansha úrp-ádetlerdiń barlıǵı ayqın kórinedi. [2] Joqarıda keltirilgen mısallar túrkiy xalıqlardıń tariyxınıń ulıwmalıǵına dáyıl bola aladı. Al házirgi Jańa Ózbekstanda Úshinshi Renessans dáwiriniń baslanıwı retinde mádeniy, ilimiy hám kórkem óner tarawlarında keń qamtılǵan rawajlanıw procesleri baqlanıp atır. Bul dáwirdiń tiykarǵı principlerinen biri óz milliy qádiriyatları hám mádeniy miyrasların tereń úyreniw hám úgit-násiyatlaw bolıp tabıladı. Bul proceste Túrkiy xalıqlar kórkem óneri óziniń ulıwma tárepleri menen Úshinshi Renessanstıń tiykarın bekkemlewde zárúrli orın tutadı. Túrkiy xalıqlardıń kórkem óneri, tariyxıy tiykarları hám ulıwma qádiriyatları Úshinshi Renessans ideyaların qáliplestiriw hám jańa mádeniy kóteriliw ushın zárúr bolǵan inspiraciyanı beredi. Maqalada Túrkiy xalıqlar kórkem óneriniń ulıwma táreplerin Úshinshi Renessans tiykarında qáliplestiriwde úgit-násiyatlaw máseleleri kórip shıǵıladı. [3]

1. Úshinshi Renessans hám túrkiy xalıqlar kórkem óneri: tariyxıy uqsaslıqlar.

Ózbekstanda kórkem óner hám mádeniyatındaǵı Renessans túsinigi áyyemgi dáwirlerde de kózge taslanǵan. Birinshi Renessans IX-X ásirlerde Oraylıq Aziya hám Xorasanda alım hám kórkem óner wákillerriniń keń rawajlanıwı menen baylanıslı bolsa, Ekinshi Renessans Temuriyler dáwirinde ilim, kórkem óner hám mádeniyat gúllep-jasnaǵan dáwiri retinde tán alınadı. Úshinshi Renessans bolsa búgingi kún Ózbekstanı hám ulıwma Túrkiy xalıqlardı jańa ilimiy hám mádeniy ósiw tárepke jetekleydi. [4] Bul proceste Túrkiy xalıqlar kórkem óneri hám mádeniyatı da úlken áhmiyetke iye. Olardıń muzıkalıq miyrasları, ádebiyatı, ámeliy kórkem óneri hám xalıq awızeki dóretiwshiligi Úshinshi Renessanstıń tiykarǵı faktorları bolıp xızmet etip atır. Ásirese, bul xalıqlar kórkem ónerindegi qádiriyatlar hám ulıwma estetika principleri Úshinshi Renessanstıń tiykarların qáliplestiriwde úlken orın tutadı.

2. Túrkiy xalıqlar kórkem óneriniń ulıwma tárepleri hám Úshinshi Renessans.

Túrkiy xalıqlar kórkem ónerine tiykarlanıp tómendegi tiykarǵı ulıwmalıq táreplerin kóremiz: Tábiyat penen uyqaslıq: Túrkiy xalıqlardıń kórkem óneri tábiyat menen tıǵız baylanıslı bolıp tabıladı. Olar muzıkalarında, naǵıslarında hám basqa kórkem óner úlgilerinde tábiyiy reńler, sırtqı kórinisler hám ritmler qollanıladı. Bul tárep Úshinshi Renessans dáwirinde tábiyat menen uyqaslıqta jasaw ideyasın úgit-násiyatlawda úlken áhmiyetke iye boladı. [5] Milliy ayrıqshalıq hám xalıqshıllıq: Túrkiy xalıqlar kórkem óneri kóp ásirler dawamında xalıqshıllıq principlerine tiykarlanǵan. Bul princip Úshinshi Renessanstıń maqsetlerine de sáykes keledi, sebebi milliy ayrıqshalıq hám xalıqshıllıq hár qanday mádeniy tikleniwdiń tiykarǵı faktorlarınan biri bolıp tabıladı. Áyyemgi dástúrlerge húrmet: Túrkiy xalıqlar kórkem óneri áyyemgi dástúrlerge húrmet qılıw hám olardı saqlap-abaylaw principine tiykarlanadı. Úshinshi Renessans dáwirinde bul dástúrlerdiń

qayta jańalıq ashılıwı hám zamanagóy jámiyette úgit-násiyatlanıwı mádeniy rawajlanıw ushın zárúrli áhmiyetke iye.

3. Úshinshi Renessans tiykarların bekkemlewde túrkiy xalıqlar muzıkası hám ámeliy kórkem óneriniń ornı.

Túrkiy xalıqlar muzıkası hám ámeliy kórkem óneri Úshinshi Renessans ideyaların úgit-násiyatlawda tikkeley qurallardıń biri retinde qaralıwı múmkin. Xalıq muzıkası hám xalıq saz-ásbapları Túrkiy xalıqlar mádeniy miyraslarınıń ayrıqsha tárepleri bolıp, olar zamanagóy texnologiyalar járdeminde en jaydırılıwı hám ilimiy izertlewler arqalı jáne de keńlew úyreniliwi múmkin. Mısalı: Xalıq saz-ásbapları: Doira, dombra, sırnay sıyaqlı xalıq asbap ásbapları túrkiy xalıqlar mádeniyatında keń tarqalǵan. Bul ásbaplar arqalı xalıqtıń ishki dúnyası, turmıs filosofiyası hám estetik principleri ańlatıladı. Úshinshi Renessans sheńberinde bul ásbaplardı zamanagóy oqıw programmalarına kirgiziw, olardıń xalıqaralıq kólemde úgit-násiyatlanıwı milliy mádeniyattı saqlaw hám rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Ámeliy kórkem óner hám ónermentshilik: Túrkiy xalıqlar óziniń bay ónermentshilik dástúrleri menen belgili. Áyyemgi naǵıslar, ǵalı toqıw, gúzeshilik hám zergerlik kórkem óneri búgingi kúnde zamanagóy dizayn hám texnologiyalar menen ulıwmalasqan halda rawajlanıp atır.

Úshinshi Renessans dáwirinde bul kórkem óner túrlerin ilimiy tárepten úyreniw hám jańa áwladlarǵa jetkiziw arqalı milliy kórkem ónerdiń global dárejede tán alınıwına erisiledi.

4. Túrkiy xalıqlar kórkem ónerin cifrlastırıw arqalı Úshinshi Renessanstıń rawajlanıwına úles qosıw. Búgingi kúnde cifrlı texnologiyalar Túrkiy xalıqlar kórkem ónerin global dárejede ǵalabalastırıwda úlken áhmiyetke iye bola aladı. Kórkem ónerdiń cifrlastırılıwı mádeniy miyraslardı saqlap qalıw hám jańa áwladlarǵa jetkiziwde, sonıń menen birge, xalıqaralıq kólemde úgit-násiyatlawda zárúrli qural esaplanadı. Cifrlı texnologiyalar arqalı: xalıq muzıkası hám kórkem óner dóretpelerin cifrlı formatta saqlaw hám ǵalabalastırıw. Virtual muzeyler hám arxivler jaratıw. Mádeniy miyraslardıń cifrlı katalogların jaratıw hám olar arqalı ilimiy izertlewler alıp barıw. Bul process Úshinshi Renessans dáwirinde mádeniy miyraslardı úgit-násiyatlawda hám xalıq aralıq jámiyetshilik menen mádeniy baylanıslarda zárúrli áhmiyetke iye boladı.

Úshinshi Renessanstı qáliplestiriw procesinde Túrkiy xalıqlar kórkem óneri jáne onıń ulıwma táreplerin úgit-násiyatlaw úlken áhmiyetke iye. Tábiyat penen uyqaslıq, milliy ayrıqshalıq, áyyemgi dástúrlerge húrmet sıyaqlı principler Úshinshi Renessans ideyaların rawajlandırıwda tiykarǵı derek retinde xızmet etedi. Bul proceste xalıq muzıkası hám ámeliy kórkem óner sıyaqlı kórkem óner túrleri, cifrlastırıw hám xalıqaralıq mádeniy eki tárepleme baylanıslar Úshinshi

Renessanstıń bekkemleniwine úlken úles qosadı. Sol sebepli, Túrkiy xalıqlar kórkem óneriniń ulıwma táreplerin zamanagóy ilimiy usıllar járdeminde úyreniw hám olardı keń xalıqqa jetkiziw Úshinshi Renessanstıń tabıslı rawajlanıwına imkán jaratadı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. O‘zen, Y. Türk Milli Kültüründe Değerler ve Değerlerin Milletleşmeye Etkisi. Hikmet Yurdu, 2014, 7 (14), 59 – 87.
2. Bkz. Ali Toraman, Arkeolojik Veriler Işığında Altaylarda At Koşumları ve Savaş Aletleri (İlk Zamanlardan IX. Yüzyıla Kadar), Erciyes Üniversitesi, Sosyal Bilimler Enstitüsü, Genel Türk Tarihi Bilim Dalı, Basılmamış Doktora tezi, 2018.
3. Yoqubov, Sh. «Uchinchi Renessans va milliy madaniyat.» – Toshkent, 2023.
4. Islomov, H. «Turkiy xalqlar san’ati va uning zamonaviy rivoji.» – Samarqand, 2021.
5. Túrkiy xalqlar madaniy merosi: tarix va bugun. – Toshkent, 2022.

JASLARDA MILLIY QÁDIRIYAT TÚSINIGIN QÁLIPLESTIRIWDE RUWXIY, MÁDENIY MIYRASLAR HÁM TURIZM TARAWÍNÍŃ ORNÍ

Nasiba Madreymova
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Házirgi kúnde aktual máselelerden biri bul mámleketimiz jasların watanpárwarlıq, milliy úrp-ádet hám qádiriyatlarımızǵa húrmet ruwxında tárbiyalaw, fizikalıq salamat hám de hár tárepleme ruwxıy bilimin joqarı dárejede qáliplestiriw esaplanadı. Bulardıń nátiyjesi 2016-jıl 14-sentyabrde qabıl etilgen «Jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasatı haqqında»ǵı Nızam hám de onıń dawamı bolǵan 2017-jıl 5-iyuldaǵı «Jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasattı nátiyjeli ámelge asırıw hám Ózbekstan jaslar awqamı iskerligin qollap-quwatlaw haqqında»ǵı kóplegen qarar hám pármanlarında kóriwimiz múmkin. [1]

Jámiyetimiz ómirinde tárbiya áhmiyetli máselelerden biri bolıp kelgen. Abdulla Avloniydiń barlıq izlenisleri tárbiya temasına qaratılǵan edi. «Tárbiya ya ómir, ya ólim, yaki sadaqat-yaki kewilsizlik máselesi» dep berilgen táriyp hám jámiyet ómirinde tárbiyanıń ornın tolıq ashıp beredi. [2] Tárbiya insan tuwılǵan kúnnen baslap ómiriniń aqırına shekem dawam etetuǵın uzaq múddetli tábiyiy jaǵday. Perzentler insannıń dawamshısı bolıw menen birge shańaraqtıń bekkem shınjırı esaplanadı. Shańaraqtı bolsa bárkamal awlad tárbiyalawshı máskan dep táriyp beremiz. Jaslar óz ruwxıy tárbiyası menen jámiyetke múnásibetin kórsetedi.

Solay eken, shańaraq jas áwladqa dáslepki tárbiyanı durıs beriw lazım. Eń aldı menen shańaraqta salamat ortalıq jaratıw, milliy ruwx hám turmıs tárizin esapqa alıw, perzentler ushın ata-analar hám tárepleme ibrat, úlgi bolıwı, perzent sanasına ata-anaǵa, Watanǵa muhabbat sezimin qáliplestiriw, milliy úrp-ádetlerdi, qádiriyatlardı sińdiriw áhmiyetli esaplanadı. Ózbek xalqınıń ásirlerden ásirlerge ótip kiyatırǵan milliy qádiriyatlar hám uzaq tarıyxıy proceste qáliplesken. Atap aytqanda, ózi tuwılıp ósken ana jurtına húrmet, óz táǵdirin mine usı elsiz kóz aldına keltira almaw, ótken ata-babalarımız esteligine sadıqlıq, úlkenlerge hár dayım húrmet kórsetiw, hárqanday sharayıtta da kemtarlıqtı saqlaw, turmısda páklikke óz aldına itibar beriw sıyaqlı kóplegen pazıyletler bizlerdiń milliy qádiriyatlarımız tiykarın shólkemlestiredi. Qádiriyatlar hárdayım da insanlardıń mehir-aqıbetke, óz ara awızbirshilikke shaqırıwshı, ásirden ásirge ótip, xalqımız turmıs tárziniń ajıralmas bólegine aylanǵan materiallıq hám ruwxıy iskerliginiń úlgisi esaplanadı. Millettiń ótmishi, búgingi hám ertengi keleshegi áhmiyetli belgi sıpatında qádiriyattı belgilewimiz sebebi de usı. Milliy qádiriyatlarımız ulıwma insanıylıq qádiriyatlar menen úzliksiz baylanısta. Ulıwma insaniy qádiriyatlar kólemi hám mazmunı jaǵınan shuqır hám keń kólemli bolıp, bárshe milletler, elatlar hám xalıqlardıń maqsetke umtılıwların ózinde kórsetken. Milliy qádiriyat, ulıwma insaniy qádiriyatlar menen qanshelli kóp baylanısqan bolsa, olardıń rawajlanıwına, ǵalabalasıwına keń imkaniyat jaratadı. «Qádiriyatlar», «Milliy ideya», «Ózlikti ańlaw», «Milliy ar-namıs» sıyaqlı atamalar insanǵa shańaraq ortalıǵında ana háyyiwi menen birge sińedi. Óz eline bolǵan húrmet, ájdadlar esteligine sadıqlıq, úlkenlerge hár dayım húrmet kórsetiw hám bir neshe kórnekli páziyletler ańlatılıp barıladı. Shańaraqda alınǵan tárbiya keyinshelli insannıń pútkil ómiri dawamında alatuǵın ómir sabaqları ushın tiykar, ústin wazıypasın atqaradı. Hárbir ata-ana óz minnetin ańlaǵan halda shańaraq bekkemligin támiyinleytuǵın hámme qásiyetlerdi tolıq itibarǵa alıw hám óz wazıypaların orınlawı lazım. [3]

«Búgingi kúnde elimizde keń tarqalıp atırǵan «Óz balańdı ózińsaqla» degen baslama qurı uran bolıp qalmastan, hárbir ata-ana, hárbir puqaranıń qálbine shuqır kirip barıwdı ámeliy háreketke aylanıwı zárúr. Bunıń ushın bul máseleni, yaǵnıy ata-analardıń perzentler tárbiyası ushın juwapkershiligi hám minnetin huqıqıy tiykarda bekkemlep qoyıw waqtı keldi dep oylayman «. Haqıyqatında da hárbir ata-ana óz perzentiniń tárbiyası ushın ózi juwapker esaplanadı. Evropa xalıqları da tán alǵan ullı babalarımız Abu Ali ibn Sino da bala tárbiyasında ulıwma insanıylıq belgilerdi qollawdı jaqlaydı hám tárbiyashı ata-analarǵa balanı fizikalıq jazalawdan kóre, jeke ibratlar arqalı tárbiyalaw maqullıǵın aytadı. Ol óz shıǵarmalarında shańaraqlıq múnásibetlerdiń hár túrli táreplerin jarıtadı, shańaraq baslıǵı hám teoriyalıq hám ámeliy jaqtan shańaraqta tárbiya máselelerin bekkem ornatıwı lazım.

Onıń pikirinshe tárbiyashı yaǵnıy ata-ana tek sóz benen, bálkim ámelde de bala ruwxına tásir kórsete alıwı kerek. Eger shańaraq baslıǵı tájiriybesiz bolsa, ol óz shańaraq aǵzaların jaqsı tárbiyalay almaydı. Jaman tárbiya tek ǵana shańaraq emes, qońsılar, máhállege de jaman tásir qılıwı múmkin. Shańaraqtaǵı bala tárbiyası ata-ananıń jámiyette tutqan ornına qaramastan olardıń wazıypası esaplanadı. Ata-ana mámleket baslıǵı ma yaki ápiwayı puqara ma, báribir ol bala tárbiyası boyınsha juwapker. Jaslarımızdıń ruwxıy jetik bolıp tárbiyalanıwında shańaraq benen bir qatarda máhálleniń de ornı óz aldına.

Máhálle úrp-ádetler, dástúrlerge súyengen halda úlken ruwxıy tárbiya wazıypasın orınlaydı. Kekselerdiń násiyatları, úlkenlerdiń jeke tájiribesi, topardıń awızbirshiligi arqalı adamlar sanasına sezimlik ideyaların sińdirip baradı. Hárbir insan qálbinde milliy qádiriyatlar, mehir-aqıbet, awızbirshilik, insanıylıq, el-jurt ushın gúres, óz ara járdem sıyaqlı pázıyletlerdiń qáliplesiwinde máhálleniń ornı óz aldına. Sol sebepli Ózbek máhálleleri aldınnan tárbiya oshaǵı bolǵan. Házirgi dáwirge kelip máhálleniń wákilligi hám qálipi de ózgerdi, kólemi bolsa keńeydi.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. madaniyat.zn.uz Wayback Machine saytida 29-aprel 2008-yil sanasida arxivlangan.
2. Shavkat Mirziyoyev. Adabiyot va san’at, madaniyatni rivojlantirish- xalqimiz ma’naviy olamini yuksaltirishning mustahkam poydevoridir. «Xalq so‘zi», 2017-yil, 4-avgust.
3. Abdulla Avloniy. Turkiy guliston yoxud axloq - Toshkent: Yoshlar nashriyot uyi, 2019, 96-bet.
4. Abdulla Avloniy.Turkiy guliston yoxud axloq - Toshkent: Yoshlar nashriyot uyi, 2019, 24-bet

JASLARDÍŃ MILLIY QÁDIRIYATLAR SEZIMIN QÁLIPLESTIRIWDE RUWXÍY MÁDENIY MIYRASLAR HÁM TURIZM TARAWINIŃ ORNI

Abatova Gúlnaz Maqsetbaevna
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Ózbekstan – bahasız qádiriyatları menen ázelden álemdi ózine qaratıp, tán qaldırıp kelgen úlke. Qádiriyat sózi bólek itibar hám izzetke iye bolǵan ádet mánisin ańlatar eken, ol bir xalıq ishinde emes, barlıq xalıqlar tárepinen tán alınsa, joqarı mártebege iye boladı. Ózbekstan mákanında jasawshı xalıqlarǵa tiyisli úlken-kishige birdey sálem beriw, ǵarrılardı izzetlew, qońsılasqa húrmet, aǵayinge aqıbet, balajanlılıq, qonaqtı húrmet etiw, dini hám milletinen qaramastan adamzat ávladına onıń, áwele, insan ekenligi itibarınan tolerant qatnasta bolıw sıyaqlı pazıyletler ásirler dawamında altın háripler menen pitilgen. Ekinshi jáhán urısında Ózbekstanǵa kóshirilgen úlken-kishige kórsetilgen kutá úlken miyir-aqıbet tillerde dástan bolǵan. Ana xalqımız bawrına basıp, olar menen bir-bir bólek nanın bólip berip, mıńlaǵan insanlardıń turmısı hám turmıstaǵı múnásip ornın saqlap, jaqsılıqtıń joqarı úlgisin sáwlelendirgen málim hám ataqlı haqıyqat. Saǵır sózi arab tilinen awdarma etkende «jalǵız, birden-bir» degen mánisti ańlatadı. Bul sóz urıs jıllarında Ózbekstanda óz mánisinen uzaqlastı. Dereklerge kóre, Ózbekstanǵa urıs oshaqlarınan kóshirilgen 200 mıń balanıń barlıǵı shańaraqlı, turaq jaylı boldı. Qádiriyatlar hárbir millettiń ótken zamanı, búgini hám keleshegin ayna sıyaqlı kórsetip turıwshı eń zárúrli faktorlardan biri. Ilimpazlar qádiriyatlardı milliy, diniy, jergilikli, regionlıq hám ulıwma insanıylıq sıyaqlı bir qatar túrlerge shártli bóldi. Milliy qádiriyatlar jergilikli hám diniy qádiriyatlarǵa, ulıwma insanıylıq qádiriyatlar bolsa kóplegen milliy qádiriyatlarǵa súyene otırıp qáliplesedi hám rawajlanıp bara beredi. Biraq búgingi operativ globallasıw sharayatında da óz milliy materiallıq hám ruwxıy baylıqların saqlap, bayıtıp rawajlandırıp atırǵan hár qanday millet ayrıqsha dástúrleri, úrp-ádetleri hám ólmes qádiriyatları menen basqa milletlerden ajralıp turadı. Bizlerdiń kim ekenimizdi kimlerdiń ávladı ekenimizdi kórsetip turıwshı faktor esaplanadı.

Milliy qádiriyatlarımızdı keleshek ávladına jetkeriw bul – hárbir insannıń wazıypası. Sebebi, qádiriyatı joq el bul ólgen el esaplanadı. Milliy qádiriyat penen biz sırt ellerge qanday ekenimizdi, bizlerdiń ata-babalarımız qanday bolǵanın kórsetip beremiz. Biz bul qádiriyatlardı keleshek ávladqa jetkerip beriw ushın, jaslarǵa qádiriyat sezimin sińdiriwimiz kerek. Bunıń ushın elimizde birqansha ilajlar ámelge asırılmaqta. **Mádeniy miyras** – bul topar yaki jámiyettiń ata-babalarınan miyras bolıp qalǵan materiallıq hám mateiallıq emes miyras. Ata-

babalarımızdıń miyrasımızdıń hámmesi de «mádeniy miyras emes» kerisinshe, mádeniy miyrastı jámiyet tárepinen tańlap alınǵan. Mádeniy miyras óz ishine finanslıq mádeniyatlar (imaratlar, estelikler, landshaftlar, arxiv materialları, kitaplar, shıǵarmalar hám artefaktlar kibi), materiallıq emes mádeniyatlar (máselen, folklor, qádiriyatlar, til hám bilimler kibi) hám biologiyalıq tárepten hár qıylı tábiyiy miyras kibi (mádeniy áhmiyetke iye landshaftlar) qamtıp aladı. Bul atamalar kóp hallarda jergilikli intellektual múlkti qorǵaw menen baylanıslı máselelerde qollanıladı. Ózbekstan Respublikası mádeniy miyras agentligi haqqındaǵı nızamın tastıyqlaw haqqında (qarar atı Ózbekstan Respublikası Ministrler Mákemesiniń 2023-jıl 21-avgusttaǵı 405-sanlı qararı redakciyasında – Nızamshılıq maǵlıwmatları milliy bazası, 22. 08. 2023-j., 09/23/405/0636-san) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Turizm, sport hám mádeniy miyraslar tarawlarında mámleket basqarıwı sistemasın jáne de jetilistiriw ilajlarında» 2021-jıl 6-apreldegi PF-6199-san Pármanı hám de «Ózbekstan Respublikası Turizm hám sport ministrligi janındaǵı Mádeniy miyraslar agentligi iskerligin shólkemlestiriw hám de tarawdı innovaciyalıq rawajlandırıw ilajları haqqında» 2021-jıl 19 - iyundaǵı PQ-5150-san qararı atqarılıwın támiyinlew maqsetinde ministrler Mákemesi qarar etedi.

Pikir hám usınıslar. Joqarıda aytılǵan milliy qádiriyatlardı jáne de jetilistiriw ushın hámme birgelikte háreket etiw kerek. Bul haqqında jaslarǵa keń túsinik berip, hár qıylı ekskurciyalar yaki sol qádiriyatlar boyınsha túsinik jumısların alıp barıw kerek. Milliy kórgizbeler tez-tezden ótkeriliwi kerek. Bul qádiriyatlar haqqında kitaplar basılıp shıǵılsa, jaslarda qızıǵıwshılıq artar edi.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1.https://uz.wikipedia.org/wiki/Foydalanuvchi:GuliMohim/Madaniy_meros_turlar.
2. https://iiau.uz/oz/news/1040.

MADANIY DAM OLISH FAOLIYATINING RIVOJLANISHI VA HOZIRGI KUNDA MADANIY DAM OLISHNI TASHKIL ETISH

Orazbaeva Dilnaz Dauletbay qızı - *magistr*
O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali

Insoniyat vujudga kelgan davrlardan-oq madaniy dam olishga bo‘lgan ehtiyoji ham paydo bo‘lgan desak adashmagan bo‘lamiz. Chunki inson yashash uchun qanchalik mehnat qilsa shunchalik dam olishga ham ehtiyoj sezadi. Insoniyat

o‘tmishining ilk davrlaridan boshlab, dam olish, charchoqni yozish, mehnat qilishga sarflangan jismoniy kuchni qayta tiklash uchun muayyan tadbirlarni o‘tkazishga odat qilgan. Yani dam olish malum ijtimoiy-madaniy mazmunga ega bo‘lib borgan. Shunday qilib, madaniy tadbirlar kishilarning tabiiy ehtiyojlari asosida muhim mashg‘ulot sfatida kundalik turmush tarziga kirib borgan. Bu madaniy tadbirlarda kishilar o‘zlari ishtirok etgan holda yoki faxat tamoshabin sifatida qatnashib madaniy hordiq chiqaradigan bo‘lgan. Insonning mehnat qilishi biror faoliyat bilan shug‘ullanishi qanchalik zarurat bo‘lsa, uning jismoniy va ruhiy charchog‘ini yozish, dam olishi, madaniy hordiq chiqarishi ham shunchalik tabiiy ehtiyojdir. Abadiy, uzluksiz ishlaydigan biror uskuna yoki mexanizm bo‘lmaganidek, dam olmasdan, beto‘qtov faoliyat yuritadigan odamning bo‘lishi ham múmkin emas. Mehnat qilish, jismoniy va aqliy zo‘riqish darajasi bilan dam olish, hordiq chiqaish o‘rtasidagi mutanosiblikning saqlanishi kishining sog‘lom faoliyat yuritishi, ishining samarali bo‘lishi garovidir. [1:5]

Azaldan Qaraqalpoq xalqida ham ishdan charchagan paytlarida, mehnat qilishdan bo‘sh, yani kechki paytlarda madaniy tadbilar tashkil qilib kishilarning dam olishini maroqli o‘tkazish maqsadida baxshi va jirovlar jonli ijrolarda qo‘shiqlar aytib qur tashkil qiladigan bo‘lgan. «Qur» – bu asosan kechki payitta, qishloqning barcha kishilari yig‘ilib, katta maydonga dumoloq shakilda joylashib uning o‘rta qismiga olov yoqgan va shu olov so‘nib qolgunicha baxshi, jirovlar xalqqa dostonlardan terma tolg‘ovlardan aytib bergan. Bu vaqtlarda insonlar kunduzi ish bilan mashg‘ul bo‘lib faqat kechki paytta qo‘llari bo‘shab madaniy hordiq chiqarishqa qulay vaqit bo‘lganligi tufayli qurga kechki payitta, qorong‘uda yig‘iladigan bo‘lgan va tong otgunga qadar baxshilarning kuy va navolarini, xalq dostonlarini tinglagan. Biz bundan anglashimiz kerakki insonlarning madaniy hordiq chiqarishga bo‘lgan ehtiyoji azaldan bo‘lgan va bu talab bundan kiyingi vaqtlarda ham bo‘laveradi. Faqat kishilarning dam olishi, madaniy hordiq chiqarishi zamon talablariga mos bo‘lgan holda o‘zgarib va rivojlanib boraveradi. Hozirgi paytta xalqimiz orasida qur tashkil etilmasa ham uning boshqacha usullari yangicha variantlari yani baxshi va jirovlarni biz televizor orqali tamosha qilsak, teatrlarga tashrif buyurib spektakil va koncertarni bevosia tammosha qilish imkoniyatlariga egamiz. Xalqimiz madaniy hordiq chiqarish uchun turli manzarali daraxtlar ekilib, gulzorlar barpo etilgan ko‘klamzorlashtirilgan maskanlarda dam olishni hoqlaydi. Bunday hordiq chiqaradigan madaniy maskanlar madaniyat va istirohat bog‘lari deyiladi. O‘zbekistonda madaniyat va istirohat bog‘lari shahar hududining hajmi, me’moriy qiyofasi va tabiiy sharoitiga qarab tashkil etiladi. Kishik shaharlarda bitta, katta shaharlarda bir necha, aholisi besh yuz mingdan ortiq shaharlarda esa umumshahar ahamiytiga ega bo‘lgan bog‘lardan tashqari,

shahar hududiga har bir tumanning madaniyat va istirohat bog‘i bo‘lishi múmkin.[2:120] Hozirgi kunda Qaraqalpog‘istonda 19 ta madaniyat va istirohat bog‘lari xalqimizga xizmat ko‘rsatmoqta. Odatda kishilar bo‘sh vaqtini turli xil madaniy dam olish faoliyati turlari bilan o‘tkazadilar Masalan, kitob o‘qish, kino, koncert tomosha qilish kabi foydali narsalar bilan mashg‘ul bo‘lib bo‘sh vaqtini samarali tashkil qilsalar, bazi insonlar foydasiz narsalarga vaqtini behuda sarflaydilar. Xullas madaniy dam olishning turlari ham imkoniyatlari ham ko‘p. Har bir kishi bo‘sh vaqtidan ózining qiziqishi, imkoniyati, sharoyiti, dunyoqarashi, tarbiyasi, madaniyatidan kelib chiqib ózi uchun qulay va ahamiyatlilarini tanlab olgan holda foydalanadilar.

Shunday qilib, bo‘sh vaqt, birinchidan madaniy dam olish, hordiq chiqarish, sarflangan kuchlarni yangidan to‘plash, ikkinchidan madaniy-ma’rifiy boyliklarni egallab, inson ruhiy ongini madaniyat va adabiyot bilan to‘ldiradi. Bog‘- insonning tabiat bilan yaqin munosabat o‘rnatishi, tabiiy sharoitda madaniy dam olish va ruhiy zavq olishhi uchun xizmat qiladigan madaniy-ma’rifiy muassasa hisoblanadi. Ushbu tamoyildan kelib chiqqan holda bog‘ barpo etish savob ishlardan biri hisoblangan va qadimdan ajdodlarimiz tamonidan yurtimizning turli hududlarida bog‘lar yaratlgan. Sohibqiron bobomiz Amir Temur o‘z tuzuklarida «Xon bo‘lsang ham bog‘ yarat, gado bo‘lsang ham bog‘ yarat» deb bejiz yozib qoldirmagan. U o‘z so‘zlariga amal qilgan holda Samarqand shahri va uning atrofida 12 ta bog‘ning bunyod etilishiga boshchilik qilganligi to‘g‘risida tarixiy malumotlar mavjud. [3:174] Hozirgi kunda mamlakatimizda madaniy hordiq chiqarish uchun har kuni sharoyit bor. Mustaqilligimiz tufayli asriy orzular ruyobga chiqib xalqimizning o‘qishdan, ishdan bo‘sh vaqtini mazmunli va samarali o‘tkazishga ehtiyoji kuchaydi. Shuning uchun mamlakatimizda hozirgi kunda shaharlardan tortib olis hududlarda ham istiqomat qiladigan kishilarning ehtiyojini qondirish bo‘sh vaqtlarini samarali o‘tkazish maqsadida madaniy dam olish markazlari madaniyat maskanlari xizmat qilmoqta va yangilari qurilib foydalanishga topshirilmoqda. [4:5]

«Madaniyat va san’at sohasining jamiyat hayotidagi o‘rni va ta’sirini yanada oshirish chora-tadbirlari to‘g‘risida»gi O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining PF-6000-son Farmonida 2020-yil sentyabr oyidan boshlab davlat muzeylarida har oyning birinchi yakshanbasi «ochiq eshiklar kuni» deb e’lon qilinib, «ochiq eshiklar kuni» da fuqarolar muzey ashyolari va muzey kollekciyalarini kirib ko‘rish uchun davlat muzeylariga bepul kirishlari joriy etildi. Bu va boshqada imkoniyatlar aholining, yoshlarning milliy madaniyatimizga bo‘lgan hurmatini yanada oshirish, o‘rganish va eng asosiysi ruhiy dunyoqarashini boyitishga xizmat qiladi. Shuningdek O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017-yil 31-maydagi

«Madaniyat va san’at sohasini yanada rivojlantirish va takomillashtirishga doir chora-tadbirlar to‘g‘risida»gi PQ-3022-son qarorida «Madaniyat va san’at muassasalari, teatrlar, muzeylar, badiiy jamoalar, madaniyat va aholi dam olish maskanlari, madaniyat va istirohat bog‘lari faoliyati, moddiy-texnik bazasi holatini atroflicha o‘rganish, ularni tamirlash va zarur jihozlar, musiqa asboblari bilan taminlash, samarali ijodiy faoliyat uchun qulay shart-sharoitlar yaratish» vazifalari qo‘yildi. Bu esa xalqimizning munosib madaniy dam olish faoliyatidan bahramand bo‘lishlari uchun zarur shart-sharoitlar tug‘dirishga imkon yaratadi. Ushbu keng ko‘lamli islohatlar natijasida mamlakatimizda Yangi O‘zbekistonni barpo etishning zarur siyosiy-huquqiy, ijtimoiy-iqtisodiy va ilimiy-ma’rifiy asoslari yaratilmoqta.

Foydalanilgan adabiyotlar

1. A.Umarov, U.Qaroboyev. «Madaniy dam olishni tashkil etishning ilmiy asoslari» Toshkent. «Donishmand Ziyosi» 2023-yil 5-bet.
2. B.B.Inatullayev. «Madaniyat va istirohat bog‘lari hamda aholi dam olish markazlari ishi.» O‘quv qo‘llanma. // Toshkent – «Lesson press» nashryotida nashrga tayyorlandi. 2017, 120-bet.
3. S.To‘ychiyeva. «Madaniyat va san’at sohasi faoliyatini tashkil etish va boshqarish» Toshkent 2020. 174-bet.
4. A.Umarov, U.Qaroboyev. «Madaniy dam olishni tashkil etishning ilmiy asoslari» Toshkent. «Donishmand Ziyosi» 2023-yil 5-bet.
5. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining PF-6000-son 26.05.2020-yil «Madaniyat va san’at sohasining jamiyat hayotidagi o‘rni va ta’sirini yanada oshirish chora-tadbirlari to‘g‘risida» gi Famoni.

SOCIAL ORTALÍQTA KITAPXANLARDÍŃ QÍZÍǴÍWSHÍLÍǴÍN ÚYRENIW

Mambetova Ayxan Abat qızı - *magistr*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

2006-jıl 20-iyunda qabıl etilgen «Respublika xalqın málimleme kitapxana menen támiyinlewdi shólkemlestiriw haqqında»ǵı Qarardan keyin onıń atqarıwı boyınsha kóplegen húJjetler qabıllandı. Mámleketimizde kitapxanashılıq tarawında reformalar dáwiri baslandı. Kitapxanalar payda bolǵannan, olarda sol dáwirdiń, mákannıń ayrıqsha málimleme resursları toplanǵan, saqlanǵan hám keyingi áwladlarǵa jetkerip berilgen. Usınıń menen birge, olar insan kámalı ushın, jámiyet rawajlanıwı ushın bilim deregi, rawajlanıw tiregi bolǵan.

Búgingi kúnde de málimleme resursları, tiykarınan kitapxanalarda jıynalǵan bolıp, bul paydalanıwshılarǵa ózi kitapxanadaǵı hám basqa kitapxanalar fondındaǵı málimleme resurslarınan paydalanıw imkaniyatın beredi.

Kitapxanlar qızıǵıwshılıǵı-social hádiyse bolıp tabıladı. Bul qızıǵıwshılıq social turmıs sebepli payda boladı, insannıń social, óngiris, kásiplik hám de psixikalıq qızıǵıwshılıqların sáwlelendiredi. Málimleme-kitapxana mákemeleriniń kitapxanları túrli kárxana, kompaniya, bank, biznes, kishi kárxanalar, diyqan-fermer xojalıqlarında islewleri yamasa túrli oqıw orınlarında oqıwları múmkin. Olardıń aldında júdá hár qıylı, anıq wazıypalar turadı. Bul wazıypalardı sheshiwde qatnasıw arnawlı bir talap hám qızıǵıwshılıqlardı shárt etip qoyadı, hárbir jumıstıń tabıslı sheshiliwi ushın járdem beretuǵın jollardı izlewge tuwrı keledi. Solay eken, ol yamasa bul qızıǵıwshılıqlardıń payda bolıwı kútilmegen jaǵday bolmay, bálkim kitapxannıń shańaraqlıq turmısı, miyneti jáne social iskerligine baylanıslı halda payda boladı. Kitapxana paydalanıwshılarınıń qızıǵıwshılıǵın socialogiyalıq izertlewde Eksperiment metodı yaǵnıy anketalar hám intervyular arqalı úyrenilip kelinbekte. Paydalanıwshılarǵa gruppalastırılǵan tárizde jantasıw olardıń qızıǵıwshılıqların hár tárepleme esapqa alıwǵa tiykarlanadı. Paydalanıwshılar qızıǵıwshılıǵı, olardı kitapxanaǵa qosıw, bilimlendiriwge tiyisli, tárbiyalıq, málimleme tásirin ótkeriw, olar menen jumıs aparıw nátiyjeliligin asırıwǵa sezilerli tásir kórsetiwshi zárúrli tásir bolıp tabıladı. Paydalanıwshılardıń ámeldegi qızıǵıwshılıqların anıqlaw hám esapqa alıw kitapxanashıǵa salıstırǵanda qoyılǵan talaplardıń oǵada zárúrli tárepi esaplanadı. Kitapxanashınıń paydalanıwshılar qızıǵıwshılıǵına tásir kórsetiwi ádette tómendegi jónelislerde júz beredi:

1) ámeldegi qızıǵıwshılıqlardı anıqlaw, bahalaw hám jáne de rawajlandırıwdı shólkemlestiriw;

2) qáliplestiriw, olardı bekkemlew hám kúsheytiw;

3) qayta tárbiyalaw;

4) jańa qızıǵıwshılıqları arqalı qabıl etiwge bolmaytuǵın qızıǵıwshılıqlardı saplastırıw, jańa baǵdardaǵı qızıǵıwshılıqlardı qáliplestiriw.

Kitapxanlar qızıǵıwshılıǵın úyreniwde málim bir ózgeshelikgine qaray, bólek gruppanı quraytuǵın kitapxanlar toparın úyreniw jaqsı nátiyje beredi. Hár qıylı kásiptegi jumısshılar, qánigeler, medicina xızmetkerleri, oqıtıwshılar, injenerler, studentler, magistrlar, ilimiy xızmetkerler, tarawdıń qánigeleriniń kásiplik qızıǵıwshılıqları kásibine tiyisli arnawlı ádebiyattı talap etedi. Kitapxanlar jasına qaray gruppalarǵa ajıratılǵanda – balalarǵa xızmet kórsetiwshi málimleme-resurs oraylarında 1-4-klass, 5-6-klass, 7-9-klass óspirimler, jaslar, dep ajıratılıp, olardıń kitapxanlıq talabına psixikalıq qásiyetleri, jas qásiyetlerine kóre tásir etilgen. Kitapxan qızıǵıwshılıǵındaǵı turaqlılıq, ásirese, kitaptan óz jumısı ushın járdem

tabıwshı, sonıń menen birge, islep shıǵarıw mamanlıǵın asırıw yamasa ǵárezsiz bilim alıw menen shuǵıllanatuǵın adamlarǵa tán ózgeshelik bolıp tabıladı. Geyde málimleme-kitapxana shólkemine uǵımsız soraw menen keliwshi kitapxanlar da boladı. Olar qánige xızmetkerden oqıwǵa qandayda bir maǵlıwmatlar beriwdi iltimas qıladı. Bular kóbirek kitapxanlıq iskerligin endi ǵana baslap atırǵan kitapxanlarda ushraydı. Qánige xızmetkerdiń wazıypası – bul kitapxannıń qızıǵıwshılıǵın úyreniw, oqıw temasın keńeytiw, kitaplar arqalı olarda keń social qızıǵıwshılıqtı oyatıw, oqıw mádeniyatın tárbiyalawdan ibarat. Kitapxanlıq hám oqıw mádeniyatı kónlikpelerin qáliplestiriw, oqıw arqalı Jańa Ózbekstanda keshirip atırǵan ádalatlı, kúshli reformalardı aktiv úgit-násiyatlaw, jáhán, milliy, eski ádebiyatlar avtorlarınıń dóretpeleri menen jaqınnan tanısıwlarına xoshamet beriw, jaslardıń oqıǵan kitapların talqılaw – búgingi kún oqımıslı adamlarınıń muqaddes wazıypası bolıp tabıladı. Bul haqqında ótken jıldıń dekabrinde Tashkentte bolıp ótken ilajda Prezidentimiz: «Jurtımızda kıtapxanlıq, oqıw mádeniyatın kóteriw, túrli jónelis hám temadaǵı ádebiyatlardı baspadan shıǵarıwdı kóbeytiw ushın baspa hám baspa kárxanalardıń finanslıq múmkinshiliklerin bekkemlew zárúr.»,-degeni biykarǵa emes. Qanday qılıp oqıwǵa qızıǵıwshılıqtı oyatıw, onı rawajlandırıw, saqlap qalıw – bul tek ǵana mektepler ushın, bálkim mektepke shekem tálim mákemeleri ushın da eń zárúrli wazıypalardan biri bolıp tabıladı. Kitapqa qızıǵıwshılıq balanıń jaslıǵınan-aq oyanadı jáne bul jerde shańaraq jetekshi áhmiyetke iye bolıwı kerek. Oqıwshılardıń wazıypası – ata-analardı balanı kitap penen ushırasıw usılları menen tanıstırıw. Ayırım balalar haqıyqıy kitap súyiwshi bolsa, basqaları bolsa oqıwdıjaqtırmaydı. Soǵan qaramastan, barlıq balalardı da kitap oqıwına qızıqtırıw múmkin.

Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Respublika xalqın málimleme-kitapxana menen támiyinlewdi shólkemlestiriw. Ózbekstan Respubliksı Prezidentiniń qararı. 20.06.2006 PQ-381// Xalıq sózi 2006-jıl 20-iyun.
2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármanı. Kitap ónimlerin baspa etiw hám tarqatıwdı rawajlandırıw, kitap ónimleri hám kitapxanlıq mádeniyatın asırıwdı jáne de úgit-násiyatlaw boyınsha kompleks is-ilajlar dúziw haqqında. Xalıq sózi 2017-jıl 13-yanvar.
3. Yuldashov J., Nosirov O‘. Kitapxana – xabar iskeligi: teoriyası hám ámeliyatı: oqıw qollanba. Tashkent: 2021. – 352 b.
4. Xudaybergenova Marjan. «Házirgi kúndegi málimleme kitapxana isi tarawındaǵı aktual máseleler». Академические исследования в современной науке 3.2 (2024): 151-153.

5. Kitapxanashıǵa járdem: oqıw qollanba / Alisher Nawayı atındaǵı Ózbekstan Milliy kitapxanası; dúziwshi M. Kamilova ; redaktor D. Mansurov. Toshkent : Alisher Nawayı atındaǵı Ózbekstan Milliy kitapxanası baspaxanası, 2019.
6. Melentyeva Y.P. Biblotechnoye obslujiveniye: uchebnik – Moskva: FAIR, 2006. – 251 s.
7. Teshabayeva U. Kitapxanlıq mádeniyatın asırıwǵa qaratılǵan áhmiyetli hújjet. Kutubxona.uz.–N4 (36)-2017.
8. www. natlib. Uz
9. www. Infolib. uz.. www. dilib. Uz
10. Ziyonet.uz veb saytı.

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA TURIZM TARAWÍNÍŃ JASLAR TURMÍSÍNDAǴÍ ORNÍ

Seydullaeva Bibiayım Yerejep qızı - *magistr*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Turistlik obyektleriniń jaslardıń milliy qádiriyat tuyǵıların qáliplestiriwdegi tutqan ornı ayrıqsha. Turistlik obyektler jaslardı óz mámleketiniń tariyxıy hám mádeniy baylıqları menen tanıstıradı. Muzeyler, tariyxıy estelikler, áyyemgi qalalar hám basqa obyektler ótmish áwladlarınıń turmıs tárizin, jetiskenliklerin hám qıyınshılıqların sáwlelendiredi. Turistlik obyektler jaslardı milliy kórkem óneri,milliy taǵamları, qosıq hám ayaq oyınları menen tanıstıradı.

Elimizde jaylasqan turistlik obyektlerinen eń belgilisi hám sırt ellilerdiń de dıqqat itibarın tartqan eń ájayıp táriyxıy miyraslarımızdan Shılpıq qala esteligi bolıp tabıladı. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń oraylıq bóleginde Sultan Wayıs, xalıq arasında Qarataw dep atalǵan taw dizbekleri jaylasqan. Tábiyatı shıraylı bul tawdıń arqa-batısında Amiwdárya boyında Shılpıq, Qara tóbe, hám Bes tóbe sıyaqlı tóbelikler jaylasqan. Qara taw sıyaqlı bul tóbeliklerdiń hár biriniń ózine tán sırı hám táriyxı bar. Olardıń arasında Shılpıq tóbeligi bólek orın iyeleydi. Úlkemizdiń Ámiwdárya rayonında jaylasqan bul esteliktiń ilimge námálim tárepleri bar. Bul estelik tek úlkemiz xalqın emes, bálkim elimizge kelgen sırt ellilerdiń dıqqat itibarın tartqan eń ájayıp táriyxıy miyraslarımızdan biri. XIX ásirde úlkemizde bolǵan ilimpazlar, súwretshiler hám áskerler ózleriniń dápterlerinde estelikti «Chilpik» (A.Kún, A.E.Rassikova, F.Vamberi, N.N.Karamzin), «Chilpak» (A.V.Kaulbars) hám «Shelpak» (M.N.Bogdanov) degen atamalar menen jazıp qaldırǵan. Oraylıq Aziyada Xoja Reshad Efendi atı menen 1863-jılı sayaxat etken vengriyalı ilimpaz Armen (German) Vamberi Ámiwdárya arqalı Xiywadan

Qońıratqa ketip baratırǵanında Shılpıqta bolǵan hám ol haqqında tómendegilerdi jazǵan. Bul bir zamanları bekkem qorǵan bolǵan, ol jaǵdayda atasınıń qolına tutqın bolıp túsken jigit aslam bolǵan patsha qızı, óziniń muhabbatı menen ata-anasınan qashıp kelip turǵan. Ózlerin suw menen támiyinlew ushın jer astı jolı házirge shekem saqlanǵan. Shılpıqtıń tómengi eni 130-150 m, bálentligi 30-33 m tábiyiy tóbelik basına qurılǵan sheńber formasındaǵı qurılıs. Ol ılaydan tiklengen qalıń diywallar menen oralǵan[1]. (Ármin Vámbéry, Sketches of Central Asia: additional chapters on my travels, adventures, and on the ethnology of Central Asia, London: Allen and Co., 1868, p. 136.) Sol áyyemgi diywallardıń biziń kúnge shekem 15 m biyiklikte buzılmastan saqlanıp keliwiniń sırı, bizińshe qurılısqa paydalanılǵan ılaylardıń jaqsılıǵı menen báhárde hám gúzde bolatuǵın sel jawınlardan olardı saqlaw maqsetinde suw aǵardıń ornatılıwnda bolsa kerek. Jaqsı ılaydan isletilip qumbızda pisirilgen bul suwaǵarlardan házirge shekem paydalansa boladı. Sonıń menen birge hár qanday zań menen jer silkiniwlerge qarsı dárya tiykarınan alınıp, diywal tómengi bólegine tóselgen qumnıń da ornı bólek bolıwı múmkin. Shılpıqtıń Ámiwdáryaǵa qaraǵan batıs tárepinde jaylasqan dárwazasına islengen tekshe arqalı shıǵılǵan. Ulıwma uzınlıǵı 20 metr bolǵan. Onı arxeologik izertlewler waqtında úlken qam gerbishten islengen 75 tekshenıń de eki boyında diywallardıń qaldıqları anıqlandı. Shılpıq tiykarınan Qubla Aral boyındaǵı belgili sıyınıw ornlarınıń biri bolǵan. Sonıń menen birge XX ásirdiń baslarına shekem Shılpıq boyında Nawrız hám Qurban Hayıtı bayramlarına arnalǵan ulıwma xalıq seyilleri ótkerilip kelingen. Áyyemgi dáwirlerde bunday ulıwma xalıqlıq seyillerge jılına bir márte eldiń húkimdarları shıǵıp, xalıq penen ushırasatuǵın bolǵan. Shılpıq janındaǵı Qara tóbeliktegi Muxammad Tekesh (XII ásir) hám Anusha xanlardıń (XVII ásir) qaldırǵan qoltańbaları sonday seyil waqtına tuwra keliwi múmkin. XIX ásirdiń ortalarında bir almanı bólisip jegen qaraqalpaqlardıń alpıs biyi sol ornda ant bergen. Qısqası xalqımızdıń táriyxında Shılpıq ayrıqsha orın iyelegen estelik esaplanadı. «Men Italiya mámleketinen Qaraqalpaqstanda jaylasqan esteliklerdi kórıw ushın keldim. Eki kúnnen berli esteliklerdi kórip, tań qaldım. Júdá ájayıp, táriyxıy esteliklerdi zıyarat etip atırman. Dostım bul estelikler haqqında aytqanında isenbegen edim. Júdá ájayıp bolǵan bul jerge kelip, tap áyyemgi dáwirlerge túsip qalǵanday bolıp atırman. Shılpıq qalası búgingi kúnge shekem saqlanıwı jáne bul jerdegi ortalıq júdá ájayip ekenligi meni júdá quwanıshqa bóledi»-deydi Italiyalı sayaxatshı Giuseppe Lo Presti. Turistlik obyektlerdiń tásiri tek ǵana jaslardı milliy mádeniyat penen tanıstırıp qoymastan, olardı hár túrli mádeniyatlar menen baylanıs ornatıwına járdem beredi. Hár túrli mámleketlerden kelgen turistler menen sáwbetlesiw, olardıń úrp-ádetleri, dástúrleri hám mádeniyatı haqqında biliw jaslardıń keńpeyillik hám húrmet etiw tuyǵıların jetilistiredi.

Paydalanílǵan ádebiyatlar

1. I.Tuxliyev, R.Hayitboyev, B.Safarov, G.Tursunova «Turizm asoslari» Toshkent, Fan va texnologiya, 2014
2. Armin Vambéry, Sketches of Central Asia: additional chapters on my travels, adventures, and on the ethnology of Central Asia, London: Allen and Co., 1868, p. 136.

YOSHLARDA MILLIY QADRIYAT HISSINI SHAKLLANTIRISHDA MADANIY ME'ROSLAR VA TURIZM SOHASINING O'RNI

Majitova Bibinaz Baxadirovna - *magistr*
Ilmiy rahbar: **Saparbaeva Gulshira Abatbaevna –** *dotsent*
O'zbekiston davlat san'at va madaniyat instituti Nukus filiali

Yoshlarning milliy qadriyat hissini shakllantirish, ularni tarixiy va madaniy me'rosimiz bilan tanishtirish muhim vazifalardan biridir. Bu jarayonda ma'naviy madaniy me'roslar va turizm sohasining o'rni beqiyos. Ushbu maqolada, mazkur sohalarning ahamiyatini va ularning yoshlar tarbiyasidagi rolini ko'rib chiqamiz.

Ma'naviy-madaniy me'roslar, avvalo, xalqimizning qadimiy an'analari, urf-odatlari va qadriyatlarini o'z ichiga oladi. Ular orqali yoshlar o'zlarining tarixiy ildizlarini, madaniyatini va identifikatsiyasini anglaydilar. Masalan, xalq og'zaki ijodiyoti, qo'shiqlar, raqslar va dasturlar bu me'rosning ajralmas qismidir. Bunday me'roslarni o'rganish, yoshlar uchun o'z xalqining o'tmishini, madaniyatini va qadriyatlarini qadriga yetish imkonini beradi. Turizm va uning o'rni – Turizm, o'z navbatida, ma'naviy me'rosni ommalashtirish va yoshlar orasida bu qadriyatlarni targ'ib qilishda muhim rol o'ynaydi. Turizm sohasidagi faoliyatlar, masalan, madaniy tadbirlar, ekskursiyalar va festivallar, yoshlarni o'z milliy qadriyatlari bilan tanishtiradi. Bunday tadbirlar orqali ular nafaqat turizmga, balki o'z madaniyatiga ham qiziqish uyg'otadilar. Bizning dunyo tan oldigan qancha me'roslarimiz va tariyxiy obektlarimiz mavjud. Biz ular bilan faxrlanamiz va bu boyloklarimiz bilan juda ko'p chet el mamlakatlarining nazaridamiz. Yoshlar tarbiyasidagi ahamiyati – Yoshlarning milliy qadriyat hissini shakllantirishda ma'naviy-madaniy me'roslar va turizmning integratsiyasi zarur. O'zbekistonning turli hududlarida joylashgan tarixiy obidalar va tabiiy go'zalliklar, yoshlarni o'z o'lkasini sevishga, uning madaniyati va tarixini o'rganishga undaydi. Bu esa, o'z navbatida, milliy iftihor va qadr-qimmat hissini oshiradi. Biz avvalo o'z milliy qadryatlarimiz bilishimiz zarur va farzandlarimizga o'rgatishimiz kerak. Yoshlarning milliy qadriyat hissini shakllantirishda ma'naviy-madaniy me'roslar

va turizm sohasining o‘rni alohida ahamiyatga ega. Ularning birgalikdagi faoliyati orqali yoshlar o‘zlarining tarixiy va madaniy ildizlarini anglaydilar, bu esa ularning kelajakdagi taraqqiyotida muhim omil hisoblanadi. Shuning uchun, mamlakatimizda ma’naviy me’rosni saqlash va turizmni rivojlantirishga alohida e’tibor berish zarur. Mamlakatimizda milliy qadriyatlarni tiklash bo‘yicha jiddiy tadbirlarning amalga oshirilayotgani ma’naviyatimizning tiklanishida juda muhim ahamiyat kasb etmoqda. Milliy qadriyat xalqning tarixiy shakllanishi va rivojlanishi jarayonida yaratilgan va ajdodlardan avlodlarga muqaddas me’ros sifatida o‘tib kelyotgan bebaho ma’naviy boylik xisoblanadi. Millatning asosiy belgilaridan biriga aylangan odatlarni asrash va kamol toptirish har bir avlodning muqaddas burchi bo‘lib kelyapdi. O‘zbekiston Resbulikasi Prezidenti Sh.Mirziyoyev madaniyat va san’at sohasi xodimlariga yo‘llagan tabrigida: «Madaniyat va san’at tashkilotlari, xususan, hududlardagi madaniyat maskanlarida mehnat qilayotgan ko‘p millatli ijodiy va texnik jamoalarni qo‘llab-quvvatlash, yuksak badiiy asarlar yaratishga rag‘batlantirish, ularning el-yurtimizga sidqidildan xizmat qilishlari uchun zarur sharoit yaratib berish ishlari yangi bosqichga ko‘tariladi»,-deya alohida ta’kidlab o‘tgan edi. Madaniyat va san’at sohalarini rivojlantirish, jahon miqiyosidagi ilg‘or tajribalar asosida malakali kadrlar tayyorlash, yoshlarning madaniy saviyasini yuksaltirishga qaratilgan ko‘plab qaror va farmonlar imzolanib, hayotga tadbiq etilmoqda.

Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev: «Biz uchun ma’naviyat – insonlar o‘rtasidagi o‘zaro ishonch, hurmat va e’tibor, xalq va davlat kelajagini birgalikda qurish yo‘lidagi ezgu intilishlar, ibratli fazilatlar majmuasidir. Boshqacha aytganda, ma’naviyat – jamiyatdagi barcha siyosiy-ijtimoiy munosabatlarning mazmuni va sifatini belgilaydigan poydevordir. Bu poydevor qancha mustahkam bo‘lsa, xalq ham, davlat ham shuncha kuchli bo‘ladi»-deya ta’kidlagan edi. Tarixan qisqa vaqt ichida erishilgan ulkan yutuq va natijalar – Vatanimiz, xalqimiz shuhratini, boy tariximiz, bebaho milliy qadriyat va an’analarimiz, qudratli ma’naviy va iqtisodiy salohiyatimizni butun jahonga tarannum etdi. Mamlakatimiz aholisining madaniy, maishiy ahvolini yanada yaxshilash, milliy qadriyatlarimiz va g‘urur-iftixor tuyg‘usini yuksaltirish, jamiyatni tubdan yangilash, zamonaviy dunyoqarashga ega bo‘lgan har tomonlama barkamol avlodni, yuksak ma’naviyatli shaxsni tarbiyalash kabi dolzarb masalalar davlatimiz siyosatining ustivor yo‘nalishlarida ózining aksini topmoqda. Shu bilan birga turizm sohasini rivojlantirish ham eng asosiy vazifalardan biridir.

Foydalanilgan adabiyotlar:
1. M.Xolmo‘minov, A.Qolqanatov. Yangi O‘zbekistonda madaniyat markazlarini rivojlantirish: muammolar va yechimlar. Jur. O‘zDSMI xabarlari. – Toshkent: 2022/1. «NISO POLIGRAF» MCHJ bosmaxonasi. 105 b
2. Yo‘ldoshev I. Madaniyat va san’at sohasida malakali kadrlar tayyorlash – bosh maqsadimiz//jur. Teatr. – Toshkent, SILVER STAR PRINT. 2020. 48 b.
3. O‘zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi - inson huquqlari va milliy qadriyatlar haqida asosiy ma’lumotlar.
4. « O‘zbekiston madaniyati tarixi» - O‘zbekistonning madaniy me’rosi haqida.
5. Xolmirzayev A. «Milliy qadriyatlar va yoshlar tarbiyasi» - ilmiy maqola, O‘zbekiston Respublikasi ilmiy jurnali.
6. Rasulov R. «Turizm va milliy meros» - turizm sohasidagi tadqiqotlar.
7. O‘zbekiston Davlat universiteti nashrlari - manaviy madaniyat va turizm bo‘yicha darsliklar va maqolalar.

MILLIY QADIRIYATLARÍMÍZDÍŃ JAŃALANÍW PROCESI

Abdibaev Shıńǵıs Abdibay ulı - *magistr*
Ilimiy basshı: ***A Prekeeva*** *– f.i.k., docent*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Social-gumanitar pánler qatarında orın alǵan «mádeniyattanıwshılıq» pánide insanlardıń ózin-ózi áńlap jetiwi hám de insandı haywannan, jámiyetti bolsa tábiyattan ajıratıwǵa imkaniyat beredi. «Mádeniyat insannıń iskerlik procesi, onıń nátiyjesinde jaratılǵan ruwxıy qádiryat bolıp, óz náwbetinde shaxstıń qáliplesiwi hám kamal tabıwında áhmiyetli princip esaplanǵan sociallıq hádiyse.» Solay eken, mádeniyat degenimiz - bul insanlardıń miynet iskerligi nátiyjesinde jaratılǵan barlıq nárselerge qarata qollanıladı, sebebi insan jaratqan materiallıq predmetler, insannıń ruwxıy mádeniyatı nátiyjesinde kórinis beredi. Atap ótetuǵın bolsaq, mádeniy dem alıw orınları, muzeyler hám teatrlar insan iskerliginde jaratılǵan bolıp, ruwxıy mádeniyatımızdıń kórinisi bolıp esaplanıwı menen bir qatarda, insanlardıń ruwxıy tárepten azıqlanıwı ushın xızmet etedi. Teatrlarda qoyılatuǵın spektakller bizlerdiń milliy qádiryatlarmızdı hám de úrp-ádetlerimizdi kórsetip berse, muzeylerdegi saqlanıp atırǵan tariyxıy eksponatlar, kórkem óner shıǵarmaları, arxeologiyalıq qazılmalar sıyaqlı materiallar mádeniy miyrasımız bolıp, áyyemgi dáwirlerde ata-babalarımızdıń turmıs tárizin kórsetip beredi. Al bayramlar, úrp-ádetler, milliy oyınlar, xalıq awizeki dóretpeleri, dástanlar xalqımızdıń milliy ózligin hám tariyxımızdı saqlap qalıwǵa áhmiyetli orın tutadı.

Olardı keleshek áwladqa jetkizip beriw, úyretiw hám de mádeniyat penen ilim-pándi tereńrek túsiniwge imkaniyat jaratadı. «Sonıda umıtpawımız kerek, belgili bir dáwirde social rawajlanıwǵa xızmet etip, keyingi dáwirde jámiyet rawajlanıwına qayshı bolǵan hádiyseler de ushıraydı. Sonlıqtan mádeniyatta bunday hádiyseler (jaqsı-pozitiv hám keri-negativ) miyraslıq dep ataladı. Mádeniyat óz rawajlanıwınıń hárbir basqıshında dáwir nátiyjelerine súyenedi. Eger mádeniyat rawajlanıwdıń keyingi basqıshlarında aldıńǵı nátiyjeler saqlanıp qalsa, bunday miyraslıq jaqsı (pozitiv) miyraslıq dep ataladı.» Házirgi dáwirde usı sıyaqlı jaqsı (pozitiv) miyraslıq dep atalatuǵın dástúrlerden saqlanıp qalǵanı «qız uzatıw dástúri»ne toqtap ótsek, sebebi qız uzatıw dástúri óz kórinisiniń belgili bir táreplerine ózgerisler kirgizilgeni menen házirgi zamanagó‘y jámiyetke tán óziniń áwelgi dástúrin rawajlandırıp saqlap qalǵanın kóriwimizge boladı. Búgingi turmısımızda qızlardı alıp qashıw yamasa ayttırıp alıw sıyaqlı dástúrler úrp-ádetke kirgen. Sonday-aq, burıńǵı dáwirde qızlar jigitler menen jengeleri arqalı tanısqan, ózleri unatqan jigitke, óz qolı menen shekiyne tigip onıń ishine mazalı zatlar salıp jibergen, bul jigitti unatqanınan derek bergen. Jigit penen ata-anaları oylasqan halda qızdıń úyine ayttırıp baratuǵın bolǵan. Eki tárep ortasında kelisim bolǵannan soń, qızdı uzatıw kúni belgilengen. Bul haqqında maǵlıwmattı Q.Ayımbetovtıń «Xalıq danalıǵı» kitabında kóriwimizge boladı: «Qızdıń baw-shuwları arbalarǵa tiyeldi. Uzatqan qız minetuǵın arbanıń kókiregine jińishke taldan iyip aǵash kerdi, onıń ústine tawar tutılıp bastırıldı, bunı «bógenek arba» dep ataytuǵın edi, házirgi «vagon» sóz menen shıǵısı bir bolsa itimal. Kelgen kúyewler atlarına mindi. Qız jeńgesi menen qızdıń qurbı-qurdasları sıńsıp jılasıp atır, birneshe qarıwlı jigitler qızdı arbaǵa kóterip mingizedi. Arbanıń ishi sıńsıǵan dawısqa toldı, qızdıń anası menen jas úlkenlerdiń «Barǵan jerinde baxıtlı bol, jolıń bolsın» – dep ırıldap qırıldap jılasqan dawısı menen awıldıń ishi uwlı-shuwǵa tolıp ketti». Qızdı ata-anası, jas úlkenleri aq pátiya menen kúyew úyine uzatqan. Kúyew tárepke qızdı alıp barǵannan keyin milliy mádeniyatımızdıń bir túri bet-ashar dástúri boladı. «Bunda bet-ashardı shayır adam, sózge sheber qosıqshılar baslaydı. Bet-ashar eki túrli boladı. Birinshisi «aytım», ekinshisi «bet-ashar». Bet-ashardıń aytım túri kelinshek el shetine kelip awıl arası menen júrip kiyatırǵanda, kelinshek kelgenin toydıń bolatuǵının xalıqqa daǵaza etiw retinde aytadı.» Toy dawamında kóplep xalıq oyınları hám qosıqları aytılǵan, miymanlarǵa milliy taǵamlar qoyılǵan. Kórip turǵanımızday, qızdı uzatıw dástúri eski dástúrlerden bolıwına qaramastan házirgi dáwirde de, ózin zamanagó‘ylik hám milliy úrp-ádetlerge úylesken halda saqlap qalınǵan. Bularǵa qızǵa sırǵa salıw, oǵan dekoraciya tayarlaw, qızdıń qurbı-qurdasları, aǵayın tuwısqanların shaqırıp kishigirim jıyın ótkeriw zamanǵa say tárizde úrp bolıp kelmekte. Sonday-aq, qızdı alıp ketiwde zamanagó‘y

avtokóliklerden paydalanbaqta. Qaraqalpaq toyları da – ózine tán úrp-ádetleri menen xalıqtıń milliy dástúrlerinen bolıp esaplanadı. Házirde toylardı zamanagó‘y toyxanalarda beriw, ol jerge xalıq qosıqshıların shaqırıw úrp-ádetke aylanǵan. Burınları bet ashardı sózge sheshen adamlar ashqan bolsa, búgingi kúnde «toy baslawshı» atqarıp beretuǵın boldı. Bulardıń barshesi ózinde eski dástúrlerimizdi hazirgi dáwirde zamanǵa say tárizde saqlap qalǵanı ushın jaqsı (pozitiv) miyraslıq dástúr dep ayta alamız. «Óz keleshegin oylaytuǵın jámiyet hám mádeniyat rawajlanıwınıń iskerligi, institutları hám sociallıq jónelislerdi rawajlandırıw jolların belgilep aladı. Keyin barlıq háreketlerdi áne usı keleshekke qaratadı.»

Juwmaqlastırıp aytqanda, jámiyetimizde jańalanıw, qádiryatlardı zamanǵa say tárizde rawajlandırıwda dástúriy jámiyetten, zamanagó‘ylikke ótiw dáwiri dawam ete otırıp, birqansha eski dástúrlerge, úrp-ádetlerge, zamanǵa say tárizde ózgeris kiritilip en jaydırılmaqta. Bunnan bizlerdiń milliy qádiryatlarımızdı – rawajlanǵan dáwirimizge sáykeslendirip tiykarǵı forması ózgermegen halda, keleshek áwladqa jetkerilip beriliwi arqalı onıń saqlanıwına imkaniyatlar jaratıladı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. V.Alimasov. «Madaniyat falsafasi» Toshkent «DONISHMAND ZIYOSI» 2023. B-88.

2. M.Abdullayev, E.Umarov,A.Ochildiyev, A.Yo‘ldoshev,A.Abdullayev «Madaniyatshunoslik asoslari» «Turon-Iqbol» nashriyoti, 2006. B-17-19.

3. Q.Ayımbetov «Xalıq danalıǵı» Nokis «Qaraqalpaqstan» 1988. B-240-14.

ЖАСЛАР ТӘРБИЯСЫНДА МИЛЛИЙ ҚӘДРИЯТЛАРДЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ

Меңлимуратов Саламат Даўлетназар улы - *магистр*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Өзиниң өтмиш мәдений мийрасын терең билмеген ҳәм қәдирлемеген инсан өзиниң түп-тийкарын, ата-бабалары басып өткен жолын билмейди ҳәм биле алмайды. Ондай инсанның, миллеттиң келешеги болмайды. Мәдений мийрасымыздың тикленип халқымыз ушын хызмет етип атырғанлығы ең үлкен жетискенликлеримизден саналады. Ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен баслап жасларды елимиз келешегине мүнәсип тәризде, улыўма инсаный ҳәм миллий қәдриятлар руўхында тәрбиялаўға, оларды социаллық қорғаў, ҳуқық ҳәм еркинликлерин кепилликке алыўға мәмлекет көлеминде

үлкен итибар қаратылып келинбекте. Миллет раўажланыўы, жоқары мәнаўиятлы ҳәм билимли жасларға байланыслы. Бүгинги күнде республикамыз халқының ярымынан көби жасларды қурайды. Жаслардың миллий идеяны аңлаўы, олардың исеним ҳәм ийманына айланыўы, қандай жаңа қәдриятлар қәлиплестирилгенине байланыслы. Жасларымыздың миллий өзлигин аңлаўы ата-бабаларымыз тәрепинен дөретилген материаллық ҳәм мәнаўий мийрасты, үрп-әдетлер, дәстүрлер, қәдриятларды өзлестириўи менен бирге, оларда миллий ҳәм улыўма инсаный мәплерди уйғынластыра алыў, ўатан тәғдири ҳәм мәмлекет раўажланыўы ушын жуўапкершилик сезимлериниң беккемлениўин тәмийинлейди. Мәмлекетимиз Президенти Ш.Мирзиёев: «Мәмлекетимизде руўхый-ағартыўшылық жумысларды системалы шөлкемлестириў, бул бойынша әмелге асырылып атырған илажлардың нәтийжелилигин арттырыў, халық, әсиресе, жаслардың интеллектуал потенциалы, санасы ой-пикири ҳәм дүнья-қарасын жоқарылатыў, идеологиялық иммунитетин беккемлеў, ўатанпәрўарлық, халыққа муҳаббат ҳәм садықлық сезими менен жасайтуғын бәркамал әўладты тәрбиялаўға айрықша итибар қаратылмақта»,-деп атап өтти. [1] Мәмлекетимиздиң мәдений-руўхый ғәрезсизлигин беккемлеўде жасларды Шығысқа тән әдеп-икрамлылық, миллий қәдриятлар, үрп-әдетлер ҳәм дәстүрлеримиз тийкарында тәрбиялаў үлкен әҳмийетке ийе. «Базар экономикасы республикамызға шет ел мәмлекетлериниң капиталы, жаңа технологиясы, заманагөй басқарыў усыллары менен бир қатарда олардың мәденияты, турмыс тәризи, дүнья қарасы сыяқлыларды да алып келмекте. Сонлықтан да, биз жасларымызды миллетимиздиң иззет-нәписи, мақтанышына тийетуғын айырым намақул жағдайлардан асыраўымыз керек» [2] Шет мәмлекетлерден кирип келип атырған миллий үрп-әдет, дәстүрлер ҳәм руўхыйлығымызға тән болмаған әдепсизликти жақлаўшы шығармаларға өзимиздиң көп әсирлик тарийхқа ийе, дүнья халықлары тәрепинен тән алынған Шығысқа тән жоқары мәдениятымыз ҳәм руўхыйлығымызды қалқан етип қойыўымыз керек. Буған ерисиў үшын ҳәр бир инсанда жоқары мәденият ҳәм руўхыйлық мийрасхорлары екенлигимиз ҳәм бул менен мақтана алыўымыз кереклигин уқтырыўымыз керек. Өзин жоқары мәдениятлы миллетке тән екенлигин саналы түрде сезиўши ҳәм бул менен нызамлы түрде мақтана алатуғын инсанды ҳеш қашан әдеп-икрамлылық ҳәм идеялық тәреплтен төмен мәдениятқа ғәрезли етип қойыў мүмкин емес. Сондай екен, бүгинги күнде жасларымыздың идеялық-мәдений дәрежеси және де қәдриятларымыз, мәдениятымыз ҳәм руўхыйлығымызды және де тереңирек ҳәм толық өзлестирип алыўына ҳәр тәреплеме көмеклесиў менен

бир қатарда өтмиште кең қолланылған сиясий ағартыўшылық ислерин жанландырыў керек. Халқымыздың миллий-мәдений ҳәм ойлаў тәризине қысқаша нәзер таслаў пайдадан жырақ болмайды. Мәмлекетимиз аймағында руўхый-ағартыўшы ҳәм ойлаў идеялары, халық аўызеки дөретиўшилиги, «Авесто»дағы миллий ҳәм улыўмахалықлық идеялар мәмлекетимиз ҳәм миллетимиздиң дүнья цивилизациясына қосылыўдағы айрықша әҳмийетке ийе фактор есапланады. Өз гезегинде ислам тәлийматында, суфизмде ақыл-парасат мәселесине айрықша итибар берилген болып, оның және де раўажланыўы Орайлық Азия халықлары миллий-мәдений мийрасы менен тиккелей байланыслы. Сол мәниде дүнья цивилизациясында журтымызда қәлиплескен ақыл-парасат ҳәм ойлаў факторының орны үлкен. Орайлық Азияда илим-пән, ақыл-парасат, ойлаў дүньясының байыўы Шығыс ояныў дәўири менен (IX-XVI әсирлер) тиккелей байланыслы екенлигин де естен шығармаўымыз лазым. Қалаберсе, халқымыздың миллий-мәдений мийрасында ағартыўшылық ҳәм жәдидшилик ҳәрекетлериниң де орны үлкен. Халқымыздың Шығыс әлеминде тутқан инноваторлық орны оның әсирлер даўамында жаратқан интеллектуал-ақылый ҳәм жоқары миллий-мәдений, дәстүрли мийрасы менен белгиленеди. «Авесто», Орхун-Енисей естеликлери, «Девону луғатит түрк», «Қутатғу билиг», шығармалары, Алишер Наўайы, Заҳириддин Муҳаммед Бабур дөретиўшилиги булардың барлығы жоқарыдағы пикирлеримиздиң дәлийли. Әсиресе, халық аўызеки дөретиўшилигинде, тийкарынан қосықшылық көркем өнеринде инсанлардың ақыл ҳәм парасатына ийтермелеўши, оның пикирлеў тәризин қәлиплестириўге қаратылған тәреплери жүдә көп болғанлығын көриўимиз мүмкин. Жақсы сәўбетши болыў, жақсы менен жаманның парқын билиўге талпыныў ҳәр бир шахстың ақылының жемиси екенлиги ислам дини, оның муқаддес китабы Қураны кәрим ҳәм ҳәдислерде де айтылған. Сол тийкардан, ҳәдислерди топлаў, улыўмаластырыў, олардың инсанлар ақылый тәрбиясындағы орнын анықлаў журтымызда ҳәмийше саўаплы ҳәм муқәддес ис есапланған. Муҳаммед Ал-Бухарий 660 мың ҳәдистен тек 7250 ин ғана топламға кириткен. Усы ҳәдислер инсанларды ақыл-парасатын, жоқары инсаный пазыйлетлерин қәлиплестиргенлиги менен қәдирли. Мәмлекетимизде туризмниң раўажланыўы Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёев тәрепинен БМШ Бас Ассамблеясының 25-сессиясы ашылыўында жәрияланған туризм тараўындағы реформалар менен белгиленеди. Олар арасында 2030-жылға шекем туризмди раўажландырыў стратегиясын дүзиў, авиа қатнаўлар, автомобиль ҳәм темир жол тармақларын кеңейтириў, глобал қәўипсиз туризм кодексин ислеп шығыў, туристлерди мәмлекетимизге және

де кең тартыўда шешиўши әҳмийетке ийе болған туризмди раўажландырыў сыяқлы ўазыйпалар бар. Туризмди раўажландырыўдан және бир мақсет ата-бабаларымыздың миллий-мәдений мийрасын олардың илим-пән, ақыл-парасат, ойлаў дүньясының байлығын, халқымыздың әжайып пазыйлетлерин үгит-нәсиятлаўдан ибарат. Соның менен бирге, жасларымызды миллий-қәдриятлар руўхында тәрбиялаўда туризмниң тутатуғын орны үлкен. Жақында Елликқала районында «Жаңа Өзбекстанды биргеликте қурамыз!» сүрени астында «Саҳра сазасы» жаслар таңлаўы өткерилди. Таңлаўъ өткерилетуғын орынлар сыпатында райондағы Ақшакөл, Аязқала ҳәм Жаслар лагери сыяқлы объектлер таңлап алынды. Илаж даўамында түрли спорт жарыслары «Закаўат» интеллектуал ойыны, миллий ойынлар, қарақалпақ миллий тағамлары, миллий нама-қосықлар, сүўрет салыў беллесиўлери өткерилди. Оларға жергиликли халық пенен бирге сырт елли туристлер тартылды. Елликқала районында тарийх ҳәм археологияға қызығыўшылар ушын Аязқала қорғаны, Боранқала, Порлықала, Думанқала, Желдикқала, Киши Қырыққызқала, Қабатқала, Топыраққала, Қорғасынқала ҳәм басқа да орынларға саяхат шөлкемлестириў мүмкин. Түйеде толқынландырыўшы саяхат етиў ҳәм әййемги Аязқала қарабаханаларын зыярат етиў, Аязкөлде шомылыў, жергиликли бақсы ҳәм жыраўлардың экзотикалық фольклор, нама қосықларын тыңлаў имканияты бар. Хожели қаласының батыс шетинде, Гөне Үргениш қаласына алып барыўшы жолдың еки тәрепи бойлап төбеликте бийпаян, әййемги Миздахқан қаласы белгилери жайласқан. Сондай-ақ, аймақта Мазлумхан сулыў мавзолейи, Халифа Ережеп мавзолейи, Ақ Ханақи комплекси ҳәм Жомарт қассап сыяқлы объектлердиң бар екенлиги зыярат ҳәм археологиялық туризмди, қарақалпақ халқының өзине тән тағамлары гастрономиялық туризмди, жергиликли халықтың жасаў мәденияты, миллий үрп-әдет ҳәм дәстүрлери этнографиялық туризмди раўажландырыўға тийкар болады.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Мәмлекетимиз Президентиниң «Руўхый-ағартыўшылық жумыслар нәтийжелилигин арттырыў бойынша қосымша илажлар ҳаққында»ғы Қарары, 2019-жыл, 3-май.
2. Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳатларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси.Тошкент. «Ўзбекистон», 2010.
3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Республикамизнинг туризм салоҳиятини жадал ривожлантириш ҳамда маҳаллий ва хорижий

туристлар сонини янада оширишга доир қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида»ги Карори, 2023-йил, 26-апрель.
4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Туризм соҳасида кадрлар тайёрлаш тизимини такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида»ги Карори, 2024-йил, 18-июль.
5. Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳатларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. Тошкент. «Ўзбекистон», 2010.
6. Имомназаров М., Эшмуҳамедова М. Миллий маънавиятимиз асослари. Тошкент, «Тошкент ислом университети», 2001
7. Асхадов М. Маданиятимиз ва маънавиятимиз дурдоналари. Тошкент, «Маънавият»,.2014.
8. Қодирова М. Ёшлар онгида ғоявий дунёқарашни шакллантириш. Тошкент. «Янги аср авлоди», 2002.
9. Ғоялар: эзгулик ва ёвузлик. Тошкент, «Маънавият» 2018.

JASLAR ARASÍNDA KITAP OQÍW KÓNLIKPELERIN QÁLIPLESTIRIWDIŃ TÁRBIYALÍQ ÁHMIYETI

Sharipova Dilbarxan Atajanovna – *úlken oqıtıwshı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Annotaciya: Bul maqalada jaslar arasında kitap oqıw kónlikpelerin qáliplestiriwdiń tárbiyalıq áhmiyeti keńnen sáwlelendirilgen. Onda kitap oqıwdıń jaslardıń ruwxıy hám mánawiy rawajlanıwına tásiri, olardıń turmıslıq qádiriyatların qáliplestiriwdegi ornı hám de stresti azaytıw hám jaman ádetlerden shetletiw sıyaqlı paydalı tárepleri tallanǵan. Sonday-aq, shańaraq ortalıǵı, bilimlendiriw mákemeleri hám zamanagóy texnologiyalar arqalı kitapqa qızıǵıwshılıqtı arttırıw jolları úyrenilgen. Maqala jaslar arasında kitapqumarlıq mádeniyatın rawajlandırıw zárúrligine itibar qaratadı hám jaslardıń keleshektegi turmısında kitap oqıwdıń unamlı tásirine itibar qaratadı.

Tayanısh sózler: jaslar tárbiyası, kitap oqıw ádetleri, kitapqumarlıq mádeniyatı, ruwxıy rawajlanıw, aqılıy rawajlanıw, ruwxıy salamatlıq, shańaraq hám bilimlendiriw mákemeleri, kitaptıń tárbiyalıq áhmiyeti.

Kitap oqıw jaslardıń aqılıy hám ruwxıy rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye bolıp, olardıń shaxs sıpatında qáliplesiwine tikkeley tásir etedi. Kitap oqıw jaslardıń pikirlew hám esaplaw qábiletlerin arttırıwda áhmiyetli rol oynaydı. Oqıw procesinde jaslar jańa bilimlerge iye boladı, oylaw hám pikirlew kónlikpelerin

rawajlandıradı. Hár qıylı janrlardağı shıǵarmalar pikirlew sheńberin keńeytip, olardı pikirlerdi tallawǵa hám sın kózqarastan qatnas jasawǵa shaqıradı. Usı tárizde, kitaplar jaslardıń aqılıy rawajlanıwına járdemlesedi hám olardıń intellektuallıq potencialın arttıradı. Kitaplar insanıylıq qádiriyatlardı qáliplestiriwde kúshli qural bolıp esaplanadı. Jaslardıń ruwxıy jaqtan joqarılap barıwı ushın kórkem, filosofiyalıq hám tariyxıy shıǵarmalar úlken áhmiyetke iye. [4, 161-163]. Kitap oqıw arqalı jaslar miyrim-shápáát, doslıq, insanıylıq, watansúyiwshilik sıyaqlı qádiriyatlardı ózlestiredi. Kórkem shıǵarma qaharmanlarınıń is-háreketleri hám kózqarasları arqalı olar jaqsılıq hám jamanlıqtı parıqlawdı, turmıstıń quramalı máselelerine tereńirek qatnas jasawdı úyrenedi. Kitap oqıw jaslardı ózlerin tereńirek ańlawǵa shaqıradı hám olarǵa ózleriniń jeke jolların anıqlawda járdem beredi. Turmıslıq sorawlarǵa juwap izlep atırǵan jaslar ushın kitaplar kúshli motivaciya dáregi bolıp xızmet etedi. Óziniń ishki dúnyasın, kúshli hám kúshsiz táreplerin ańlaw arqalı jaslar óz maqsetlerin anıqraq belgileydi hám keleshekte qanday shaxs bolıp jetilisiwin tańlaydı. Solay etip, kitap oqıw jaslardı tek ǵana bilim menen támiyinlep qoymastan, al olardıń shaxs sıpatında qáliplesiwinde, ruwxıy hám ádep-ikramlılıq rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye. Bul ádet olardıń turmıs jolların belgilewde, salamat jámiyet aǵzası sıpatında jetilisiwlerinde úlken rol oynaydı. [1, 16-18].

Jaslar arasında kitap oqıwǵa qızıǵıwshılıqtı qáliplestiriw hám rawajlandırıw házirgi zamannıń áhmiyetli máselelerinen biri bolıp esaplanadı. Texnologiya hám sanlı málimlemeniń tez rawajlanıwı menen jaslardıń kitap oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵı azayıwı baqlanbaqta. Ata-analar balalardıń kitap oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın qáliplestiriwde áhmiyetli rol oynaydı. Shańaraqta kitap oqıwǵa itibar beriliwi, ata-analardıń ózleri de kitap oqıwı balalarǵa ibrat boladı. Olar oqıw múyeshlerin shólkemlestirip, perzentlerine jasına say kitaplardı usınıs etiwi hám olar menen birgelikte kitap oqıw ilajların ótkeriwi múmkin. Bul arqalı balalar ózlerin kitapqa qızıǵıwshılıq oyatıwǵa hám oqıwǵa doslıq múnásibetin qáliplestiriwge erisedi. [5, 38-41]. Bilimlendiriw mákemelerinde kitapqumarlıq mádeniyatın rawajlandırıw áhmiyetli. Mektep hám universitetlerde turaqlı túrde kitapqumarlıq ilajları, tańlawlar hám oqılǵan kitaplar boyınsha dodalawlardıń ótkeriliwi jaslardı kitap oqıwǵa iytermeleydi. Ásirese, oqıtıwshılar tárepinen kórkem shıǵarmalardı usınıs etiw, olardı oqıw baǵdarlamalarına kirgiziw hám qızıqlı sorawlar járdeminde shıǵarmalar boyınsha pikirlesiw shólkemlestiriw oqıwshılardıń kitapqa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Jaslardıń qızıǵıwshılıqlarına sáykes keletuǵın temalarda kitaplardı usınıs etiw kitap oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqtı arttıradı. Olar ushın qıyınshılıq, fantastikalıq, motivaciyalıq kitaplar hám zamanagóy jazıwshılardıń shıǵarmaları kóbirek qızıqlı bolıwı múmkin.

Jaslardıń ózleri qızıqtırǵan temalar átirapında kitap usınıs etiw olardıń oqıwǵa bolǵan mehrin jáne de kúsheytedi hám kitap oqıw ádetin qáliplestiredi. Solay etip, jaslardı kitap oqıwǵa qızıǵıwshılıǵın arttırıw ushın shańaraqlıq hám mektep ortalıǵı, zamanagóy texnologiyalar hám kitaplar dúnyası menen jaqınnan tanısıw imkaniyatların beriw zárúr. Bul usıllar járdeminde jaslar kitap oqıwdı tek ǵana bilim alıw quralı sıpatında emes, al olardıń jeke rawajlanıwı hám dúnyaqarasın keńeytiwshi qúdiretli qural sıpatında qabıl etedi.

Kitap oqıw jaslardıń ruwxıy jaǵdayın jaqsılawda nátiyjeli qural bolıp esaplanadı. Oqıwǵa berilgen waqıtta insan miyi tınıshlanıp, sırtqı ortalıqtaǵı stress faktorlarınan shetlenedi. Kórkem yaki motivaciyalıq kitaplardı oqıw jaslardıń unamlı pikirlewdi kúsheytedi hám olardı ruwxıy jaqtan turaqlastıradı. Ayırım izertlewler kitap oqıw qısqa múddet ishinde stress dárejesin sezilerli dárejede azaytıwın kórsetken. Bul óz gezeginde jaslardıń nerv sistemasın tınıshlandırıwǵa járdem beredi hám olardı tınıshlandıradı. Kitap oqıwǵa qızıqqan jaslar kóbinese jaman ádetlerden, sonıń ishinde, zıyanlı sociallıq tarmaqlarǵa kóp waqıt sarıp etiw, video oyınlarǵa batıp ketiw sıyaqlı ádetlerden shetlenedi. Kitap oqıw waqtın qızıqlı hám paydalı ótkeriwge járdem beredi. Bul olardıń ómirinde unamlı ádetlerdi qáliplestiriwge, waqıttı durıs bólistiriwge járdem beredi. Jaslar óz waqtın nátiyjeli ótkerip, unamsız tásir kórsetiwi múmkin bolǵan ádetlerden uzaq boladı. Kitap oqıw jaslardıń basqa adamlardıń sezimlerin túsiniw qábiletin rawajlandıradı. Kórkem shıǵarmalardı oqıw dawamında olar qaharmanlardıń sezimleri, keshirmeleri hám turmıslıq tájiriybelerin sezinedi. Bul jaslardıń empatiyanı rawajlandırıwına, átiraptaǵılardı túsiniwine járdem beredi. Jaslar kitaptaǵı waqıyalar arqalı hár qıylı sezimlerdi óz basınan ótkerip, emocional intellektlerin bayıtadı hám jeke múnásibetlerinde jáne de sezgir hám shın kewil boladı. Solay etip, kitap oqıw jaslardıń ruwxıy hám fizikalıq salamatlıǵına unamlı tásir kórsetedi. Olar kitap oqıw arqalı tınıshlanıw, tınısh bolıw, dıqqattı jámlew, jaman ádetlerden uzaqlasıw hám uyqı sapasın jaqsılaw imkaniyatına iye boladı. Kitap oqıw tek bilim alıw emes, al tolıq salamat turmıs keshiriw ushın da áhmiyetli qural bolıp esaplanadı.

Juwmaq. Jaslar arasında kitap oqıw kónlikpelerin qáliplestiriw olardıń aqılıy, ruwxıy hám ruwxıy rawajlanıwı ushın áhmiyetli faktor bolıp esaplanadı. Kitaplar jaslarǵa tek bilim alıw imkaniyatın bermey, al olardıń jeke pazıyletlerin bayıtadı, sın kóz-qarasın rawajlandıradı hám dúnyaǵa kózqarasın keńeytedi. Búgingi kúnde kitap oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqtı arttırıw ushın shańaraqta ibrat bolıw, oqıw mákemelerinde kitapqumarlıq ortalıǵın jaratıw, zamanagóy texnologiyalardan nátiyjeli paydalanıw hám jaslardıń qızıǵıwshılıqlarına say kitaplardı usınıw sıyaqlı ilajlar ayrıqsha áhmiyetke iye. Kitap oqıw jaslardıń ruwxıy hám fizikalıq salamatlıǵına unamlı tásir kórsetedi, olardı stressten azat etedi, uyqı sapasın

jaqsılaydı, dıqqattı jámlew hám yadqa alıw qábiletin kúsheytedi. Sonday-aq, kórkem óner dóretpeleri arqalı jaslar empatiya hám basqa adamlardıń sezimlerin túsiniw qábiletin rawajlandıradı, bul bolsa olardıń shaxs sıpatında jetik qáliplesiwine járdem beredi. Solay etip, jaslar arasında kitap oqıw ádetin qáliplestiriw hám rawajlandırıw tek ǵana olarǵa emes, al pútkil jámietke unamlı tásir kórsetedi. Jaslardı ruwxıy jaqtan bay hám mádeniyatı joqarı shaxslar sıpatında tárbiyalaw ushın kitap oqıw ádetin úgit-násiyatlaw áhmiyetli wazıypa bolıp esaplanadı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1.Asanova Z.M., Abduxamidov O.X.,Karshibayev M.X. O‘quvchilarning ma’naviyatini rivojlantirishda kitob o‘qish tamoyillari. Педагогика и психология в современном мире: теоретические и практические исследования, 2 (2), (2023) 16-18.

2.Bozor o‘g‘li B.A., Uchqun O‘g‘li,Z.N. T a’lim muassasalarida kitob o‘qishni rivojlantirish. Новости образования: исследование в XXI веке, 1 (8), (2023). 580-582.

3.Gapparova M.S. Kitob o‘qishning foydali xususiyatlari. SCHOLAR, 2 (1), (2024). 66-69.

Jumamuratova G. K. Kitap ruwxıy dúnyamızdı bayıtıwshı kúsh sıpatında. Talqin va tadqiqotlar ilmiy-uslubiy jurnali, 1 (5), (2022). 161-163.

4.Xudayqulova M. Sinfdan tashqari mashg‘ulotlar jarayonida o‘quvchi ma’naviyatini rivojlantirishda kitob o‘qish tamoyili. Академические исследования в современной науке, 2 (24), (2023). 38-41.

MÁDENIY MIYRASTÍ SAQLAWDA KITAPXANALARDÍŃ ROLI

(Qaraqalpaqstan kitapxanaları tariyxı)

Aytımova Dilbar Aymuratovna – *úlken oqıtıwshı*

Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Annotaciya. Qaraqalpaqstanda kitapxanalar tariyxı, bul aymaqtıń mádeniyatı hám ruwxıy rawajlanıwı menen tıǵız baylanıslı. Bul maqalada Qaraqalpaqstandaǵı kitapxanalar tariyxıy rawajlanıw processi, áyyemnen házirgi kúnge shekemgi dáwirler úyrenedi. Dáslepki kitapxanalardıń payda bolıwı, XX ásirde kitapxanalar sistemasınıń qáliplesiwi, ǵárezsizlikten keyin zamanagóy kitapxanalar hám olardıń áhmiyeti talqılanadı. Maqala, sonday-aq, Qaraqalpaqstannıń zamanagóy kitapxanaları hám olardıń

jámiyettegi ornı haqqında da maǵlıwmat beredi. Bul maqala Qaraqalpaqstannıń mádeniy miyrasın saqlaw hám rawajlandırıwda kitapxanalardıń rolin túsiniwge járdem beredi.

Tayanish sózler: Qaraqalpaqstan, kitapxanalar tariyxı, mádeniy miyras, ǵárezsizlik, sanlı kitapxana, kitapxana modernizaciyası, tariyxiy rawajlanıw, ruwxıy turmıs.

Qaraqalpaqstan tariyxıy ózine tán ruwxıy hám ilimiy rawajlanıw jolın basıp ótken. Bul aymaqta kitapxanalar, bilimlendiriw hám mádeniyattıń tiykarǵı orayları sıpatında, óziniń tariyxı dawamında áhmiyetli orın iyelegen. Kitapxanalar tek ǵana bilim hám aǵartıwshılıq deregi emes, al jámiyettiń ruwxıy qádiriyatların saqlaw hám rawajlandırıwshı mákemeler sıpatında xızmet etedi. Qaraqalpaqstanda kitapxanalar tariyxınıń kóplegen tárepleri bar. Olar áyyemnen baslanıp, zamanagóy dáwirge shekem dawam etedi [5, 34-35]. Bul maqalada, Qaraqalpaqstandaǵı kitapxanalar tariyxı, olardıń payda bolıwı, rawajlanıwı hám zamanagóy áhmiyetin tolıq úyrenedi. Tariyxıy dáwirler, regiondaǵı mádeniyat hám ilimniń rawajlanıwına baylanıslı jaǵdaylar, sonday-aq, kitapxanalardıń keleshektegi rawajlanıw perspektivaları haqqında pikirler bildirilgen. Maqala, sonday-aq, Qaraqalpaqstan kitapxanalarınıń jámiyettegi ornın hám olardıń mádeniy turmısqa tásirin kórsetiwge umtıladı. Qaraqalpaqstannıń kitapxanalar tariyxı, bul regiondaǵı áyyemgi mádeniyat hám ilimiy dástúrleri menen óz ara baylanıslı. Dáslepki kitapxanalar, tiykarınan, jámiyette bilim hám aǵartıwshılıq deregi sıpatında áhmiyetli rol oynaǵan. Bul tariyxıy process, tek ǵana aǵartıwshılıq emes, al xalıqtıń mádeniy turmısın da qáliplestirgen. Qaraqalpaqstan aymaǵında áyyemgi dáwıilerde, túrkiy xalıqlardıń tariyxı dawamındaǵı jazba dereklerdi saqlaw orınları payda bolǵan. Bul jerlerde tiykarınan diniy hám ilimiy shıǵarmalar jámlengen. Sol dáwirde kitapxanalar kóbınese meshit hám medreseler átirapında jaylasqan bolıp, bilimlendiriw hám diniy bilimlerdi arttırıwǵa qaratılǵan. Olar oqıwshılarǵa bilim beriw hám olarda ruwxıy qádiriyatlardı rawajlandırıwda úlken áhmiyetke iye edi. Orta ásirler dáwirinde Qaraqalpaqstan sawda jolları kesisken aymaq bolıp, bul jerde hár qıylı ilimiy hám mádeniy oraylar payda boldı. Kitapxanalar tiykarınan diniy bilimlendiriw mákemeleri, meshit hám medreselerde xızmet etken. Olar oyshıl hám alımlar tárepinen basqarılıp, derlik hárbir medresede óz kitapxanası bar edi. Bul kitapxanalar, ilimiy pikirlerdi rawajlandırıwda hám ilimıy dástúrlerge tiykar bolıwda úlken rol oynadı [6, 48-49].

XX ásirdiń baslarına kelip, Qaraqalpaqstanda jámiyetlik kitapxanalardıń shólkemlestiriliwi baslandı. Bul process, Ózbekstannıń basqa aymaqları menen birgelikte, jańa bilimlendiriw hám mádeniyat siyasatınıń bır bólegi sıpatında ámelge asırıldı. Dáslepki jámiyetlik kitapxanalar, xalıqtıń bilim alıw imkaniyatların keńeytiwge qaratılǵan edi. Olar jergilikli xalıq arasında mádeniy-aǵartıwshılıq ilajlar ótkeriw ushın platforma sıpatında xızmet etken. Dáslepki kitapxanalar,

ásirese, jergilikli xalıq ushın bilim hám aǵartıwshılıq dáregi bolıp xızmet etken. Olar tek ǵana kitaplar hám qoljazbalardı saqlap qoymastan, al oqıwshı hám ustaz arasında baylanıs hám bilim almasıw ushın maydan jarattı. Bul kitapxanalar jámiyettegi mádeniy hám ilimiy turmısta áhmiyetli rol oynaǵan, ásirese, sol dáwirlerdegi muǵallimler hám alımlar ushın. Dáslepkı kitapxanalar, sózsiz, Qaraqalpaqstannıń ruwxıy turmısı hám ilimiy rawajlanıwında áhmiyetli orın iyelegen. Olar qıyın dáwirlerdi basınan ótkergen bolsa da, búgingi kúnde de óz áhmiyetin joǵaltpastan, áwladlar dawamında bilim hám aǵartıwshılıqtı tarqatıwdı dawam etpekte. Bul kitapxanalar, tek ǵana tariyxıy estelik emes, al milliy qádiryatlardı saqlawshı áhmiyetli dárek sıpatında jámiyetimizde jasaydı.

Kitapxanalar tariyxındaǵı XX ásir dáwiri Qaraqalpaqstan kitapxanalarınıń rawajlanıwında áhmiyetli basqıshtı quraydı. Bul dáwirde kitapxanalar sisteması oraylasqan halda shólkemlestirilip, jańa sociallıq hám mádeniy sharayatlar jaratıldı. Bul process, óz náwbetinde, jámiyettiń bilim hám mádeniyatqa bolǵan talapların qanaatlandırıwda úlken áhmiyetke iye boldı. 1920-jılları bilimlendiriw hám mádeniyattı rawajlandırıwǵa qaratılǵan baǵdarda jumıslar alıp barıldı. Bul processte kitapxanalar jańa nızamshılıq hám tártip-qaǵıydalar tiykarında shólkemlestirile basladı. Qaraqalpaqstanda dáslepki jámiyetlik kitapxanalar ashıldı, olar tiykarınan qala hám awıllarda jumıs alıp bardı. Bul kitapxanalar tek ǵana kitaplar fondı ǵana emes, al mádeniy hám ilimiy resurslar deregi sıpatında xızmet etiwge umtıldı. 1930-jılları Qaraqalpaqstanda ilimiy hám jámiyetlık kitapxanalar tarmaǵı keńeydi. Kitapxanalar, tek ǵana kitaplar hám qoljazbalar fondın qáliplestiriw ǵana emes, al paydalanıwshılar arasında hár qıylı aǵartıwshılıq ilajların ótkeriwdi basladı. Kitap kórgızbeleri, seminarlar hám ushırasıwlar, ilimiy pikir alısıw hám mádeniy baylanıslardı rawajlandırıwda áhmiyetli rol oynadı. Bul process, jámiyettiń bilim alıw hám óz ara pikirlesiw imkaniyatların keńeytti. Sol dáwirde kitapxanalar xalıqtı ilim hám aǵartıwshılıqqa baǵdarlawda áhmiyetli rol oynadı. Olar jańa ilimiy bilimlerdi tarqatıwda, sonday-aq, ádebiyatlardı úgit-násiyatlawda xızmet etti. Muǵallimler hám studentler ushın ilimiy ádebiyatlardı alıw imkaniyatların keńeytiw, bilimlendiriw sistemasın bekkemlewge xızmet etti. Sonıń menen bırge, kitapxanalar jámiyette mádeniy baylanıslardı kúsheytiwge úles qostı. Bul dáwirde Qaraqalpaqstanda kitapxanalar, tek ǵana bilim hám aǵartıwshılıqtı tarqatıwda emes, al jámiyettegi mádeniyattı rawajlandırıwda da áhmiyetli rol oynadı. Olar jańa ilimiy dástúrlerdiń qáliplesiwine hám xalıq arasında mádeniy baylanıslardı kúsheytiwge xızmet etti. Bul dáwirde alınǵan tájiriybeler, zamanagóy kitapxanalar sistemasınıń qáliplesiwinde tiykarǵı tiykar bolıp xızmet etti. Kitapxanalar, bul proceste, áwladlarǵa bilim hám aǵartıwshılıq tarqatıw, milliy qádiriyatlardı saqlawda ayrıqsha áhmiyetke iye boldı [4, 78-80].

Qaraqalpaqstannıń zamanagóy kitapxanaları, ǵárezsizlikten soń, mámleket mádeniyatı hám bilim dáreklerin keńeytiw maqsetinde jańasha túrde rawajlandı. Bul kitapxanalar tek ǵana oqıwshılar hám izertlewshiler ushın keń imkaniyatlar jaratıp qoymastan, al sanlı texnologiyalar hám mádeniy ilajlardı qollap-quwatlaw arqalı jámiyettiń ruwxıy turmısında da áhmiyetli orın iyeleydi. Qaraqalpaqstan kitapxanaları búgingi kúnde xalıqtiń bilim alıw talapların qanaatlandırıwda zamanagóy, keń kólemli resurs hám xızmetlerdi usınıs etedi. Qaraqalpaqstannıń paytaxtı Nókiste jaylasqan Qaraqalpaqstan Respublikalıq málimleme kitapxana orayı regionnıń eń iri kitapxanası bolıp esaplanadı. Bul kitapxana kóplegen kitaplar, siyrek ushırasatuǵın qoljazbalar hám zamanagóy sanlı resurslar menen támiyinlengen bolıp, barlıq jastaǵı paydalanıwshılar ushın málimleme deregi esaplanadı. Bunnan tısqarı, rayonlıq jergilikli kitapxanalar da óz jámáátleriniń ilimiy hám mádeniy turmısında belsene qatnaspaqta, bul bolsa, óz gezeginde, xalıq penen qarım-qatnastı bekkemlewde úlken áhmiyetke iye. Qaraqalpaqstannıń zamanagóy kitapxanaları, jańa texnologiyalardı engiziw, mádeniy ilajlardı shólkemlestiriw hám ilimiy izertlewlerdi qollap-quwatlaw arqalı, jámiyettiń bilim hám mádeniyat rawajlanıwında áhmiyetli rol atqaradı. Keleshekte de bul kitapxanalar óz xızmetlerin keńeytip, regionnıń mádeniy hám ruwxıy baylıǵın arttırıwda dawam etedi.

Juwmaq. Qaraqalpaqstanda kitapxanalar tariyxı, regiondaǵı mádeniyat, ilim hám ruwxıy rawajlanıw proceslerinde áhmiyetli rol oynaǵan. Dáslepki kitapxanalar áyyemgi zamanlardan baslap xalıqtıń bilim hám aǵartıwshılıqqa bolǵan talabın qanaatlandırıwda xızmet etken. Sovet dáwirinde bolsa kitapxanalar sisteması oraylasıp, jańa ideyalar hám bilimlerdi tarqatıwda jumıs alıp bardı. Ǵárezsizlikten keyingi jıllarda, zamanagóy kitapxanalar jańa texnologiyalar hám sanlı resurslardı engizıw arqalı óz jumısın jańalap, jámiyette áhmiyetli málimleme dereklerine aylandı. Bul maqala, Qaraqalpaqstanda kitapxanalar tariyxın úyreniw arqalı, regiondaǵı mádeniy miyrastı saqlaw hám rawajlandırıwda kitapxanalardıń rolın túsinıwge járdem beredi.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Abdullayev D. (2022). Raqamli kutubxonalar va ta’lim jarayoni. Nukus: Qoraqalpog‘iston universiteti nashri- 120b.
2. Ismailova G. (2019). Zamonaviy kutubxonalar va ularning rolini o‘rganish. O‘zbekiston xalq ta’limi ilmiy-jurnal-123-125.
3. O‘zbekiston Respublikasi Davlat kutubxonasi. (2020). O‘zbekiston kutubxonalari tarixi-330b.

4. O‘zbekiston Respublikasi Ta’lim vazirligi. (2023). Kutubxona tizimi va ta’lim. Tashkent: O‘zbekiston ta’limi-230b.
5. Shomurodov A. (2021). Kutubxonalar va ma’rifat: O‘zbekiston tajribasi. Tashkent: Fan va texnologiya-198b.
6. Xolbekov S. (2018). Qoraqalpog‘iston madaniyati va kutubxonalar tarixi. Nukus: Qoraqalpog‘iston Respublikasi Noshirligi-264b.

O‘ZBEKISTONDA KUTUBXONACHILIK SOHASINING RIVOJI

Tursınbaeva Juldiz - *talaba*
O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat institutining Nukus filiali
Ilmiy rahbar: **Aytimova Dilbar -** *katta o‘qituvchi*

Yurtboshimizni kitobxonlik madaniyatini yuksaltirishga qaratilayotgan alohida e’tibori tufayli umumta’lim maktablarida, oliy o‘quv yurtlarida, barcha ta’lim maskanlaridagi o‘tkazilayotgan «Yosh kitobxon», «Kirobxonlar bayrami», ko‘rik tanlovlari, dam olish maskanlarida ochilayotgan zamonaviy kitob do‘konlari va chekka qishloqlarda ochilayotgan kutubxonalar yosh avlodni ma’naviy va intellectual ehtiyojini qondirishda, kitobga oshno bo‘lishda muhim o‘rin tutmoqda. Kitobning mohiyati mangudir… Bu mohiyat - tafakkurni abadiylashtiradi.

Bu borada mamlakatimizda keng ko‘lamli islohotlar olib borilmoqda. Bu nashr respublikada kutubxonachilik ishi tarixi, nazariyasi, amaliyoti va istiqboli masalalarini yoritadigan, ishlab chiqadigan, barcha kutubxona tarmoqlari o‘rtasida ilg‘or tajribalarni ommalashtiradigan, mamlakatimizda va hududlarda kutubxonachilik ishi qurilishi xususiyatlarini o‘rganadigan, kutubxona xodimlari malakasini oshiradigan, kitobxonlarda o‘qish madaniyatini tarbiyalaydigan, kutubxonachilik kasbining nufuzini, obro‘-e’tiborini ko‘taradigan nashrga aylandi. 1974-yilda sobiq Ittifoq hukumatining kutubxonachilik ishiga oid qabul qilgan qarori asosida mamlakatda markazlashtirilgan kutubxonalar tizimi tashkil topdi. Bu tizimning xususiyati shundan iborat ediki, hududlar xususiyatidan kelib chiqqan holda alohida tizimlar shakllandi, ulaming tarkibida markaziy kutubxona va uning atrofida filiallar birlashib, tizimni boshqarish, mablag‘ bilan ta’minlash, rejalashtirish va hisobot ishlari, moddiy-texnik bazasini mustahkamlash, hisob-kitob ishlari, fondni to‘ldirish, unga qayta ishlov berish, texnik va ilmiy ishlov berish Markaziy kutubxona zimmasiga, aholiga kutubxona xizmati ko‘rsatish filiallarga biriktirildi. Kutubxonalarda ilg‘or ish usullarini o‘rganish, o‘zaro hamkorlik qilish, ichki va tashqi kitob ayirboshlash, kutubxonalararo abonement, sirtqi abonement, Xalqaro abonement ishlari shu davrda rivojlantirildi.

Markaziy kutubxona butun bir tizim uchun ilmiyuslubiy, bibliografik ish markaziga aylandi. 1975-1990-yillarda «Kutubxonashunoslik» fanining rivojlanishida asosiy e'tibor respublikada maktab o'quvchilari va bolalarga kutubxona xizmati ko'rsatish sifatini oshirish masalalariga qaratildi. Kitobxonlar o'qish madaniyatini tarbiyalash, o'qishiga rahbarlik qilish masalalari har tomonlama ishlab chiqila boshlandi. Shu davrda Toshkent davlat madaniyat institutining «Bolalar adabiyoti va kutubxonalarda bolalar o'qishiga rahbarlik qilish» kafedrasi tashkil topib, uning faoliyati ko'lami va sifati jihatidan ko'zga tashlandi. Bu kafedraga avval filologiya fanlari doktori, folklorist olim Malik Murodov, keyinchalik pedagogika fanlari nomzodi, professor E.Yo'ldoshev rahbarlik qildi. 1982-1990-yillarda M.Murodovning bolalar kitobxonligi, ularning o'qishiga rahbarlik qilish, kitobxonlikning ildizlari, oilada kitobxonlik, uning ildizlari, an'analari, shaxsiy kutubxonalar va ularda aholiga xizmat ko'rsatish, bolalar ma'naviy dunyosini shakllantirishda kitobning o'rni, E.Yo'ldoshevning «Bolalar o'qishiga rahbarlik qilish», «O'qish madaniyatini tarbiyalash» kabi risolalari nashr etildi. Maktab va litsey kutubxonalari ishini tashkil etish, kutubxonalarda kataloglarni tashkil etish, kitob fondini tashkil etish va u bilan ishlash, turli sinf o'quvchilari bilan ishlash, ular o'rtasida kutubxonachilik va bibliografik bilimlarni targ'ib etish bo'yicha kitoblar va risolalar, turli ommaviy tadbirlarni tashkil etish metodikasiga oid qo'llanmalar respublika «Kitobxon» jamiyati bilan hamkorlikda nashr etildi. Ulardan «Badiiy adabiyotlarni targ'ib etishning ommaviy usullari», «Adabiy o'qishlarni tayyorlash va o'tkazish metodikasi», «Adabiy viktorinalar» kabi yangi ish usullarining metodikasini o'rgatuvchi, ommalashtiruvchi metodik risolalar nashr etildi. Chunki, bu davrga kelib, ommaviy ishlarni tayyorlash va o'tkazishda yagona metodikaga ehtiyoj paydo bo'ldi. Turli kutubxonalarda ommaviy ishlarning ózibo'1archi1ik bilan, har kim ózi istagancha o'tkazishi ommaviy tadbirlarning ta'sirini, sifatini, nufuzini tushirib yubordi. 1975-1990-yillarda kutubxonachilik ishi sohasidagi tadqiqotlar kutubxonalarning ijtimoiy rolini oshirishga qaratildi. Bu sohaga adabiyotshunoslarning kirib kelishi ko'zga tashlandi. Ammo, kutubxonachilik ishi masalalarining hal etilishida jamiyatshunoslar, faylasuflar, pedagoglar, psixologlar yetarli darajada ishtirok etishmadi. Bu davrda asosiy e'tibor sohaga oid ilmiy tadqiqot ishlarini tashkil etish, bolalar va o'smirlar bilan ishlash, o'qish madaniyatini tarbiyalash, o'qishiga rahbarlik qilish, yetakchi kutubxonashunos-bibliograf olimlarning faoliyatini o'rganish, tadqiq qilish, targ'ib qilish, kutubxonashunoslik fanining boshqa sohalar bilan hamkorligini yo'lga qo'yish, ular yordamida ilg'or tajribalarni ommalashtirish, aholiga kutubxonachilik xizmati ko'rsatishni takomillashtirish, kutubxona tarmoqlarini markazlashtirish, madaniy-

ma’rifiy muassasalar tizimida kutubxonalarning o‘rni masalasini o‘rganish, tadqiq qilish, kutubxonachilik hududiy birlashmalari faoliyatini o‘rganish masalalari uchinchi bosqichga xos edi. 1991-yil O‘zbekiston mustaqilligi qo‘lga kiritilganidan so‘ng jamiyatning barcha qatlamlarida o‘zgarishlar yuz berdi. Bozor iqtisodiyoti sharoitiga o‘tish davri boshlandi. Hamma sohada iqtisodiyotni, moddiy-texnik bazani mustahkamlash, ijtimoiy-iqtisodiy, madaniyma’rifiy sohalarda bo‘lgani kabi madaniyat va san’at sohasida ham milliylikka e’tibor oshdi. Milliy urf-odatlarimizni takomillashtirish, milliy qadriyatlarimizni qaytadan o‘rganish, tahlil qilish, ayniqsa, o‘zbek millati tarixini yangi nuqtayi nazardan o‘rganish masalasi, ma’naviyatni shakllantirish, rivojlantirish oldingi o‘ringa chiqdi. Diniy qadriyatlar qaytadan tiklandi. Xorijiy mamlakatlar bilan barcha sohada hamkorlik kuchaydi. Xorijiy sarmoyalar mamlakatimiz rivojiga ta’sir eta boshladi. Kutubxonachilik ishi sohasida ham xorijiy grantlar, hamkorlik yordamlari paydo bo‘ldi. Ulaming ta’sirida va ko‘magida kutubxonachilik ishi sohasida avtomatlashtirish tushunchalari shakllanib, amaliyotga joriy etila boshlandi. Shulardan eng asosiysi elektron kataloglarning tashkil etilishi bo‘ldi. Mamlakatimizda dastlab Toshkent viloyati «Turon» ilmiy-universal kutubxonasi, O‘zbekiston FA asosiy kutubxonasining faoliyatida yangi texnologiya paydo bo‘ldi, Rossiyaning «IRBIS» dasturi asosida elektron kataloglar yaratila boshlandi. «Turon» kutubxonasi tomonidan bir necha xorijiy grantlar yordamida respublika kutubxonalari uchun o‘quv seminarlari tashkil etilib, elektron katalog tuzish qoidalari, nusxa ko‘chirish apparatlari yordamida adabiyotlardan nusxa olish, bibliografik yozuvlarni dasturga kiritish, kompyuter savodxonligini oshirish masalalari bo‘yicha mashg‘ulotlar o‘tkazildi. 1999-yildan boshlab mutaxassislar sa’y-harakati bilan xorijiy tashkilotlar ko‘magida «Fan, texnika, ta’lim va biznes sohalarida kutubxona, Internet resurslaridan foydalanish - «Central Asia» nomi bilan ikki yilda bir marta O‘zbekistonning yirik shaharlari va kutubxonalari bazasida Xalqaro anjuman o‘tkazila boshlandi. Bu anjumanda dunyo mamlakatlarining ilg‘or kutubxonashunos va bibliograf olimlari, kutubxonalar ish jarayonlarini avtomatlashtirish bo‘yicha mutaxassislar ishtirok etadilar. Anjumanda kutubxonachilik ishini takomillashtirish, sifatli va samarali axborot xizmati ko‘rsatish, kutubxonalar ish jarayonlarini avtomatlashtirish, xodimlar malakasini oshirish, qayta tayyorlash, elektron kataloglar yaratish, mamlakatlarning yig‘ma elektron kataloglari, ilg‘or ish tajribalari, virtual kutubxonalar, elektron kutubxonalar, ularning ishini tashkil etish, Internet xizmati, Internet resurslarini yaratish, xususiy elektron resurslar va ularni yaratish, masofadan turib xizmat ko‘rsatish, elektron resurslar tashkil etish, o‘zaro almashish, hamkorlik ishlari,

elektron bibliografik resurslar yaratish va fondini tashkil etish kabi ko‘plab masalalar muhokama qilindi.

Foydalanilgan adabiyotlar

1. Z.Berdiyeva, H.Mamatraimova, T.Zokirova Bibliografiya T.: -2017
2. U.F.Karimov, M.A.Rahmatullayev, H.E.Ismailova Korparativ elektron kutubxona yaratish texnalogiyasi va ma’lumotlar bazasini shakllantirish . T.:-2011
3. I.J.Yuldashev, O‘.Nosirov Kutubxona - axborot xizmati: nazariyasi va uslubiyati T.: -2019
4. S.H.Davlatov Kutubxonashunoslik T.: -2019
5. I.Yo‘doshev O‘zbek kitobat san’ati va teminologiyasi T.: -2018
6. To‘xliyev B.Adabiyot o‘qitish metodikasi.T., 2006.
7. Yo‘doshev Q. Yoniq so‘z. T.: «Yangi asr avlodi», 2006.
8. Ohunjonov; Ma’sul muharrir A.O.Umarov; .-Toshkent, A.Navoiy nomidagi O‘zbekiston Milliy kutubxonasi, 2006.
9. Yesimov.T.B Ozbekistonda kutubxonachilik ishining shakllanishi va rivojlanishi.-T.:1994
10. Boltaboyeva U., Rakhmonova N., Usmonov S. Characteristics of speech Art: problems and solutions//ACADEMICIA: An International Multidisciplinary Research Journal. – 2020. – T. 10. – №. 4. – C. 559-567.

MÁDENIYAT HÁM KÓRKEM ÓNER TARAWÍNÍŃ TÁRBIYALÍQ TÁSIRSHEŃLIGI

Jańabaeva Roza
Gulshira Saparbaeva
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı Mádeniyat iskerligi kafedrası baslıǵı, docent

Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw jıllarında mámleketimizde mádeniyat hám kórkem óner tarawında rawajlanıw, dúnya júzi kóleminde joqarı tájiriybeler tiykarında zamanagó‘y mádeniyat hám kórkem óner orayların shólkemlestiriw, olardıń ekonomikalıq hám texnikalıq bazasın bekkemlew, dóretiwshi jaslardı hár tárepleme qollap-quwatlaw máselelerine mámleketimiz tárepinen úlken itibar qaratılmaqta. Prezidentimiz Sh.Mirziyoyev sózinde «Tálim hám tárbiya sistemasınan bárshe buwınları procesin búgingi zaman talapları tiykarında jedellestiriw barlıq dárejeli wazıypamız» degen edim. [1] Xalıqtıń, tiykarınan jaslardıń mádeniy bilimin rawajlandırıw, olardıń milliy hám ulıwmalıq

mádeniyatınıń eń jaqsı úlgilerinen kórsetiw, usı tiykarda ruwxıy jetik, bárkamal, shaxslardı tárbiyalaw, jas talant iyelerin qábileti hám qızıǵıwshılıǵın júzege shıǵarıw ushın keń kólemli jumıslar ámelge asırılmaqda. Atap aytqanda, Jurt basshımız tárepinen 2019-jıl 19-marttağı videoselektor májlisinde jaslardı hár tárepleme qábiletlerin júzege shıǵarıw maqsetinde «5 baslama 5 imkaniyat» joybarın alıp shıqtı hám búgingi kúnde óz nátiyjesin kórsetip kelmekte. Bunnan tısqarı bárshe Ózbekstan jasların birlestirgen «Bozataw fest», qońsı mámleketler hám Ózbekstan jasların birlestirgen «Baqsıshılıq festivalı», hár 4 jılda 1 márte bolatuǵın «Sharq taronaları» festivalları búgingi kúnde kórkem ónerge qızıǵıwshılıǵı bar jaslardı qollap-quwatlaw ushın imkaniyat esigi retinde xızmet etpekte. Búgingi jaslar óz tarıyxın úyrenbekte. Ata-tilin, mádeniyatın, úrp-ádetin hám dástúrleriniń qayta tiklenip atırǵanı olardı ózligin ańlawǵa sharayat jaratıp berip atırǵanı áhmiyetli jeńisimiz. «Búgin jaslar tek ǵana milliy-ruwxıy qádiriyatlardı úyreniw menen sheklenip atırǵan joq. Olar dúnya xalıqları erisken jeńislerden xabardar bolmaqta. Shet ellerde oqıw, bilim alıp, pán texnika jetiskenlikleri, zamanagó‘y texnologiyalardı iyelep jámiyetimiz social ómirine alıp kiriw imkniyatına iye bolmaqta. [2] Óz-ózinen belgili jámiyetimizdiń kópshilik bólegin iyeleytuǵın jaslardıń ele-beri sheshilmegen mashqalaları itibarımızdı tartadı, olar ómirimizde haqıyqattan da sheshiwshi kúshke aylandırıw máselesi jámiyetshiligimizdiń dıqqat orayında tur.

Birinshi Prezidentimiz Islam Karimov aytqanınday «Aldımızda júdá áhmiyetli, keleshegimizdi sheshiwshi jańa wazıypa tur. Bul wazıypa erkin párawan jámiyettiń ruwxıyatın qáliplestiriw, basqasha aytqanda azat, óz haq-huqıqın jaqsı tanıytuǵın, baǵımandalıqtı ózi ushın ar dep biletuǵın, óz kúshi hám aqılına isenip jasaytuǵın , áyne zamanda óz jeke mápin xalıq,Watan mápleri menen uyǵın halda kóretuǵın kámil insanlardı tárbiyalawdan ibarat». [3] Jaslar dúnyaqarasına milliy-ruwxıy qádiriyatlarǵa tayanıw, onıń jámiyetimizde ekonomikalıq-siyasıy rawajlanıwların ámelge asırıwda tutqan ornı búgingi áhmiyetli maqshalalar qatarınan. Jaslardıń milliy qádiriyatlarǵa isenim hám itibardıń bekkem bolıwı Ózbekstan tańlaǵan ózine mas baslama jolı talaplarınan kelip shıǵadı hám de jaslar aldına anıq wazıypalardı qoyadı.

Jańa Ózbekstan xalıq turmısında atap aytqanda, jaslar ómirinde jańa dáwirdi belgilep berdi hám jaslardıń bunı seziwi hám bunday imkaniyat Ózbekstan dep atalıwshı ullı elde ekenin ańlap jasasa maqsetke muwapıq boladı. Búgingi kúnde kórkem óner hám mádeniyat rawajlanıwı tikkeley jurt basshımız tárepinen qollap – quwatlanbaqta. Sebebi «Kórkem óner hám mádeniyat rawajlanbasa, jámiyet rawajlanbaydı» degen edi húrmetli jurt basshımız.

Ullı babamız Abdulla Avloniydiń aytqanınday, «Tárbiya máselesi biz ushın shınında da ya mádat, ya apat, ya baxıt, yamasa baxıtsız hádiyse máselesi bolıp tabıladı» degen edi. Bul danalıq pikir óz aktuallıǵı menen áhmiyetin hesh qashan joytpaydı. Ásirese jaslardıń hár tárepleme kámil insan bolıp keleshekte bilimli, aqıllı el perzentleri bolıp jetilisiwine shet tillerin olarǵa úyretip barıw da eń áhmiyetli másele bolıp tabıladı. Tárbiyalıq islerdi dáwir talabına juwap beretuǵın jaǵdayǵa alıp keliw ushın tárbiyanıń tiykarı bolǵan bárshe ideyalardı tájriybede qollanıw maqsetke muwapıq boladı. . Sonıń ishinde, jas áwladtı erkin pikirlewge tayarlaw, turmıs mazmunın túsinip alıwǵa kómeklesiw, ózin qadaǵalawdı qáliplestiriw, shaxslıq turmıs maqsetlerine durıs baǵdarlaw, olarda rejelestiriw hám ámel etiw sezimlerin oyatıw sıyaqlı jumıslardı ámelge asırıw maqsetke muwapıq sanaladı. Shańaraq tárbiyasınıń ózine tánligi, onıń áhmiyeti, dástúriyligi, milliy hám ulıwma insanıylıq ruwxıy qádiriyatlar diziminde tutqan ornı shańaraq ortalıǵınıń bárkamal áwlad hám kámil insan tárbiyasındaǵı áhmiyetli rolin atap ótiw orınlı. Usı másele boyınsha júdá áhmiyetli bolǵan itibarlı pikirler bizge miyras bolıp jetip kelgen. Bul ullı miyraslardı biz kórkem óner hám mádeniyat arqalı keleshek áwladqa sap, taza halında jetkerip beriwdey wazıypa moynımızda ekenin umıtpaǵan halda háreket etiwimiz kerek.

Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Sh. Mirziyoyev. Inson manfaatlari hamma narsadan ustun. – Toshkent, 2017, 26-bet.
2. Sh.Mirziyoyev. Niyati ulug‘ xalqning ishi ham ulug‘, hayoti yorug‘ va kelajagi faravon bo‘ladi. Toshkent, «O‘zbekiston» NMIU, 2019.
3. Karimov.I Biz kelajagimizni o‘z qo‘limiz bilan quramiz –T «Ўзбекистон» 1999 304-bet.
4. G.A.Saparbarva, P.Q.Paluaniyazov. Mádeniy ilajlar – Toshkent. Fan ziyosi. 2022
5. Sayyora To‘ychiyeva. (G.Saparbaeva awdarması) Mádeniyat hám kórkem óner tarawı iskerligin shólkemlestiriw hám basqarıw.

МИЛЛИЙ МӘДЕНИЯТЫМЫЗ ҲӘМ КӨРКЕМ ӨНЕРИМИЗ — МИЛЛЕТИМИЗ МАҚТАНЫШЫ

К.А.Турдиев
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы доценти

«Бизиң ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы тарийхымыз бар. Ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы бабаларымыз бар. Ҳәўес етсе арзыйтуғын бийбаҳа байлықларымыз бар. Мен исенемен, несип етсе, ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы келешегимиз, уллы әдебиятымыз ҳәм көркем өнеримиз де, әлбетте, болады»
Ш.М.Мирзиёев.

Ҳәр бир миллеттиң өзине тән руўхый дүньясы, миллий мәденияты, көркем әдебияты, сазы, сәўбети болады. Булардың ҳәр бири өз алдына ғәзийне. Адамзат пайда болғанлы берли саз бенен сәўбетти жолдас тутып, өзиниң қуўанышын, шадлығын, муң-шерин қосық етип айтып, гейде түрли ҳәрекетлер менен ойынға түскен. Ўақыт өткен сайын бул бизиң руўхый байлығымыздың ажыралмас бөлегине айланған. Шынында да, көркем өнер мудамы адамларға руўхый ләззет бағышлап, олардың руўхый байлығын байытып барады. Узақ әсирлерден берли халқымызға жолдас, сырлас болып киятырған қарақалпақ миллий көркем өнери мудамы дүнья халықларын таңландырып келген. Миллий мәдениятымыздың ажыралмас бөлеги болған бақсышылық, жыраўшылық, қосықшылық пенен бир қатарда қарақалпақ миллий аяқ ойын өнери де дүньяда **қайталанбайтуғын тәкирарланбас** ҳәрекетлери менен жүреклерди жаўлап алатуғынлығы да сыр емес.

Шайыр Ә.Тәжимуратовтың поэзиясында ана Ўатан темасын жырлаўға айрықша итибар қаратылады, әсиресе, шайырдың «киши ўатанына», яғный Арал теңизи жағалаўлары менен Мойнаққа болған иззет-ҳүрмети өз алдына десек қәтелеспеймиз. Усы тема шайырдың «Ассалам», «Ақ қуў», «Шағала», «Мулайым Арал», «Асаў Арал», «Сен болмасаң Аралым», «Аралдың толқынлары» қосықларында сәўлеленеди. Бул тема раўажлана келе «Айдынлар», «Гөззал» қосықларында муҳаббат темасы менен де ушласып кетеди. «Айдынлар» балық аўлаўға кеткен ярын сағынған қыздың қосығы ғана болып қалмастан, туўған елге болған сағынышты да жеткерип бере алады, сол ушын болса керек туўған елинен алысларда жүрген жерлеслеримиздиң өз ўатанына болған сағынышын сәўлелендириўши қосық сыпатында «Айдынлар» қосығы халық арасында жүдә кең тарқалып, ҳәттеки жаслардың гимни дәрежесине де көтерилген. «Айдынлар» қосығының лирикалық қаҳарманы, яғный ярын күткен қыздың образы бәршемизге жүдә жақсы таныс, оны көз алдымызға елеслете аламыз, шайыр усы қыздың сүйген ярының образына да дыққат аўдарып, «Гөззал» ямаса балықшы жигит қосығын дөретеди.

Балық туттық Арал теңиз ишинде,
Сен турасаң гүл-гүл жайнап есимде,
Әйне бүгин толған айдың кешинде,
Асығаман саған жеткенше гөззал.
Гөззаллар ишинде өзиңсең жаным,
Өзиңсең тербелткен жүрегим тарын,
Муҳаббатым сенсең, сен аҳыў-зарым,
Асығаман саған жеткенше гөззал.

Бул қосық «Айдынлар» қосығына жуўап сыпатында жазылғандай көринеди. Шайыр Ә.Тәжимуратов «Айдынлар» қосығын 1969-жылы сентябрь айында дөреткен болса, «Гөззал» қосығын сол жылы октябрь айында жазады. Демек, бул еки қосықты бир система, бири екиншисин толықтыратуғын

шығармалар сыпатында таллаў арқалы муҳаббаттың шырайлы картинасы, яғный теңиз жағасында ярын сағынышлы күткен гөззал қыз ҳәм оған жеткенше асығып киятырған ашық жигит көз алдыңа елеслейди, усы жерде Әжинияз дөреткен «Гөззаллар» деген қосығын оқый отырып, Әжинияз дәўиринде жасаған қарақалпақ қызларының портретин сызыў мүмкин деген художниклердиң пикирлери есимизге келеди, сондай-ақ, рус жазыўшысы А.Гринниң «Алые паруса» деген повестиниң қаҳарманы Ассольдиң теңиз жағасында «қызыл желкомлы» үлкен кемеде келетуғын шахзадасын күтиў картинасы есимизге түседи. Әлбетте, бундай көринисти қосық арқалы жеткерип бериў шайырдың шеберлигин көрсетеди.

Шайыр Ә.Тәжимуратов «Сен сулыў» деген қосығында дүнья гөззаллығының неде екенлигин түсинбекши болады, сол ушын лирикалық қаҳарман: Сулыў өзи-қай жер екен?

Ким екен?

Кайсы бири:

-Мен сулыўман!-дер екен?- деп ҳақыйқатлықты излейди.

Бул сораўға жуўап излеген лирикалық қаҳарман дәслеп ана тәбият, яғный шайыр ушын ең жақын болған, оның туўған жери Арал теңизи гөззал, Үстирттен шаўып келип Аралдан суў ишкен марал сулыў деп жанлы тәбияттың сулыўлығын тәрийиплей келе, төрт мәўсимниң алмасыўы, ҳәр бир мәўсимниң өзиниң орны, өзиниң шырайы бар екенлигин жырлайды. Бул пикирди мына қатарлар тастыйықлайды:

«Жыл ишинде бәҳәр сулыў, жаз сулыў», яки
Жыл ишинде ақ қыраўлы қыс сулыў,
Көрер көзге иштен гөре тыс сулыў,
Шайырының йош-илҳамын шалқытқан,
Бәринен де мол қырманлы гүз сулыў.

Лирикалық қаҳарманның ойлары «мийнет палы татлы» деген идея менен ушласып, инсан мийнетиниң күши менен пайда болған ҳәм оны дөреткен батырды, келешек әўлады ушын нур болып, урпағына ақыл-нәсияты менен күш-қуўат бағышлаған ақсақаллы атаны сулыў деген пикирге келип, адамды инсан дәрежесине көтериўши мийнетти жырлайды.

Пахта сулыў, салы сулыў ырғалған,
Батыр сулыў халық аўзында жыр болған.
Сулыў,-дейди, ақ сақаллы ғаррыны,
Әўладына өшпейтуғын нур болған.

Шайырдың «Аққан дәрья елдиң бахты қусайды» деген қатарлары да бийкарға пайда болмаған, ол өзи ушын, халқы ушын қәдирли болған Арал

теңизиниң жағдайы туўралы алдыннан-ақ қайғырған, Арал менен байланыслы болған экологиялық кризисти де көре билген, сол ушын ел бахты дәрья менен байланыстырылады. Ал «Ел кереги нурлы жақты қусайды» деген қатарлары арқалы болса, ата-бабаларымыз әсирлер даўамында әрман еткен, бүгинги күни биз ийе болған елимиздиң ғәрезсизлиги менен байланыслы «нурлы жақты» болса керек. Соның менен бирге шайыр «Тынбай соққан жүрек сулыў қусайды» деген қатарлары арқалы перзентлеринде даўамын табатуғын, ата-бабаларының жақсы ислерине, идеяларына садық болатуғын жүреги тынбай соғыўшы инсанды улығлайды, шайыр инсан тиришилиги ҳаққында ой жуўыртып, кешеги күни өткен ата-бабаларымыздың ислеген мийнетлери, хызметлери, идеялары бүгинги күни үйренилип, даўамланып атырған болса, келешекте бул ислер бүгинги жаслар тәрепинен раўажландырылып, жер бетиндеги тиришилик тынбай соғатуғын жүрек сыяқлы мәңгилик болып қалады.

Шайырдың усы қосығының ең соңғы куплети «Жер қайысқан бағ-бақшалы ел сулыў» деген қатарлар менен басланып, инсан ушын туўылған ели қәдирли делинген болса, «Ели ушын хызмет еткен ер сулыў» деген қатарларында Бердақ шайырдың «Жигит болсаң арыслардай туўылған, Хызмет еткил удайына халық ушын» деген дидактикалық идеясын раўажландырып, ели ушын хызмет еткен инсанның гөззаллығын көре билип, және бир мәртебе «азамат болыў ўазыйпаң» деген идеяны тәкирарлайды.

Косық жүдә оригинал түрде жуўмақланады:

«Жас бөбекти ҳәййиў айтып жубатқан,
О, анажан, бәринен де сен сулыў!»

Шынында да, ҳәр қандай гөззаллық, сулыўлық инсан тәрепинен дөретилетуғын болса, ол инсанды дүньяға келтириўши ҳәм тәрбиялаўшы ана екенлиги даўсыз! Демек, лирикалық қаҳарман өзи излеген ҳақыйқатлықты табады, дүньяда бәринен де ана сулыў деген жуўмақ жасайды, бул шайырдың аналарға берген баҳасы, аналарға арнаған гимни деп ойлаймыз.

Жуўмақластырып айтқанда, шайыр Ә.Тәжимуратов ХХ әсир қарақалпақ поэзиясында өз орнына, өз ҳаўазына ийе талант ийеси болып табылады.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Оразымбетов Қ. Қосық теориясы. Тошкент. Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашриёти. 2010.
2. Генжемуратов Б. Поэзия - бул илаҳий дүнья. «Әмиўдәрья», 1991, № 2, 122-124-бетлер.

3. Оралбаева Ү. Лирикалық қаҳарман образы.// «Қарақалпақ әдебияты», №11(135), 2013, ноябрь.

ФОЛЬКЛОРДЫҢ ӘДЕБИЯТ ПЕНЕН ӨЗАРА БАЙЛАНЫСЫ

С.А.Балтаниязов – *профессор*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Фольклор ҳәм әдебияттың өз-ара байланыс проблемасы ҳәзирги әдебияттаныў илиминиң ең ири илимий ҳәм практикалық жақтан әҳмийетли мәселелериниң бири. Фольклор ҳәм әдебият узақ ўақытлардан бери бирин-бири байытып, бирин-бири раўажландырып келеди. Олардың өз-ара байланысының ҳәр қыйлы дәўирде ҳәр қыйлыша болғанлығы, ҳәр бир жазыўшы, шайыр бул мәселеге ҳәр қыйлы қарағанлығы байқалып отырады. Әййем заманлардан баслап бизиң күнимизге шекемги келип жеткен шын мәнисинде халықтық болып кеткен әдебият ҳәм искусство дөретпелери фольклор менен әдебияттың жанлы байланысының мысалларын берди. Фольклор менен әдебияттың ертедеги байланысын анықлағанда орхон-енисей жазба естеликлериниң әҳмийети оғада зор. Фольклор менен жазба әдебий естеликлер мудамы бир-бири менен өз-ара тығыз байланыста болған. Фольклорлық дөретпелер бир заманларда жазба естеликлерге айналса, бир дәўирлерде жазба естеликлердиң фольклорлық вариантлары пайда болып отырған. Бул процесс бизиң дәўиримизге шекем даўам етип келеди. Мысалы, IX-XV әсирлердеги аўызеки поэтикалық творчествоның традициясын өз ишине алған огузлардың «Китаби дәдәм Қорқут» атлы әдебий жағынан қайта исленген эпикалық дәстанын буған мысал етип көрсетиўге болады. Вул китапта бир неше әсирлер даўамына аңыз болып жүрген аўызеки әнгимелер жазба әдебий естеликке айналдырылған. Жазба ҳәм аўызеки традицияның өз-ара байланысында әдебий естеликлердиң узақ дәўирлерге жасаў ҳәм таралыў жоллары көринеди. Фольклор үлгилериниң узақ сақланыўында ҳәм жазба әдебий процесске тәсир етиўинде халықтың жанлы аўызеки творчествосы менен бирге ески ҳәм орта әсирлерде дүзилген сөзликлери де үлкен әҳмийетке ийе. Бул мәселеде Махмуд Қашқарийдиң «Девону Луғотит турк» китабын ҳәм «Кодекс Қуманикус»ты айрықша атап көрсетиўге болады. Бул сөзликлер фольклор үлгилериниң жыйынтығы болыў жағынан теңи-тайы жоқ естеликлер. Усы ўақытқа шекем олардың түрк қәўимлериниң тилин үйрениўдеги әҳмийети көбирек айтылып келеди. Ал олар түрк қәўимлериниң

тилиниң тарийхын үйрениўде ғана емес, ал фольклорының тарийхын үйрениўде де, соның менен бирге фольклоры менен әдебиятының байланысын үйрениўде де баҳалы дәреклерден бири болып қалады. Фольклор ҳәм әдебияттың байланысы ҳаққында 30-жыллары «Правда» газетасының бетиндеги статьялар үлкен роль ойнады. «Правда» өзиниң бетлеринде бурынғы дәўирдеги халық поэзиясының ең жақсы үлгилерин дағазалады. Усы дәўирде «Правда»да басқа да халық шайырлары менен бир қатарда қарақалпақ халық поэзиясының ўәкиллериниң шығармалары басылды. Буған Аяпберген шығармаларын атап көрсетиўге болады. «Правда» газетасында жаңа ҳәм өткен дәўирдеги фольклорлық үлгилери бойынша қәте-кемшиликлер критикаланған статьялар басылып турды. Әсиресе солардан 1936-жылы Москвада Камерный театр қойған Демьян Бедныйдың «Богатыры» пьесасының қатты критикаланғаны бойынша басылған статьяны көрсетиўге болады. Бул халық эпосының сүйикли қаҳарманлары баспашы - уры сыпатында сүўретленген. «Правда»да усы пьеса ҳаққында басылған статья халық эпосының теориясы ҳәм тарийхын қайта қараўда үлкен жоба болды. 1936-жылы 18-сентябрьде «Правда» газетасында дағазаланған статьяда «Большевиклер рабочий класын ҳәм барлық мийнеткешлерди» халық творчествосына жүдә үлкен дыққат пенен қатнас жасаўды үйретеди» деп жазды. Фольклор ҳәм әдебияттың байланысы ҳаққында 30-жыллары «Правда» газетасының бетиндеги статьялар үлкен роль ойнады. «Правда» өзиниң бетлеринде Усы дәўирде «Правда»да басқа да халық шайырлары менен бир қатарда қарақалпақ халық поэзиясының ўәкиллериниң шығармалары басылды. Буған Аяпберген шығармаларын атап көрсетиўге болады. «Правда» газетасында жаңа ҳәм өткен дәўирдеги фольклорлық үлгилери бойынша қәте-кемшиликлер критикаланған статьялар басылып турды. Әсиресе солардан 1936-жылы Москвада Камерный театр қойған Демьян Бедныйдың «Богатыры» пьесасының қатты критикаланғаны бойынша басылған статьяны көрсетиўге болады. Бул халық эпосының сүйикли қаҳарманлары баспашы - уры сыпатында сүўретленген. «Правда»да усы пьеса ҳаққында басылған статья халық эпосының теориясы ҳәм тарийхын қайта қараўда үлкен жоба болды. 1936-жылы 18-сентябрьде «Правда» газетасында дағазаланған статьяда «Большевиклер рабочий класын ҳәм барлық мийнеткешлерди» халық творчествосына жүдә үлкен дыққат пенен қатнас жасаўды үйретеди» деп жазды. Фольклор менен әдебияттың байланысы олардың өз-ара бир-бирине тәсири ҳәр қыйлы жоллар менен жүзеге асса керек. Биз олардан гейпараларын атап өтиўди мақул көремиз. Жазыўшы яки шайыр фольклор үлгилерин өз шығармасында қалай болса солай формалар

келтириў менен пайдаланады. Бул формалар әдетте шығармада айқын көринип турады. Буларға белгили дәрежеде өзгерис ендирилиўи де, ал пүткинлей ендирилмеўи де мүмкин. Индивидуаль авторлар фольклорлық үлгилерден традициялық жағын пайдаланып, өзинше форма, мазмун қурыўы мүмкин. Бунда фольклорлық дөретпелердиң руўхы көринген менен жеке автордың стили басым келип турады. Бүйерде фольклор тәсири жоқарыдағыдай формалық жақтан емес, ал мәнилик жағынан байқалып турады. Ҳәмме авторлар фольклордың барлық жанрына бирдей қатнаста болмайды, ҳәр кимниң сүйген жанрына сәйкес фольклор жанрына жантасыў бар. Мысалы, драматурглер көбирек қаҳарманлық яки лироэрос, дәстур жырларын активирек ислетсе, шайырлар фольклордағы сүўретлеў қуралларын, прозаиклер көбинесе нақыл-мақалларды жийирек қолланады. Жазыўшылар фольклорға қатнас билдиргенде, оларды өзлериниң шығармаларында пайдаланғанда халық турмысын, көзқарасын, психологиясын, идеалын бериў мақсетин көзде тутады. Сонлықтан жазыўшының шығармасына фольклор үлгилери саналы яки стихиялық түрде де араласып отырады. Жазыўшы яки шайырға фольклор тәсири туўрыдан-туўры жасаған шараят негизинде ямаса оқыған қыссалар арқалы, ямаса фольклорды сүйген устаз арқалы да өтиўи мүмкин. Белгили бир жәмийетлик дәўир халық талабы, әдебий орталық фольклорға қалай қатнас жасаў тенденцияларын дөретиўи мүмкин, бунда унамлы яки унамсыз қатнаслардың болыўы сөзсиз. Фольклорға қатнаста узақўақытлардан бери қарама-қарсы топарлардың жүз беретуғыны айқын. Соған қарамастан ҳәтте фольклорға нигилизм менен қараған жазыўшының творчествосында да фольклор үлгилериниң элементлерин табыў мүмкин. Фольклор әдебиятқа ҳәрқыйлы жоллар менен киреди. Эпос драма болады, ертек поэма болады. Халық косықлары, нақыллары қалай болса солай әдебий шығармада араласып жүреди. Бирақта бул процессте қандай да бир жупкерлесиў тенденциясы ҳүким суреди. Фольклордың жанрды әдебий жанрлар қалай болса солай жутып жибереди, олардыңқайтадан туўылыўын тәмийинлейди.

Фольклордан пайдаланыў процесинде мынадай да жағдай бар. Гейпара шайырлар өзлериниң тәбияты бойынша фольклорға жақын турады. Оларды стили бойынша шәртли түрде фольклорлық стильдеги шайырлар десе болар еди. Олар фольклор ғәзийнесинде жеке шығарма дөреткенде қалай болса солай жүзип жүреди. Мысалы, халық шайырлары усындай. Ал «жазба әдебий стильдеги шайырлар буларға қарағанда фольклордан өзиншелеў пайдаланады. Олардыңфольклорға қатнасында фольклорлықүлгилерди жоқарыдағы топарға қарағанда сийреклеў, бирақәбден өзинше жетистирип

пайдаланыў байқалады. Жазыўшы яки шайыр фольклорлық конкрет көринисинен пайдаланбай, олардың көркемлеў традициясын, методын, усылын да билинбеслик дәрежеде әдебий шығармаға ендириўи мүмкин. Усылай фольклорлық әдебий стильге араласыўы гүмансыз. Ҳәр бир халық, ҳәр бир миллет жазыўшысы өз дөретпесин халыққа арнағанлықтан көркем шығарманың демократизациясы жөнинде ғам шегеди. Сонлықтан ҳәр бир автор мейли ол жасы үлкен болама, яки жасы киши болама, шығармасының халықлық болыўы ушын фольклорға нәзер аўдармаўы мүмкин емес. Шығарманың мазмунындағы ҳәм формасындағы халықлық белгилер халық творчествосынан нәрленбей дөретилиўи мүмкин емес. Сонлықтан фольклордан жазыўшының пайдаланыўы қандай дәрежеде болмасын, жеке автордың қәлеўинен ғәрезсиз жәмиетлик характерге ийе қубылыс. Фольклор-бул халық поэзиясы, халықтың руўхый жаны, бунысыз шын мәнисиндеги халықлық әдебий шығармалар дөретилмейди. Дүнья классиклериниң шығармалары буны айқын дәлиллейди. Шын мәнисинде халықлық партиялықәдебиятты дөретиўүлкен шеберликти талап етеди. Ҳақыйқатында да фольклор менен әдебияттыңөз-ара байланысы, бир-бирине тәсири ҳаққындағы мәселе - бул көркем сөз усталарының шеберлиги ҳаққындағы мәселе - бул көркем сөз усталарының шеберлиги ҳаққындағы мәселе болып есапланады. Шеберлик терең индивидуаллық қубылыс болыў бирге әдебий творчествода үлкен үйрениў мектеби екени өз-өзинен түсиникли. Әсиресе олардың фольклорға қатнасы, фольклордан пайдаланыўында бул айқын сезиледи. Фольклор менен әдебияттың заман талабына байланысы қаншама жоқары болса, қаншама сәтли болса, көркем шығармалардың идеялық қуны, көркемлик дәрежеси соншама баҳалы болатуғыны факт. Фольклор менен индивидуаллық әдебий шығармалардың органикалық байланысын аңлатып қоймастан, жазыўшы менен халықтың руўхый дүньясының беккем ушласыўын билдиреди.

Пайдаланған әдебиятлар

1. Мақсетов Қ.М. Қарақалпақ фольклорының эстетикасы. Нөкис 1971.
2. Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры, Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искуствосы журналы. 1939. №3.
3. Мақсетов Қ.М, А.Тажимуратов. Қарақалпақ фольклоры. Нөкис 1979.

ӘОЖ 541.18.

ҚАЗІРГІ ЗАМАНҒЫ ҚОҒАМ ДАМУЫНДАҒЫ МУЗЫКАЛЫҚ ТӘРБИЕ

Елгонова Сандуғаш Дәуренбайқызы
магистр, аға оқытушы М.Әуезов атындағы ОҚУ Шымкент, Қазақстан
Жайлымысова Гулжазира Акжигитовна
аға оқытушы М.Әуезов атындағы ОҚУ Шымкент, Қазақстан

Түйін: Біздің еліміздегі қоғамдық өмірді дамытудағы балаларды музыкалық тәрбиелеу проблемалары болып жатқан барлық өзгерістермен тығыз байланысты. Сондықтан жалпы білім беретін мектепте музыка сабақтарына арналған жаңа бағдарламалар жарияланады, сонымен қатар музыкалық білім мен тәрбие саласындағы бірқатар жаңалықтар бар. Жаңартылған білім беру бағдарламасы аясында музыка мұғалімдері қысқа мерзімді, ұзақ мерзімді, орта мерзімді жоспарлармен, мақсаттармен, міндеттермен танысады және іс жүзінде музыка сабақтарын өткізеді. Жалпы білім беретін мектепте 1-сыныпқа арналған музыка бойынша жаңартылған бағдарлама үш тілді білім беру жүйесінде әзірленді, авторлары М.А. Оразалиева, С. К. Омарова. Музыка мұғалімінің мақсаты-қазіргі әлемге көшуге қабілетті бәсекеге қабілетті, шынайы тұлға ретінде танылады**.** Құлманова Ш., Сүлейменова Б. Типтік бағдарламаның ережесіне, сондай - ақ дидактикалық қағидаларға сүйене отырып, 2 сынып оқушыларының жас ерекшеліктеріне, олардың мүдделеріне, бейімділіктері мен қажеттіліктеріне, сондай - ақ дамытушылық сипаттағы оқу материалдарына мән берілген.

Кілттік сөздер: рухани жаңғыру**,** жаңартылған, музыка, мұғалім, бағдарлама, оқушылар, қабілет, іс-әрекет, жоспар, үш тілдік.

Бұл - тарлан тарихтың, жасампаз бүгінгі күні мен жарқын болашақтың көкжиектерін үйлесімді сабақтастыратын ұлт жадының тұғырнамасы - делінген. Болашақта ұлттың табысты болуы оның табиғи байлығымен емес, адамдарының бәсекеге қабілетімен айқындалады. Сондықтан да әрбір Қазақстандық компьютерлік сауаттылық, шет тілдерін білу, мәдени ашықтық сияқты факторларға ие болуы тиіс. Мектептегі музыка сабағының мақсаты - оқушылардың рухани азығының қажетті бөлігі музыкалық мәдениетін қалыптастыру. Өсіп келе жатқан жас ұрпақтың рухани жан байлығын жаңғырту жалпы білім беретін мектептегі музыка сабағында іске асырылады.

Қазақстан Республикасының Білім туралы заңында: «Білім жүйесінің басты міндеті - ұлттық және жалпыадамзаттық құндылықтар, ғылым мен тәжірибе жетістіктері негізінде жеке адамды қалыптастыруға және кәсіби шыңдауға бағытталған білім алу үшін қажетті жағдайлар жасау, оқытудың жаңа технологияларын енгізу, білім беруді ақпараттандыру, халықаралық, ғаламдық желілерге шығу» деп атап көрсеткен.Қазіргі заманғы еліміздегі саяси - қоғам өмірінің дамуындағы балаларға музыкалық тәрбие берудің

мәселелері де, болып жатқан барлық өзгерістермен тығыз байланысты. Сондықтан да жалпы білім беретін мектептегі музыка сабағына арналған жаңартылған бағдарламалар жарыққа шығып, музыкалық білім, тәрбие беру саласында бірқатар жаңашылдық өзгерістер орын алуда.

Жаңартылған білім бағдарламасы бойынша музыка пәнінің мұғалімдері қысқа, орта, ұзақ мерзімді жоспарлардың түрлерімен, олардың мақсат, міндеттерімен, жоспардың құрамымен танысып, іс - жүзінде музыка сабақтарын өткізуде. Авторлар М.А. Оразалиева, С.Қ. Омарованың құрастырған жалпы білім беретін мектептегі 1-ші сыныптың музыка пәніне арналған жаңа типтік бағдарламасы үш тілдік білім беру жүйесінде құрастырылған. Онда музыка пәні мұғалімінің мақсаты - бәсекеге қабілетті, заман ағымына ілесе алатын, өмірге икемді жеке тұлғаны қалыптастыру деп айтылған. Жалпы орта білім беретін мектептегі 2 сыныптың музыка сабағына арналған жаңартылған бағдарламаның авторлары: Құлманова Ш., Сүлейменова Б. Типтік бағдарламаның ережесіне, сондай - ақ дидактикалық қағидаларға сүйене отырып, 2 сынып оқушыларының жас ерекшеліктеріне, олардың мүдделеріне, бейімділіктері мен қажеттіліктеріне, сондай - ақ дамытушылық сипаттағы оқу материалдарына үлкен мән берілген.

Бағдарламадағы ән айту, музыка тыңдау, түрлі тапсырмаларды орындау барысында қолданылған әртүрлі ойындар, ойын элементтері арқылы 2 сынып оқушылары әр сабақтың алға қойылған мәселелерін шешеді. Музыка сабағының құрамы музыка тыңдау, ән үйрену, шығармашылық тапсырмаларды орындау, музыкалы - ырғақтық қимылдар жасау, музыкалық аспаптарда орындау сияқты бірнеше іс-әрекеттерден тұрады. Осы іс - әрекеттерді музыка сабағының тақырыбын ашуда іскерлі, әрі шебер қолдана білу музыка мұғалімінің әдістемелік дайындығының деңгейіне тікелей байланысты болады. Бағдарлама 8 бөлімнен тұрады: «Өзім туралы», «Менің отбасым және достарым», «Менің мектебім», «Менің туған өлкем», «Дені саудың - жаны сау», «Салт - дәстүр және фольклор», «Қоршаған орта», «Саяхат». Әрбір бөлім бойынша оқушылар сабақтардың тақырыптарына сәйкес еліміздің, туған жеріміздің әсем табиғаты туралы мәліметтер алып, туған халқының, оның салт - дәстүрі мен музыкалық мәдениетіне деген сүйіспеншілігі мен құрметін, Отанға деген патриоттық сезімдерін қалыптастыруға себебін тигізеді. Сонымен қатар музыка арқылы оқушылардың саламатты өмір салты, спорттың және белсенді қимыл - әрекеттің адам және қоғам өміріндегі мәні жайында түсініктері пайда болады. Бағдарлама оқушыларға экологиялық тәрбие беруге де бағытталған. Орта мерзімді сабақ жоспарында қазақ халқының музыкасы, Қазақстанның және

шетелдің классикалық композиторларының музыкалық мұралары енгізілген. Музыка сабағындағы шығармашылық іс-әрекет музыкалық әрекеттердің барлық түрінде жүзеге асады және музыка тыңдау, ән орындау, би қимылдарын жасау, шулы аспаптармен күйлерді сүйемелдеу, аңыз - күйлер мен әндерді сахналау, түрлі шығармашылық тапсырмаларды орындау барысында оқушының музыкаға деген сезімі мен қызығушылығы арқылы білінеді. Шығармашылық тапсырмалар арқылы оқушы музыкалық білімін тереңдетеді. Балалардың организмдерінің физиологиясына, олардың жас ерекшелігінің психологиясына байланысты музыка сабағындағы музыкалы - ырғақтық қимылдарды көбінесе бастауыш сынып оқушыларымен жасауға ыңғайлы болады.Бастауыш сынып балалары жүгіру, жүру, секіру сияқты дене қимылдарын жасауға икемді келеді. Олар шын ықыластарымен музыканың ырғағына байланысты қолдарымен шапалақ қағып, аяқтарымен жерді соғып, доп, таяқшалармен мәнерлі қозғалыстар жасайды, қарапайым музыкалық аспаптардà орындауды бейнелейді. Музыка мен қимылдың бірлесуін сезіне білу оларға тән қасиет. Музыкалы-ырғақтық іс-әрекетіндегі осы қасиеті баланың музыкалық дамуының негізі болады. Уақыттың шектелуіне байланысты, қимылдар жасауға арнаулы орынның болмауының себебінен музыка сабағында бұл іс-әрекетке азғана уақыт бөлініп, оның кейбір элементтері ғана қолданылады. Басқа да іс-әрекеттер сияқты музыкалы-ырғақтық қимылдар да, оқушылардың жан-жақты музыкалық дамуларын қамтиды, олардың музыкалық, шығармашылық қабілеттерін дамытады, Ұжыммен бірлесіп орындаудың дағдыларын қалыптастырады. Музыкаға байланысты қимылдар жасаудың тәрбиелік мәнісі ығғақты сезінуге белсендіреді, сабақтың музыкалық материалын терең қабылдауларына себебін тигізеді. Қимылдардың көмегі арқылы оқушылар шығарманың өзіне тән ерекшелігінің сипатын көрсетеді. Музыкалы-ырғақтық іс-әрекетінің негізінде музыкалық материалдың мажорлы-пластикалық өңдеуі жатыр. Бұл музыканың эмоционалды әсер етуін күшейтіп, музыкалық мәнерлеу тәсілдері, музыкалық тілдің элементтері жайындағы түсініктерін кеңейтеді, музыкаға қимылдар жасап, музыкалық бейненің дамуын байқауға көмектеседі. Балалардың музыкалы-ырғақтық іс-әрекеті бір-бірімен байланысты үш бағыттарда жүреді. Оның біріншісі музыкалық есту қабілеттерін және музыкалық дамуын, музыкалық білімді меєгеруді қамтиды, музыкаға байланысты қимылдарын бағындыру іскерліктерін қалыптастырады. Екінші бағыты дұрыс қозғалудың қимылын жасау дағдысын үйретеді: жүрістің (маршпен, көтеріңкі, спортшы, салтанатты, сабырлы); қадамныє (биік, аяқтың ұшымен, жұмсақ, өткір, кең және т.б.); секірудің (энергиялы, жеңіл); аяқтың

ұшымен айналу; қолдардың қимылы (жұмсақ, энергиялы); қол соғу (қатты, ақырын, қолдарды бір-біріне жақын, алшақ ұстап); қатарласып, қатарласпай тұру; қолдарына бір нәрселер ұстап қозғалу (жалаушалар, гүлдер); би элементтері (вальс, полька, қазіргі балаларға арналған билердің элементтері).Үшінші бағыт дене қимылын басқарудың ептілігін қалыптастыруды қамтиды: жылдам және нақты тоқтап қалу, қимылдарды ауыстыру және т.б.Мұғалім сабаққа дайындалу кезінде музыкалық материалдың тақырыбының және қимылының дағдысын сабақтың тақырыбына, нақты музыкалық есту қабілеттерінің түсініктерін бекітуге, білімдерін тереңдетуге сай қарастырып, таңдайды. Балаларға қимылдарды сабақтың басында немесе ортасында берудің мақсаттылығы жайындағы сұрақтың мәні бар. Оқушылардың қимылдарды жасауларының сапалығы олардың музыкалық бейнені түсінуіне және де мұғалімнің шығарманы мәнерлеп орындауына байланысты. Мұғалімнің музыкалық материалды жатқа білуі тиіс. Өйткені оқушылар қиіылдарды жасап жатқандарында оларды бақылап, қателерін жөндеуі керек.Оқытушы барлық қимылдарды балаларға өзі жасап көрсетуі керек, әсіресе 1-2 сыныптың балаларына, себебі тек сөз арқылы түсіндіру ұтымды нәтижелер бермейді. Қимылдарды көрсету балалардың музыкаға деген эмоционалды жауаптарын белсендіре түседі.Қимылдарды үйрену кезінде бейнелеу сөздер, өлеңдер, түсіндіру әдістері қолданылады. Қимылдарды тұсіндіруде нақты, айқын салыстыру оқушылардың оны дұрыс және мәнерлі орындауларына көмектеседі. Музыкаға қимылдар жасауды ұйымдастыруда техникалық құрал жабдықтарды кеңінен пайдалану қажет.Бұл арқылы оқушылар өздеріне таныс шығармаларды жаңаша орындалуда естиді, ал оқытушы болса қимылдардың орындалу сапасын қадағалап және қажет болған жағдайда жөндей алады. Сонымен қатар, техникалық құрал жабдықтарды қолдануда, мұғалім оқушылармен бірлескен шығармашылық үрдісіне қатысады (мысалы, музыкалы - ойынның бейнесін құрастыру, әнге инсценировка жасау). Сабаққа дайындықтар жүргізу барысында мұғалім қандай шығармаларды СД дискісі, үн таспасы арқылы тыңдатуды ойластыруының және оларды өзінше орындауының үлкен мәні бар.Б.Ш.Сарыбаевтың «Көне қазақ халық аспаптары» атты еңбегінде қазақ халқының музыкалық аспапатарының шығу тарихы, оның өзіне тән ерекшеліктері туралы кеңінен жазылып, аспаптар мынандай топтарға бөлінген: үрмелі аспаптар-сыбызғы, қамыс сырнай, саз сырнай, үскірік, тастауық, керней; ішекті аспап – шаңқобыз; ұрмалы музыкалық аспаптар дабыл, даңғыра, кепшік, дауылпаз, шыңдауыл асатаяқ, қоңырау және т.б.Осы аспаптардың түрлерін сабақтарда қолдануында

мұғалім олардың атқаратын қызметі туралы түсінік береді. Ал осы аспаптардың ішіндегі кеңінен тарағаны – домбыра. Бұл аспапты балалар жастайынан көріп, естіп өскендіктерінен, онымен таныс болады. Бұл аспап – қазақ халқының сүйікті музыкалық аспабы. Қасиетті домбыраны әрбір қазақ үйінің төрінен көруге болады. Балалар домбыраның құрылысымен танысады. Халық аспаптарында орындалатын шығармалар барлық түрлерінде орындала береді. Домбырада күйлерді орындаудың төкпе, шертпе, іліп-қағу сияқты әдістері бар екендігімен балаларды таныстыру керек.Кез-келген бағдарламадағы көрсетілген күйлердің сазгерлері жайында мәліметтер беріледі.Қазақ халқының музыкалық аспаптарымен танысқанда балалар олардың шығу тарихын біліп қана қоймай, дыбыс бояуының, үнінің шығуының ерекшелігіне мән беріп, аспаптардың үндеріне қарай ажыратуды меңгереді. Сонымен қатар, осы аспаптарды біріктіретін орындаушылық ұжым - оркестр ұғымымен танысып, олардың ішіндегі «Отырар сазы» фольклорлы-этнографиялық оркестрімен және оның бас дирижері, әрі сазгер Н.Тлендиевтің «Ата толғауы» күйі тыңдалады. Бұл күйде замана тарихы, ұрпақтың көңіл – күйі, күлкісі, қуанышы бейнеледі. Оқушыларға сабақтарда өткізілген халық аспаптарын қорытындылауда осы күй жақсы мысал бола алады.Сондай-ақ балаларға арналған музыкалық аспаптарда орындау әдісі де қолданылады. Балаларға арналған музыкалықаспаптарда орындау – оқушылардың ұжыммен орындаушылық әрекетінің бір түрі.Музыкалық аспаптарда орындауды сабаққа енгізуде келесі педагогикалық міндеттерді шешеді: 1) балалардың сабақтағы, сыныптан тыс жұмыстардағы және бос уақытындағы орындаушылық әрекетін ынталандыруды (мерекелерде, жанұяда, тынығуында); 2) олардың көркемдік талғамы мен қызығушылығын қалыптастыруға себебін тигізеді; 3) оркестрде орындауға қызығушылығын тәрбиелейді, аспаптардың дыбыс бояуын ажыратып, олардың үнінің гармониясын сезінеді; 4) музыкалық үйлесімдік, ырғақтық сезімдері, тембрлік, гармониялық, мелодиялық есту қабілеттерін дамытуды белсендіреді және т.б. Балаларға арналған музыкалық аспаптарда орындауда балалардың музыкалы-шыμармашылық қабілеттері дамиды. Сабақтардың нәтижесінде оқушылар мынаны білулері тиіс:- аспаптардың аталуын және оларды сақтаудың ережесін;- аспапатардың дыбыс бояуын ажырату және олардың мәнерлеу мәнісін түсіну;- әрбір аспаптарда орындаудың амал-тәсілдерін меңгеру;- ансамбльмен бірлесіп орындау дағдыларын меңгеру, қиын емес әуендерді орындау, қиын емес шығармалардағы достарының партияларды орындауындағы сапасын байқау;- дыбыстардың аталуын және олардың аспаптардағы орналасуын, нота желісіндегі орнын білу және т.б. Бастауыш

сыныптарда қарапайым музыкалық аспаптарды қолдану арқылы оқушылардың сабаққа деген ынтасы, сүйіспеншілігі, белсенділігі, жауапкершілігі артады.

Музыка сабағындағы оқушылардың шығармашылығына тоқталсақ, бастауыш сынып оқушыларының шығармашылық бастамасы жарқын көрінетіні белгілі, олар интонациялауды, еліктеуді қайталауда жаңашыл болады, ертегілердің, тарихтың, әннің, музыкалық шығармалардың бейнелік мазмұнын жеңіл қабылдайды, олардың бойында табиғи белсенділік пен өздерінің шығармашылық мүмкіншіліктеріне деген сенімділіктің болуы тән. Мұның барлығы бастауыш сынып оқушыларының шығармашылығының дамуының аса бағалы бұлағы болып табылады. Шығармашылық қабілеттері барлық іс-әрекеттерінде қажетті және есте сақтау, ойлау, бақылау, ұмтылу, сезіну сияқты қабілеттерін жандандыра түседі.Музыкалық шығармашылықта ойлау қабілетінің сезінуімен жауап беруі, абстрактылы және нақтылы ойлауы, логиканың интуициямен бірігуі, шығармашылық қиялы, белсенділігі, жылдам шешім қабылдау қабілеті жетекші қызмет атқарады. Балалардың шығармашылығы өз бетінше әрекет жасауымен, өздеріне белгілі музыкалық есту қабілеттеріне, білімдеріне, дағдыларына сүйене отырып, оларды музыкалық іс-әрекеттердің басқа да түрлерінде, жаңаша жағдайларда пайдалануына байланысты. Музыкалы танымдылық үрдісі шығармашылық атмосферасында дамытушылық сипатқа ие болады. Музыка сабағындағы оқушылардың шығармашылығы әрине өнер емес, ол музыкалық тәжірибенің танымдылық-ізденісін білдіреді. Оқушылардың шығармашылығының құндылығы, оларға музыка әлеміндегі белгісіз жаңа нәрсені өздерінің ашқандығында. Оқушылардың шығармашылығының тәрбиелік мәнісі өте жоғары бағаланады. Бастауыш сынып оқушыларының шығармашылығының бастамасы қарапайым әндердің әуенін орындаудан, берілген өлеңнің сөзіне, сөйлемге әуендер шығаруынан, музыкаға байланысты мәнерлі қимылдарда әртүрлі шығарманың көңіл-күйін білдіруінен, тыңдауға арналған музыкалық шығармалардың ырғақтық сүйемелдеуін жасауынан, тыңдалған шығарма жайындаңы өз пікірін білдіруінен байқалынады. Оқушыларды шығармашылыққа дайындау процесінде өзара байланысты үш бағыт көзделеді. Оның бірінші бағыты балалардың өмірлік және музыкалық әсер алуын байытады. Мысалы, ертегілердің өлеңдері, халықтың салт-дәстүрін, кітәптің кейіпкерлерін, аңдардың қылықтарын танып білу белгілі бір музыкалық ойынды жүргізуге негіз бола алады. Көркемдік құнды шығармаларды қабылдау оқушылардың есту қабілеттерін толықтырып, музыкаға деген қызығушылықтарын арттырады.Екінші бағыт оқушыларды

шығармашылық әрекеттің тәсілдерімен таныстырады. Осы мақсатпен оқушыларға жеңіл пьесаларды, әндерді салыстырып, олардың ладтық интонациясын, қарама-қарсы көңіл-күйін, ырғақтарын ажырату тапсырылады. Музыкалық шығармашылыққа үлгілер беріледі, мысалы, үйретіліп жатқан шығармағаырғақтық кіріспе шығару және т.б. Үшінші бағыт шығармашылық әрекеттің тәсілдерін меңгеруді қарастырады. Басында оқытушы оларды өзі көрсетеді: әнді балалармен талдап болған соң, оның орындау жоспарын ойластырады да, белгілі бір шығармашылық шешімін қабылдайды. Жақсы таныс әндерді мысалға келтіріп, мұғалім балаларға ладтың басқыштарының дыбыстары әртүрлі музыкалық бейнелерді келтіріп, музыканың сипаты музыкалық мәнерлеу тәсілдерінің жиынтығына байланысты екендігін түсіндіреді. Тәжірибеге сүйене отырып, балалар әндер, әуендер шығаратын болады. Оқушылардың шығармашылық іс-әрекетіне дайындығының үлкен маңызы бар. Мысалы, әуеннің әртүрлі үлгілерін ойлап шығару үшін, олардың интонациялы - ырғақтық тәжірибесі болуы керек, бұл тәжірибелері біртіндеп және белгілі жүйемен қалыптасады. Сондықтан оқушылар мұндай тапсырмаларды шешуден бұрын өлеңнің сөзін, оның ырғақтық құрылысын, әуенінің құрылымын меңгерулнрі керек. Сонымен, балалардың шыμармашылық қабілеттерін дамыту музыкалық тәрбиенің ең маңызды мәселелерінің бірі болып табылады.

Пайдаланған әдебиеттер тізімі

1. Танкешова Ф.С. Музыкалық білім берудің әдістемесі Шымкент: ОҚМУ – 2008.
2. Оразалиева М.А., Омарова С.Қ. Музыка әдістемелік құрал. Алматы: Кітап баспасы, 2016 .
3. Құлманова Ш., Сүлейменова Б. Музыка оқыту әдістемесі. Алматы «Атамұра», 2017
4. Фаттахова Н.Т. Мектеп ән репертуары хрестоматиясы. Шымкент 2010 - 80с
5. Оразалиева М.А., Омарова С.Қ. Музыка әдістемелік құрал. Алматы: Кітап баспасы,2016.
6. Құлманова Ш., Сүлейменова Б. Музыка оқыту әдістемесі. Алматы «Атамұра»,2021.
7. Дүйсенбінова Р.К. Музыкалық білім беру педагогикасы.Талдықорған: 2006.

Аннотация: Проблемы музыкального воспитания детей в развитии общественной жизни в нашей стране тесно связаны со всеми происходящими изменениями. Вот почему публикуются новые программы для уроков музыки в общеобразовательной школе, а также есть ряд нововведений в области музыкального образования и воспитания. В рамках

обновленной образовательной программы преподаватели музыки знакомятся с краткосрочными, долгосрочными, среднесрочными планами, целями, задачами и практически проводят уроки музыки. Обновленная программа по музыке для 1-го класса в общеобразовательной школе разработана в трехязычной системе образования, авторами являются М.А. Оразалиева, С.К. Омарова. Целью учителя музыки является создание конкурентоспособной, реалистичной Цель учителя музыки-быть признанным конкурентоспособным, реалистичным человеком, способным перейти в современный мир: Кульманова Ш., Сулейменова Б. исходя из положения типовой программы, а также дидактических принципов, особое внимание уделяется возрастным особенностям учащихся 2 класса, их интересам, склонностям и потребностям, а также учебным материалам развивающего характера.

Annotation: The problems of musical education of children in the development of public life in our country are closely linked with all the changes that are taking place. That is why new programs for music lessons are published in the general education school, and there are also a number of innovations in the field of music education and upbringing. Within the framework of the renewed educational program, music teachers get acquainted with short-term, long-term, medium-term plans, goals, tasks, plans and practically conduct music lessons. The updated music program for 1st grade in the general education school is developed in a three-language education system, the authors are M.A. Orazalieva, S.K. Omarov. It is said that the goal of a music teacher is to create a competitive, realistic personality that can move into the modern world.

ВОПРОСЫ ПОВЫШЕНИЯ ЭФФЕКТИВНОСТИ УРОКОВ МУЗЫКАЛЬНОЙ КУЛЬТУРЫ В ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНЫХ ШКОЛАХ

Раджабов Т.И.
Бухарский государственный университет,
Г.Бухара, Республика Узбекистан
Чориев Б.Б.
Термезский государственный университет
Г.Термез, Республика Узбекистан

Аннотация: В данной статье проводится краткое исследование роли музыки в истории и ее значимости в воспитании детей. Особое внимание уделяется анализу эффективности преподавания «Музыкальной культуры» в общеобразовательных школах, выявляются некоторые недостатки и предлагаются рекомендации по их устранению для повышения эффективности обучения.

Ключевые слова: Музыка, искусство, воспитание, музыкальный инструмент, психология, Конфуций, цин, хорей, ахареутос, диссонанс, консонанс, эстетика, эмоция.

Музыка - это не просто профессия, а неотъемлемая часть нашей культурной жизни, играющая важную роль в формировании личности

человека. Музыкальное воспитание является одним из ключевых и сложных аспектов эстетического воспитания, которое учит нас правильно воспринимать и ценить окружающий мир.

Уважаемый Президент во время своего визита в Наманганскую область подчеркнул важность развития сферы культуры для самопознания и предложил ввести обязательное обучение игре на одном музыкальном инструменте для всех выпускников 11-го класса. Это очень важный шаг, который может значительно повлиять на развитие музыкальной культуры в нашей стране. [1] Исходя из этих выступлений нашего уважаемого президента, следует сделать особый акцент на вопросах повышения эффективности занятий «музыкальной культурой» в общеобразовательных школах. В общеобразовательных школах проводится большая работа по этому вопросу. Воспитание духовно и физически здорового поколения является одной из наших первостепенных задач в развитии общества. В основе всех высказанных мыслей, как всегда, стоят молодые люди, потому что их нынешнее образование и воспитание - это не только залог их собственного будущего, но и важнейший фундамент для процветания нашей страны. Исходя из доступных нам источников, можно утверждать, что музыка оказывает положительное влияние на психологическое состояние подрастающего поколения. В Древнем Китае музыка считалась символом порядка и цивилизации, являлась важнейшим инструментом воспитания и входила в число обязательных к изучению наук. Например, Конфуций владел искусством игры на музыкальном инструменте «цин». [2] В Древней Греции музыкально-хореографическое действо, объединявшее всех жителей города, называлось «хорей». Человека, неспособного участвовать в «хорее», называли «ахареутос», что означало «неграмотный». «Ахареутос» - это был человек, который не умел петь, танцевать и играть на музыкальных инструментах. [3]

В средние века в ближневосточном и среднеазиатском мире психология музыки нашла свое развитие в трудах великих мыслителей, таких как Фараби, Авиценна, Джами, Мароги, Кавкаби. Например, Фараби в своем трактате «Большая книга о музыке» писал о колоссальном значении музыки для человеческой психологии и духовного мира. Музыка может радовать людей, веселить, успокаивать, заставлять задуматься, дарить спокойствие, повышать бодрость и одновременно усыплять. Авиценна говорил о том, что музыка способна исцелять не только душу, но и тело. Он изучал музыку с физиологической и психологической точек зрения. Абдурахман Джами же рассуждал о восприятии интервалов, их мелодическом и гармоническом строении, о том, что они могут быть консонанс (приятными) и диссонанс

(неприятными). Физиологические основы психологии музыки были изложены в работе физиолога И.М. Сеченова «Рефлексы головного мозга». [4] Музыка пробуждает в детской душе сильные эмоциональные чувства. Музыкальное искусство и образование формируют человеческие качества, призывают к духовному возвышению. С помощью музыки развивается художественное восприятие ребенка, его чувства становятся богаче. Без развития музыкального восприятия у детей, без формирования у них настоящей любви к музыке невозможно воспитать гармонично развитую личность с физическими, духовными и нравственными качествами.

По мнению греческого философа Платона, сила государства напрямую связана с тем, какая музыка, какие мелодии и ритмы звучат в нем. Считалось, что для государства необходима музыка, которая помогает человеку подняться на более высокий уровень. Музыка является огромным источником эстетических и духовных переживаний. [5] В древнеримской культурной жизни музыка считалась искусством, имеющим важное социальное значение. Музыкальное искусство, его формы и жанры сопровождали все праздники и церемонии, знаменитые гладиаторские бои, цирковые и театральные представления, пантомиму. В состав римских войск, совершавших победоносные походы во многие страны и государства, на протяжении нескольких столетий входили многочисленные военные оркестры. В семьях римской и греческой знати детям обязательно давали образование в области музыки и танцев, а учителей музыки в обществе и среди народа считали достойными большого уважения и внимания. Анаксенор, Тигеллий, Менекрат, Мезомед, Терпний, Диодор - вот имена некоторых известных музыкантов Римской империи. [6]

Музыка играет неоценимую роль в объединении каждого народа и этноса, в укреплении наших традиций. Можно смело сказать, что музыка покоряет любое сердце, сеет в душах людей доброту и борется с пороками. Широкие возможности влияния музыки на человеческую психику с давних времен привлекали внимание музыковедов, мыслителей и ученых.

Они пытались определить свойства музыкального искусства, которые влияют на формирование человека как личности. В общеобразовательных школах необходимо уделять большое внимание правильному построению уроков музыкальной культуры, а также увеличению количества часов, отведенных на этот предмет, для развития творческого потенциала, художественно-эстетических взглядов и психологического благополучия детей. Увеличение количества часов позволит нам обогатить репертуар уроков музыкальной культуры. В настоящее время примерный репертуар,

программы исполнения в общеобразовательных учреждениях не соответствуют возрасту учащихся и мешают их правильному пониманию музыки. Внешкольные музыкальные кружки существуют, но их деятельность пока не достигла желаемого уровня. В повышении эффективности уроков музыкальной культуры в общеобразовательных школах существует ряд проблем:

1. Учебные программы, предлагаемые для учащихся в учебниках по музыкальной культуре в общеобразовательных школах, не соответствуют классу и возрасту учащихся;
2. Недостаточное количество часов, отведенных на предмет «Музыкальная культура» в общеобразовательных школах;
3. Недостаточное обеспечение общеобразовательных школ музыкальными инструментами, то есть отсутствие их в материально-технической базе;
4. Отсутствие в общеобразовательных школах системы усовершенствованных видеоуроков и электронных программ по музыкальной культуре;
5. Недостаток квалифицированных педагогов и специалистов с достаточным опытом для преподавания «Музыкальной культуры» в общеобразовательных школах.

Музыка всегда использовалась как мощная психологическая сила, чтобы влиять на чувства и волю людей. В такой ситуации проблема организации музыкального образования и воспитания в общеобразовательных школах приобретает особую актуальность, являясь альтернативой массовому распространению поп-культуры.

Рекомендации по эффективной организации уроков «Музыкальной культуры» в общеобразовательных школах:

1. Следует уделить особое внимание кадровому вопросу в сфере музыкального образования в общеобразовательных школах, отбирая и направляя на этот путь высококвалифицированных специалистов;
2. Музыкальный репертуар должен подбираться с учетом класса и возраста учащихся;
3. Необходимо значительно расширить базу видеоуроков по музыкальному образованию;
4. Следует организовать дистанционные мастер-классы с участием ведущих преподавателей музыки из европейских стран;
5. Необходимо обеспечить общеобразовательные учреждения достаточным количеством музыкальных инструментов и учебных материалов, включив их в материально-техническую базу;

6. Необходимо разработать отдельные концепции музыкального образования для детского сада, школы и музыкальной школы;
7. Следует наладить постоянную практику проведения музыкальных конкурсов в каждом учебном заведении в сотрудничестве с образовательными учреждениями;
8. Следует эффективно использовать художественные средства для формирования музыкальной культуры у учащихся и молодежи;
9. Педагогические возможности общеобразовательных учреждений должны быть направлены на формирование у учащихся и молодежи понимания интегративного учебного процесса, с учетом возрастных психолого-педагогических особенностей. [7]

В общеобразовательных школах, при правильном подходе к вышеупомянутым вопросам, повышение эффективности уроков «Музыкальной культуры» обязательно даст свои результаты. Музыкальное искусство оказывает положительное влияние на воспитание, психологию, сознание, психику и творческое мышление подрастающего поколения, поэтому мы не должны оставаться равнодушными к этому. Вместе с тем, музыка играет огромную и неоценимую роль в формировании патриотических и гуманистических качеств в сознании ребенка, формирующегося как личность.

Список использованной литературы

1. Из выступления Президента Республики Узбекистан Ш.М.Мирзиёева на совещании по итогам визита в Наманганскую область, посвященного вопросам развития сферы культуры. https://t.me/madaniyatvazirligi.
2. Ткаченко Г.А. «Космос, музыка, ритуал». «Главная редакция восточной литературы». 1990 год. Стр. 45.
3. Петрушин В.И.»Музыкальная психология» учебное пособие. Москва 1997 год. Стр. 9.
4. Кадыров Р. «Музыкальная психология» учебное пособие, издательство «Музыка» 2005 год. Стр. 6.
5. Абдувалиева Х.А.»Музыкальное образование детей» учебное пособие. Издательство «НИФ МШ» 2024 год. Стр. 8.
6. Rajabov Tukhtasin. Ibodovich «The Educational Significance of Children’s Folk Songs in Music Culture Lessons.» European Scholar Journal 2.6 (2021): 139-141.

ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ САЛТ-ДӘСТҮР ЖЫРЛАРЫНЫҢ ФОРМАЛАРЫ

Г.Ахымбетова – *профессор*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Қарақалпақ халқы өзиниң салт-дәстүр жырлары, үрп-әдетлери менен басқа халықлардан ажыралып турады. Салт-дәстүр жырлары тийкарынан халқымыздың бурыннан киятырған қосықлары есапланған. Олардың мазмуны терең, ықшам ҳәм шебер жаратылған.

Салт-дәстүр жырларына той баслаў, беташар, жоқлаў, сыңсыў, ҳәўжарлар киреди. Булар бир-бири менен өзиниң мазмуны, айтылыўы, көркемлилик өзгешелиги жағынан айырмашылықларға ийе. Булардың ишинде ең тийкарғысы той баслаў. Халқымыздың әўладтан-әўладқа жетип киятырған жырлардың бири болып табылады. Той болса халықта қуўаныш, ойын күлки болады. Тойлардың да түрлери болып, олар үйлениў той, қыз узатыў, бесик той, жасты белгилеў ҳ.т.б тойлар өткериледи.

Той деген қуўаныштың басы болар
Той десе қуўрап қалған бас жумалар
Бул тойды қосық пенен баслайын мен

Сыйлықты төге бериң жан ағалар-деп тойды баслап жиберетуғын болған. Беташар ертеден киятырған халқымыздың салт-дәстүр жырлары. Беташар үйлениў тойында айтылады. Бурын беташарды қыз узатыў тойында айтылған. Беташарды арнаўлы атқарыўшылар тәрепинен айтылади. Айтым айтыўшы өзин таныстырып, келиншекке ел дәтүрин түсиндирип былай деп:

Астыма минген қара кер,
Қара керден ағар тер
Топ тарқатар хызметкер
Сыйла сыйлама өзиң бил
Ҳаўадан ушар-ушар қус

Бүгин келиншек болыпсыз деп беташар баслап жибериледи. Беташарда келиншекке ағайын-туўысқанлары, қоңсы-қобалары, елдиң дәстүрлерин усы қосық қатарлары арқалы нәсият қылады.

Ҳа, келиншек келиншек
Түске дейин уйықлап
Бола гөрме ериншек

Шақырған үйлерге
Барагөрме келиншек

Ҳәзирги дәўирде беташарды заманагөй формалары тийкарында тойларда айтылып жүр.

Муң-шер жырларының бири жоқлаў. Жоқлаў айтып жылаў, өлген адамның қәдир-қымбатин айтып жоқлаў дегенди аңлатади. Жоқлаў айтыўшылар ҳәр халықта ҳәр түрли болади. Себеби ҳәр халықтың өли жайғастырыў (жерлениўи) миллий дәстүрине байланыслы исленеди. Қарақалпақ халқында болса даўыслап жылаў арқалы жоқлап айтып жырлаў менен марҳумды еске алынады.

Қулақ салың сөзиме
Жыйылып келген халайық
Нәсият бериң өзиме
Айтқаның менен болайық
Туўысқанның ишинде
Ушқан бир ақша қуў еди
Өз елиниң ишинде

Жығылмас алтын туў еди-деп марҳумды алтын туўға мегзеп айтади. Жоқлаўды айтатуғын адамды жоқлаўшы деп оны мерекеге шақырып алып айттыратғын болған. Жоқлаўдың да ҳәр түрли формалары бар. Мысалы перзенти жоқ адам қайтыс болғанда, орта жас ямаса үлкен жастағы семья баслығы қайтыс болғанда айтылатуғын жоқлаўлар болған. Шаңарақ ийеси қайтыс болғанда ҳаялы тәрепинен жоқлаў жырланған:

Қайырға питкен қара тал
Қайырылмас екен деп едим
Атасының баллары
Айырылмас бекен деп едим
Өлим қурсын өрт екен
Өзекке түскен қурт екен
Жесирлик келди бизлерге
Жетимлик келди бизлерге

Жырлардың ишинде сыңсыў жыри қыз узатылып кетер алдында қыз тәрепинен атқарылған. Үлкен жастағы апалардың айтылыўына қарағанда бурын қызларды өзи қәлемеген ғаррыларға узатылатуғын болған, соннан қызлар сыңсып даўысын салып жылап айтатуғин болған. Бурын қызлардың еркинлиги әкелериниң қолында болған. Егер қыз қашып кететуғын болса таўып алып өлимге буйыратуғын екен. Сыңсыўдың да айтылыўы ҳәр түрли

болады. Қыздың өз теңине жетеалмаған қыздың сыңсыўы, қыз өз жеңгелерине, апаларына ишки дәртлерин айтып жәрдем сорап сыңсығын:

Улжан апа, дәртимди айтсам
Дәртим зыят болса жыламайын ба?
Ким қуўанар деймен телмирип
Кетип баратырман жыламайын ба
Улжан апа енди хош бол көрискенше
Өлген жақсы бүйтип қор болып жүргенше

Қарақалпақ халқының әжайып дәстүрлери ишинде қыз узатыўда айтылатуғын жыр ҳәўжар. Ол халық арасында „яр-яр « депте аталады. Ҳәўжарды дәстүр бойынша узатылып атырған қыз тәрепи, күйеў тәреп бир болып айтысады екен.

Өз әкемниң есиги жупар есик ҳәўжар,
Кирсем шықсам шашымды сыйпар есик ҳәўжар…

Ҳәўжардың да айтылыў формалары ҳәр қыйлы мазмунда болады. Қызларды әкелери мал орнына сатқанда ўақытлары:

Қара мылтық, ақ мылтық
Атқан әкем ҳәўжар
Мал орнына өз қызын
Сатқан әкем ҳәўжар – деп әкесинен қапа болып айтқан.

Жуўмақлап айтқанда, салт-дәстүрдиң өзиниң ишинде ҳәр түрли формалары менен бир-биринен ажыралып туратуғынлығын көриўге болады.

Пайдаланған әдебиятлар

1. Мақсетов Қ.М. Қарақалпақ фольклорының эстетикасы. Нөкис 1971.

2. Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры, Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искуствосы журналы. 1939. №3.

3. Мақсетов Қ.М, А.Тажимуратов. Қарақалпақ фольклоры. Нөкис 1979.

ҚАЗАҚ МУЗЫКА ФОЛЬКЛОРЫНЫҢ ЗЕРТТЕЛУІ

Ботақараев Әлімбай Түгелбайұлы
Қ.А.Ясауи атындағы Халықаралық қазақ-түрік университетінің аға оқытушысы Қазақстан Республикасының Мәдениет қайраткері

Қазақ халқының музыкалық фольклорына қатысты мәліметтер XIX ғасырдың аяғы мен XX ғасырдың бас кезіндегі шығыстанушылар еңбектерінде қамтылған. А. Е. Аллекторов, А. Э. Бимбоэс, Г. И. Гизлер, Ә. А. Диваев, И. Д. Добровольский, А. И. Левшин, П. С. Паллас, Р. А. Пфенниг, В. В. Радлов, С. Г. Рыбаков, Н. Ф. Савичев, Ш. Уәлиханов, А. Ф. Эйхгорн, т.б. осы бағытта ізденістер жүргізді.

«Қырғыздар мен сарттардың халық әндері» атты мақаласында Р. А. Пфенниг: Бұл халықтар бірде-бірі жиын-тойды әнсіз өткізбейді, – деп жазды.

Р. А. Пфеннингтің «Музыкальные инструменты народов Средней Азии и Казахстана» [1] атты кітапшасында Орта Азия мен Қазақстанның оңтүстігінде тараған музыкалық аспаптар туралы мәліметтер кездеседі. Автор әрбір аспапқа, оның құрылысы, орындалу ерекшеліктеріне арнайы тоқталған. Қазақ халқының музыкалық фольклорын зерттеуге елеулі үлес қосқан Түркістан генерал-губернаторының әскери капельмейстері А. Ф. Эйхгорн болды. 1871 жылы оған жергілікті халықтардың әндері мен музыкалық аспаптары туралы мәліметтер жинау тапсырылған. Осы салада атқарған еңбегі үшін үлкен күміс медальға ие болған. А. Эйхгорн еңбегі ұзақ жылдар бойы жарық көрмей, тек 1963 жылы «Музыкальная фольклористика в Узбекистане» атты жинаққа енген. А.Э.Бимбоэс «Музыкальная этнография» [2] деген айдармен қырғыздың 25 әнін бастырған. А. И. Левшин өзінің «Описание киргиз-кайсацких орд и степей» атты тарихи еңбегінде екі әннің нотасын жариялаған. Сол сияқты Георгий, Андреев, Готовицкий, т. б. жазбаларында қазақ халқының әншілік, күйшілік, жыршылық дәстүріне байланысты деректер аз емес. Солардың қатарында Құрманғазы туралы естелік қалдырып, оны күйші ретінде суреттеген Н. Савичев жазбасын ерекше атауға болады. Музыкасы туралы мәліметтерге Шоқан да назар аударған. Қазақ поэзиясының түрлеріне арналған мақаласында эпикалық жанр - жыр туралы қызықты ойлар айтқан. Сол сияқты музыкалық аспаптарға қатысты деректер де келтіріп, қазақта қобыздың сүйемелдеуімен ең соңғы жыр айтқан жырау - Жанақ деп көрсеткен. Шет ел, орыс ориенталистері Қазақ фольклорына назар аударса да, оның жүйелі тңрде жиналуы этнограф А. В. Затаевич шығармашылығымен байланысты. XX ғасырдың бас кезінде Қазақ даласында жүргізген музыкалық-этнографиялық қызметінің нәтижесінде ол «Қазақ халқының 1000 әні» [3] жинағын шығарды. Бұл еңбекті Р. Роллан, М. Горький секілді мәдениет қайраткерлері жоғары бағалаған. Қазақ музыка фольклорын жинауда А. В. Затаевичтің «Қазақтың 500 «Ән-күйі» атты этнографиялық жинағының маңызы зор. Алғаш 1931 жылы Алматыда жарық

көрген жинақ 2007 жылы екінші қайтара басылды. Қазақ музыка фольклорының кәсіби негізде зерттелуі А. Жұбанов, Б. Ерзакович, Л. Хамиди, Е. Брусиловский ізденістерінен бастау алады. Б. Ерқазаковичтің «Песенная культура қазахского народа» (Алматы, 1966) атты еңбегі қазақ халқының музыкалық фольклорын теориялық деңгейде зерттеудің үлкен бір көрінісі болды.

Қазақтың әншілік және күйшілік дәстүрін бергі жерде зерттеген ғалымдар санатына М. Ахметова, А. Темірбекова, Ә. Мұхамбетова, С. Еламанова т.б. қосуға болады. Бүгінде фольклортану ғылымының алдында тұрған басты міндет - халық ән-күйлерінің тарихилығы, қазақ этногенезінің қалыптасуына тигізген ықпалын анықтау.

Фольклортану – бірнеше ғасырлық тарихы мен тәжірибесі бар ғылым. Солардың бірі - мифологиялық мектеп. Мифологиялық ойлау адам баласының сәби кезеңдеріне тән құбылыс. Қазақ фольклорында мифология көріністері аса елеулі. Мифологиялық мектептің кең дамыған аймағы – Батыс Еуропа. Оның ірі өкілдері неміс, ағылшын ғылымында басымдау байқалады. Ағайынды Гримм, М. Мюллер секілді ғалымдар фольклор сюжеттері мифтен туған, олардың барлығына дерлік герман халықтарының мифтік сюжеттері негіз болған деген бағыт ұстанған.

Фольклортану ғылымындағы келесі бағыт – тарихи мектеп. Бұл бағыт XIX-XX ғасыр аралығында орыс фольклорында ерекше қарқын алды. Оның негізін қалаушы В. Ф. Миллер орыс халқының былиналарын тарихи оқиғалардың жаңғырығы ретінде бағалаған. Оның пайымдауынша, орыс былиналарының негізгі кейіпкерлері - княздар мен патшалар, яғни билеуші тап өкілдері. Ғылымның бүгінгі талап-тілектері тұрғысынан, әсіресе қазақ фольклорының табиғатынан туындайтын ерекшеліктерді ескере келгенде, тарихи мектеп ұсынған ғылыми концепциялардың қайсыбірін әлі де дамытуға болады. Орыс ғалымдары былиналарды белгілі бір географиялық аймақ, тарихи дәуірлермен байланыстырса, қазақ эпосында тарихи-этникалық мәліметтер өте көп. Солардың бәрін тарихи мектеп көрінісі демей, жаңаша зерттеу қажет болады. Фольклортану ғылымына миграция (сюжеттердің ауысуы) қисыны да мәлім. Оның негізгі айтары – сюжет басында бір елде туып, өзге елдерге тарайды деген тезис. Бұл ғылыми жүйеге салар болсақ, мәдениет пен әдебиет атаулы бір елде ғана туып, өзге елдер тек қана соны қабылдап, одан әрі дамытып отыратын болып шығады. Мұның мәнісі, бір ғана елдің мәртебесін көтеріп, өзге халықтардың рухани-шығармашылық мүмкіндіктеріне тұсау салу болып шығады. Фольклортану ғылымындағы түрлі бағыттар, көзқарастар мен мектептер оның қандай танымдық сатылардан өткенін білдірумен бірге, алдағы кезде қай бағытта ізденістер жүргізу керектігін де айқындайды. Айтайын деген ойымыздың бір түйіні – осы.

Әдебиет:

1. Пфеннинг Р. А. Музыкальные инструменты народов Средней Азии и Казахстана. - СПб., 1885.
2. Бимбоэс А. Э. Музыкальная этнография. - Л.,1926.
3. Затаевич А. В. 1000 песен казахского народа. – Москва, 1963.

QARAQALPAQ XALÍQ MUZÍKA DÓRETIWSHILIGIN OQÍTÍWDA ZAMANAGÓY METOD HÁM QURALLARÍNAN PAYDALANÍW

G.Allambergenova - *professor*
X.Qıdırniyazova – *student*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Kúndelikli pedagogikalıq jumıs tájiriybesinde tálim hám tárbiyanıń birligi dárhal kózge taslanadı. Eger de tárbiya hám oqıtıw proceslerińiń tiykarǵı wazıypalarına názer salsaq, olar birgelikli túrde úsh funkciyanıń tálim beriwshilik, tárbiya hám rawajlanıwshılıq funkciyaların atqaratuǵının kóremiz. Haqıyqatında da házirgi zaman reallıǵında oqıtıw tárbiyasız bolıwı, al tárbiya procesi bilim beriwsiz ótıwı múmkin emes. Olardıń arasındaǵı baylanıs bilimlendiriwdıń rawajlandırıwshılıq funkciyasın ámelge asırıw ushın tiykar boladı. Oqıtıw bilim beriw funkciyasınıń orınlanıwına, al tárbiya procesi jeke shaxstı tárbiyalawǵa kóbirek úles qosadı. Jeke shaxs tárbiyasında muzıkalıq tárbiyanıń áhmiyeti oǵada kúshli. Muzıkalıq tárbiyaǵa qoyılatuǵın talaplar tómendegiler menen anıqlanadı.

Birinshiden mektep oqıwshılarınıń haqıyqıy kórkem muzıkanı iyelewine baǵdarlanǵan pedagogikalıq process, shaxstıń qáliplesiwine tikkeley tásir etiwshi muzıkanıń mazmunlıq qurawshısı menen keltirilip shıǵarılıwı tiyis. Birinshi klastan baslap mektep oqıwshılarında muzıka mádeniyatı sabaǵında xalıq namaları hám qosıqları haqqında keń hám ápiwayı túrde túsindiriw, sonday-aq muzıka óneri shınlıqtı sáwlelendiriwdıń ayrıqsha forması sıpatında qaralıwı haqqında túsiniklerdiń qáliplestiriliwi kerek. Bular muzıkalıq tálimge hám tárbiyaǵa bir pútinlik túrde qatnas jasaw tiykarın quraydı. Jeke adam jámiyetlik turmıs jemisi bolıwı menen birge tiri organizm esaplanıp. Organizmniń tirishiligi biologiyalıq nızamlarǵa boysınadı. Birinshi gezekte nerv sistemasınıń qásiyetleri onıń júzege keltiretuǵın temperament ózgeshelikleri sebepli insannıń pútkil minez qulqı ózgeshelikke iye bolsa, ekinshiden jeke adamnıń sensorlıq shólkemleskenligi tiykarında ayırım seziwleri, sonıń ishinde muzıkalıq esitiw iskerlik uqıplılarıda ózgeshelikke iye boladı. Jeke adamdı qáliplestiriw hám rawajlandırıw máselesine durıs qatnas jasaw ushın jeke adamnıń tabiyatın, onıń minez-qulqı sebeplerin hám

oǵan tásir etiw quralların biliw kerek boladı. Ilimiy tiykarlanǵan teoriyalarǵa sáykes jeke adam haqqındaǵı kózqaraslarǵa pedagogikalıq poziciyadan ilimiy kritikalıq qatnasta bolıwǵa baylanıslı bir qatar baǵdarlardı anıqlap aladı. Pedagogika ilimi insannıń kámalǵa keliwi tek násilge baylanıslı ekenligin tolıq biykarlap, ulıwma qábilettiń bar ekenligin, onıń ayırmashılıǵı hám adamnıń qáliplesip shıǵıwındaǵı áhmiyetin maqullaydı. Angliya filosfi Djon Loktın aytqanınday, balanıń qálbi, kókregi «taza taxta» emes, oǵan qálegen nárseni jazıwǵa bolmaydı. Biraq bala óz túsinikleri, dunyaǵa kózqarası menen tuwılmaydı. Usınıń menen birge anatomiyalıq hám fiziologiyalıq qásiyetler násilden ótedi, ol turli tuwma jetiskenliktiń materiallıq tiykar boladı. Sóz joq ınsannıń shaxs sıpatında kámalǵa keliwinde jámiyetlik ortalıqtıń áhmiyeti oǵada joqarı. Sebebi jámiyetlik ortalıq materiyallıq baylıq, tártip, ideologiya, kórkem óner, muzıka, waqıt-waqıt tásir etiw quralları kıno, teatr, mádeniy dógerekler hám basqalar átiraptaǵi adamlar menen bárqulla baylanısta bolıwdı óz ishıne aladı. Bulardıń barlıǵı biziń sociallıq bolmısımızǵa tásirin tiygizedi. Ósip kiyatırǵan jas áwladlarda eń jaqsı insaniy sıpatlardı payda etiw ushın usı tásirler jámiyet mápınen kelip shıqqan halda ámelge asırılıwı tiyis. Sonday-aq ortalıqta unamsız tásirlerde boliwi múmkin ekenligin umıtpaw kerek. Ortalıqtıń unamsız tásiri tek ǵana qarım-qatnas mádeniyatı baǵdarında emes, al barlıq baǵdarlarda, sonıń ishinde muzıka mádeniyatı baǵdarında ayrıqsha jasırın ótedi. Máselen, jámiyetlik ortalıqqa kórkemlik dárejesi tómen bolǵan muzıkanı, yamasa qosıq tarqatıp, onıń derlik «moda» bolıwına erisiwge umtılıw. Mine bular rawajlanıp kiyatırǵan jas áwadqa keri tásir jasaydı. Bunday tásirlerden saqlap qalıw ushın ortalıq tásirin tártipke salıw, unamsız tásirge immunitet payda etiw zárúr. Solay eken, bul házirgi zaman reallıǵında durıs jol taba alatuǵın adamdı qáliplestiriwdi, muzıkalıq hám basqada tárbiya máselelerin jańasha qatnasta qarap shıǵıwdı, zárúr bolǵanda qayta qurıwdı talap etedi. Muzıkalıq tárbiya bolsa, tárbiyalanıwshıǵa málim maqset penen sistemalı tásir kórsetiw ekenligi anıq. Oqıtıw, bilim beriwinde jeke adamdı rawajlandırıwdıń tiykarǵı wazıypalarınıń biri jas áwladqa insaniyat tájiriybesinen alınǵan jetik bilimlerdi beriw, olarda zárúr turmıslıq uqıp hám kónlikpeler, kózqaraslar sonday-aq bekkem isenimdi, bilimlerdi qáliplestiriw maqsetke muwapıq boladı.

Muzıkalıq tálim mazmunın durıs túsiniw muǵallimge oqıw procesin durıs basqarıw, oqıw materialların bir-birine baylanıstırıp úyretiw imkaniyatın beredi. Oqıw procesinde oqıwshılar turmısta kerek bolǵan bilimlerdi aladı, kónlikpe hám uqıplılıqlardı iyeleydi. Mıne usı bilimler, kónlikpe hám uqıplılıqlar tiykarında olarda dúńyaǵa, reallıqqa durıs kózqaras hámde oǵan say morallıq sapalar qáliplesedi. Muzıkalıq oqıtıw barısında is-háreketti basqıshpa-basqısh qáliplestiriw teoriyası talaplarına say shólkemlestiriw keń qollanıladı. Teoriyanıń mazmunı

adamnıń ishki hám sırtqı xızmetiniń ulıwmalıǵı haqqındaǵı ideyani quraydı. Bul teoriyaǵa sáykes bilim, uqıp hám kónlikpelerdi ózlestiriw yaǵnıy materiallıq sırtqı xızmettiń ishki aqılıy zonaǵa kóshiwi ámelge asırıladı. Oqıw procesiniń barlıq basqıshlarında oqıtıwshı bárqulla shólkemlestiriwshi jetekshilik hám basqarıwshılıq rolın atqaradı. Jeke adamnıń shaxs spatında qáliplesiwi, aqılıy kámalǵa keliwi menen xarakterlenedi. Aqılıy kámalǵa kelgenliktiń belgisi oqıwshınıń bilimge qızıǵıwı hám olarǵa bolǵan talabınıń artıwı menen kózge taslanadı. Oqıwshı temanıń, qosıqtıń tekstınıń mazmunına ǵana emes, al oqıw procesiniń ózine yaǵnıy muzıka shertiwge de qızıqsınadı. Muzıkalıq tálim oqıwshısında arnawlı muzıkalıq bilimlerdiń, kepillik hám kónlikpelerdiń qáliplesiwinde tásir etedi. Sonıń menen bir waqıtta oqıwshınıń ishki ruwxıy dúnyasına tásir etip onıń kózqarasların, isenimlerin júzege keltiredi. Dúnya reallıǵında qanday joldı tutıw tiyisligin, neden zawıqlanıwdı kórsetedi. Demek jeke adam sıpatında tárbiyalanıwın támiyinleydi. Bunday tálim tárbiya arqalı payda etilgen «Rawajlanıw kelesi basqıshta oqıw hám tárbiyalanıw qolaylı shariyat jaratadı». Muzıkalıq talimde birinshi orında estetikalıq tárbiya ámelge asırıladı. Estetikalikalıq tárbiya-tabiyattaǵı, jamiyettegi, iskusstvodaǵı adamlardıń minez qulqındaǵı gózzallıqtı durıs qabıllawın, tusiniw uqıplıqların payda etiwshi hám rawajlanıwın tamiyinlewshi tárbiyanıń bir túri. Bunda jeke adamda estetikalıq sananıń qáliplestiriliwinde ayrıqsha kewil bolinedi.

«Estetikalikalıq sana-adamnıń obyektiv dúnyaǵa anıq tariyxıy, estetikalıq qatnasların sáwlelendiretuǵın, insaniyat tárepinen tán alınǵan sociallıq maqsettegi ideyalar, teoriyalar hám kózqaraslar jıyındısı». Obyektiv dúnya insaniyat tárepinen sáwlelendiriw procesinde onda ruwxıy keshirmelerdi payda etedi, dúnya estetikalıq biliwde estetikalıq sezim júzege keledi. Muzıkalıq tálim hám tárbiyanıń birligine usı arqalı erisiw múmkin, biz onı pedagogikalıq baǵdarda jańasha kóz-qaras penen qayta qarap shıǵıwımız tiyis.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Moyanov I.J. Qoraqalpoq xalq musiqasi asosida o‘quvchi – yoshlar ma’naviy-axloqiy fazilatlarini shakllantirishning xususiyatlari: Avtoreferat diss. PhD. Nukus, 2019.
2. Романова С.Е. Қорақалпоқ миллий мусиқий анъаналари асосида бўлажак мусиқа ўқитувчиларини маънавий тарбиялашнинг педагогик асослари; дисс. канд. Пед наук-Т; ТН Қори Ниёзий номидаги Ўзбекистон Педагогика фанлари илмий тадқиқот институти.
3. Xudaybergenova G.J. «Bolajaq muzıka oqıtıwshıların tárbiyalawda pedagoglardıń dóretiwshilik jumısları hám ornı» atamasındaǵı respublikalıq ilimiy-teoriyalıq konferenciya materialları toplamı. 172-173 b. 14-aprel 2022. Nukus.
4. Nadırova A. «Qaraqalpaq muzıka tariyxı». Tashkent «Sano standart», 2018.

QARAQALPAQ XALÍQ QOSÍQLARÍ HÁM NAMALARÍN ATQARÍWSHÍLARÍ

Zarlıq Bekbergenov
«Vokal» kafedrası docenti.w.w.a.

Qaraqalpaq klassikalıq muzıkasınıń negizgi atqarıwshıları-ataqlı baqsılar, sazendeler bolǵanlıqtan ol kóbinese improvizaciyalıq xarakterge iye. Bul tarawda eń tiykarǵı orındı ashıqlıq haqqındaǵı xalıq dástanları «Ǵarip ashıq», «Sayatxan hámre», «Axmet Yusup», «Gór uǵlı», «Dáwletiyar beg», «Qırman dáli», t.b. esaplanıp, olardı professional baqsılar atqarǵanda dástandaǵı prozalıq-jay sózlerdi rechitativli-deklamaciyalıq usıl menen atqarsa, al lirikalıq momentlerindegi qaharmanlardıń dialog hám monologların duwtarǵa qosıp nama arqalı atqaradı. Sonlıqtan da qaraqalpaq muzıkasınıń bul túri óz ishine rechitativli-deklamaciyalıq forma menen qosıq aytıw kórkem-óneri ekewiniń birikpesi tiykarında dúziledi [7]. Qaraqalpaq awızeki professional muzıkası da, xalıq namaları sıyaqlı ózleriniń qurılısı jaǵınan eki toparǵa bólinedi. Birinshi toparǵa kiretuǵın namalar, melodiyalıq jaqtan kútá jeńil, tez este qalatuǵın qısqa formada dúzilgen kelte namalardan ibarat. Professional muzıkanıń bul túrinde motivler aytarlıqtay keń hám uzın bolmay, bir, eki eń asıp ketkende úsh motivten ǵana qurılıp keledi. Ekinshi toparǵa kiretuǵın awızeki professional namalar bolsa dáslepkige qaraǵanda melodiyalıq qurılısı jaǵınan keń hám rawajlanǵan melodiyalı qurama formada dúzilip keledi [2]. Birinshi topardaǵı awızeki professional namalarǵa: «Ayjamal», «Qawender», «Íǵalay», «Jıǵalı», «Qońırat», «Nayleyin», «Gubbadin», «Nedaǵı», «Bozataw», «Muwsa», «Jaman shıǵanaq», «Paxáy», «Nigarım», «Xansayat» t.b. jatadı. «Dem bermes» quramalı úsh epizodtan dúzilip, onıń hár epizodı tematikalıq jaqtan bir-birine uqsamaǵan. materiallardan quralıp, olardıń keyingi motivleri ózara baylanısıp keledi. Namanıń hár epizodı tórt motivten quralıp, onıń dáslepkisi negizgi motivtiń variantlanıp keliwinen ibarat bolıp, al tórtinshisi jańa motivten dúzilgen. Namanıń melodiyalıq qurılısınıń eń qızıǵarlı bir jeri onda dáslepki motivler periodlı túrde dúzilip, olardıń hárqaysısı teńdey tórt taktten quralǵan bolsa, al tórtinshi motiv dáslepki eki epizodta taktli melodiyalıq qurılıstıń bir demde uzaq waqıtqa shekem dawam etip keledi, úshinshi epizodta ol onnan da kóbirek (onda melodiyalıq aylanısta bir demde takt dawamında) sozılıp keledi: «Dem bermeste» epizodlar barǵan sayın háwijge minip, joqarı órlep baradı da, keyingi juwmaqlawshı bólimine taǵıda páseńlep dáslepki qáddine túsedi. «Dem bermes» naması qońsılas ózbek hám túrkmen xalıqları arasında da keń taralǵan. «Adıńnan» klassikalıq muzıkasınıń ayrıqsha sulıw túrleriniń biri bolıp, el arasında aytılıp júrilgen birqansha túrleri bar. Ekewinińde intonaciyalıq qurılısı bir-birine kútá jaqın

bolǵan menen hárqaysısınıń óziniń melodiyalıq xarakterinde ózinshelik belgileri kórinedi. Ekinshi «Adıńnan» áwelgige qaraǵanda ádewir qayǵılıraq xarakterde bolıp mordentalar kóbirek ushırasadı. Eki variantında da instrumentallıq kirispesi bir-birine uqsas bolıp ekewinińde vokal bólimi kvartaǵa serippe eki úlesli ólshewinde bolıp keledi. Birinshi variantınıń melodiyası kvartaǵa serippe jasap bir tonda tákirarlana beretuǵın bolıp dúzilip, kelse ol izinen tolıqsıp, keńeyip baradı. Sonıń menen birge nama eki túrli háwijge iye bolıp, olardıń ekewide tematikalıq jaqtan dáslepki motivke jaqın dúzilgen qayǵılı nalıshı, zaman aqıbetlerine qarsı ashıwlı protesti esitilip jatadı. Sonlıqtanda bular kóbinese hayal-qızlar tárepinen atqarılatuǵın variantları bolıp esaplanadı [3.B. 57-58]. «Adıńnan»nıń bulardan basqa úshinshi variantı bul joqarıda keltirilgen variantlarına qaraǵanda birqansha ózgesheligi menen ayrılıp turadı. Bul tek baqsılar tárepinen atqarılıp olardıń atqarıwshılıq usıllarına sáykes duwtar akkomponimentindegi kvarta-kvintalıq akkordları ayrıqsha orın iyeleydi. Onıń melodiyalıq xarakteri dáslepki variantlarındaǵıday muńlı intonaciyalar tiykarǵı roldi atqarmay, bunda baqsıshılıq kórkem ónerine tán bolǵan improvizatorlıq xarakter basım keledi. Sonıń menen qatar nama dawıslardıń birneshe takt dawamında uzaq sozılıp turıwı hám dawıstı ırǵaqlı túrde qaltıratıp shıǵarıw usaǵan tolıp atırǵan atqarıwshılıq usıllarǵa júdá bay. «Adıńnan»nıń bul variantı belgili bir melodiyalıq qurılıstı túrli bálentlikte variantlı túrde tákirarlanıwdan ibarat bolǵan úsh bólimli formada dúzilgen. Hár bólimde namanıń sóz qatarlarınıń eki figurasına tuwra kelip, solardıń izinen tekstte joq «adıńnan-áy, adıńnan» degen sózler tákirarlanıp jatadı. Qosıq baǵdarlamalıq xarakterge iye bolıp, alaqayıslı tulpardıń sulıw-sımbatlı, ayaqtı ret penen taslap shapqan suw shayqalmas qásiyetli jorǵanıń obrazı súwretlenedi. [6.B.98] Namanıń tórt taktli instrumentallıq kirispesiniń ózinde-aq tulpar shabısınıń ritmikalıq ırǵaǵı birden kózge taslanadı. Usı ritmikalıq-dán dóretpeniń bastan aqırına shekem, ırǵaqlıq tiykarın qurap, belgili fon berip turadı. Qosıqtıń melodiyalıq qurılısın grammatikalıq jaqtan tereńirek tallaw júrgizgenimizde onda negizgi motivtiń ózi eki bólimnen quralıp, birinshi bólim túrli tonda ózgerip keledi de, ekinshi bólimniń ayaqlarındaǵı motivi (onı leyt motiv dep júrgizsek) hár bólimniń aqırında tap sol túrinde takrarlanıp kele beredi. Qaraqalpaq namalarınıń tańqalarlıq formaǵa iye bolǵan túri «Sanalı keldi» naması. Namada basqa xalıq namalarında ushıraspaytuǵın ayrıqsha formalıq qurılıs gezlesedi. Onıń bastan ayaǵına shekemgi ózgerilmeytuǵın muzıkalıq ırǵaǵı, kvadratlı qurılısı bir pútin figuraletmotiv mentallıq intermediyasınıń tematikalıq qurılısı qosıq materialǵa tiykarlanıp dúzilgen. Namanıń bárinen de burın qızıqtıratuǵın jeri: onıń instrumentallıq kirispesiniń ózi eki muzıkalıq materialdan quralǵan óz aldına muzıkalıq mazmunǵa iye, onıń ekinshi bólegi vokallıq bólimniń «V» motivi hám pútini menen qosıqtıń

keyingi bóliminde-kodasında (qayırmasında) taǵı da gezlesedi hám nama solayınsha juwmaqlanadı [4.B.143]. «Gór qız» naması joqarıda keltirilip ótilgen namalar qatarında birqansha xalıqlar arasına keń taralǵan kóp ǵana tınlawshılar massasına iye bolǵan namalardıń biri. Namanıń kelip shıǵıwı jóninde xalıq arasında kóp ǵana ańız sózlerde keń taralǵan: Ótken zamanlarda qaraqalpaqlar arasında bir nayatiy aytqısh qız baqsı boladı. Din iyeleri «Qızdan baqsı bolama, elge apat keltireseń» dep qosıq aytıwın qadaǵan etedi. Biraq óz kásibin tereń súygen iskusstvonıń qumarı bolǵan bul qız, olardıń qadaǵan etkenine kónip qosıq aytıwın toqtata qoymadı. Oǵan óshegisken jawızlar qızdıń eki kózin oyıp, shólistanlıqqa aparıp taslaydı. Qız jaziyrada ábden haldan ketip jatqanınıń ústinen kárwan tartqan sawdagerler shıǵıp, ólimnen qutqarıp eline alıp keledi. Olar qızdıń xosh hawazınan baqsı ekenin tanıp, elinde kóp ayttıradı hám birqansha baqsılar menen jarısqada saladı. Qız bir toyda úsh baqsı menen aytısıp, jarıs dawamında ol «Shirwan» perdeden tutıp aytadı, onıń aytqanın basqa baqsılar aytalmay jeńilip qaladı. Áne, usınnan baslap sol qızdıń húrmetine bul nama «Gór qız» naması dep atalıp ketken [5]. Jaslarımız arasında búgingi kúnde xalıq namalarına, xalıq qosıqlarına, xalıq saz ásbaplarına qızıǵıwshı, olardı oynawdı, atqarıwdı qálewshileri oǵada kóp. Házirgi ilim menen texnikanıń rawajlanǵan dáwirinde biziń qaraqalpaq xalqınıń da ul-qızları, jáhán muzıka mádeniyatınıń altın durdanaları menen tanısıwǵa olardan úyreniwge, bilimin jetilistiriwge, tolıq imkaniyatqa iye. Kóplegen jaslarımız mádeniyat tarawında, muzıka salında oqıp-bilim alıp atırǵan bolsa, sonsha jaslarımızda bul tarawda úlgili xızmet atqarıp xalıq arasında húrmetke sazawar bolıp, húkimetimiz tárepinen húrmetli ataqlarǵa, sıylıqlarǵa miyasar bolıp kelmekte. Áyyemnen kiyatırǵan xalıq qosıqları xalqımız arasında jańadan payda bolıp atırǵan qosıqnamaları menen birge, ele uzaq jıllar xalqımız arasında jańlay beredi hám xalıq yadında uzaq saqlanadı hám xalqımızǵa mádeniy-ruwxıy jaqtan xızmet qılıp óz qunın saqlay beretuǵınına hesh gúman joq.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Ayımbetov Q. «Xalıq danalıǵı» Nókis 1988-jıl.
2. Ayımbetov Q. «Tariyxıy qosıqlar, jırawlar repertuarında» Ámiwdárya jurnalı 1964-j.
3. Qosbergenov R. «Qaraqalpaq xalqınıń kolonial dáwirindegi mádeniyatı hám turmısı». Nókis 1970 jıl.
4. Tájimuratov Á. «Qaraqalpaq xalıq qosıqları» Nókis 1965-jıl.
5. Dáwqaraev N. «Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatınıń ocherkleri». Nókis 1961-jıl.
6. «Qaraqalpaq folklorı» V-tom. Nókis 1980-j.
7. Ájiniyaz «Bir páriy» Nókis 1993-jıl.

ХАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРЫНЫҢ АТҚАРЫЛЫЎ УСЫЛЛАРЫ

Абдуллаев Элбек
Г.Мунтеева – *профессор*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Қарақалпақ халық қосықлары қарақалпақ фольклорының ең ески ҳәм жанлы, жаўынгер лирикалық жанрларының бири болып, идея-тематикалық, көркем-поэтикалық белгилери бойынша халқымыздың руўхый турмысында үлкен орын тутты. Халық мәденияты, руўхый дүньясы, халықлық педагогика ҳәм жәмийетлик сананының қәлиплесиўине халық қосықларының бийбаҳа әҳмийетке ийе екенлиги белгили. Халық қосықларында сөз ҳәм саз өнерлери синкретикалық биригип, импровизация менен дөрелип көркем поэтикалық дөретпеге айланған.

Халық қосықларын дөретиўшилери ҳәм атқарыўшылары халық пенен бирге жасап, жәмийеттиң социаллық турмысын бақлап, халықтың кеўил-күйин, руўхый-психологиялық кеширмелерин, тәғдир қысыўметлерин, налыш-муңын жырлап киятырған сарқылмас миллий руўхый булағы болып табылады. Көркем өнер түрлериниң басқа тараўлары сыяқлы халық қосықларын дөретиўшилери ҳәм атқарыўшыларының дөретиўшилиги ҳәм репертуарының тематикасы, идеясы, көркем образ ҳәм поэтикасы дәўирдиң өзгериўи, жәмийеттиң жаңаланыўы нызамлылықларына бойсынады.

Сол себепли халық қосықларын дөретиўшилери менен атқарыўшылары шайырлық талантқа ийе импровизатор бақсылар ўақыт пенен бирге аўысып, жәмийеттиң турмыслық талапларына сай халық қосықларын дөретеди.

Көркем аўызеки әдебиятта импровизация дәстүри дүнья халықлары әдебияты тарийхында жүдә ерте заманлардан берли бар болған көркем әдебий қубылыс. Белгили қазақ алымы Ә. Қоңыратбаев фольклордағы импровизация дәстүрине тоқтап:- «…импровизация өнеринде синкретикалық белги бар. Оның мәниси көркем сөз, ән-күй (саз-нама К.М) бөлинбей бирге жүрген. Профессионал айтыўшылар бақсылар (VIII-IX ә) менен (X-XV ә) жыраўлар болған десек, оларда төрт түрли өнер бирлескен. Олар: сөз импровизациясы, ән-күй (саз-нама К.М) импровизациясы, (қобыз, домбыра) актёрлық ҳәрекет (сахна өнери) ҳәм ел ғамын ойлайтуғын ойшыл сана» [1:29]-деп атап өтеди.

Қарақалпақлар турмысында жазба әдебияттың кеш раўажланыўы ямаса жазба поэзияның өриси тар шеңберде қалыўы нәтийжесинде, халық

қосықлары улыўма аўызеки әдебият үлгилери импровизациялық усыллар арқалы дөретилип халқымыздың руўхый дүньясына мәңги жасап келди.

Ерте дәўирлерде, жазба әдебияттың толық қәлиплеспеген басқышларында қарақалпақ халқының миллий руўхый дүньясы тийкарынан аўызеки дөретиў ҳәм атқарыў бағдарында болып, импровизацияны талап етер етеди. Ал, соңғы дәўирлерде миллий поэзияның жоқары раўажланыў басқышына көтерилген миллий әдебиятта импровизацияның үлеси белгили дәрежеде шекленгендей көринеди. Соның ушын да қазақ алымы М.Қаратаев «… шайырлық туўындының суўырып салма (импровизация) түри тыйылып қалмайды. Өйткени, бул бизде бай дәстүри бар қунарлы сала, ақынлық таланттың үлкен бир бийик қыры, ақынлық, шешенликтиң шыңланған түри»[2:151] - деп баҳалайды. Сол айтқандай халық қосықлары бүгинги заманымызда да импровизациялық усыллар менен дөретилип атырылғанлығының гүўасымыз.

Халық аўызеки дөретиўшилигинде халық қосықлары, салт-дәстүр жырлары (той қосықлары) белгили импровизациялық талантқа, шайырлық тәбиятқа, бай турмыслық тәжирийбеге ийе болған әдебий тулғалар тәрепинен дөретилип отырылған. Жыллар даўамында усы халық қосықлары той-жыйынларда, қыз-жигитлердиң гештек-отырыспаларында, байрам сейиллеринде шайыр тәбиятлы бақсылар, ҳәўескер талантлылар тәрепинен атқарылып келинген.

Халық қосықларының дөрелиў процесси ҳәзирги жазба әдебияттағы шайырлар дөретиўшилигинен әдеўир өзгешеликлерге ийе. Бул өзгешеликлер халық қосықларының дөрелиў процессиндеги импровизациялық қубылысы, бир неше вариантларға ийе болыўы ҳәм синкретикалық белгилери менен ажыралып турады.

Тийкарғы айырмашылық халық қосықларын дөретиўши ҳәм атқарыўшылар атқарыў пайытында импровизациялық усыллар менен жетилистирип, той мәресимлерде, байрам сейиллеринде, қыз-жигитлердиң гештек-отырыспаларында төгилип жырлаўында, нама алыўында көзге тасланады. Халық қосықларын дөретиўшилеринде дөретиўшилик тәжирийбесинде фольклордағы ортақ дәстүр, мотивлер үлкен орын тутады.

Поэтикалық импровизация шайырлық тәбиятқа ийе бақсы, жыршы, жыраўлардың алдын-ала жобаластырылмаған таярлықсыз бир тема әтирапында қосық шығарыўын түсинемиз. Қарақалпақ аўызеки әдебиятында импровизациялық усыл менен төгилип, ағып, суўырып салып айтыў өнери күшли раўажланғанын фольклор ҳәм әдебият тарийхы арқалы биз жақсы билемиз. Сонлықтан да халқымыз импровизациялық талантқа ийе болған

шайырларды «ақпа шайыр,» «төкпе шайыр» деген халықлық атама берген. Базы жағдайларда шайыр өзиниң шығармаларын саз бенен атқарыў жолы менен дөреткен. Бул өз гезегинде импровизациялық өнердиң жемиси еди. Бундай талантқа ийе болған шайыр ҳәм бақсы Әжинияз, Бердақ, Жаңабай шайыр ҳәм т.б. айтып өтиў орынлы. Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм т.б. да халық шайырларының шайырлық кәсипти ийелеўи менен бирге бақсышылықты да меңгерген. Буның баслы себеби өзиниң дөретпелерин жазба әдебияттың раўажланыўының тар шеңберинде аўызеки усылда атқарыў менен халық массасына жеткизип отырған. Мине, усындай шайырлық тәбиятқа ийе болған айырым халық шайырларының шығармалары халық қосығына айланып кетти.

Жоқарыда келтирилген қосықта жол бойы посып (көшип) киятырған халықтың налыш сезимлери, күйиниш, руўхый түскинлик кейпияты, руўхый-психологиялық кеширмелери сәўлеленген. Жолда киятырып аўызеки дөретип ишки кеўил дәртлери, қысыўметлерин қосық етип шығарып, импровизациялық талант пенен айтып келе бергенлиги көриледи.

Улыўма алғанда қарақалпақ халық қосықлары бир неше тематикалық түрлерге бөлинип, халқымыздың неше мың жыллық мәдений турмысының бийбаҳа руўхый дүньясы болып табылады. Халық қосықлары халықтың руўхый-психологиялық, философиялық, дидактикалық ой-пикир дүньясын қамтығын руўхый мүлки болып, импровизациялық усыллар менен дөретилгенлигине даў жоқ.

Пайдаланылған әдебиятлар

1.·Қоңыратбаев Ә. Қазақ әдебиетінің тарихы. Алматы: - «Білім», 1994. 29-бет.
2. Ақындар жыры: Редакциялық коллегия; М.Базарбаев, А.Жұбанов, М.Қаратаев, Е. Исмайлов, О.Нұрмағамбетова, Б.Уахатов (жауапты редактор). (Қазіргі халық поэзиясы) Мақалалар топламы: М.Қаратаев - Халық поэзиясы жаңа белесте. Алматы: «Ғылым», 1963/ 151-бет.

ТОЙ ҚОСЫҚЛАРЫНЫҢ АТҚАРЫЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Бабажанов Журабек
Илимий басшы: **Г.Мунтеева**
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Той қосықларының ишинде бет ашар айтымлары күшли импровизациялық усыллар арқалы дөретилип келинген. Бет ашар айтымлары терең халықлық, шынлық, халық турмысы менен тығыз байланыслы дөретилип ҳәм атқарылып келинетуғын фольклорлық дөретпе болып табылады. «Бет ашардың қатып қалған бир тексти жоқ ҳәм болыўы да мүмкин емес. Себеби, ҳәр бир той берген адам басқаларға усамайды. Бурынғы дәўирдеги дәстүрий үлгилердиң өзлери де бир неше түрде айтылған.» [1:102]. Демек бет ашарды атқарыўшыларда тәбийий шайырлық, импровизациялық уқып талап етиледи. Бундай импровизациялық уқып болмаса бет ашарды халыққа қонымлы етип атқара алмаўы ҳәм жәмәәттиң кеўлин таба алмаўы мүмкин.

Ерте заманлардан бери той қосықлары ишинде бет ашар айтымлары халқымыздың турмыслық салт-дәстүрине, миллий руўхый дүньясына айланған. Той мәресиминде бет ашар айтымлары арқалы жаңа түскен келинди ағайин-туўғанға, қоңсы-қобаға, ел-халыққа таныстырыў, сол арқалы, аўыл-ел, ағайин-туўғандағы айырым жөнсиз адамлардың қылўаларын (жеңил юморлық күлки менен) минеў, мийнеткеш, ақыл-парасатлы, мәрт-баҳадыр жигитлерди, гөззал қызларды, дана ел басшыларын, кәткуда, кейўаны аналардың жемисли мийнетлерин, даналығын баҳалайтуғын халықлық минберге айланып үлгерген еди.

Той қосықлары ҳәм бет ашар айтымлары өзлигин жоғалпайтуғын, неше мың жыллардан берли халқымыздың миллий сана-сезиминиң ажыралмас руўхый мүлки болып елеге шекем даўам етип киятыр.

Той қосықларының ишинде бет ашар дәстүри үлкен театрластырылған сахналық көриниске кейип беретуғын халықлық дөретпеге айланып, халықлық педагогика, жәмийетлик қатлам ўәкиллериниң аўызбиршилигин, ел бирлигин тәмийинлейтуғын дидактикалық ой-пикирлер жәмленген импровизациялық усыллар арқалы дөретилген бир пүтин фольклорлық шығарма болып табылады. Өз гезегинде бул дөретпе бир неше бөлимлерден ибарат болып, ҳәр бир бөлимниң өз орнына ийе тәкирарланбас көркем поэтикалық қуны көзге тасланады. Бет ашарда сәўлеленген (билдирилген, айтылған) көркем поэтикалық, дидактикалық ой-пикирлер, нәсиятлар,

еслеўлер (дүньядан өткен ата-баба, ағайин туўған, ел ағалары ҳ.т.б.), уллы инсанлардың халықлық унамлы баҳасы, марапаты, жөнсин, орынсыз адамлардың ис-ҳәрекетлериндеги қылўалары, кемшиликлери тек ғана келиншек ушын айтылған жеке нәсият, таныстырыў дәстүри деп емес, пүткил жәмәәт, ел-халық ушын дидактикалық, көркем-әдебий тәрбиялық дәрек ямаса көркем әдебий усыл екенлигин сезиўге болады.

Той қосықларының ишинде миллий этнографиялық дәрек сыпатында айрықша баҳаланатуғын бет ашар дәстүри бир неше бөлимлерден ибарат болып, оның кирисиў бөлиминде жаңа түскен келин менен ўақыт ҳәм мәкан, дәўир ҳәм заман бағыты, социаллық турмыс ҳаққында бир-еки аўыз сөз айтылып «аман-түўел сорасайық, амансызба келиншек?» деп аман-есенлик соралады. Солай етип, соң нәсият айтыў бөлимине өтип, дидактикалық мазмунға қурылған бет ашар айтымы басланады.

Бир нәсият айтайын,
Өзиңе ғана келиншек,
Қосылған адамыңның,
Жанындай бол келиншек,
Ашытқан ақ бийдайдың,
Нанындай бол келиншек,
Жипектен ескен дуўтардың,
Тарындай бол келиншек. [2:44]

Бет ашар айтыўшының турмыслық тәжирийбеси, миллий руўхый дүньясы кең болғанлығы, импровизациялық таланты ҳәм поэтикалық шеберлиги нәтийжесинде усындай дөретиў уқыбына ерисе алады.

Бет ашар айтыўшылар турған жеринде, сол аймақтағы аўыл-ел, қоңсы-қоба, ағайин-туўған, жора-жолдасларының улыўмалық минезлемесин, сол аймақтағы халықтың социаллық жасаў жағдайларын сол заматта билип, үйренип, импровизациялық усыллар арқалы дөретип отырады. Қаншели тәбийий талантқа ийе болғаны менен импровизация менен шығарма дөретиў унамлы нәтийже бере бермесе керек. Соның ушын да қазақ алымы Е.Исмайлов:- «…импровизация менен қосық айтыў ақынның (шайыршылық тәбиятқа ийе бақсы) жаратылысында, туўылыўдан бирге келетуғын қәсийет емес, бул да бурынғы дәстүрге, үйрениўге, шынығыўға байланыслы өнер» [3:27] деп атап өткен еди. Нәсият бөлиминен соң келиншектиң ата-енеси, аўыл-ел бий ағалар, кәткудалар, кейўаны аналар ҳәм ағайын-туўғанларға сәлем айтыў дәстүри менен изи даўам етеди. Буннан соң аўыл-аймақтағы қатар-қурбылар, жора-жолдаслар, дайы-жийенлер, күйеўлердиң гейде ерсили

көринген қылўалары, сырты дене пишимлери (тулғалары), минез-қулқы бет ашар айтыўшының жеңил күлки туўдыратуғын ништерине илинеди.

Тулыпқа тыққан торақтай,
Мурынлары орақтай,
Кеўлимжай деген қайнағаң,
Оған бериң бир сәлем. [2:53]

Және де:

Районның сотындай,
Трактордың хотындай,
Сөйлегенде сөз бермес,
Мақтағанды шеп көрмес,
Бийбигүл деген абысын,
Оған бериң бир сәлем. [2:55]

Солай етип той қосықларының ишинде бет ашар дәстүри толығы менен импровизациялық усыллар арқалы дөретилип отырады. Бул дәстүр импровизациялық өнер күдиретиниң көриниси болып, бет ашар айтыўшының ишки руўхый дүньясындағы қайнап атырған толғанысли ойларының жарыққа шығыўы усы дәстүр тийкарында пайда болады.

Бет ашар айтыўшының дөретиўшилиги тәжирийбесинде, улыўма көркем әдебий дөретиўшилик устаханасында тайын логикалық схема, поэтикалық көркем тил, көркемлеў қураллары ҳәм усыллары, болады. Мине, усы схемаға өзиниң дөретиўшилик тәжирийбесинен, көркем поэтикалық дүньясынан импровизациялық усыллар арқалы атқарып шығыўға ерисе алады.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Мақсетов Қ.Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис:-«Билим», 1996. 102-бет.
2. Қарақалпақ фольклоры (көп томлық) V том. Нөкис:-»Қарақалпақстан», 1980. 44-бет.
3. Исмайлов Е. Ақындар, «ҚМКӘБ», Алматы, 1956-ж. 32-бет.

ÓZBEK FOLKLORÍNDA MÁWSIM-MÁRESIM QOSÍQLARÍ

L.Maxammatdinova
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı, «Folklor hám etnografiya» kafedrası baslıǵı

Insaniyattıń jasaw hám turmıs keshiriw tárizi, jıldıń tórt pasıl miynet oyları, bayramlar, úrp-ádetler, máresimler, máwsimlik is-háreketler menen baylanıslı túrde júdá kóp qosıqlar jaratılǵan.

Ózbek xalqı júdá bay, hár túrli dástúrlerge iye. Bulardıń social múnásibetler túrlerine qaray shártli túrde tábiyat, geografiyalıq ortalıq, miynet túrleri, milliy turmıs hám mádeniyatqa tiyisli dástúrlerge bóliw múmkin. Ózbek xalqınıń ayrıqsha ıqlımı, xalıqtıń turmıs tárizi, xojalıq iskerligindegi dástúrler áwladdan-áwladqa ótip kelgen. Dástúrde úrp-ádetler qosıqlar menen bir pútinlikte alınadı. Qosıqlar miynetkesh xalıqtı materiallıq hám ruwxıy ómiriniń hámme tárepleri menen bekkem baylanısqan bolıp, olar arnawlı bir tarıyxıy rawajlanıwda insaniyat oylawı dárejesine qaray turmıstı ayrıqsha obrazlarında kórkem sáwlelendiredi. Qosıqlar ózlerinde eń áyyemgi túsiniklerden tartıp túrli dáwirlerdiń hár túrli qatlamların da saqlaǵan.

Nawrızdıń keliwi, birinshi baysheshektiń ashılıwı, jawın, samal hám qarlardı shaqırıw, samaldı toqtatıw, báhár mawsiminde qos shıǵarıp jerdi aydaw, lala seyili, qırman quwanıshı, perzent tuwılıwı, jaslardı nekelew, marhumdı jerlew, keseldi emlew sıyaqlı waqıyalarǵa arnawlı dástúr qosıqlar, asbap namalar hám duwalar arnalǵan. Dástúrlerde minez-qulıq hám sóz quralları qatarında muzıka zárúrli orın tutadı. Biz qandayda bir dástúrdi qosıq yamasa aytım joqlawlarsız oyda sáwlelendire almaymız.

Dástúrlerge kóre qosıqlar máwsimlik, shańaraqqa tiyisli-xojalıq hám diniy-sıyınıw túrlerine bólinedi. Ózbek xalqı janrlarınıń hár túrliligi menen xarakterleniwshi áyyemgi dástúr qosıqları hám olardıń atqarıwshılıq usıllarına iye. Túrli dástúrlerde kópshilik gruppa yamasa jalǵız atqarıw erkin túrde túrli nama-sesler uyǵınlıqlarında bul qosıqlar úlkenler hám balalar tárepinen atqarılmaqta. Ózbekstannıń hámme region hám aymaqlarında dástúr qosıqları bar bolıp, olardıń hárbiri ayrıqsha muzıkalıq tili hám dialekti, forma hám jergilikli atqarıw usılları menen ajıralıp turadı. Máwsimlik máresim qosıqları arasında Nawrız benen baylanıslı «Múbarek», «Jıl bası», «Baysheshek», «Sálem Nawrız», «Báhár keldi», «Súmelek», máwsimler menen baylanıslı «Sust xotin», «Sháy mama», «Qar keldi», shıǵıs kalendarı menen «Yaramazan», «Yo rábbim», sıyaqlı aytım terme hám qosıqlar keń tarqalǵan. Máwsimlik miynet máresimlerinde «Qos aydaw», «Shaxmaylaw», «Mayda-mayda» (er adamlar tárepinen erkin túrde, bálent hám ashıq dawısta aytılǵan) qosıqları bar. Shańaraq-turmıslıq máresim qosıqları – matam hám dawalaw máresim hám úrp-ádetleri menen baylanıslı. Bular «Ana háyyiwi», toy máresim qosıqları janrları «múbárek», «qutlıqlaw», (Xosh keldińiz, kelin-kúyew qutlıqlawı «yar-yar» (yaki ólan) «kelin sálem» sıyaqlı qosıq janrları bar. Aza-matam máresimleriniń tiykarǵı aytım forması «jılaw» hám «joqlaw» bolıp esaplanadı. «Marsiya» qosıǵı jerlew máresiminde saz-ásbapsız er adamlar tárepinen atqarılǵan. Dawalaw máresiminde hayallar tárepinen jeke hám jorsız «bádik» aytımı ótmishte keń orın alǵan.

Bizge málim ózbeklerdiń tárbiyası, ádeti Islam dini qaǵıydaları menen baylanıslı. Islam dinińiń basımı qanshelli kúshli bolmasın, xalıqtaǵı júdá áyyemgi isenim, úrp-ádetler máresim aytım qosıqları menen baylanıslı bolǵan hám jetik atqarıwshılar tárepinen atqarılǵan.

Alla – ótmish alla qosıqlarında miynetkesh, áziz, japakesh shıǵıs anası obrazı sáwlelenedi. Allalarda analarǵa tán bolǵan bawırı keńlik, quyashtay mehribanlıq, jaǵımlı shın kewilden shıqqan namalarda taraladı.

Saǵan qoydım jaqsı at, alla
Jaqsı niyetdur murat, alla
Jurtqa, elge súyenseń, alla
Saǵan boladı qanat, alla

Olar basınan aqırına shekem jaǵımlı, erkeletiwshi, hám uyqlatıwshı, kóbinshe bir temptegi namada atqarıladı hám aqırǵı «alla» sózi sozıp tákirarlanadı.

Ramazan – túrli úrp-ádetler, máresimler hám ırımlar menen baylanıslı birqansha qosıqlar jaratılǵan, buǵan «Yo ramazan», «Barot keldi», «Safar qochdi» sıyaqlılardı kóriw múmkin. Sırttan qaraǵanda «Yo ramazan» diniy mazmundaǵı qosıqlarǵa uqsasa da, shańaraq aǵzalarına jaqsı niyetler qılınadı.

Ramazan muqaddes ay bolıp esaplanadı hám bul ay dawamında musılmanlarǵa oraza tutıw buyırıladı. Ramazanǵa tiyisli máresim hám dástúrler hárbir aymaqtıń ózine tán úrp-ádetlerinen kelip shıqqan halda ótkeriledi.
Ramazanda sonıń menen birge «Ramazan» menen baylanıslı qosıqlar atqarıladı. Sol múnásibet penen kún batqannan soń, balalar kósheme-kóshe júrip, hárbir úydiń esigi aldında jaqsılıq, ırısqı-nesiybe, perzent, bereket tilep ramazan ayınıń muqaddes ekenligin aytip júrgen. Úy iyeleri bolsa ramazan aytıwshılarǵa nan, shire, pul, kiyim hám basqa da inamlar bergen.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Ibrohimov O.A «O‘zbek xalq musiqa ijodi» metodik tavsiyalar 1-qism, Toshkent 1994 y.
2. Abu Nasr Farabiy. Risolalar. – T.: «Fan». 1975.
3. Tursunov R. Xalq musıqa ijodiyoti va adabiyoti. – T.: «Marifat-Madadkor».

QOSÍQSHÍNÍŃ DAWÍSTÍ TÁRBIYALAW USÍLÍ

N.P.Qállibekov
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

«Bir haqıyqattı heshqashan esimizden shıǵarmawımız kerek, mámleketimizde mádeniyat hám kórkem óner rawajlanbasa, jámiyet rawajlanbaydı»

Sh.M.Mirziyoyev.

Búgingi kúnde muzıka kórkem ónerine, ulıwma klassik muzıka úlgilerine, kompozitorlarınıń eń jaqsı ǵáziyne dóretpelerin qabıl etiw, túsiniw, olardı sheberlik penen atqarıwshılıq jolların izlew hám ámeliyatqa engiziw zárúr ekenligin inabatqa alıp-vokal atqarıwshılıǵı tariyxı, dáslepki atqarıwshılıq kónlikpeleri, atqarıwshılıqtı jetilistiriwde vokal shıǵarmalarınan paydalanıw sıyaqlı máselelerdi jaqtılandırıw temasın tańladıq. Sebebi perzentlerimiz erteńi búginnen baslanadı. Yaǵnıy búgin biz qánigelestirilgen mekteplerde, sonıń menen birge, shaxstıń ruwxıy tárbiyasına tiykar qoyılatuǵın BMKÓMlarda alıp barılıp atırǵan tálim-tárbiya jumısları sapası keleshegimiz iyeleriniń ruwxıy, etikalıq qáliplesiwine xızmet etedi. Muzıka eń xalqshıl kórkem-óner túrlerinen biri sıpatında keń qamtılǵan hám úyreniliwi kerek. Hárbir oqıtıwshı-ustaz miynet iskerliginiń jıllar ótkeni tárepke óz usılı, sabaq shınıǵıwlarına jantasıwı, oqıwshılar menen bolǵan baylanısı, nátiyjesi de asıp baradı. Usılardı itibarǵa alıp, óz iskerligimizde erisken tabıslar, usıllar, metodlar menen bólispekshimen.

Qosıq haqqında ulıwma túsinik. Qosıqtıń akademiyalıq úlgisi (manerası) burıńǵı rus vokal mektebine súyengen. Sebebi vokal mektebi házirgi awqamlas respublikalardıń barlıq jerinde muzıka bilim jurtlarında rus vokal mektebine súyengen, sebebi vokal mektebiniń shıqqan jeri, saǵası bolıp tabıladı. Házirgi awqamlas qońsılas respublikalar ushın, rus vokal mektebi óziniń kóp tásirin tiygizgen. Italiyanıń, francuzlardıń, nemeclerdiń qosıq jaratıw mektebin ózine tán shegarasın saqlıq penen saqlap paydalanıp keldi.1937-jılı G.Lomakin tárepinen birinshi bolıp (metodı) l usılı hám ll usılı qosıq aytıwdıń usılları D.Evseev tárepinen 1838-jılı «Shkola peniya» degen kitabı A.Varlamovtıń 1840-jılı «Polnaya shkola peniya» degen kitapları boldı. Mine usı ámeldegi kórsetpeleri qosıq aytıwdıń zamanagó‘y negizleri bolıp tabıladı. Vokal mektebiniń rawajlanıwına, ósiwine rus kompozitorlarınan D.Bortnyanskiy, A.Verstovskiy, A.Gurilev ózleriniń tásirin tiygizdi. Biraq bulardıń ishinde eń ayrıqsha ayqın kóringen, xalıqlıq xarakterde M.I.Glinkanıń dóretiwshilik islerinde jámlengen. Ol rus xalqınıń klassikalıq vokal mektebiniń tiykarın salıwshısı bolıp tabıladı. 1936-jılı 27-noyabrde «Ivan Susanin» operasınıń birinshi premyerası bolǵan. Házirgi awqamlas respublikalardıń kompozitorları da ózleriniń dóretpelerinde xalıq tradiciyaların saqlap, bayıtıp óz muzıkalarında jańa intonaciya, ritm garmoniyalardı payda etti hám óz gezeginde bul vokal mektebiniń rawajlanıwında qosıqshılarǵa jańa wazıypalar hám talaplar qoyıldı. Bul mektepti ózlestirip alǵan qosıqshı qálegen tilde qosıqtı ayrıqsha aytıwına boladı. Bunda tómendegi usıllarda talaplardı qollanıp bilse ǵana tolıq túsinikke iye bolıwı múmkin. Mısalı nápes alıw jolların, tamaqtı isletip biliwdi, rezonatordan paydalanıp biliwdi, ásirese sózdi anıq etip aytıwdı, kórkem oqıwdı, kórkem dawıstıń anıqlılıǵın intonaciyanı, kórkem shınlıqtı barlıǵın ózlestirip alıwı kerek. Akademiyalıq (maneranı) úlgini anıq etip sóylew usılın qollanıp millettiń qosıqshısın meńgerip alıwı múmkin. Bul ushın tildi sóyletip úyretip sóylew usılların tolıqtırıp barıw kerek. Vokal jolı menen usılların qollanǵanda til tamaq perdeleriniń vibraciyalıq jumısların shólkemlestiriwinde óz tásirin tiygizedi. Kóplegen shıǵıs xalıqlarında qosıq aytqanda tamaqqa kúsh salıp aytadı, sol ushın da Evropalıq usıldıń qıyınshılıqların ózlestirip alsa qosıq aytıwdıń dawıstı payda etiwdiń durıs jolların mengerip alsa óziniń paydalı tásirin tiygizedi. Ózbek professional muzıkalarında awızsha tradiciyalarında atqarıwshıları klassikalıq qosıqların atap aytqanda tabiyiy halında aytadı. Maqom janrında aytatuǵınlardan hám basqa professional janrdaǵı qosıq atqarıwshılar, qosıqshılar basqa qosıqtı aytpaydı. Sol ushın da olar basqa vokal mektebiniń jolların biliw zárúr emes. Ózbek xalıq qosıǵı óz aldına, óz betinshe baǵdar alǵan bolıp, tamaqqa jaqın alıp birgelki etip atqaradı. Bunı tábiyiy aytıw dep aytsaq boladı. Usı usılda muzıkalıq drama teatrlarında filarmoniyada, radioda, televideniede de atqaradı. Ózbekshe klassikalıq

hám xalıq qosıqshılarınıń atqarıwshıları ushın muzıka bilim jurtlarınan shıǵıs bólimi degen bólim ashılsa eken degen pikirdi sol jılları-aq bilgen. Ashılǵan jaǵdayda da belgili qánigeler tárepinen, maman, sheber, ataqlı folklordı jaqsı meńgergen adamlar sabaq berse eken degen pikirlerdi aytqan. Sabaq berse eken degen pikirlerdi hám ashılǵan jaǵdayda háptesine bir mártebe vokal sabaǵın ótiwdi usınıs etken, sebebi vokal sabaǵı tolıq nápes jolların meńgerip alıwdı hám atqarıwshılıq mádeniyatın asırıp baradı dep atap ótken. Hár xalıqta óziniń aytıw manerası (úlgisi) boladı. Biraq xalıq úlgisine súyenip qalsaq dawıstı qataytıp alıwdı, kúsheytip alsaq tamaqqa salıp aytsaq dawıstıń rawajlanıwına keri tásirin tiygizedi. Eger usı joqarıda atap ótken usınıslardı waqtında iske asırsaq, waqıttıń ótiwi menen dawıs rawajlanıp birqansha sapalı dawıslar júzege keliwi múmkin. Poziciyası bálent, anıq, taza, nápes arqalı nápestiń qanday payda beretuǵını túsinikli bolıp qaldı. Qosıqshı rezonatordı shártli túrde iske asırıp biliwi dawısta kóbeytiwdi biliwi shárt. Buǵan tek akademiyalıq usılda aytıw ǵana járdem bere aladı. Bunıń tiykarında ilimiy jaqtan dawıstıń nızamları belgilengen hámde barlıq qosıqshılar ushın, meyli ol qanday millet bolmasın dawıstıń durıs jolǵa túsiwinde, durıs dúziliske túsip, hámmege birdey dawıstıń maqul túsetuǵın paydalı usınıs bolıp tabıladı. Ózbek tilinde óziniń fonetikalıq ózinshe óziniń dawıslı, yarım dawıslı, dawıssız seslerine iye. Mine bul sesler xalıq qosıqların atqarǵanda, ózinshe xalıqlıq manerada aytıwına tiykar salıp beredi. Usı dawıslı hám dawıssız seslerdi tawıp akustikalıq orın tawıp alsa akademiyalıq jaqtan qosıq aytıw manerasına (usılına) iyelik etedi. Jıynaqlı, jıynaqlanǵan (okruglenie) dawıstı baylanıstırıp bilse, milliy xalıq ırǵaqlarında shıraylı etip atqarıwında járdem beredi. Akademiyalıq manerada aytıp úyrengen oqımıslı talantlı qosıqshılar ushın akademiyalıq usılda qosıq aytıw, xalıq usılında aytıw onsha qıyınshılıq tuwdırmaydı, kerisinshe akademiyalıq usılda hám xalıq usılında atqarıp bile aladı. Eger islep yadqa alıp qaraǵanımızda Azerbaydjan xalqınıń dúnyaǵa belgili qosıqshısı Mamedovtı názerde tutsaq boladı. Sebebi ol eki usılda da jaqsı atqarıp bilgen qosıqshı bolǵan. Sol ushın da óz xalqınıń eń súyikli qosıqshısına aylanǵan. Akademiyalıq usılda qosıqshı jaqsı atqarıp bilse, qosıqtıń eń joqarı shınına shıǵa aladı, demek bul usıldı iyelep alǵan qosıqshı óziniń xalqın dúnyaǵa jeterli dárejede tanıta aladı. Ózbekstanda akademiyalıq hám xalıq usılında erkin atqarǵan qosıqshılardan Ózbekstan xalıq artistlerinen K.Zakirov, N.Xashimov, S.Yarashev, A.Azimov, S.Benyaminov hám taǵı basqalardı atap ótsek boladı. Akademiyalıq manerasız (vokal) ózbek qosıq mádeniyatın hám basqa xalıqlardıń qosıq mádeniyatın kóz aldımızǵa anıq pútkilley keltiriw múmkin emes. Akademiyalıq qosıqqa kimlerdi úyretiw kerek degen saraw tuwıladı. Esitiw qábileti tolıq rawajlanbaǵan adamlardı úyretiwdiń qájeti kerek emes. Máselen xalıq usılında dawısı dúzilip, shólkemlesip

qalǵan, dawıs diapazonı az, diapazonı kishkene qızlardı akademiyalıq qosıqqa qaratıw qıyın boladı. Xalıq manerasında ele ayta qoymaǵan, dawısı milliy qosıqlarǵa eliklewge berilmegen balalardı hám qızlardı akademiyalıq qosıq úyretiwge ańsat boladı. Jáne este saqlap hám mınaday túsinikke de isleniw kerek, jalǵız (metodika) usıl menen tekseriw, izertlew múmkin emes. Barlıq oqıwshılardı hár tárepleme qabıl etiw múmkin emes. Kerek bolsa oqıtıwshı ustazlarda bir qıylı metod penen, usıl menen jumıs alıp barıwı múmkin emes. Barlıq oqıwshılar ushın qoyılǵan talaptan kelip shıqqan halda hárqıylı usılda hár bir oqıtıwshınıń óziniń usılı bolıwı tábiyiy (dıxanie) nápestiń rawajlandırıw, muzıkalıq esitiw qábiletin dúzetiw ritmdi seziwdi, taza etip aytıwdı intonaciya ústinde islewdi, túsinikli (dikciya) etip sózlerdi anıq etip aytıwdı tárbiyalaw, ulıwma muzıka mádeniyatına degen kózqarasın, óz ishinde ǵárezsiz, erkin turıp jetkere biliwdi úyretiw hám úyreniw wazıypası bolıp qaladı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Brızgalov I.P. «Shkola peniya dlya baritona i basa». T., 1987.
2. Qahhorov N.B. «Vokal asoslari» Darslik. T.; «Iqtisod-moliya», 2008.
3. Qahhorov N.B. «Vokal ijrochiligi» O‘quv qo‘llanma. T.; «Iqtisod-moliya», 2008.
4. Qahhorov N.B., Ayubov K. «Vokal san’ati asoslari» O‘quv qo‘llanma. T.; «Iqtisod-moliya», 2008.
5. Panofka G. «Shkola peniya» «Muzıka». M., 1968.

BAYAN KLASÍNDA INTONACIYA MÁDENIYATÍN TÁRBIYALAW

Miyrbek Palwaniyazov
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Intonacion mádeniyattı tárbiyalaw – bayanistlerdiń muzıka bilimlendiriwiniń eń áhmiyetli mashqalası. Házirgi waqıtta pedagoglar muzıka ásbaplarında intonaciyalaw mashqalalarına jeterli dárejede itibar bermey atır. Bunday kem bahalawdıń sebebi sonnan ibarat, kópshilik adamlar onı tek ǵana saz qatarı belgilenbegen saz ásbaplarına tán dep esaplaydı (tarlı hám geypara demli saz ásbapları) hám tonlardıń biyikligin tákirarlawdıń tazalıǵı sıpatında túsinedi. Sonıń menen birge, XX ásirdiń 20-jıllarında B.V.Asafev tárepinen qoyılǵan forma jaratıwshı intonaciya (ses qosılıwı, intonaciyalıq dem alıw, intonaciya procesiniń energiyası) máseleleri estetika hám atqarıwshılıq teoriyasınıń rawajlanıwında

burılıs bolıwı mólsherlengen koncepciyasına aylandı. Intonaciya mádeniyatı muzıkanıń kásiplik tayarlıǵı joqarı dárejede bolıwın názerde tutadı: toplanǵan baylıq, estetikalıq tásirlerdiń jarqınlıǵı, emocionallıq hám turmıslıq tájiriybe hám áhmiyetli tárepi, muzıkanıń arnawlı bilimlerge iye bolıwın atap ótemiz. Kompozitordıń niyetine múnásip baha beriw ushın muzıkanıń qalay jaratılǵanın túsiniw, tek teoriyalıq jaqtan bilimli bolıw emes, al kompoziciya nızamları haqqında aqırınsha elementar túsiniklerge iye bolıw kerek. Dóretiw tiykarında biz kompozitordıń muzıkalıq pikirin tasıwshı sıpatındaǵı namalardı hárqashan ajıratıp kóremiz. Muzıka teoriyası namalardı muzıkalıq tildiń ayrıqsha parametrleri menen baylanıslı elementlerge emes, al onıń bir pútin túsinilgen birliklerine ajıratıw áhmiyetli ekenligin kórsetedi. Bul birliklerdiń – melodikalıq intonaciyalardıń namalardıń konstruktivlik tiykarı sıpatındaǵı rolin sáwlelendiriw imkaniyatları teoriyası anıqlastıradı. Onıń oraylıq qaǵıydalarına muwapıq, Evropa muzıkalıq tilinin tiykarın onıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı dawamında anıqlastırılǵan ayırım melodikalıq-ritmikalıq aylanıslar, intonacion-janrlı komplekslerdi quraydı. Sonıń menen birge, olar belgili bir mazmunlı ózara tásir etkende ǵana obrazlı-kórkem planda anıqlasadı. Sonlıqtan, atqarıwshı tárepinen melodikalıq-ritmikalıq aylanıslardıń qásiyetin hám tásir etiw imkaniyatların tereń túsiniw ushın olardıń quramın biliw áhmiyetli. Bul birlemshi intonaciyalıq-janrlı komplekslerdiń motiv-tematikalıq dúzilistegi anıq ózgesheliklerin anıqlaw, olar menen basqa da kórkemlik qurallarınıń óz ara tásirlesiwiniń xarakterli ózgesheliklerin anıqlaw hám usı jol menen bir pútinliklerde jasırın bolǵan obrazlı-kórkem potencialdı tolıq, ózine tán ámelge asırıw imkaniyatın beredi. Sonıń ushın temanı tek ǵana usı shıǵarmanıń hám onıń forması payda bolıwınıń tiykarın «prezentaciyalawshı» sıyaqlı eń jarqın, jeńil este qalıwshı bólim sıpatında qabıl etiw emes, al «temada, tematikalıq yadroda hám melodikalıq procestiń basqa da baslanǵısh dárejelerinde birinshi gezekte tematikadan aldınǵı muzıkalıq obraz, shıǵarmanıń kórkemliligin kórsetedi. B.V.Asafev muzıkalıq shıǵarmanıń pútinligin hám organikalıqlıǵınıń belgisi sıpatında «úsh intonaciyalıq turaqlılıq: usı shıǵarmanı payda etken dáwir hám xalıqtıń kórsetkishli intonaciyalıq mazmunı, «jeke qol jazıwı» – usı kompozitordıń muzıkasına tán intonaciyalar turaqlılıǵı... hám pikir, ideya, baǵdarlama, syujet, psixikalıq tonustan payda bolǵan intonaciyalardı kóremiz. Bul sazende-atqarıwshınıń intonacion mádeniyatınıń rawajlanıw dárejesin, potencialın az dárejede belgileytuǵın intonacion turaqlılıqlar bolıp esaplanadı. Intonacion turaqlılıqlardı túsiniwden basqa, bayanist muzıkalıq shıǵarmanı ózlestiriwde úsh basqıshtan ótiwi kerek. O.Shulpyakov «Kórkem shıǵarma ústinde islew hám atqarıwshınıń muzıkalıq pikirlewdi qáliplestiriw» kitabında olardı «tekst,» «tómengi tekst» hám «ústeme tekst» dep belgileydi. «Tekst» kompozitordıń

shaxsın, onıń ruwxıy umtılısların kóriw imkaniyatın beretuǵın nota tekstiniń barlıq bólimlerin tereń biliwdi talap etedi. Dóretiwshi shıǵarmasınıń naǵısları, variantları, kompozitordıń dóretiwshilik shıǵarmanıń maqseti haqqındaǵı pikirleri, «dóretiwshilik koncepciyası, sonıń ishinde, tariyxıy, kórkemlik hám basqa baylanıslar hám qatnasıqlar, sonıń ishinde, sociallıq baylanıslar»dı kórsetedi. Muzıkalıq teksttiń zárúr qásiyeti de ózinshe kórkem logika bolıp, onısız shıǵarmanı haqıyqıy oqıw múmkin emes. «Tekst,» óziniń barlıq sıyımlılıǵı hám ondaǵı maǵlıwmatlardıń áhmiyetine qaramastan, óz-ózinen bar bolmaydı, al ózi menen úzliksiz baylanısqan hám ashılıp atırǵan strukturalar: «tómengi tekst» hám «ústeme tekst»ke «túsirilgen». Tekst ústine kóplegen faktorlardan: atqarıwshınıń jeke tájiriybesi, onıń turmıslıq tásirleri, sezimleri, onıń jumısınıń tıńlawshıǵa qaratılǵanlıǵı hám zárúr associaciyalardı oyatıwı, kompozicioner tárepinen shıǵarmaǵa «tartılǵan» turmıslıq materialdı ańlawdan dóretiwshilik maqsetlerde paydalana alıwı sıpatında háreket etedi. Óz gezeginde, tekst ústi – bul meta dáreje. Bul jerde insan oy-pikiriniń joqarı dárejeleriniń logikalıq dárejeleri, kompozitor hám atqarıwshınıń dúnya sezimi, olardıń dúnyaǵa kózqaras poziciyaları, ideyalıq-estetikalıq tiykarları jámlengen. Demek, eger biz atqarıwshılardıń dóretiwshilik oy-pikirin tárbiyalawdı qálesek, olardıń intonacion mádeniyatın belgilep beretuǵın bolsaq, onda muzıkalı shıǵarmanıń ideyalıq-obrazlı mazmunın tolıq kórkem túsiniw kónlikpelerin tárbiyalawdan baslawımız kerek, ol muzıkalı «tekst,» hám tekst ústine ózlestiriw arqalı júz beredi. Bayanisttiń intonaciya mádeniyatınıń jáne bir áhmiyetli tárepi muzıkalıq rawajlanıw nızamlılıqların túsiniw menen baylanıslı. Bul kompozitorlar tárepinen qollanılatuǵın hám shıǵarmanıń individual ózine tánligin támiyinleytuǵın túsinik qurallarınıń kompleksli ózara tásirin talıqlaw bolıp esaplanadı. Shıǵarmanın orınlaw bólimi – instrumental-atqarıwshılıq quralları hám intonacion-atqarıwshılıq texnikasınıń usılların qollanatuǵın muzıkanıń xarakterli ózgesheliklerin stilistikalıq jaqtan durıs tákirarlawǵa járdem beretuǵın usınday shólkemlestiriw usıǵan baylanıslı. Izbe-iz rawajlanıp atırǵan pikirlewdiń ólshemi, demek, sazende mádeniyatınıń kórsetkishi, atqarıwshınıń keleshektegi talqılaw ideyasın jarata alıw qábileti bolıp esaplanadı. Kollektiv atqarıw ámeliyatınıń jetiskenliklerin esapqa alǵan halda, óziniń qatnasındaǵı jetekshi ideyanı isenimli dálillewler járdeminde qáliplestire aladı. Usı múnásibet penen tek bir mısal keltireyik. I.Gofman sabaqta óz oqıwshıların eń kútilmegen hám júdá «quramalı» jerlerde: «Ne ushın siz bul epizodtı basqasha shertpey, sonday shertip atırsız hám bunnan keyin ne islew niyetindesiz?» dep toqtatıp qoyadı. «Atqarıw waqtında,-dep esleydi pianinoshı A. Chezins, – ol meni bárqulla, hár minutta qay jerde ekenimdi, qay jerden kelgenimdi, qay jerge baratırǵanımdı biliwge hám óz niyetlerimdi anıq belgilep alıwǵa májbúr etetuǵın edi.» Solay etip, tek ǵana pútkil muzıkalıq

shıǵarmanıń emes, al onıń ayrıqsha epizodlarınıń da intonaciyalıq-ekspressiv mánisin túsiniwge imkaniyat beretuǵın, atqarıwshıǵa shıǵarmanıń tiyisli estetikalıq bahasın beriwge uqıplı bolǵan belgili poziciya qáliplesiwi kerek. Bayanisttiń intonaciyalıq mádeniyatınıń joqarıda kórsetilgen ólshemleri oqıtıwdıń barlıq basqıshlarında olardı rawajlandırıw hám jetilistiriw zárúr ekenligin aytıwǵa múmkinshilik beredi. Intonaciya mashqalası júdá quramalı. Onı sheshiwde tómendegi principlerdi qollanıw talap etiledi, olarsız intonacion mádeniyattı arttırıwǵa xızmet etetuǵın kónlikpelerdi iyelew múmkin emes.

1. Intonciyanıń diatonikalıq mánisin óz ishine alıw, barlıq kemeyttirilgen hám keńeytilgen intervallardıń tuwındımlı xarakterin óz ishine alıw, diatonikalıq hám xromatikalıq yarım tonlar arasındaǵı, sonday-aq, engarmonikalıq sesler arasındaǵı ayırmashılıq, garmoniyanıń melodikalıq tábiyatın óz ishine alıw baynachi atqarıwshıǵa instrumenttiń intonacion tómenligin kórsetedi.

Motivtiń aytılıwınıń túsinikliligi anıq kórinetuǵın mısal keltirip ótemiz:

Úsh ses formalı túrde taza kvarta intervalı bolmagan major interval payda etedi.

Birinshi hám úshinshi sesler arasındaǵı kvarta ramka kishi terciyanıń hám úlken sekundanıń qosılıwı nátiyjesinde payda boladı. Sonıń menen birge, songısı kúshli takt waqtında jaylasqan úsh sesten ibarat bolǵan pútkil motiv úlken sekunda hám kishi terciyadan quralǵan kórinbey turatuǵın kvarta sıyaqlı, aralıq seske iye kvarta sıyaqlı qabıl etiledi. Bunday túsinikte eń áhmiyetlisi oydaǵı kvarta, keyin úlken sekunda hám úshinshi gezekte kvarta hám úlken sekunda arasındaǵı ayırmashılıqlar sıpatında avtomatikalıq túrde payda bolatuǵın kishi terciya boladı.

2. Ásbaptıń konstruktivlik ózgesheliklerin biliw principi. Bayandaǵı intonaciyalawǵa tásir etiwshi konstruktivlik ózgesheliklerge tómendegiler kiredi: ásbapıń belgilengen dawıs biyikligine iye temperirlengen dúzilisi, joqarı hám eń tómengi registriniń tembralıq bezegi, orta registrtiń shetki registrlerden anıq dinamikalıq ústinligi, akkordtaǵı ayırım seslerdiń, dawıslardıń toyınǵan fakturadaǵı differenciallasqan intonaciyasınıń sheklengenligi, monodinamikalıq túrlerin bilemiz. Bunday ózgesheliklerdi biliw atqarıwshıǵa ol yaki bul shıǵarmanı sawatlı túsiniwge járdem beredi, bir qurallardıń jeterli emesligin basqa qurallar menen tolıqtırıw, kompensaciyalaw qábiletin rawajlandıradı.

3. Saz ásbap atqarıwshını durıs jolǵa qoyıw. Bayandaǵı ses sapasınıń máseleleri tikkeley atqarıwshını durıs jolǵa qoyılıwı menen baylanıslı bolıp, atqarıwshınıń keleshektegi nátiyjeleri hám, óziniń kórkem niyetlerin erkin bildiriw imkaniyatı oǵan baylanıslı Saz ásbaptı durıs uslaw tiykarınan anıq atqarılıp atırǵan

muzıkanıń xarakterine, saz ásbabınıń konstruktivlik ózgesheliklerine, sonday-aq, atqarıwshınıń óziniń psixologiyalıq hám anatomiyalıq-fiziologiyalıq ózgesheliklerine baylanıslı boladı. Tek tábiyiy, erkin háreketler ǵana mazmunlı ton tuwdıradı, tek ǵana jeńil oyın apparatı muzıkalıq intonaciyalardıń kórkemligine sezgirlik penen múnásibet bildiriwge uqıplı. Sonıń ushın pedagog bayanist stuldıń biyikligin, ásbaplardıń ornatılıwın, oynap atırǵan adamnıń qollarınıń jaǵdayın bárqulla baqlap barıwı zárúr. Olardıń hárbiri atqarıwdıń sapasına tásir etetuǵın atqarıwshı aytıw quralları haqqında aytıp ótiw kerek. Mısalı, durıs tańlanǵan túshe, shtrixlar, tush, temp, metr, ritm, belgili bir applikaturalıq principler tıńlawshıǵa anıq obrazlı mánisti jetkeriwge járdem beredi. Muzıkalıq rawajlanıw procesine kirisip, bul komponentler ózara belgili bir qatnasıqqa kiredi hám muzıkanıń usıl ózgeshelikleri hám shıǵarma logikası nátiyjesinde determinlestirilgen boladı. Solay etip, atqarıwshı ushın hár qıylı usıllardaǵı muzıkanıń tonologiyasındaǵı atqarıw túsinikleriniń usı qurallarınıń óz ara tásiri xarakterin biliw áhmiyetli. Bayanisttiń intonacion mádeniyatı joqarı ekenliginin áhmiyetli kórsetkishi onıń intonacion esitiwin tárbiyalaw bolıp esaplanadı. «Esitiwge úyretiw, qulaqtı tárbiyalaw, oqıwshıda intonaciyalıq názik esitiwdi rawajlandırıw – pedagog-muzıkanttıń birinshi wazıypası, onıń jumısınıń ótkir ózegi usı,»-deydi G.M.Kogan haqıyqıy joqarı, dóretiwshilik pedagogikanıń ózgermeytuǵın isenimin kóremiz. Muzıkanı shın mánisinde esitiw – tonlar arasındaǵı sáwlelendiriwshi qatnasıqlardı biliw. Hárbir nama bir-biri menen úzliksiz baylanısqan intervallar – «eń kishi intonaciyalıq kompleksler» (Asafev) dizbeginen ibarat. Muzıkalıq hárekettiń rawajlanıw procesindegi melodikalıq interval – bul bárqulla qandayda bir ses aralıǵın jeńip ótiwde payda bolatuǵın kernewdiń ol yaki bul dárejesi bolıp tabıladı. Intervaldı atqarıwshı tárizde aytıw, onıń qayısqaqlıǵın, qarsılıq kórsetiwshiligin, psixologiyalıq salmaqlılıǵın seziw mazmunlı melodikalıq bildiriwdiń zárúr shárti bolıp esaplanadı. Asafev bunı qosıq aytıw dárejesi, intervallardıń vokal salmaqlılıǵı, talap etiletuǵın kúsh, dem alıw kúshi, kúsheyiw dárejesi menen ólshenetuǵın tonlar arasındaǵı oylanatuǵın keńisliktiń ses beriliwi dep atadı.

Sezgir intonacion esitiwdiń rawajlanıwına tómendegiler járdem beredi:

1. Gáptiń «ishki energiyası»n anıqlaw boyınsha jumıs: onıń baslanıwı, kóteriliwi, kulminaciyası, páseyiwin anıqlaw.

2. Sezuranıń emocional-semantikalıq rolin anıqlaw.

3. Polifoniyada: hárbir sestiń melodikalıq ǵárezsizligin túsiniw; basqa dawıslardı saz ásbabında shertiw menen bir waqıtta dawıslardıń birewin dawıslap yamasa ózińshe aytıw.

4. Muzıkalıq shıǵarmanı barlıq garmoniyalıq modifikaciyalar, ses strukturalarınıń almastırılıwı-almastırılıwına kúshli, intensiv tıńlaw menen birge

áste tempte atqarıw. Intonaciyalawdıń tiykarǵı shárti sazende túsinik hám kózqarastı qáliplestiriwdiń ayrıqsha tártibi yaki basqasha aytqanda, ishki intonaciyalaw bolıp tabıladı. Dáslepki esitiw, sol waqıtta atqarıwshınıń esitiw pikirleri barmaqların aldın aladı, úzliksiz túrde jańa ses kórinislerin tayarlaydı, muzıkanıń intonacion mánisin rawajlandırıwda gorizontal háreketin támiyinleydi. Aktiv ishki esitiwdiń qáliplesiwine esitiw arqalı tańlap alıw hám betten oqıw sıyaqlı jumıs usıllardan paydalanıw kerek. Maman pedagog-muzıkant tárbiyasında intonaciya mádeniyatınıń áhmiyetli ekenligin kórip shıǵıp, tómendegi juwmaqqa keliw kerek: Intonaciya mádeniyatı sazende-bayanist atqarıw mádeniyatınıń eń áhmiyetli bólegi bolıp esaplanadı. Ol túrli, biraq ózara tıǵız baylanısqan – estetikalıq, teoriyalıq, psixofiziologiyalıq, instrumental-texnologiyalıq komponentlerdiń keń kólemin óz ishine aladı. Muzıkalıq esitiwdi rawajlandırıw, arnawlı muzıka-teoriyalıq bilimler menen bir qatarda emocional hám turmıslıq tájiriybe toplaw, bayanistnıń intonaciyalıq mádeniyatın qáliplestiriwdiń barısın belgileytuǵın principlerdi qollanıw - muzıka materialın intonaciyalıq túsiniwge, bayanisttiń intonaciyalıq mádeniyatın arttırıwǵa járdemlesetuǵın tiykarǵı teoriyalıq qaǵıydalardan ibarat.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Асафьев Б.В. Музыкальная форма как процесс. Кн. 1 и 2. – Л., 1971.
2. Берлянчик М.М. Основы учения юного скрипача: Мышление, Технология, Творчество: Монография/РАМ им. Гнесиных. Магнитог. Гос. Муз-пед. ин-т. - М., 1993.
3. Егоров Б. Общие основы постановки при обучении игре на баяне // Баян и баянисты. Сб. статей. Часть 2. Общ.ред. Ю.Акимова. – М.: Советский композитор, 1974.
4. Каузова А. Г. Музыкальный слух//Теория и методика обучения на фортепиано: Учеб.пособие для студ. высш. учеб. заведений/Под общ. Ред. А.Г. Кагузовой, А.И. Николаевой. – М.: ВЛАДОС, 2001.
5. Малинковская А.В. Фортепианно-исполнительское интонирование: Проблемы художественного интонирования на фортепиано и анализ их разработки в методико-теоретической литературе 16-20 веков: Очерки. - М.: Музыка, 1990.
6. Переверзев Н.К. Исполнительская интонация. - М.: Музыка, 1989.
7. Ручьевская Е. Функции музыкальной темы. – Л., 1977.
8. Чинаев В.П. Выразительность, личность, стиль в искусстве прошлого и современности//Современные проблемы музыкального исполнительства/Под ред. О.Д.Степанидиной и Ю.М.Чебукова, Изд-во Саратовского университета, 1987.

9. Шульпяков О.Ф. Работа над художественным произведением и формирование музыкального мышления исполнителя. - СПб.: Композитор, 2005.

MUSTAQILLIK YILLARIDA QORAQALPOG‘ISTONDA SAN’AT TA’LIMINI RIVOJLANTIRISHNING NAZARIY-METODOLOGIK ASOSLARI

B.Rajapbaev – *assistent o‘qituvchi*
O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali

Mustaqillikning dastlabki yillaridan boshlab bizning davlatimiz mutaxassislar tayyorlashning ilg‘or jahon tajribasini keng jalb etishni boshladi. Va, eng avvalo, bevosita O‘zbekistonning o‘zida yuqori sifatli ta’lim uchun sharoitlar yaratildi. Xalqimiz madaniy me’rosining ajralmas qismi bo‘lgan milliy san’at ózining qadimiy tarixi, teran falsafiy ildizlari, betakror badiiy uslubi va boy ijodiy an’analari bilan ma’naviy hayotimizda alohida muhim o‘rin egallaydi. Asrlar davomida ulug‘ shoir va olimlar, mohir bastakorlar, hofiz va sozandalarning mashaqqatli mehnati va fidoiyligi, ijodiy tafakkuri bilan sayqal topib kelayotgan ushbu noyob san’at nafaqat yurtimiz va sharq mamlakatlarida, balki dunyo miqyosida katta shuhrat va e’tibor qozongan. Qoraqalpoq xalqining o‘ziga xos milliy madaniyati va san’ati tarixini chuqur o‘rganish hamda ulardan hozirgi zamon ta’lim-tarbiya tizimida maqsadga muvofiq foydalanish muhim vazifalar hisoblanadi. Chunki o‘tmishdagi va bugungi ilg‘or tajribalar milliy san’atni yanada rivojlantirishga, ta’lim va tarbiya tizimini takomillashtirishga yordam beradi. San’at ta’limi professional ijodiy kadrlar tayyorlashni, yoshlarni estetik tarbiyalashni, aholi o‘rtasida madaniy-ma’rifiy ishlarni va boshqa ko‘p narsalarni o‘z ichiga oladi. U barcha tasviriy san’atlarni, shuningdek musiqa, teatr, tarix, pedagogika, adabiyotlarni birlashtiradi. Shu sabab, yurtimiz Prezidenti san’at ta’limining rivojlanishi borasida bir necha qaror va farmonlar chiqargan, shulardan; Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyevning 2018 yil 28 noyabrdagi PQ-4038-son qaroriga asosan 2019-2020 yillarda O‘zbekiston Respublikasida milliy madaniyatni yanada rivojlantirish kontseptsiyasini amalga oshirish bo‘yicha «YO‘L XARITASI» tuzilgan, unda: Moddiy va nomoddiy madaniy me’ros hamda muzeylar sohasi, teatr, kino va tsirk sohasi, milliy musiqa, raqs va estrada san’ati sohasi va tasviriy va amaliy san’at sohalarini yanada takomillashtirish haqida ko‘rsatmalar berilgan. [1]. Qoraqalpog‘iston Respublikasi ixtisoslashtirilgan san’at maktab-internati O‘zbekiston Badiiy Akademiyasi tasarrufidagi Qoraqalpog‘iston Respublikasi

ixtisoslashtirilgan san’at maktabi O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 1997 yil 23 yanvardagi «O‘zbekiston Badiiy Akademiyasini tashkil etish to‘g‘risida»gi Farmoni, Vazirlar Mahkamasining 1997 yil 11 martdagi 131-sonli qaroriga binoan Qoraqalpog‘iston Respublikasi Vazirlar Kengashining 1997 yil 11 avgustdagi 198/8-sonli qarori asosida A. Xalilov nomidagi musiqa maktabi bazasida Qoraqalpog‘iston Respublikasi Vazirlar Kengashining 1998 yil 17 avgustdagi 2-6/7-sonli qaroriga muvofiq 1998-1999 o‘quv yilidan boshlab Qoraqalpog‘iston rassomchilik va amaliy san’at lisey-internati negizida tashkil etildi. 1998 yili 12 avgustda Qoraqalpog‘iston Respublikasi Vazirlar Kengashining 240/7-sonli qarori asosida lisey-internatiga aylantirildi. Qoraqalpog‘iston Respublikasi ixtisoslashtirilgan san’at maktab-internati O‘zbekiston Badiiy akademiyasi tizimidagi san’at sohasidagi tasviriy san’at, amaliy san’at, dizayn hamda musiqa ijrochiligi yo‘nalishlari bo‘yicha mutaxassis tayyorlaydigan ta’lim muassasasi hisoblanadi. 2019 yildan boshlab Nukus ixtisoslashtirilgan san’at maktabi deb yangi tahrirda nomlandi. [2] 1997-1998 o‘quv yilida 4 ta sinfda 86 nafar o‘quvchi tasviriy san’at yo‘nalishi bo‘yisha ta’lim olgan bo‘lsa, yildan-yilga o‘quvchilar hamda yo‘nalishlar soni ortib hozirgi kunda tasviriy san’at va amaliy san’at hamda dizayn yo‘nalishlari bo‘yicha mazkur o‘quv yilida 304 nafar o‘quvchilar ta’lim olmoqda. 2021/2022 o‘quv yilidan Qoraqalpog‘iston Respublikasi Vazirlar Kengashining 2021 yil 25 avgustdagi 50-13-0-F/21-son Farmoyishiga hamda O‘zbekiston Badiiy akademiyasi raisining 2021 yil 26 avgustdagi I-115-son buyrug‘iga asosan Qoraqalpog‘iston Respublikasi ixtisoslashtirilgan san’at maktab-internatiga aylantirildi. Belgilangan maqsad va vazifalarni amalga oshirish borasida Qoraqalpog‘iston Respublikasi ixtisoslashtirilgan san’at maktab-internatida o‘quvchilarning har tomonlama kamol topishi ushun qo‘lay shart-sharoitlar, shu jumladan, o‘quvchilarning o‘z ustida yakka tartibda ishlashi va qo‘shimcha bilim olishi ushun imkoniyatlar yaratilgan. Shuningdek, komil inson faoliyatining shartlaridan biri shaxsning badiiy rivojlanishi bo‘lib, u bir tomondan insonning ma’naviy madaniyatiga, boshqa tomondan uning ijodiy qobiliyatlarini ro‘yobga chiqarishga ta’sir qiladi. Shaxsni badiiy rivojlantirish umuminsoniy qadriyatlarni avloddan avlodga o‘tkazish usuli bo‘lib, ularni qabul qilish va takrorlashda sub’ektning axloqiy va o‘z-ózini ijodiy rivojlantirish jarayoni amalga oshiriladi. Badiiy ta’lim atrofdagi dunyoni qabul qilish madaniyatini shakllantirishga, shaxsning ózini va haqiqatni o‘rganish qobiliyatini rivojlantirishga qaratilgan. Ta’lim va madaniyat bir-biriga bevosita bog‘liq. Agar ta’lim shaxsning madaniyati bo‘lsa, san’at ta’limi shaxsning badiiy madaniyati bo‘ladi. Badiiy ta’lim uzoq davom etadigan va tugallanmagan jarayon. U har doim ham o‘rtacha natijaga ega, lekin shuni aytish múmkinki, shaxsning badiiy madaniyatining o‘sishi jamiyatning

madaniy salohiyatining o‘sishini belgilaydi. Ushbu fikrlarni hisobga olgan holda Prezidentimizning 2020 yil 21 apreldagi PQ-4688 son qarori qabul qilindi. Qarorga asosan tasviriy va amaliy san’at sohalarida milliy me’rosimizni tiklash, Kamoliddin Behzodning boy ijodiy me’rosini xalqimizga to‘la etkazish, soha rivojiga katta hissa qo‘shgan atoqli rassom va xalq ustalari xotirasini abadiylashtirish, ijodiy yo‘nalishda oliy o‘quv yurtidan keyingi ta’limni tashkil etish, kadrlarni qayta tayyorlash va malakasini oshirish hamda mamlakatimizda tasviriy va amaliy san’at hamda dizayn sohasi samaradorligini yanada oshirish maqsadida, O‘zbekiston Badiiy akademiyasi huzurida: Badiiy ta’lim yo‘nalishlaridagi pedagog va mutaxassis kadrlarni qayta tayyorlash hamda ularning malakasini oshirish markazi (keyingi o‘rinlarda -Markaz); oliy o‘quv yurtidan keyingi ta’lim tizimida tayyorgarlik bosqichi sifatida Rassomlik mahorat ustaxonasini (oliy rassomlik kursi) (keyingi o‘rinlarda - Rassomlik mahorat ustaxonasi) tashkil etish va asosiy vazifalari etib, davlat oliy va professional ta’lim muassasalari, ixtisoslashtirilgan san’at va madaniyat maktablari hamda maktab-internatlari, bolalar musiqa va san’at maktablarining tasviriy va amaliy san’at, dizayn, san’atshunoslik hamda muzeyshunoslik yo‘nalishlari (keyingi o‘rinlarda-badiiy ta’lim yo‘nalishlari) bo‘yicha pedagog va mutaxassis kadrlarni qayta tayyorlash hamda ularning malakasini oshirish;

iqtidorli yosh professional san’at namoyondalarining bilim va ko‘nikmalarini rivojlantirishga yo‘naltirilgan o‘qitishning zamonaviy shakl va uslublari, samarali pedagogik texnologiyalar, elektron axborot resurslaridan keng foydalangan holda ta’lim jarayonining yuqori darajada olib borilishini ta’minlash;

o‘quv jarayoniga zamonaviy pedagogik va axborot-kommunikatsiya texnologiyalarini keng joriy etishni hisobga olgan holda qayta tayyorlash va malaka oshirish kurslarining o‘quv rejalari va dasturlarini tizimli ravishda takomillashtirish;

badiiy ta’lim yo‘nalishlaridagi pedagog va mutaxassislarni qayta tayyorlash va malakasini oshirish kurslarining o‘quv-metodik bazasini shakllantirish va faoliyatini muvofiqlashtirish hamda ularga tashkiliy-metodik rahbarlikni amalga oshirish belgilangan.

Rassomlik mahorat ustaxonasining asosan, tasviriy san’at asarlarining yuksak sifatini ta’minlash, tasviriy san’at ijodkorlarining salohiyatini to‘laqonli yuzaga chiqarish;

«ustoz-shogird» va badiiy ta’lim an’analarini saqlagan holda o‘qitishning ilg‘or usullarini ishlab chiqish va o‘quv jarayoniga ijodiy ustaxonalar faoliyatini tatbiq etish;

tasviriy san’at yo‘nalishlarida (dastgohli, grafika, mahobatli, miniatyura, haykaltaroshlik) faoliyat olib borayotgan iste’dodli ijodkorlarni saralab olish, ularning estetik saviyasi va mahoratini yuksaltirish;

san’at asarlarida milliy va umuminsoniy an’analarning yuksak darajada ifoda etilishiga erishish;

chet ellardagi ko‘rgazma va muzeylarda saqlanayotgan noyob asarlar bilan yaqindan tanishish, nusxa ko‘chirish hamda tajriba almashish maqsadida xorijiy mamlakatlarga oliy rassomlik kursi yosh ijodkorlarining ijodiy safarlarini tashkil etish;

yurtimiz muzeylari fondlarini yuksak badiiy qiymatga ega bo‘lgan tasviriy san’at asarlari bilan muntazam boyitib borishga ko‘maklashish vazifalari belgilangan. Shuningdek, keng dunyoqarashga ega, yuksak estetik did va axloqiy tarbiyaga ega ijodkor yoshlarni tarbiyalashga qaratilgan. [3] Musiqa inson hissiyotiga kushli ta’sir ko‘rsatish imkoniyatiga ega, o‘quvchilarni nafosat olamiga olib kirish va axloqiy-g‘oyaviy tarbiyalashning muhim vositasi sifatida xizmat qiladi. Dunyo tajribasidan ma’lumki, musiqiy tarbiyani to‘g‘ri olgan o‘quvchi-yoshlarning qalbida yovuzlik, vatanfurushlik, sotqinlik, xiyonatkorlik kabi illatlar bo‘lmaydi. Bolalikda, yoshlikda olingan musiqiy ta’lim har tomonlama etuk shaxsni tarbiyalashda uning ijodiy qobiliyatini o‘stiradi hamda aqliy va ma’naviy etukligiga xizmat qiladi. Musiqiy ta’lim kishining erkin muloqot, mustaqil fikrlash, jamoatchilik ichida faollik xususiyatlarini oshiradi. O‘quvchilarning qalblarini quvonchga san’atdan olinadigan shavq va zavqqa to‘ldiradi. Bu eng muhim omil-musiqaning mo‘jizasidir. Yoshlarga ilk bor musiqiy ta’lim berish va musiqa san’ati orqali axloqiy-estetik jihatdan tarbiyalab borishda musiqa san’at maktablarining roli juda katta. Shu sabab Prezidentimizning 2017 yil 31 maydagi PQ-3022 son qarori qabul qilingan. Qarorda madaniyat va san’at yo‘nalishidagi ta’lim muassasalarining malakali kadrlar va mutaxassislarga bo‘lgan talab va ehtiyojlarini o‘rganish, bu borada kadrlar tayyorlash, qayta tayyorlash va ularning malakasini oshirishning samarali tizimini yaratish, zamonaviy ilg‘or tajribalardan foydalanish, dunyoning mashhur musiqachilari, bastakorlari ishtirokida ijodiy uchrashuvlar, mahorat darslari tashkil etish, madaniyat va san’at yo‘nalishidagi ta’lim muassasalarini o‘quv dasturlari va notalar, o‘quv qo‘llanma va darsliklar, ilmiy-metodik adabiyotlar bilan ta’minlash; O‘zbekistonning yuksak madaniyati va san’atini xalqaro maydonda yanada keng targ‘ib etish, xalqaro ko‘rik-tanlov va festivallarda mamlakatimiz vakillarining ishtirokini kuchaytirish, Samarqand shahrida o‘tkaziladigan «Sharq taronalari» xalqaro musiqa festivali nufuzini yanada oshirish, boshqa turli tadbirlarda chet ellik madaniyat va san’at namoyandalari keng qatnashishlarini ta’minlash, xalqaro ilmiy-amaliy anjumanlar tashkil etish, sohaga

zamonaviy axborot-kommunikatsiya texnologiyalarini joriy etish va ulardan samarali foydalanish haqida yo‘l-yo‘riq ko‘rsatildi [4] va Prezidentimizning 2018 yil 24 iyuldagi PQ-4038-son qarorida xalq ijodiyoti va badiiy havaskorlik san’atini saqlab qolish va rivojlantirish, badiiy va amaliy ijodiy jamoalar, havaskorlik guruhlarini tashkil etish va ularning faoliyat yuritishi uchun qulay shart-sharoit yaratish hamda ijodiy jarayonni tizimli ravishda boyitib borish; bolalarni to‘garaklarga jalb etish, xorijiy tillarni o‘rganish va «nutq madaniyati» bo‘yicha kurslarni tashkil etish, xalq ijodiyotining barcha janr va yo‘nalishlari, havaskorlik san’ati va nomoddiy madaniy me’rosni keng targ‘ib qilish hamda ularni asl holicha kelajak avlodga etkazish; adabiyot hamda san’at arboblari va professional ijodiy guruhlar bilan ma’naviy-ma’rifiy, madaniy-ommaviy tadbirlar tashkil etib, ular ishtirokida aholi, xususan, yoshlar bilan bevosita badiiy uchrashuvlar va davra suhbatlarini o‘tkazish;

teatr, kino va tsirk sohasida: zamonaviy pyesalar, milliy mumtoz, jahon klassik asarlari asosida teatrlarning uzoq muddatli repertuarini shakllantirish, teatrlarning mahalliy va xorijiy davlatlardagi gastrol’ faoliyatini tizimli amalga oshirish; tarixiy shaxslar, zamonamiz qahramonlari obrazlarini yaratish, teatr va kino asarlarining g‘oyaviy-badiiy darajasini ko‘tarish, xalqaro maydondagi raqobatbardoshligini oshirish, teatr va kino tanqidchiligini kuchaytirish;

xalqimiz, ayniqsa, yoshlar qalbida milliy istiqlol g‘oyalariga sadoqat, milliy va umumbashariy qadriyatlarga hurmat, ona Vatanga muhabbat, buzg‘unchi g‘oyalarga qarshi immunitetni yanada kuchaytirishda teatr va kino san’atining rolini oshirish; milliy kino mahsulotlarini keng targ‘ib qilish va ularning xalqaro kinofestivallarda munosib o‘rin egallashiga erishish;

tarixiy haqiqat va real voqelikni yorqin aks ettiruvchi hujjatli va ilmiy-ommabop filmlar yaratish tizimini takomillashtirish;

tsirk dasturlarining badiiy saviyasini oshirish va tomoshabinlar qamrovini kengaytirish, xalqaro maydonda milliy tsirk san’ati nufuzini yanada yuksaltirish; aholining tsirk tomoshalariga qiziqishini inobatga olib, ko‘chma tsirklar faoliyatining samaradorligini oshirish, tsirklarda xavfsizlik choralarini kuchaytirish; teatr, kino va tsirk muassasalarining moddiy-texnik bazasini zamon talablari asosida mustahkamlash va jihozlash;

milliy musiqa san’ati sohasida: avloddan-avlodga o‘tib kelayotgan milliy musiqa me’rosimizni asrab-avaylash, yangi sharoitlarda rivojlantirish va ulardan xalqimizni bahramand qilish uchun keng imkoniyatlar yaratish; kompozitor, bastakor va sozandalar faoliyatini qo‘llab-quvvatlash, havaskorlar orasidan iste’dodli ijrochilarni aniqlash maqsadida turli darajadagi ko‘rik-tanlovlarni

o‘tkazish, an’anaviy musiqa janrlarini yangi shart-sharoitlarda rivojlantirish maqsadida «ustoz-shogird» an’anasini yanada rivojlantirish;

milliy va jahon kompozitorlari ijodiyotini insoniyat intellektual xazinasi sifatida xalq orasida keng targ‘ib qilish, zamonaviy ruhda yuksak badiiy asarlar yaratish, katta musiqiy asarlar, jumladan opera, simfoniya, kontsert va oratoriya kabi mumtoz janrlarni rivojlantirish; yosh kompozitorlar, bastakorlar, musiqashunoslar va ijrochilarning ijod bilan samarali shug‘ullanishlari uchun barcha imkoniyat va sharoitlarni kengaytirish; O‘zbekiston davlat filarmoniyasi tarkibidagi badiiy jamoalar ijrosidagi musiqiy asarlarning badiiy va tarbiyaviy ahamiyatini yuksaltirish hamda xalqning, ayniqsa, yoshlar orasida keng targ‘ib etish;

milliy estrada san’ati sohasida: milliy qadriyatlar asosida estrada qo‘shiqchilik san’atini yanada rivojlantirish va targ‘ibotini kuchaytirish; iste’dodli estrada xonandalarini aniqlash va ularning ijodiy faoliyatini qo‘llab-quvvatlash tizimini takomillashtirish;

milliy raqs san’ati sohasida: milliy raqs san’atining rivojlanish bosqichlarini ilmiy jihatdan chuqur o‘rganish, jahon madaniyatida tutgan o‘rnini mustahkamlash va uning yangi namunalarini yaratish;

«ustoz va shogird» an’anasi asosida milliy raqs sohasidagi etuk raqs ustalari, iste’dodli va yuqori malakali ijrochilarning raqs maktablarini yaratish, ularning uslublarini tiklash va rivojlantirish;

milliy raqs san’atining noyob me’rosini, shu jumladan milliy qadriyatlarni aks ettiruvchi sahna liboslarini saqlab qolish, tiklash va yangilarini yaratish; milliy va umuminsoniy qadriyatlar bilan uyg‘unlikda milliy raqs va xoreografiya san’atini badiiy jihatdan rivojlantirish;

avloddan avlodga noyob me’ros sifatida o‘tib kelayotgan jozibali raqs namunalarini to‘plash, boyitish, xalqimiz, ayniqsa, yosh avlod ongiga bu bebaho boyliklarga chuqur hurmat va havas tuyg‘ularini singdirish; mamlakatimizning barcha hududlaridagi raqs yo‘nalishlarini asrash, avaylash, xalqimizga estetik zavq bag‘ishlovchi zamonaviy raqs maktabini yaratish;

tasviriy va amaliy san’at sohasida: tasviriy va amaliy san’at, dizayn va xalq hunarmandchiligi sohalarida iste’dodli ijodkorlarni barvaqt aniqlash, ularni qo‘llab-quvvatlash, ijodkorlarning badiiy salohiyatini oshirish tizimini takomillashtirish; xalq ustalarining óziga xos uslubi va maktabini davom ettirish, atoqli madaniyat va san’at arboblari bilan tajriba almashishda «ustoz-shogird» an’anasidan samarali foydalanish, shuningdek ijodiy ustaxonalar faoliyatini kuchaytirish; xalq amaliy san’ati an’analarini saqlash va rivojlantirish uchun shart-sharoitlar yaratish, xalq hunarmandchiligini qo‘llab-quvvatlash kabi vazifalar berilgan. Ushbu vazifalarning

amalga oshirilishi madaniyatning ustuvorligiga urg‘u berish orqali jamiyat hayoti sifatining yanada yuqori darajasiga erishish, xalqimizda vatanparvarlik va milliy g‘urur hissini tarbiyalash, fuqarolarni ahil, ma’naviyatli, mas’uliyatli, mustaqil fikrlovchi, ijodkor shaxs sifatida shakllantirish, madaniyat sohasidagi xizmatlar bozorini kengaytirish imkonini beradi. [5] 2017 yil 17 noyabrdagi PQ-3391-son qarorida Maqom yo‘lida ijod qilgan ustoz san’atkorlar hayoti va ijodiga doir ommabop va maxsus ilmiy kitoblar, nota to‘plamlari va annotatsiyali nota albomlarni nashr etish, respublikamizdagi bolalar musiqa va san’at maktablari, madaniyat va san’at kollejlari va oliy o‘quv yurtlarida foydalanishlari uchun tarqatish, shu borada turli konferentsiya va seminarlar o‘tkazish; Abu Rayhon Beruniy nomidagi Sharqshunoslik institutida saqlanayotgan musiqaga oid qo‘lyozmalar ustida tadqiqot ishlarini olib borish va ularning natijalarini monografiya, kitob va to‘plamlar tarzida nashrga tayyorlash va chop etish; Abu Nasr Forobiy, Muhammad Xorazmiy, Abu Ali ibn Sino, Faxriddin Roziy, Safiuddin Urmaviy, Abdulqodir Marog‘iy, Abdurahmon Jomiy, Najmiddin Kavkabiy, Darvish Ali CHangiy, Abdurauf Fitrat, Bekjon Rahmon, Matyusuf Harratov, G’ulom Zafariy va boshqa allomalarning musiqaga oid risolalarini, jumladan, O‘zbekiston Respublikasi Fanlar aqademiyasi San’atshunoslik ilmiy tadqiqot instituti arxivida saqlanayotgan S. Urmaviyning «Kitab al-advar», Darvish Ali Changiyning «Risolai musiqiy» qo‘lyozmalarini nashrga tayyorlab chop etish; I.Rajabovning «Sharq musiqasi atamalarinint qisqacha izohli lug‘ati», «Maqom asoslari» qo‘lyozmalarini nashrga tayyorlab kitob holida chop etish kabi vazifalar berilgan. [6] O‘nib-o‘sib kelayotgan yosh avlodni umuminsoniy qadriyatlarga hurmat ruhida tarbiyalash, o‘quvchilarning ijodiy salohiyatini yanada keng ochib berish, o‘quvchi-yoshlar orasida ustoz saboqlari ijodiy maktab mashg‘ulotlarini davom ettirish hamda O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 31 maydagi «Madaniyat va san’at sohasini yanada rivojlantirish va takomillashtirishga doir chora-tadbirlar to‘g‘risida»gi PQ-3022-son, 2017 yil 15 avgustdagi «O‘zbekiston kompozitorlari va bastakorlari uyushmasi faoliyatini tashkil etish to‘g‘risida»gi PQ-3212-son qarorlari shuningdek, O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti Sh.M.Mirziyoevning O‘zbekiston ijodkor ziyolilari vakillari bilan 2017 yil 3 avgust kuni Toshkent shahrida bo‘lib o‘tgan videoselektor yig‘ilishida so‘zlagan nutqida belgilangan vazifalar ijrosini ta’minlash maqsadida O‘zbekiston Respublikasi Madaniyat vazirligi hamda O‘zbekiston kompozitorlari va bastakorlari uyushmasining 2017 yil 5 avgustdagi «20» q/q «70» sonli qarori qabul etildi. Qarorga asos Qoraqalpog‘iston Respublikasi Madaniyat vazirligi tasarrufidagi o‘rta maxsus ta’lim muassasalari (Nukus san’at va madaniyat

kolleji va Ellikqala san’at va pedagogika kolleji)ga O‘zbekistonning mashhur kompozitor va bastakorlari Muhammad Otajonov hamda Anatoliy Varelaslar biriktirildi. Mamlakatimizda mustaqillik yillarida xalqimizning yuksak badiiy ijodiyoti asosida yaratilgan nomoddiy madaniy me’ros durdonalarini asrab-avaylash, xalq og‘zaki ijodining qadimiy an’analarini tiklash va milliy qadriyatlarni izchil rivojlantirish, ijodiy uyushmalar hamkorligida baxshi va dostonchilar ijodining eng yaxshi namunalarini targ‘ib qilish borasida keng ko‘lamli ishlar amalga oshirilmoqda. Baxshichilik va dostonchilik san’atini rivojlantirish, baxshi-shoirlar ijodining o‘zbek madaniyati va san’atidagi o‘rni hamda ahamiyatini yanada oshirish, shuningdek, o‘quv-uslubiy adabiyotlar yaratish, baxshichilik va dostonchilik san’atini ommaviy axborot vositalari, internet tarmog‘i orqali mamlakatimizda hamda chet ellarda targ‘ib etish, ustoz baxshilar va dostonchilar, soha olimlari va mutaxassislari, iqtidorli yosh baxshilar hamda doston ijrochilari faoliyatini moddiy va ma’naviy jihatdan qo‘llab-quvvatlash, yosh avlodni mardlik, halollik, milliy va umuminsoniy qadriyatlar, ona yurtga va ajdodlar me’rosiga yuksak sadoqat ruhida tarbiyalash maqsadida O’zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2018 yil 26 aprelda «Baxshichilik va dostonchilik san’atini yanada rivojlantirish hamda takomillashtirish chora-tadbirlari to‘g‘risida» 304-son qarori qabul qilindi. Qarorda Baxshichilik va dostonchilik san’atini yanada rivojlantirish hamda takomillashtirish bo‘yicha 2018-2022 yillarga mo‘ljallangan «yo‘l xaritasi» tasdiqlandi. «Yo‘l xaritasi»da 2018/2019 o‘quv yilidan boshlab Qoraqalpog‘iston Respublikasi, Samarqand, Surxondaryo, Xorazm va Qashqadaryo viloyatlaridagi bolalar musiqa va san’at maktablarida baxshichilik va dostonchilik yo‘nalishi bo‘yicha maxsus sinflar ochish hamda mazkur musiqa va san’at maktablari o‘quv rejasiga va shtat jadvaliga o‘zgartirishlar kiritish;

bolalar musiqa va san’at maktablaridagi baxshichilik va dostonchilik yo‘nalishi bo‘yicha maxsus sinflarni o‘quv dasturiga muvofiq o‘quv qo‘llanmalari va adabiyotlari bilan ta’minlash;

bolalar musiqa va san’at maktablarida baxshichilik va dostonchilik yo‘nalishi bo‘yicha maxsus sinflarda dars berish uchun respublikada ko‘zga ko‘ringan baxshi(jirov)larni jalb etish vazifalari belgilangan.

Xulosa qilib shuni ayta olamizki, bugungi kunda Qoraqalpog‘istonda mustaqillik davridagi milliy madaniyat va san’atni yanada takomillashtirishga doir masalalariga taalluqli ilg‘or fikrlarni o‘rganish, tahlil etish zaruriyati pedagogika ilmining dolzarb masalalaridan biri sifatida ilmiy-tadqiqot ishlari olib borilmoqda.

Foydalanilgan adabiyotlar

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti SH.M.Mirziyoyevning 2018 yil 28 noyabrdagi PQ-4038-son qarori.

2. O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining «Ixtisoslashtirilgan san’at va madaniyat maktablari hamda maktab-internatlarning faoliyatini tashkil etish to‘g‘risida» 2019 yil 9 yanvardagi 9-sonli qarori hamda O‘zbekiston Badiiy akademiyasining 2019 yil 11 yanvardagi I-497-sonli buyrug‘i.
3. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2020 yil 21 apreldagi PQ-4688-son qarori.
4. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 31 maydagi PQ-3022 son qarori.
5. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2018 yil 24 iyuldagi PQ-4038-son qarori.
6. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 17 noyabrdagi PQ-3391-son qarori.

«АҚМАҚ ПАТША» ДӘСТАНЫНДА ФОЛЬКЛОРЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕР

Г.Ахымбетова – *профессор*
Зулфия Мақсетбаева
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Талантлы, уллы сөз шеберинің ҳәр бир шығармасы түўе, ҳәр бир айтқан сөзи бийбаҳа байлық, үлкен жаңалық, қайталанбас әдебий қубылыс болады. Сол ушын да халық бундай сөз зергерлериниң ҳәр бир жаңа шығармасын, ҳәр бир жаңа сөзин сабырсызлық пенен күтип жасайды. Себеби, шебер көркем дөретиўшиниң бир шығармасынан бир шығармасы алық болып келеди, оның дөретиўшилигинде тосаттан дөреген орта дәрмиян, яки көркемлиги төменирек жазылған шығарма болыўы мүмкин емес. Биз дөретиўшилиги ҳаққында сөз етип атырған Бердақ Ғарғабай улы, мине, усындай бийтәкирар уллы сөз зергерлериниң қатарында турады. Буған себеп – оның лирикалық шығармалары ма, эпикалық поэзиясы ма – бәри бир-биринен зыяда сөз гәўҳарларының жемиси болып табылады. Деген менен, ҳәр қандай асқар таўдың да шыңыраў шыңы, бийик шоққысы болатуғынындай, ҳәр қандай дөретиўшиликтиң де ең бийик шоққысы есапланатуғын бәринен де айрықша бир әжайып шаҳ шығармасы болады.

Бердақтың дәстанлық шығармаларында фольклорлық мотивлердиң шеберлик пенен қолланылғанлығын көриўимизге болады. Гүлим ҳәдден тыс сулыў қыз болып оның портрети автор тәрепинен көркемлеп сүўретленген. Ол ханның итибарына түседи. Бул мотив «Саятхан-Ҳәмре» дәстанында Ҳәмреның Саятханды түсинде көрип ашық болыў ўақыясы менен

шынжырлас. «Саятхан-Ҳәмре» дәстанында Саятханды излеп шыққан Ҳәмре ҳәм оның әкеси азанда оянса күн шығыстан бир күн, күн батыстан бир күн шығып турғанлығын көреди. Күн шығыстан шыққан күн бул тәбияттың бир мүшеси яғный қуяш болса, күн батыстан шыққан күн бул Саятханның сулыўлығы еди. Бул мотив қарақалпақ халық ертеклеринде де жүдә көп гезлесип отырады. Бердақтың «Ақмақ патша» дәстанында қыздың ҳәдден тыс сулыўлығын тәриплеўге бағдарланған бул мотив шеберлик пенен сүўретленген. Мысалы, Гүлзар ҳәм Анар қыздың сулыўлығы соншелли түнди күндизге айландырады. Қарақалпақ халық дәстанлары есапланған «Едиге» дәстанында Едиге Тоқтамыс ханның сумлық пенен уйымластырған кешесинде қоршаўға түскен пайытында оның садық еки досты шийдиң сыртынан Едигеге ақыл сөзлерин айтып қутқарып қалады. Садық дослардың жәрдем бериў мотиви «Ақмақ патша» дәстанында Зәриўдиң басынан кеширген ўақыяларында сөз етиледи.

Халық дәстанларында биз реаль турмысты емес, көтериңки эстетикалық талғамды көбирек байқаймыз. Ал, Бердақ өзи жасаған жәмийетти пуқара халық арасында турып жырлайды. Гүлим образы «Ақмақ патша» дәстанының бас қаҳарманы иретинде сүўретленеди. Ол шын мийнеткеш жарлы халықтың ўәкили. Он жасында анасы өлип жетим қалған Гүлим жалғыз соқыр ғарры атасы менен Сасық көлдиң ишиндеги бир атаўда балықшылық пенен ғана күн көрип отырады. Жасынан өмири жетимликте, қорлық-азапта өтеди. Халық ертеклеринде жетим қыз образы көплеп ушырасады.

Мысалы, қарақалпақ халық ертеги «Өгей қыз», «Жетим қыз», өзбек халық ертеги «Зумрад ҳәм Қымбат» ҳ.т.басқаларда жетим қызлардың тәғдири аянышлы түрде сүўретленеди. Барлығында да жетим қыз ақыллы, сулыў, мийнеткеш болып келеди бирақ қандай да бир хорлық көреди ҳәм нәтийжеде жарыққа шығады. Бердақ та Гүлим образын усы дөретпелерге тийкарланған ҳалда жазба әдебиятта сәўлелендирген. Дәстанда Гүлим күтә ақыллы болып, ойлы-пикирли, уқыплы, зийрек болады. Оның гөззаллығы төмендегише тәрийипленеди.

Рең берген қоймай минди,
Шағылыстырған ай ҳәм күнди,
Жарық қылған қара түнди,
Мысалы гәўҳар болған екен.

Қарақалпақ халық дәстаны «Қырық қыз» дәстанында да Гүлайымның келбети усы тақылетте сүўретленеди. Мысалы,

Көрген жанлар келбетине тойғандай,
Арсар болып ақыл-ҳуўшын жойғандай,

Айсыз түнде ол қыз шықса далаға,
Қараңғы үйге ҳасыл гәўҳар қойғандай.

Атасы қартайғып, көзден қалғаннан соң Гүлим қыз барлық жумысты ислеп, атасын бағады. Гүлимниң ең көзге тасланатуғын қәсийети-мийнетке уқыплылық. Ол атасының балықшылық өнерин де, үй-ишине қараўды да жақсы үйренеди, талаптың ҳәр түрин ийелейди, жекен шытпа тоқып қосын дүзеди, үй қурады. Қыздың тағы да үлкен қәсийети-адамгершилик, дослық, татыўлықты шөлкемлестире билиўинде. Егер де, хан ҳәм оның ҳәмелдарлары мансап-ҳәмел алдында ата-анасын умытса, Гүлим өзиниң ғарры атасын зинданда да, өлим алдында да умытпайды, атасы ушын жеркенишли ханға өзин қурбан етеди. Гүлим өзинен басқа ханның қырық ҳаялының ҳүрметлеўине миясар болады, ҳаялларда күндеслик емес, дослық, татыўлық, бири тәғдири бирине байланыслы екенин түсиниў, соған қарап ис қолланыў сезими пайда болады. Сондай-ақ, Гүлим-турмыстың қыйыншылықларынан қорықпайтуғын, оны жеңиў қолынан келетуғын, келешекке үмит пенен қарайтуғын оптимист, ерки ушын душпанға қарсы гүресиўши мәрт, батыр, әдилсизликке бас иймейтуғын қайсар ретинде сүўретленеди.

Ең соңында ол әдиўли ана сыпатында көрсетиледи. Соны да айтыў керек, Гүлим образында қарақалпақ әдебиятындағы традициялық ҳаял-қызлар образының тәсири де жоқ емес. Гүлим образын жаратыўда «Алпамыс» тағы Гүлпаршын, «Қоблан» дағы Қуртқа, «Қырық қыз» дағы Гүлайым, Сәрбиназ образлары шайырдың көз алдында турған болыўы да мүмкин - деген пикирди айтады Н.Жапақов.

Әдебиятлар

1. Дәўқараев Н. Таңламалы шығармалары. III том. Нөкис: «Қарақалпакстан», 1979.
2. Сағитов И. Саҳра бүлбили. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1974.
3. Муртазаев А. Бердақтың «Ақмақ патша» поэмасы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978.
4. Пахратдинов Ә. Бердақтың дәстанлық шығармалары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.
5. Кедрина З. Бердақ ҳаққында сөз. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.
6. Ғаррыев С. Бердақ ҳаққында сөз. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.
7. Бердақ. Таңламалы шығармалары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.

САЗ, СӨЗ, ҲӘРЕКЕТЛЕРДИ ӨЗИНДЕ ЖӘМЛЕГЕН ЖАНР

А.Шыныбеков
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Қарақалпақ фольклорын жанрлық жақтан классификациялағанда мотивке тән сюжет, композиция, яғный саз, сөз, ҳәрекетлердиң өзине тән туўма ырғақлары менен бир-биринен ажыралып турағуғынын көриўимизге болады. Бет ашар улыўма түркий тиллес халықлардың соның ишинде қарақалпақ аўызеки әдебиятында узақ дәўирлер даўамында қәлиплесип ҳәзирги күнде де қарақалпақ халқының той салтанатына байланыслы өз функциясын актив атқарып киятырған жанрлардың бири. Қарақалпақ халқынада ҳеш бир келин тойлары бет ашарсыз өткерилмейди. Усы той өткерилиў мәресимлеринде дәстүрли элементелердиң узақ дәўирлер сақланыўы бул жанрлардың белгили бир идеялық бағытта жетик поэтик форма сыпатында қәлиплесиўинде үлкен роль ойнаған. Бет ашар жанрында көбинесе узақ дәўирлерден берли сақланып киятырған композиция жетекши рольди атқарады. Бет ашар тийкарғы еки бөлимнен турады.

Кирисиў (нәсият айтыў).
Сәлем айтып ийилдириў.

Биринши бөлимде автор яғный бет ашыўшы келиншекти ол ийилип түскен жүрт пенен улыўма таныстырады. Келиншектиң сүлыўлығы тәрийипленип кейин дидактикалық форма арқалы келиншекке ақыл-нәсият айтыладыБул әсиресе кирис бөлиминиң келиншекке ақыл-нәсият бериў бөлегине характерли болып келеди. Мысалы,

Мийманлар келсе муңаймас,
Ордадай бол келиншек,
Жүрисинен жаңылмас,
Жорғадай бол келинше,
Халық қайырын ойлаған,
Дарғадай бол келиншек

Үзиндидеги фейилдиң болымлы формасында берилген «бол» сөзи шуўмақтың идеясын ашып бериўши тийкарғы сөз сыпатында келтириледи. Бул сөз шуўмақтың ҳәр екинши қатарында ишки уйқас формасында қайталанады. Усы сөз шуўмақтан алдын келтирилген шуўмақлар оны идеялық жақтан толықтырып турады. Бет ашардың кейинги шуўмақларында да усы форма тек мазмуны өзгертилген халында тәкирарланады. Бул

шуўмақларда енди тийкарғы сөз хызмети ақыл нәсият формасындағы екинши бир сөзлерге жүкленеди.

Алағайым алтенки,
Жеңил болма, келиншек,
Женил-желпи минезге,
Үйир болма келиншек.
Сабырсызлықтан сәл жерде,
Суўысып жүрме келиншек,
Былтырғы гәптин аяғын,
Куўысып жүрме келиншек.
Бир урысып үйренген,
Өшигер дейди келиншек,
Билимсизди билимли,
Кеширер дейди келиншек.
Қайын атаның хызметин,
Қыйын деме, келиншек,
Қайын енениң жумысын,
Буйым деме, келиншек.
Саналы етип сақланған,
Анасы десин, келиншек,
Жумысының жоқ екен,
Шаласы десин, келиншек.
Ақ сүт берген анаға,
Жел тийдирме, келиншек,
Әлпешлеген атаға,
Тил тийдирме келиншек.

Бунда шығарманың төркининде жатырған идея яғный келиншекке жақсы ҳәм жаман әдетлердиң бир-бирине қарама-қарсы мәнисин түсиндириў функциясы усы сөзлерге жүкленеди. Үзиндиде келтирилген мысаллардағы уйқасқа түскен қатарлар шығармада тийкарғы поэтикалық идеяны ашыў хызметин атқарып тур. Бет ашардың сәлем берип ийилдириў яғный келиншекке оның жаңа түскен жериндеги ағайинлерин таныстырыў бөлиминиң де кирис бөлими болып бул бөлимде атқарыўшы келиншекке ол ийилип түскен мәканның халқы менен улыўма таныстырады. Кейин дәстүрли формаға ийе қатарлар арқалы келиншектиң түскен үйиниң оның жақын-жуўықларының атларын бирим-бирим айтып ҳәр бир таныстырылған адамының атын атағаннан кейин келиншектен усы адамның ҳүрметине ийилиўди сорайды. Улыўма дәстүр бойынша келиншек ең дәслеп сол

шаңарақтың ата-бабалары болған адамлардың хүрметине ийилиўи тийис. Бул келиншектиң өзи түскен шаңарақтың шығысын билиўи тийис деген идея менен байланыслы. Буннан кейин шаңарақтың басшылары болған ата ҳәм ене менен таныстырыў ҳәм олардың хүрметине ийилиў бөлеги келтириледи.

Келин болдым бүгин деп,
Кемпирдиң алды жүгин деп,
Қос жүреги шәўкилдеп,
Қуўанып тур атаңыз,
Айтып рахмет алғысын,
Буўынлары балқысын,
Келин ийил қәйин атаңа.
Ауырыўымды алды келин деп,
Қос жүреги шәўкилдеп,
Қуўанып тур енеңиз.

Мысалда келтирилген үзинди дәстүрли формада қурылған болып ҳәзирги дәўирдеги бет ашарларда көбинесе усы мазмундағы шуўмақ жийи қолланылады. Гейде келиншекке қәйин ата ҳәм қәйин енени ямаса шаңарақ-тың басқа ағзаларын ҳәм ағайинлерин таныстырыўда олардың исимлери келтириледи. Бул жағдайда традицион формаға қурылған шуўмақларға таныстырылып атырған адамлардың исимлери қосылып айтылады.

Бет ашардың мазмунлық өзгериске түскен бөлеги әсиресе келиншекке ол түскен шаңарақ ағзалары ҳәм усы шаңарақтың ағайин туўғанларын таныстырыў бөлегине характерли болып келеди. Бет ашар белгили дәрежеде өзиниң дәстүрли формасын сақлап қалған менен оның мазмуны жәмийеттеги социаллық ағзаларын таныстырыўда әсиресе айқын көринеди. Көбинесе 8-10 шуўмақтан ибарат ҳәр бир бөлимшеде 2-3 адамның сыпатламасы бериледи. Ҳәзирги дәўир бет ашарларының мазмунындағы характерли өзгешеликлердиң бири традицион формадағы бет ашарлардың үлгилериндеги таныстырылыўшы адамның мүшесиндеги кемшилик арқалы юморлық формадағы таныстырыў түрлери оғада аз. Хәзирги дәўирдеги бет ашардың үлгилериндеги бул мазмунлық форма көбинесе таныстырылыўшы адамның кәсип кәри оның минез қулқындағы ең көзге көринетуғын белгиси арқалы таныстырыў формасы айрықша ен жайған.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Ахметов С, Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис «Билим». 1992, 87 б.
2. Ахметов З. Өлең сөздиң теориясы. «Мектеп» Алматы. 1973.

3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклорының эстетикасы. «Қарақалпақстан» Нөкис. 1971.

4. Сағитов И. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. «Қарақалпақстан» Нөкис. 1986.

SHASHMAQOMNING YANGI NOTA NASHRLARIDA M O‘G‘ULCHA SH O‘BALARINING O‘RNI

Yakubov Zohidjon Baxtiyor o‘g‘li - ilmiy xodim
O‘zR FA San’atshunoslik instituti

Annotatsiya: Mazkur maqolada Buxoro Shashmaqomining yangi nota yozuvlaridan bo‘lgan Ari Boboxonov to‘plami va, asosan, undagi Mo‘g‘ulcha sho‘balari xususida so‘z yuritiladi. Ularni avvalgi nota yozuvlari bilan qisman solishtirilib, dastlabki xulosalar keltiriladi.

Kalit so‘zlar: Mushkilot, nasr, mo‘g‘ulcha, sho‘ba, talqin, talqincha, qashqarcha, soqiynoma, ufar.

Buxoro Shashmaqomi o‘zbek-tojik xalqlarining mumtoz musiqa merosi bo‘lib, uzoq davrlardan beri shakllangan bastakorlik ijodiyoti mahsuli hisoblanadi. Uning bugungi kunga qadar yetib kelishida og‘zaki an’ana (ustoz-shogird) muhim ahamiyat kasb etsa-da, bunda nota yozuvlarining ham alohida o‘rnini aytib o‘tish joiz. Sababi nota yozuvi jonli musiqa amaliyotini ózida to‘la aks ettirmasa-da, har holda dastlabki nota yozuvlari Shashmaqomning o‘sha davrdagi tuzilishi yuzasidan qimmatli ma’lumotlarni taqdim etsa, nota tomonidanm esa, solishtirish orqali tahlil qilish imkonini beradi.

Buxoro Shashmaqomi o‘tgan 100 yillikda bir necha bor nashr qilindi. Mazkur nota yozuvlariga e’tibor berib shuni anglash múmkinki, har bir nota to‘plami óziga xos bo‘lib, ko‘p hollarda struktura jihatidan, ayrim hollarda esa, asosiy tayanch parda, turkumlar nomlanishi jihatidan farq qiladi. Masalaga yanada chuqurroq e’tibor qaratadigan bo‘lsak, bunday xilma-xillikning asosiy qismi ashula bo‘limining ikkinchi guruh sho‘balari bilan bog‘liq bo‘ladi. Mushkilot bo‘limi hamda Nasr bo‘limining birinchi guruh sho‘balarida katta o‘zgarishlar kuzatilmaydi. Quyida ikkinchi guruh sho‘balariga mansub bo‘lgan yirik turkumlardan Mo‘g‘ulcha sho‘balarining yangi nota nashrlaridagi o‘rni (qanday nomdagi sho‘balar borligi, ularning tarkibi va h.k.lar)ni ko‘rib chiqamiz. Bunda 2010-yilda Germaniyada Ari (Ariel) Boboxonov tomonidan notaga olingan to‘plamga [1] tayanamiz. Dastlab mazkur nota to‘plami xususida qisqacha so‘z yuritsak. A.Boboxonov tomonidan notaga tushirilgan ushbu to‘plam nashr yuzini

ko‘rgandan so‘ng taniqli musiqashunos, maqomshunos olim Otanazar Matyoqubov tomonidan dastlab «Buxoro Shashmaqomiga yana bir nazar» [3], keyinchalik esa, mazmunan aynan shu tadqiqotning yangi versiyasi hisoblangan «Buxoro Shashmaqomi» [4] nomli monografiyalar chop qilinib, unda Buxoro Shashmaqomi aynan A.Boboxonov nota to‘plami misolida tadqiq qilingan. O.Matyoqubov tomonidan keltirilishicha, mazkur nota to‘plamini yaratishda A.Boboxonov she’r matnlarini ham avval ijro etilganlariga almashtirgan va bu jarayonda u otasi – Moshe Boboxonov hamda bobosi, Buxoro amiri saroyi musiqachisi bo‘lib faoliyat yuritgan, yirik maqomdon Ota Jalol Nosirovning shogirdi bo‘lgan Levi Boboxonovlarning yon daftarlaridan olingan ikki tildagi matnlardan foydalanib asliga qaytargan [4: 106]. Nota to‘plamida keltirilgan Nasr bo‘limi ikkinchi guruh sho‘balariga e’tibor qaratadigan bo‘lsak, undagi turkumlanish bo‘yicha ayrim savollar yuzaga keladiki, bunga to‘xtalish mazkur maqola uchun belgilab olingan vazifalarga kirmaydi. Shu sababdan biz to‘g‘ridan-to‘g‘ri faqatgina Mo‘g‘ulcha sho‘balarining óziga to‘xtalamiz. Avvalo eslab olsak. Mo‘g‘ulcha sho‘balari avvalgi nota to‘plamlarida qanday kórinishda bo‘lgan. Bundan roppa-rosa bir asr avval nashr qilingan, Viktor Uspenskiy tomonidan notaga olingan to‘plamda ikkinchi guruh sho‘balari keltirilmagan. Deyarli bir davrda yaratilgan Tojikiston (B.Fayzullayev, Sh.Sohibov, F.Shahobovlar to‘plami) hamda Yunus Rajabiy nota to‘plamlarida Mo‘g‘ulcha sho‘balarining kelishi bir xil – Mo‘g‘ulchai Buzruk, Mo‘g‘ulchai Navo, Mo‘g‘ulchai Dugoh hamda Mo‘g‘ulchai Segohlardan iborat 4 ta alohida turkumni hosil qiladi. A.Boboxonov to‘plamida esa, bunday turkumlar soni 8 taga yetkazilgan bo‘lib, ular Shashmaqom tarkibida quyidagicha joylashadi:

- Buzruk maqomida – Mo‘g‘ulchai Buzruk;
- Rost-Panjgoh maqomida – Mo‘g‘ulchai Panjgoh;
- Navo maqomida – Mo‘g‘ulchai Navo (Karimqulbegi), Mo‘g‘ulchai Bayot, Mo‘g‘ulchai Duchoba (Navo)
- Dugoh maqomida – Mo‘g‘ulchai Dugoh, Mo‘g‘ulchai Aylansin quling;
- Segoh maqomida – Mo‘g‘ulchai Segoh.

Ko‘rinib turibdiki, ikkinchi guruh sho‘balari tarkibidagi Mo‘g‘ulchalar soni ikki barobar ko‘proq berilgan va ulardagi ayrim nomlarni avvalgi nota to‘plamlarida uchratmaganmiz. Shu sababdan ularning har biri haqida qisqacha fikrlar bildirib o‘tamiz. Bundagi asosiy mezon – ularning ohang asosi bilan belgilanadi. Ma’lumki, ikkinchi guruh sho‘balari Shashmaqom shakllangandan keyin yaratilgan bo‘lib, ularning yaratilishida nazira an’anasi muhim ahamiyat kasb etadi. [5: 242; 2: 97] Mo‘g‘ulchalarning Shashmaqom Nasr bo‘limining bosh ashula yo‘li bo‘lgan Saraxborlarga nazira sifatida ishlangani nota yozuvlarida ham, ijroda ham yaqqol namoyon bo‘ladi.

A.Boboxonov nota to‘plamining Buzruk maqomidan bitta Mo‘g‘ulcha sho‘basi o‘rin olgan bo‘lib, u avvalgi nota yozuvlaridagi kabi Mo‘g‘ulchai Buzruk deb nomlanadi. A.Boboxonov bunda Mo‘g‘ulchai Buzrukning asosiy ashula yo‘lini ikki marta keltirgan. Ularda ko‘zga tashlanadigan dastlabki farq she’r matnida bo‘lib, birinchi variantni A.Boboxonov Komilning «Kard ishq» radifli g‘azali bilan, ikkinchisini esa, xuddi Yunus Rajabiy kabi Munisning «Aylagil» radifli she’ri bilan bergan. Kuy yo‘lini solishtiradigan bo‘lsak, unchalik katta farq kuzatilmaydi, Komil g‘azali bilan yozib olingan birinchi variantda Namudi Uzzol hamda Namudi Muxayyari Chorgohlar orasiga Namudi Ushshoq kiritib ketilgan, umumiy ohang asosi ham bir xil – Saraxbori Buzruk ashula yo‘liga nazira sifatida ishlangan. Rost-Panjgoh maqomida keluvchi Mo‘g‘ulchai Panjgoh aynan shu nota to‘plamigagina xos bo‘lib, qolganlarida uchramaydi. Ózi A.Boboxonov Rost maqomi nomlanishigagina Panjgohni ham kiritish bilan cheklanmagan, balki maqom tarkibida Panjgohning ahamiyatini oshirib bergan. Masalan, avvalgi nota yozuvlariga binoan Rost maqomi tarkibida birgina Panjgoh nomi bilan atalgan qism bo‘lgan – Mushkilot bo‘limining Muxammasi Panjgoh cholg‘u kuyi. A.Boboxonov to‘plamida esa, shunga doir yana ikki kichik turkum ko‘zga tashlanadi va bu ikkisi ashula bo‘limining ikkinchi guruh sho‘balari bilan bog‘liq: Savti Panjgoh hamda Mo‘g‘ulchai Panjgoh besh qismli turkumlari. Biz e’tibor qaratishimiz lozim bo‘lgan Mo‘g‘ulchai Panjgoh kuy yo‘nalishi bo‘yicha Rost maqomining boshqa sho‘balaridan farq qiladi. Undagi dastlabki yuqoriga kvinta sakramasi va uning pastga qarab pog‘onama-pog‘ona to‘ldirilishi besh pog‘onali (panjgoh) tuzilmani ta’kidlab ko‘rsatadi va bu holat turkumning keyingi shoxobchalarida ham o‘z aksini topadi.

Navo maqomida eng ko‘p – uchta Mo‘g‘ulcha sho‘basi keltirilgan. Avvalgi nota to‘plamlarida faqatgina Mo‘g‘ulchai Navo mavjud edi. A.Boboxonov to‘plamidagi Mo‘g‘ulchalarning birinchisi Mo‘g‘ulchai Navo (Karimqulbegi) deb nomlanadi. Shu o‘rinda Fitrat keltirgan Shashmaqom turkumi tuzilishiga murojaat qilamiz. Unda ikkita alohida Mo‘g‘ulcha turkumini ko‘rish múmkin – Navo mo‘g‘ulchasi hamda Kariymqulbek mo‘g‘ulchasi [6: 23]. Fitratda keltirilgan shu ikki sho‘ba A.Boboxonov to‘plamida birlashtirilgandek go‘yo, biroq ularning nota namunasini solishtirish imkoniyati yo‘q, chunki Fitrat tomonidan taqdim etilgan tuzilmada faqatgina qismlarning nomlanishi bor xolos. Mo‘g‘ulchai Navo (Karimqulbegi)ning nota yozuviga ko‘ra uning boshlang‘ich kuy tuzilmasi Saraxbori Navoni eslatmaydi, umuman, Navo yo‘llariga xos bo‘lgan boshlang‘ich tersiya ohanggi mazkur asarda kuzatilmaydi. Demak, uning ohang asosi boshqa manbaga borib taqaladi yoki butunlay yangicha ashula yo‘li yaratilgan bo‘lishi múmkin. Navo maqomining ikkinchi mo‘g‘ulchasi Mo‘g‘ulchai Bayot deb

nomlanadi va u ham avvalgi nota to‘plamlarida mavjud emas. Nota yozuviga qaraganda Mo‘g‘ulchai Bayot Talqini Bayot hamda Nasri Bayotlarning boshlang‘ich kuy tuzilmasiga yaqinligi ko‘rinadi. Mo‘g‘ulchai Bayot yetti qismni tashkil etib, bunda doimiy besh qismli turkumga Chapandoz shoxobchasi qo‘shilgan hamda Ufar shoxobchasi ikki xil variantda berilgan.

Navo maqomining uchinchi mo‘g‘ulchasi Mo‘g‘ulchai Ducho‘ba (Navo) deb nomlangan va uning turkumida Qashqarcha shoxobchasi keltirilmagan bo‘lib, 4 qismli turkumni hosil qiladi. Nota yozuviga e’tibor beradigan bo‘lsak, bunda ham boshlang‘ich ohang, kuy tuzilmasi Saraxbori navoni eslatmaydi. Demak, uning ohang asosi boshqa manbaga borib taqaladi yoki butunlay yangi kuy tuzilmasi sifatida bastalangan. Ushbu turkumning bosh ashula yo‘li mo‘g‘ulcha doyra usuli bilan berilgan bo‘lsa-da, uning nomlanishidagi Ducho‘ba iborasi fors tilidan «ikki cho‘p» deb tarjima qilinadi va shu nomdagi an’anaviy o‘zbek doyra va nog‘ora usuli mavjud. Biroq A.Boboxonov bu turkum nomlanishida nima uchun «duchoba» iborasini ishlatgani bizga ma’lum emas.

Dugoh maqomida ikki mo‘g‘ulcha keltirilgan bo‘lib, ularning birinchisi odatdagidek Mo‘g‘ulchai Dugoh deb nomlangan bo‘lib, uning asosiy ashula yo‘li Y.Rajabiy nota to‘plamidan deyarli farq qilmaydi. Turkumlanish jihatidan A.Boboxonov to‘plami 2 ta shoxobchaga ko‘proq, chunki unda asosiy ashula yo‘lidan so‘ng Chapandoz berilgan hamda oxirida Ufar shoxobchasi ikki xil variantda keladi. Dugoh maqomining ikkinchi Mo‘g‘ulchasi Mo‘g‘ulchai Aylansin quling deb nomlanadi va u ikki qismdan iborat – asosiy ashula yo‘li va uning Talqin shoxobchasi. Bu kichik turkumning ham ohang manbasini aniqlay olmadik.

Segoh maqomida bitta Mo‘g‘ulcha bo‘lib, u ham odatdagidek Mo‘g‘ulchai Segoh deb nomlangan. Uning ham nota yozuviga e’tibor qaratadigan bo‘lsak, Y.Rajabiy nota yozuvidan unchalik farq qilmasligi ma’lum bo‘ladi. Turkum jihatidan bunda ham A.Boboxonov asosiy ashula yo‘lidan so‘ng Chapandoz shoxobchasini kiritib, Ufar shoxobchasini ikki variantda bergan.

Ko‘rinib turibdiki, yangi nota to‘plami anchagina boyitilib, yetarlicha o‘zgarishlar kiritilgan. Ushbu kichik maqola orqali bunday ishlanmalarni to‘laligicha ochib berish imkonsizdir. Shu sababdan biz Mo‘g‘ulcha sho‘balariga qisqacha to‘xtalib o‘tdik xolos. Aslida bizning an’anaviy musiqamiz, ayniqsa, maqomlar haqida so‘z yuritilganda aniqroq fikrlar bildirish uchun nota yozuvining ózi yetarli emas, bunda audio yozuvlar muhimroq ahamiyatga ega hisoblanadi. Shunday ekan, jonli musiqa amaliyoti bilan tanishishgina orqali A.Boboxonov nota to‘plamiga mukammalroq xulosa berish múmkin bo‘ladi va biz bunday tadqiqotlarni kelajakda amalga oshirishga harakat qilib qolamiz.

Foydalanilgan adabiyotlar

1. Der Shashmaqam aus Buchara. Überliefert von den alten Meistern, notiert von Ari Babakhanov. Berlin, 2010.
2. Ibrohimov O. Maqom asoslari: Xalq ijodiyoti (turlari bo‘yicha) yo‘nalishi talabalari uchun darslik. / Nashrga tayyorlovchi va mas’ul muharrir: G‘.Xudoyev. Toshkent: «Donishmand ziyosi» nashriyoti, 2023.
3. Матякубов О. Бухоро Шашмақомига яна бир назар. – Тошкент: «Янги аср авлоди» нашриёти, 2014.
4. Матякубов О. Бухоро Шашмақоми. – Тошкент: «Янги аср авлоди» нашриёти, 2018.
5. Ражабов И. Мақомлар. / Нашрга тайёрловчи ва махсус муҳаррир: Оқилхон Иброҳимов). – Тошкент: «САНЪАТ» нашриёти, 2006.
6. Фитрат А. Ўзбек классик мусиқаси ва унинг тарихи / Нашрга тайёрловчи: Каримбек Ҳасан. – Тошкент: «Фан» нашриёти, 1993. 23-бет.

ОБРАЗ В ХОРЕГРАФИЧЕСКОМ ИСКУССТВЕ

Сапарбаева Севара Абатбай кизи

Задача любого художника- поэта, писателя, живописца, режиссера или балетмейстера воссоздать средствами своего исскуства атмосферу того времени, о котором он рассказывает в своем произведении через изображение конкретного явления, человека добиться обобщенного художественного отражения действительности создать художественный образ. Что же такое хореографический образ? Это конкретный характер человека, проявляющийся в его отношении к окружающей действительности. Характер героя раскрывается на сцене в линии его поведения, в его действиях и поступках средсвами хореграфического искусства. Так как искусство хореграфии теснейшим образом связано с музыкой, следовательно, хореографический образ, его развитие следует рассматривать в тесном взаимодействии с музыкальным произведением. Едва ли не основным в работе режиссера, балетмейстера, драматурга являютсы жизненные наблюдения. Только жизнь во всем ее многообразии можетющихся деятелей русского искусствка. Создавая произведение на историческую тему,любой балетмейстер в первую очередь изучать эпоху, в который происходит действие, исторические портреты людей иконографию, литературу, живопись все, что может дать тольчок его фантазии. Но каков будет результат, какие образы сложатся в его голове, зависит от его личности. Приведем примеры

работы над образом деятелей русского искусства. Вот что говорил по этому поводу И.С.Тургенев, «Когда я заинтерессовываюсь каким-либо характером, он овладевает моим умом, он преследует меня днем и ночью и не оставляет меня в покое, поеа я не отделюсь от него. Когда я читаю, он шепчет мне на ухо свои мнения о прочитанном, когда я иду гулять, он высказывает свои суждения обо всем, что бы я ни услышал и ни увидел. Наконец, мне происходится сдаваться я сажусь и пишу его биографию. Я спрашиваю себя: кто были его отец и мать, что за люди они были, кокого рода семью представляли, каковы были их привычки и т.д. Затем я перехожу к истории воспитания моего героя, к его наружности, к месности, где он провел, годы, в которые формируется характер. Иногда я иду даже дальше, как, например, это было с Базаровым. Он так завладел мной, что я вел от его имени дневник, а котором он высказывал свои мнения о важнейших текущих вопросах, религиозных, политических и социальных». [1] Итак, создание образа процесс сугубо индивидуальный у каждого художника, общее же в том, что все они черпают материал для своей работы из жизни, причем не только окружающей, но для своей работы из жизни, причем не только окружающей, но и прошлой, для чего тщательно иузчают всевозможные материалы. Анализириуя весь комплекс полученных знаний, впечатлений, художник, в нашем случае балетмейтер, вырабатывает свое суждение, свой взгляд. Умение выбрать главное, самое существенное играет большую роль для конечного результата работы создания хореографического произведения. Но мало увидеть, исследовать, нужно еще и уметь обобщить. Мы говорим: «Это типичный образ нашего молодого современника». Это значит, что, кроме индивидуальных черт характера, данный герой несет в себе типичные черты, свойственные нашему современнику: честность, чувство долго, бескорыстное служение Родине, готовность к подвигу и т.д. От умения обобщить образ, сделать его типичным в сочетании с правильно построеным сюжетом, где герой будет поставлен в такие жизненные обстоятельства, в которых наиболее полно проявятся его черты, зависит значимость созданного производения и во многом его успех у зрителя. Большое значение в создании образа героя имеет знание балетмейстером психологии. Это дает ему возможность не только понимать встречающиеся в жизни различные характеры людей, но и правильно выстраивать сначала в своем воображении, а потом и на сцене линию поведения героев хореографического произведения. Мы выражаем жизнь, в танце. Мы хотим, чтобы зритель за каждым нашим номером разглядел, почувствовал душу народа, его привычки, обычаи, стремления; мы ищем ту эстетику и ту пластику, которая отвечает

современности»[2] сказал И.Моисеев. Работа балетмейстера требует от него глубокого понимания происходиящих в обществе и процессов, умения воплотить их в своем творчестве. Раскрытие в хореографическом образе лучших черт человека- одна из основных задач хореографического искусства. Способ воплощения творческого замысла хореографа во многом зависит от того, каково его мировозрение, его эстетический идеал, его творческие позиции. Сцена, диктует свои условия, и, учитывая, особенности жанра, в данном, случае хореографического, балетмейстер должен стремиться не к фотографической точности, а прежде всего к созданию жизненно верных художественных образов. Это требует от него и отисполнителей глубокого знания жизни, с одной стороны, и специфики жанра- с другой, умения проникнуться чувствами ипереживаними героя. Балетмейстеру при работе над этюдами, постановке танцевальных номеров необходимонаучиться раскрывать мысли, чувства, обосновывать поступки своих героев, пользуясь богатейшими возможностями хореографического жанра. Работа балетмейстера требует от него глубокого понимания происходящих в обществе процессов, умения воплотить их в своем творчестве. Способ воплощения творческого замысла хореографа по многом зависит оттого, каково его мировозрение,его эстетический идеал, его творческие позиции. И конечно же, для создания художественно правдивого образа балетмеймтер должен быть профессионалом в высокой степени,в совершенстве знать не только технологию хореографического искусства, но и уметь проанализировать музыкальное произведение характеристики каждого персонажа, связать развитие хореографических образов с развитием музыкальной формы, знать хореографический фольклор, чтобы герои были наделены национальными чертами. В этой работе балетмейстер наделен гораздо большими полномочиями, чем режиссер драматического театра, так как в отличие от режиссера драмы он сам сочиняет хореографический текст. В его возможностях создать для действующих лиц такой текст, который будет способствовать выявлению их характеров, раскрытию идеи произведения. С одной стороны, идея является определяющим моментом при создании хореографического образа, с другой – раскрывается через сценические образы. Балетмейстер, работая над образом героя, должен подумать его историю, биографию. Не только то, что с ним будет потом. Автор только тогда добьется убедительного художественного результата, если сделает поведение своего героя логичным, естественным, правдивым. В жизни разные люди по-разному реагируют на то или иное событие. Один безмолвно смотрит на происходящее, другой активно высказывает свое

отношение. Первый переживает все внутри себя, второй выявляет свои чувства эмоционально и ярко. Основное значение имеет танцевальный язык в создании хореографического образа. Танцевальный текст, сочиненным хореографом, должен быть образным для определенного действующего лица. Балетмейстер должен найти наиболее подходящее «слово», наиболее подходящее хореографическое воплощение своей мысли. Именно через пластику, через танцевальный язык воспримет зритель замысел балетмейстера. Не умаляя значения других компонентов, играющих роль в создании образа, скажем, что танцевальный текст, музыкальный материал, на котором он рождается, играют первостепенную роль. Но не только танцевальном тексте, а и во всей композиции танца раскрывается образ действующего лица. Поэтому органичная композиция поможет исполнителю ярче выявить данный образ. Важны не только «слова», не только лексика, свойственная тому или иному персонажу. Но и интонация его пластической речи. Следует быть очень внимательным и к деталям: отдельным жестам, позам, характерным движения. Все это придает действующему лицу те или иные индивидуальные черты. Существенную роль играет и внешний облик героя: его костюм, грим, манера держаться. Говоря о хореографическом языке, необходимо добавить, что автор должен твердо знать, на основе какого национального танцевального языка будет построена хореографическая лексика данного героя.

Список использованной литературы

1. Цит по книга: И.С.Тургенов в воспитаниях современников. В.2-х.т.М., 1986, т.2,с 355-356
2. И.В. Смирнов «Искусство балетмейстера» Москва. «Просвещение» 1986 г.
3. Р.Захаров. Сочинение танца. Страницы педагогического опыта М. 1983г.

BAQSÍ GENJEBAY TILEWMURATOV DÓRETIWSHILIGI

G.Munteeva - *professor*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı
Dawletov Murat
«Qosıq hám ayaq oyın» qánigeligi studenti

Qaraqalpaqlar tariyxta áyyemgi úlken xalıq bolǵanlıǵı málim. Bul úlken - úlken dástanlarında, kórkem ónerlerinende belgili bolıp turıptı. Mısalı, xalıqtıń bay saz ásbapları duwtar, qobız, sırnay, sıbızǵı, ǵirjek, shıńqobız ásbapları basqa xalıqlardan ózleriniń originallıǵı menen ajıralıp turadı. Sazende Aytjan Xojalepesovtan keyin namanı tolıq shertetuǵın jalǵız Genjebay Tilewmuratov boldı. Ol sazendeliktiń ata miyrasın tolıq saqlaw menen birge qosıqta ayta aldı. Genjebay baqsı Tilewmuratov 1929-jılı Qońırat rayonında tuwıladı. Ákesi Tilewmurat baqsı Qaraqalpaq xalqında belgili baqsı bolǵan adam. Genjebay baqsı jaslayınan-aq ákesinen duwtar shertiwdi, qosıq aytıwdı úyrenedi. Kóp jıllar izine erip toy-merekelerge barıp qosıq, dástanların tıńlap óz ákesi Tilewmurat baqsıdan úyrenedi. Onıń shertken «Muxalles», «Adıńnan», «Ínjıltpa», «Lay-lay», «Musa sen yarı» degen aytım qosıqları, «Sıy perde», «Mıń túmen», «Qara jorǵa», «Popurri», «Nalısh», «Bozataw», «Dásnama», «Ilmesultan» sıyaqlı kóplegen saz-namaların xalıq súysinip tıńlaydı. Sonday-aq Genjebay baqsı qaraqalpaq duwtarı menen ózbek, túrkmen, qazaq, tájik namalardı da sheberlik penen atqaradı. Bunday talantlılar xalıq arasında siyrek gezlesedi. Ózbekstan, Túrkmenstan, Ázerbayjan, Qazaqstan, Bashqurstan, Tatarstan, Daǵıstanlar da ótkerilgen dekada hám mádeniyat kúnlerinde saz shertip, qosıq aytıp, úlken alǵıslarǵa miyasar boldı «Muxalles» ansambli radio hám televideniye komiteti tárepinen 1976-jılı dúziledi. Oǵan Genjebay Tilewmuratov basshılıq etti. Bul jámáát quramına burınnan kórkemóner sheberleriniń urpaqları Kóshkinbay Askarov, Kárimbay Tınıbaev sıyaqlı talant iyeleri kelip qosıladı. Sonday-aq Ǵayrat Ótemuratov, Turǵanbay Qurbanovlar da duwtar, ǵirjek sazendeshiler bolsa, Orazbay Asanov balaman ásbabın shertti. Tuwısqan xalıqlar arasında ótkerilgen mádeniyat kúnlerinde «Muxalles» ansambli úlken jetiskenliklerge eristi. Ansambll jámáátin xalıq súyip tıńlaydı. Qaraqalpaq xalqı uzaq ásirlerden berli Orta Aziyada jasawshı tuwısqan xalıqlardan ózbek, túrkmen, qazaq xalıqları menen territoriyalıq hám tıǵız ekonomikalıq baylanısta jasap kelgenligi málim. Olardıń ádebiyatı hám kórkemóneri, túrk tilles bolıp muzıkasınıń jaqınlıǵı jaǵınan muzıka mádeniyatınıń bir - biri menen baylanısta rawajlanıp kiyatırǵanlıǵı tariyxıy dereklerden belgili. Olar dóretken mádeniy miyraslar ózine tán úlken ayırmashılıqları menen birge úlıwma xalıqlıq mádeniyattıń ósip rawajlanıwına qosqan úlken úlesi bolıp tabıladı.

Biziń eramızdıń I ásirine tán ájayıp mádeniy eskertkishlerden Ayırtamnan tabılǵan – ud ásbabı, 1946-jılı arxeologiyalıq ashılıwlarda Topıraq qaladan tabılǵan arfa - ásbabın shertip turǵan qızdıń tasqa oyılǵan súyreti hám 1947-jılı usı topıraq qaladan tabılǵan eki tarlı duwtar tipindegi muzıkalıq áspabtı uslap turǵan qızdıń súwretin esletetuǵın tasqa oyılǵan fragmenttiń tabılıwı, sonday-aq Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń professorı, «Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen ilim ǵayratkeri» tariyx ilimleriniń doktorı, tariyxshı alım Mırzamurat Mámzadaev basshılıǵında Nókis rayonı territoriyasında jaylasqan «Kúyik qala»dan 1998-jılı studentlerdiń arxeologiyalıq izertlew dala ámeliyatında tabılǵan. «Qumay qus» tıń súyreti salınǵan tas tabaqtıń tabılıwı hám usınday muzıka ásbaplarınıń súwreti salınǵan eskertkishlerdiń, sonday-aq awızeki hám jazba ádebiyat dereklerinıń qaraqalpaq xalqınıń ata-babalarınıń mákanınan tabılıwı, basqa tuwısqan xalıqlarday qaraqalpaq xalqınıń dáwirine, zamanına say, ózine tán muzıka mádeniyatına, kórkemónerine iye bolǵanlıǵın kóremiz. Biraq solay da bolsa bul dáwirlerde muzıka mádeniyatımız qay dárejede boldı hám saz ásbaplarımızdıń qanday túrleri bolǵanlıǵı tuwralı házirge shekem kelip jetken maǵlıwmatlar ele jeterli emes ekenligi belgili. Genjebay baqsı Tilewmuratov atqarǵan qaraqalpaq xalıq qosıqları, nama-sazların Dáwletmurat Allanazarov notalastırıp «Qaraqalpaq xalıq sazları» degen atama menen 2002-jılı Qaraqalpaqstan baspasında hám ekinshi kitabı 2004-jılı Tashkent qalasında baspadan basılıp shıqtı. Bul eki toplamda Genjebay baqsı atqarǵan nama hám sazlar qanday etip shertilgen bolsa solayınsha tolıq ırǵaq, qashırım, dásleri kórsetilgen halda notalastırılǵan. Genjebay baqsınıń shákirtlerinen baqsı Turǵanbay Qurbanov «Qaraqalpaqstan xalıq baqsısı», baqsı qız Gúlbáhár Rametova «Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen artist», sonday-aq shákirti Ǵayrat Ótemuratov «Ózbekstan xalıq baqsısı» húrmetli ataqların alıwǵa miyasar boldı.

Qaraqalpaqstan húkimeti Genjebay Tilewmuratovtıń qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatın rawajlandırıwǵa qosqan úlesin joqarı bahalap, onıń ismin máńgilestiriwde « Muxalles» duwtarshılar ansamblin hám Nókis qalasındaǵı bir kóshege Genjebay Tilewmuratov ismi berildi. Genjebay Tilewmuratov tuwralı Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, Berdaq atındaǵı Mámleketlik sıylıqtıń laureatı, shayır Tilewbergen Jumamuratov tómendegishe táriyipleydi:

«Ata kórgen oq jonar, ene kórgen ton pisher»-degen maqal bar. Hárkim ata kásibin jasınan iyelese, ol qanına sińgen óner bolıp jetisedi. Ol ata jolın tutqan sazende, xosh hawaz, eń tiykarǵısın aytqanda qaraqalpaq kórkemónerinen kóp nárselerdi ańlaytuǵın alım dárejesine jetiskenliklerden esaplanadı. Ásirese onı on barmaǵı oynaǵan sheber sazende ekenligin men asa joqarı bahalıǵım keledi. Sebebi saz adamnıń jan azıǵı. Jasınan estetikalıq tárbiya alıp, kewli nama tanıytuǵınlardıń

hámmesi de sazdan lázzet aladı. Sonlıqtanda «saz adam denesine jan menen birge kirgen»-dep bayanlaydı. Sonlıqtanda Genjebaydıń sazları jan tebirentiredi. (Sovet Qaraqalpaqstanı gazetası 1987-jılı 17-iyul № 137). Sonday-aq Moynaq rayonı awıllarında Dáwletalı, Súnnetulla, Qutlımurat solaqay degen ataqlı sazendeler bolǵan. Bul insanlardı Genjebay Tilewmuratovtıń kórip, sazların tıńlaǵanlıǵın, sońın ala Esjan baqsı, Japaq baqsı sıyaqlı ataqlı baqsılardan tálim alǵanlıǵın, ataqlı Aytjan sazendege shákirt boladı. «Shákirt ustazdan ozbaq kerek»-degen maqal bar. Sol aytqanday Genjebay ustazdan ozbasa da solardıń dárejesine jetiwge umtılıp, óz ónerin arttırıp bardı. Saz sheberiniń jarısında bir qansha dúbirlerden ótti. Tuwısqan respublikalardaǵı bir qansha túrkmen, ózbek, qazaq sazendeler menen duwtar, dombıra shertisip te kórdi. Genjebay baqsı 1957-jıldan baslap elimiz boylap Qaraqalpaqstan mádeniyat kúnlerinde, hápteliklerde qatnasıp kelmekte. Genjebay baqsınıń qosıq sazları Tashkent, Alma-ata, Ashxabad, Baku, Ufa, Qazan qalalarınıń teatr saxnalarında jańladı. Ol óz xalqı arasında da óz óneri menen úlken abıray arttrıp, jurtshılıqqa tanıldı. Respublikamız tamashagóyleri arasında, tuwısqan xalıqlar arasında da Genjebay baqsı duwıldaǵan qol shappatlaw alǵıslarına miyasar boldı. Genjebay baqsı Tilewmuratovtıń kóplegen shákirtleri házirgi waqıtları muzıka mádeniyatımızdı rawajlandırıw tarawında, aansambll jámáátlerde, muzıka mektepleri menen muzıka oqıw orınlarında, mádeniyat úylerinde, mádeniyat hám kórkemóner mekteplerinde tabıslı islep hám ustaz jolın dawam ettirip kelmekte. Qaraqalpaq xalqınıń bay mádeniy miyrası sonıń ishinde baqsı-jıraw namaları xalqımızdıń ruwxıy ómiriniń gózzal oy-sezimleri menen ádiwli arzıw-ármanlarınıń aynası.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. A.Nadirova «Qaraqalpaq muzıka tarıyxı» - Tashkent 2018
2. Í.Moyanov «Baqsı jıraw tariyxı». Nókis 2021
3. A. Allamuratova, O. Dospanov, G.Tilewmuratova «Qaraqalpaq kórkem óner atamalarınıń sózligi» Bilim. -1991
4. (Maqsetov Q. Dástanlar, jırawlar, baqsılar. Nókis, «Qaraqalpaqstan».

BAQSÍLARDÍŃ «GÓRUǴLÍ» DÁSTANÍN ATQARÍW SHEBERLIKLERI

L.Maxammatdinova
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı «Folklor hám etnografiya» kafedrası baslıǵı
A.Berdimuratova
«Baqsıshılıq hám dástanshılıq» tálim baǵdarı studenti

«Góruǵlı» dástanı shıǵıs xalıqları arasına keńnen taralǵan hám hár xalıq ózinshe variantlarına iye bolǵan mazmunı hám kórkemligi jaǵınan bahalı xalıq dóretpeleriniń birewi. «Góruǵlı» dástanınıń shaqaplarınan «Áwezxan», «Qırmandáli», «Bázirgen» bólimleri qaraqalpaqlar arasına awızsha keńnen taralǵan. Sonıń menen birge Qazan, Tashkent baspaları arqalı qaraqalpaqlar arasına jayılǵanıda belgili. «Góruǵlı» tuwısqan xalıqlardıń ortaq hám súyikli dóretpesine aynalǵan. Dástannıń payda bolıw derekleri XVI ásirdiń aqırı XVII ásirdiń bası dep ilimpazlar tastıyıqlaydı. «Góruǵlı» dástanınıń qaraqalpaqlar arasına keń taralıwına XVIII-XIX ásirlerdegi xalıq azatlıq gúreslerinińde úlken tásiri bolǵan. Qaraqalpaqlardıń tariyxındaǵı basıp alıwshılarǵa qarsı gúresler menen bir qatarda qaraqalpaqlardıń XVIII-XIX ásirlerdegi Xiywa xanlıǵına qarsı xalıq azatlıq gúresleri «Góruǵlı» dástanındaǵı sóz etiletuǵın erkinlik, Ǵárezsizlik ideyalarınıń, Góruǵlı usaǵan xalıq batırlarınıń qaraqalpaqlar arasında jırlanıwına bekkem tiykar salǵan. Qaraqalpaq xalqınıń ullı Shayırı XIX ásirde jasaǵan Berdaq ózininń «Ernazar biy» poemasında sol dáwirdegi xalıq azatlıq gúresin baslaǵan Ernazar-alakózdi Góruǵlı menen salıstıradı:

Góruǵlı bektey er edi,
Qatarda qosa nar edi,
Tolı jurtqa dárkar edi,
Sheyit óldi Ernazar biy.

Góruǵlı dástanınıń qaraqalpaq versiyasınıń dóreliwine qaraqalpaq baqsılarınan Aqımbettiń, Muwsanıń, Arzınıń, Edenbaydıń, Dosnazardıń, Berdaq baqsı mektebinen shıqqan baqsılardan Húrlimannıń, Qarajan baqsınıń, sońın ala Bayniyaz, Sherniyaz, Jumanazar, Artıq, Juman, Eshan, Japaqlardıń hám taǵı basqalardıń úlken dóretiwshilik úlesi bar. «Góruǵlı»nıń «Qırmandáli» bólimi túrkmenshe, ózbekshe, qaraqalpaqsha variantlarınıń mazmunı bir-birine júdá jaqın. Arıslanbaydıń palwan Qırmandáli degen qızı boladı. Ol gúresse jıǵıp, aytıssa jeńip alatuǵın jigit izleydi. 360-batırdı gúreste jeńedi. Góruǵlıda Qırmandáli menen gúreste dáslep jıǵıladı. Qırmandáli Góruǵlını óltirmey qaytarıp jiberedi, azat etedi. Góruǵlı Ashıq-Aydın pirge kelip, Ashıq-Aydın pir Qırmandálini jeńip Karim degen

shákirtine alıp beredi. Dástanda Góruǵlınıń Ashıq-Aydın pirden pátiya alıwǵa barıwı, Góruǵlı menen Qırmandáli arasındaǵı epizodlar júdá qızıqlı sóz etiledi. «Qırmandáli» dástanında palwan qız teması, palwanlıqtı, sheshenlikti birinshi dárejege qoyadı, dástannıń bahalılıǵıda usında. «Qırmandáli» dástanındaǵı qarakóz benen qosıqlardı da baqsılarımız júdá kóterińkilik penen yosh penen jırlaǵan. Ashıqlıq, mártlik, sózge sheshenlik, sazendelikti, hátte qızlardıń palwanlıǵın sóz etetuǵın bul dástan xalqımızdıń súyip tıńlaytuǵın dástanlarınıń birine aylanǵan.

«Qırmandáli» dástanındaǵı Góruǵlınıń awzınan aytılatuǵın «Bizge nazlı yardan xabar kelipti», «Nazlı yar suw ber isheli», «O qumar kózli yar kórindi», «Ópsem lábim qana-qana», «Qanat baylap ushıp keldim», «Bergen wádeń push boldıma», «Ne derseń», Aǵa Yunustiń «Alsań násiyhatım ketme Góruǵlı», Qırmandáliniń «Tus ózińsuwdan isheber», «Ne derseń», Ashıq-Aydınnıń atınan aytılatuǵın «wáde etken kel yarım, ıqrara kózim tushti» qosıqları qaraqalpaq baqsılarınıń yoshın, úlken sheberlik penen tıńlawshılardıń júreklerin terbetip, eń jaqsı degen xalıq namalarına salıp aytıp xalıq súygen qosıqlarǵa aynalıp ketken qosıqlardan sanaladı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Ayımbetov Q. Xalıq danalıǵı. Nókis, 1988.
2. Erejepov A.A. «Baqsı hám jırawshılıq tiykarları». Nókis. «Miraziz Nukus», 2020.
3. Nadırova.A. «Qaraqalpaq muzıka tariyxı». Tashkent «Sano standart», 2018.
4. Erejepov A.A. «Qaraqalpaq xalıq qosıq hám sazlarınıń tariyxı» Qaraqalpaqstan-2018 j.

QURBANBAY JÍRAW REPERTUARÍ

Joldasbaeva Tamara

Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Aǹıraǵan búkir qobızdıń hawazı geyde árwanaday bozlap, geyde ál-hawadaǵı ǵazdıń sestindey ǵańqıldap, júrek bawırındı ezip, kewil-kúyine kirip barıp, onıń názik tarların tebrendiredi. Ótip ketken ómirdiń ózekli túyinin, tariyx jılnamasın ilahiyda bir jaratılısı menen sol bir dáwirlerdiń kózindey, bolıp elesletip, tirishiliktiń jetispey turǵan kemshiligin ruwxına uyalatıp lázzet bağısh etedi. Sonlıqtan shıǵar qobızdı kórgende qanday da bir sırlı sandıqtı kórgendey oy-teriǹine shúmip keteseń. Insan Qálbindegi sherdi tolqıtıp shıǵarıp, tula boyındı

balqıtıp, sezimińdi terbetetuǵın bul sazdıń qúdiretine tásiyn qalasań. Bul qúdiretli sazdı qolǵa alıp, ózine joldas qılǵan jıraw lardıń hárbiriniń talantı óz aldına.

Búkir aǵashqa ishek tardı baylap, ullı-ullı zibanlardıń ırǵaǵın keltirip shıǵarıp, oǵan xalıq turmısı menen tariyxın birlestirip, júreginen jay berip jır-jırlaǵan sazdıń hawazına hawaz qosqan jıraw lardıń biri Qurbanbay Tajibay ulı.

Qaraqalpaq xalqında jıraw ayrıqsha húrmetli xalıq súyiwshiligine iye. Jırawǵa talant Allataala tárepinen beriletuǵın kiyeli qásiyet sıpatında qaraydı. Qaraqalpaq xalqına keńnen tanılǵan talantlı jıraw Qurbanbay Tajibay ulı 1876-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Tórtkúl rayonı «Shoraxan» aymaǵındaǵı Shıbıqlı awılınıń jarlı diyqan shańaraǵında tuwıladı.

Qurbanbay qaraqalpaqtıń qara mańǵıt rıwınan. Ákesi menen anasınan on eki jasında jetim qalǵan Qurbanbaydıń turmıs jaǵdayı qıyınlasa baslaydı.

Ol ólmey kún keshiriw maqsetinde altı jıl Aytımbet degen baydıń shopanı bolıp isleydi. Baydıń úyinde eń awır miynettiń azabın, qıyınshılıqların bastan keshiredi.

Sol jılları Qızıl qumdaǵı Sandıq taw degen jerlerde ózindey qoy-eshki baǵıp júrgen shopanlar menen tanısıp, olar menen dos boladı. Shopan doslarınıń aytqan qosıqların, dástan-jırların, ańız-áńgimelerin úyrenedi. Olarǵa Qurbanbay da ózi biletuǵın xalıq qosıqları menen dástanların aytıp beredi.

Qaraqalpaq jıraw larınıń shákirt tayarlaw usılı barlıq túrkiy tilles xalıqları jırshılarına uqsas. Shákirtti jıraw awızeki atqarıw dástúrinde úyretedi. Shákirt jırawdıń atqarıwın tıńlawı, onı yadlawı kerek. Ol neshe jılda ustazınıń repertuarın úyrenedi, ol shákirttiń ózine, talantına, yadlaw uqıbına baylanıslı.

Qaraqalpaq jırawshılıq ónerinde bir dástandı shákirt ustazınan úyrenip bolıp, waqıttıń ótiwi menen onı ekinshi jırawdan jáne tolıqtırıwı, jetilistiriwi múmkin. Jıraw óz variantınıń kúshli shıǵıwı ushın tınbastan izlenip, onı jańartıp, tolıqtırıp otıradı. Qurbanbaydıń jıraw bolıwǵa qızıqqan tasqın talantın sezgen awılınıń jası úlkenleri: «Buxaradaǵı ataqlı qaraqalpaq jırawı Qalmurattıń izine erip, oǵan shákirt bol»,-dep keńes beredi. On segiz jasar Qurbanbay baǵıp júrgen qoyların taslap, kárwanlardıń izine erip, Buqaraǵa ketedi. Ol Bulıńǵır dáryasınıń boyında jaylasqan Nurata tawında jasawshı jıraw Qalmurattıń úyine baradı. Oǵan jıraw bolıwǵa qızıǵatuǵınlıǵın aytıp, meni shákirt etip al dep, ótinish etedi.

Qalmurat sınap kórip onı shákirt etip aladı. Qurbanbay Qalmurat jırawǵa tórt jıl shákirt bolıp, onnan «Qırıq qız», «Er qosay», «Qurbanbek», «Er sayın», «Shiyrin sheker», «Bozaman» hám «Jáhánsha» dástanların úyrenip aladı.

Jıraw Buxaradan jigirma eki jasında ózinıń tuwılıp ósken eli Tórtkúlge qaytıp kelip, jırawshılıq kásibi menen shuǵıllanadı. Bunda «ónerdi úyrende jiyren»

degendey Qurbanbay ónerdi kóp úyreniwden jalıqpaydı. Ol óz elindegi Jiyemurat jırawdı da ustaz tutıp, onnan birqansha dástanlardı úyrenedi.

Eń sońında Qońırat qalasındağı ataqlı Nurabulla jıraw Qarajan ulına shákirt bolıp, onıń izine eredi. Onnan «Alpamıs», «Qoblan», «Sháryar» hám «Ilimxan» dástanların úyrenip, óz repertuarların ádewir bayıtadı. Qobız shertiwdi júdá jaqsı bilińkiremeytuǵın Qurbanbay qobızǵa jan endirip shertetuǵın kúshli sazende Nurabulladan on altı namanı úyrenip, qobızdı da jaqsı shertetuǵın sazende qatarına erisedi.

Qurbanbay «Er Ziywar», «Qanshayım», «Xajıgirey», «Sálimxan», «Xatamtay», «Meńliqal», «Jazkelen», «Jan ádil» t.b. dástanlarında atqarıp, xalıq arasında keńnen taratadı. Ulıwma alǵanda ol jigirmadan aslam dástanlardı biledi.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Alımov A. Qurbanbaydıń jırawshılıq jolı «Ámiwdárya» jurnalı, №11, 1984.
2. Maqsetov Q. Qaraqalpaq jıraw, baqsıları «Qaraqalpaqstan» baspası, Nókis, 1983.
3. Maqsetov Q. Qurbanbay jıraw, «Ámiwdárya» jurnalı, №6, 1988.

QARAQALPAQ XALÍQ QOSÍQLARÍNÍŃ QÁLIPLESIWI

Askarova Ziywar Kóshkinbaevna - *úlken oqıtıwshı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı
Isakov Miyirbek
«Qosıq hám ayaq oyın» qánigeligi 3-kurs studenti

Xalıq óziniń basınan ótkergen hár qıylı tariyxıy waqıyalarǵa bay turmısın, ruwxıy kewil keshirmelerin hám psixologiyasın qosıqlar arqalı sáwlelendirgen. Qosıq hám saz arqalı insan quwanıshın, shadlıǵın, qayǵısın, arzıw-ármanların, ishki sezimlerin, debdiwlerin shıǵara alǵan. Qosıq adamdı sıyqırlap alatuǵın kúshke iye ekenligi hámmege belgili. Sonlıqtan da, sóz benen jetkere almaǵan názik oyların saz arqalı jetkergen. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoyevtıń 2018-jıl 14-avgusttaǵı 3907-sanlı Qararında oqıwshı-jaslardıń bos waqıtın mazmunlı shólkemlestiriw, orınlarda túrli dóretiwshilik hám bilimlendiriw dógerekleri iskerligin jaqsılaw, ǵalaba xabar quralları, kino, teatr hám muzıka kórkem ónerinde jaslar ortasında xalqımız ruwxıylıqın, milliy ǵárezsizlik ideyasın eń jaydırıw, búgingi reformalardıń mánisin jaqtılandırıwǵa qaratılǵan sistemalı islerdi shólkemlestiriw máseleleriniń ayrıqsha tastıyqlanǵanlıǵı biykarǵa emes. [1] Bul máselelerge toqtalmastan aldın, qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń payda bolıwı hám de házirgi kúnge

shekem qalayınsha jetip kelgenligi boyınsha azǵana tariyxıy, ilmiy hám teoriyalıq maǵlıwmatlar keltirip ótemiz. Milliy qosıqlar xalıqtıń turmıs tirishiligi menen birgelikte tıǵız baylanısıp rawajlanıp kelgen. Olar hár qıylı toy-tamashalarda, geshteklerde atqarılǵan. Bir awılǵa jıraw, baqsı, qıssaxanlar kelse alıs-jaqın awıllardan adam qalmay qurǵa jıynalǵan. Jıynalǵan jámáát milliy dóretpelerimiz bolǵan dástanlarımızdı, milliy qosıqlar menen namalarımızdı úyıp otırıp tıńlaytuǵın bolǵan. Mine usınday mádeniy dem alıslar sol waqıttaǵı xalıq turmısında úlken tárbiya mektebi bolıw menen birge, olarǵa ruwxıy baylıq inám etken. Xalıq dóretpeleriniń hámmesi awızeki túrde áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa, alıs-alıs awıllardan izlep kelip ustaz-shákirt túsiw jolı menen biziń zamanımızǵa shekem jetip kelgen. Qaraqalpaq xalıq qosıqların janrlıq jaqtan bóliwdi aldı menen xalıq muzıkasınıń atqarıwshılarınıń, baqsı, jiraw, sazende, qıssaxan, qosıqshı t.b. bolıp bóliniwlerine qaray onı xalıq qosıqları hám qaraqalpaq xalıq kompozitorlarınıń dóretpeleri dep eki úlken toparǵa bóliw zárúrligin izertlew jumısları dálilleydi. Xalıq qosıqlarınıń: miynet, tariyxıy, Watan, salt-dástúr (besik jırı, háwjar, yaramazan, joqlaw, sıńsıw), muhabbat qosıqları, qızlar qosıqları, dinge baylanıslı qosıqlar t.b. bir qansha túrleri ushırasadı. Olar keń xalıq massasınıń atqarıwına ılayıq bolıp, atqarıwshıdan awızeki professional muzıkası sıyaqlı ayrıqsha qánigelikti talap etpeydi. Xalıq qosıqların qosıq aytıwǵa uqıbı bar qálegen adam atqara beriwi múmkin. Xalıq qosıqlarınıń teksti de, naması da qıynaǵan turmıstan dóregen jámááttiń miyneti, onı dóretiwshi de, atqarıwshı da xalıq. Qaraqalpaq xalıq muzıkasın usılayınsha eki toparǵa bóliw bir jaǵınan sol muzıkalıq materialdıń óziniń specifikalıq ózgesheligine baylanıslı anıqlansa, ekinshi tárepten atqarıwshılardıń bóliniwine qaray anıqlanıladı. V.Shafrannikov «Каракалпакские народние песни» toplamında xalıq namaların lirikalıq, epikalıq, tariyxıy, sociallıq qarsılıq kórsetiw, oyın-kúlki hám sazlar dep birneshe toparlarǵa bólgen. [2.] Bul toplamda izertlewshi qaraqalpaq namalarınıń kóp qırlı bolǵanlıǵı, onıń koloritiniń ráńbáreńligi hám de hár qıylı xarakterge bay bolǵanlıǵın esapqa alıp, qosıq qatarlarına qaraǵanda namalarǵa kóbirek itibar berip, onı ózi islep shıqqan sistemaǵa tuwrı jaylastırıwǵa háreket etken.

Qaraqalpaq muzıka kórkem ónerиniń qáliplesiw tariyxında qıssaxanlar da óz ornına iye. Qıssaxan óz naması hám atqarıwshılıq jolları menen kózge túsetuǵın ózgeshe óner iyesi. Ózleriniń sheber atqarıwshılıǵı menen el arasında tereń húrmetke iye bolǵan bir qatar qıssaxanlardıń ótkenligi málim. Qıssaxanlar baqsı-jırawlar bolmaǵan waqıtları, olardıń ornın bildirmey xalıqqa tamasha bergen. Olar óz qosıqlarınıń namasın jeke ózi atqaradı. Qıssaxanlardıń repertuarlarına tiykarınan klassik shayırlardıń, dástanlardan úzindiler hám xalıq qosıqları kiredi. Olar tiykarınan, el arasında keńnen málim bolǵan bir namaǵa yaǵnıy qıssaxan namasına

salıp atqaradı. Ol namalardıń aytarlıqtay ózgeshelikke iye bolǵan 2-3 túri ushırasadı. Bul tekstte hárbir qıssaxannıń atqarıwshılıǵındaǵı individuallıq ózgesheliginen kelip shıqqan bolıwı múmkin. Dástúriy qıssaxanlardıń wákillerine shayır Abaz Dabılov, Sadıq Nurımbetov, Xalila Dáwletnazarov hám Ram shayırlardı keltiriwge boladı. Folklorist alım E.V.Chistovtıń muzıka hám dástúrlerdiń folklorlıq dóretpelerge qatnası haqqındaǵı tómendegi pikiri dıqqatqa ılayıq. Ilimpaz dástúr, drama, muzıka hám xoreografiyanıń folklorlıq dóretpelerdiń qosımsha komponentleri ekenligi haqqında aytadı. [3.] Bul elementlerdiń hámmesi belgili bir folklorlıq janr átirapında birigedi dep esaplaydı hám bul júdá orınlı. 70-90-jılları alımlar arasında xalıqlıq folklordı izertlewde etnografiya, muzıkatanıw, folkloristika ilimleriniń xalıq awızeki ádebiyatına qatnası maselesinde kóp ǵana ilimiy miynetler dórelgen edi. Sebebi, folklorlıq dóretpeler bul tarawlardıń da izertlew obyekti bolıp esaplanadı. Biz bul obyektlerdi xalıqlıq lirikanı janrlıq jaqtan klassifikaciyalawda bir-biri menen aljastırmawımız zárúr. Folklorlıq dóretpelerdi úyreniw etnografiya, tariyx, muzıkatanıw ilimleriniń obyekti bolıw menen birge ulıwma filologiya pániniń de obyekti esaplanadı.

Xalıq qosıqlarınıń dóretiliwi, jasawı, improvizaciya hám tradiciyası, poetikası onıń atqarıwshıları menen alıp júriwshileri, onı dóretiwshiler menen xalıq arasında jasaw jaǵdayı revolyuciyaǵa shekemgi dáwirde, yaki bunnan sońǵı tariyxıy, hárbir dáwirde sol tariyxıy dáwirdiń jaǵdayına qarap ózinshe jol menen jasaydı, bayıydı, rawajlanadı. XX ásirge shekemgi xalıq qosıqların izertlegen miynetlerde kórsetilgen janrlar sovet húkimeti jılları ishinde kem rawajlanadı, yaki bolmasa rawajlanbay qaladı. Mısalı, diniy dástúrlerdi úyretiwshi folklor sovet húkimeti jılları rawajlanbay qaldı. Sovet húkimeti jılları ishinde baspasózdiń, radio, televideniye, kitap shıǵarıw sanaatınıń rawajlanıwı menen xalıq tvorchestvosı awızeki taralıwdan góre kitap arqalı, radio arqalı taralıw jaǵdayına ótti. Buǵan qosımsha xalıq teatrları, mádeniy úyler, xalıq talantlarınıń festivallar, hár túrli jarıslar, konkurslar xalıq qosıqlarınıń rawajlanıwına jaǵday tuwdırdı, biraq onıń taralıw, dóreliw, jasaw jaǵdayı ózgerdi. Al, ǵárezsizlik dáwirinde bul baǵdarǵa ayrıqsha itibar qaratılıp, milliy miyraslar qayta tiklendi. Mámleketimiz basshısınıń qararları nátiyjesinde qaraqalpaq xalıq muzıkası tiykarında oqıwshı-jaslardıń ruwxıy-estetikalıq pazıyletlerin qáliplestiriw, qaraqalpaq eski kórkem óneri hám de jáhán ádebiyatınıń ullı kórkem úlgileri arqalı joqarı ruwxıylıqlı, belsendi hám patriot jaslardı tárbiyalaw, olardı milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa sadıqlıq, milletler ara tatıwlıq ruwxında tárbiyalawına da tiyisli ádewir jumıslar alıp barıldı. Mámleketimizde ósip kiyatırǵan jaslardıń milliy hám jáhán muzıka mádeniyatı úlgilerinen keń paydalanıwı ushın zárúr shárt-shárayatlar jaratıw hám sol tiykarda muzıkalıq tálimdi jáne de rawajlandırıw, buǵan baylanıslı kadrlar tayarlaw

sistemasın jetilistiriw boyınsha ámelge asırılatuǵın wazıypalar kórsetip berildi. Jaslardıń muzıkalıq uqıbı hám mádeniyatın kóteriw maqsetinde mámleketimizdiń hárbir qala hám rayonındaǵı muzıka hám kórkem óner mekteplerinde «Ustaz-shákirt» múnásibetlerin jáne de jetilistiriw, xalqımızdıń ruwxıy mádeniyatın rawajlandırıw, milliy muzıka kórkem óneri jetiskenliklerin úyreniw boyınsha úlken múmkinshilikler jaratılǵan. Bul bolsa óz náwbetinde qaraqalpaq muzıka kórkem óneriniń bunnan bılay da rawajlanıwına tiykar boları sózsiz.

Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Ёшларни маънавий ахлоқий ва жисмоний баркамол этиб тарбиялаш, ўларга таълим-тарбия бериш тизимини сифат жиҳатидан янги босқичга кўтариш чора-тадбирлари тўғрисида» ги 2018 йил 14 августдаги 3907-сон Қарори. www.lex.uz.
2. Шафранников В. «Каракалпакские народные песни». Москва; Музгиз, 1959.
3. Чистов К.В Народные традиции и фольклор. - Л.: 1986.

TALANTLÍ JÍRAW-SAZENDE

Seytanov Qoblan Abdiraxman ulı
«Qosıq hám ayaq oyın» qánigeligi 2-kurs studenti
Ilimiy basshı: **G.Munteeva -** *professor*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Qıyas jıraw qaraqalpaq xalqınıń ruwxıy mádeniyatında, kórkem ónerinde shınjırma-shınjır kiyatırǵan jırawlar sebin biziń dáwirimizge tutastırǵan, talantlı jıraw. Qıyas jıraw, ázelden qattıqulaq, mánili sózdi múlt jibermeytuǵın, sahrayılıǵına tán tábiyǵıy, pútkil barlıǵı menen dala tıńshısınday esken samal, ashılǵan kún, mawjırap aqqan dárya tolqınsaqlarına turmıs filosofiyasın ákelip birlestire otırıp ómir tariyxına biyparq qaramaǵan qaraqalpaq xalqınıń shańaraǵında dúnyaǵa kelgen. Ákesi Primbet sawatlı adam bolıp Maqtımqulınıń, Ájiniyazdıń, Berdaqtıń shıǵarmaların úyinde saqlap, oqıp, maǵızın shaǵıp, bolajaq Qıyas jırawǵa tásirin tiygizip otırǵan.

Qıyas jıraw eń dáslep awıllas jırawları-Paleke hám Bekmurat jırawlardıń jırın tıńlap, olardan tálim aladı. Biraq bul eki jırawda júdá qartayǵanlıqtan ustazlıq ete almaydı. Keyin Ábdirasuwli jırawǵa shákirt boladı. Aradan jıllar ótip ısılǵan jıraw óz repertuarın zamanlas jıraw-sazendeleri Erpolat, Seydabulla, Dilim, Arzı, Tóre jırawlardan da úyrenip keńeytedi.

Qıyas jırawdıń repertuarında «Ullı tolǵaw», «Jortıwlı», «Ílǵal», «Kelte ziban», «Aybatır», «Kóz aydın», «Nama bası» h.t.b. kóplegen terme-tolǵawlar menen «Sháryar», «Qız palwan», «Alpamıs», «Bujırmergen», «Máspatsha», «Ájibek», «Edige», «Bozuǵlan», «Qurbanbek», «Qaraman-qayıl» h.t. basqa dástanlar keń orın alǵan. Xalıqtıń bunday xalıqlıq miyrasın meńgergen jıraw bulaq kózlerindey ashılıp, kúshli improvizaciyalıq qábiletke iye boladı. Shayır-jırawdıń hárbir atqarǵan terme-tolǵawlarınan baslap, dástanlarına shekem úlken ózgeshelikke iye bolıp, jeke Qıyas jıraw variantına tán.

Qıyas jıraw hár dástandı hám termelerdi atqarǵanda dóretiwshilik penen qatnas jasay otırıp, óziniń oy-qıyalın, fantaziyasın kórkemlep, ideyanı tereńletiwge, bayıtıwǵa háreket etip otırǵan. Máselen: «Alpamıs» hám «Edige» dástanları klassifikaciyası boyınsha qaharmanlıq eposlar janrına kirgeni menen ekewiniń ideyası úlken eki baǵdarda óz sáwleleniwin tapqan. Birinshisi «Alpamıs» dástanında sırtqı dushpanlarǵa gúres, ekinshisi «Edige» dástanında ishki dushpanlar, el-ishindegi ózara kelispewshilik, ádalatsızlıqlardı súwretlewge qurılǵan. Jıraw dóretpeniń usı ózgesheliklerine úlken máni bere otırıp sırtqı dushpanlarǵa gúres júrgizip atırǵan qaharman obrazın barınsha tipiklestiredi, turmıs táshwishlerine qurılǵan «Bozuǵlan», «Edige» sıyaqlı dástanlardı jırlaǵanında doslıqtı, opadarlıqtı, ayrılıqtı h.t. qubılıslardı óz teńewleri menen shıńına shıǵarıp jırlaydı. Mısalı:

1. Elinen adasqan sergizdan ǵayıp
Aqsha júzi zapıranda sarǵayıp
Yamasa
2. Qaldırmay meni alıp ket.
Eger alıp ketpeseń,
Óz qolıńnan shawıp ket.
Hayranlıq salma baǵıma,
Men ólimge ırzaman,

Belgili jayın tawıp ket - degen qatarlarda tuwǵan jerden ayra túsken batırdıń túskinligi, qayda bararın bilmey, ádalatsızlıqtan, xannan jábir kórip ketip baratırǵan Edigeniń joldası Qarashashtıń sheshiwshi sózleri táriyiplenedi. Dástanlardaǵı nasır sózlerdi de «Aǵalıq belgi ádalat», «Ash arıqtı awlaydı, bálesi ottay ǵawlaydı» degen qatarlardaǵıday belgili bir ritmlik ırǵaqqa, poetikalıq jeliske túsirip jiberilgen.

Qıyas jıraw Qayratdinov 1932-jılı Shımbayda xalıq teatrına sazende jıraw bolıp jumısqa tartıladı. Bul jerde Eshan, Qıdırnıyaz, Xudaybergen, Tınıbay baqsılar menen tek Shımbayda emes, dáryanıń arjaq-berjaǵına barıp, qalalar menen kolxozlarda dástan hám termelerin jırlap júredi. 1933-jılı Tórtkúlde shólkemlesken

radio-esittiriw komitetinde isleydi. 1939-jılı Tórtkúl, Tashkent, Moskvada ótkerilgen xalıq talantlılarınıń olimpidalarına qatnasıp úlken húrmetke bólenedi. 1942-jılı Tashkentte «Alpamıs» dástanına baǵıshlap ótkerilgen regionallıq ilimiy-teoriyalıq ánjumanǵa qatnasıp, 24 xalıq namasın atqarıp beredi hám magnit lentasına jazdıradı. 1960-jılı Moskvada ótkerilgen pútkil jer-júzilik shıǵıstı izertlewshilerdiń XXV kongresine qatnasıp «Qırıqqız» dástanın jırlaydı. 1966-jılı jıraw-shayırdıń «Qaraqalpaqstan» baspasında «Qobız termeleri» atlı toplamı basılıp shıqtı.

Qıyas jırawdıń repertuarında 20 dástan bolǵan. Ol shayır-jıraw bolǵanlıqtan «Qırıq qız» dástanın qayta islep, Qıyas jıraw variantın dóretken. Qıyas jırawdan 50 den aslam xalıq namaları, terme-tolǵawları jazıp alınǵan. Ol óz dáwiriniń dańqlı jırshısı bolıp mudamı xalıqtıń itibarında bolǵan. Onıń dóretiwshiligi ilimpazlar tárepinen óz bahasın alǵan.

Jıraw-basqılardıń dóretiwshiligi menen qosa onıń ómiri hám jeke laboratoriyasına belgili dárejede jetik baha bergen, házirgi ilimiy izertlewler ushın oǵada áhmiyetli bolǵan folklorist alım Qallı Ayımbetovtıń «Xalıq danalıǵı» kitabında Qıyas jıraw haqqında bahalı pikirler berilgen. Onıń improvizaciyası, jırawshılıq talantına qosılǵan ayrıqsha bir ózgesheligi ekenligin atap kórsetken. 1991-jılı kórkem óner ilimleri kandidatı Tájigúl Adambaeva tárepinen baspaǵa tayarlanılǵan «Jıraw namaları» toplamında da Qıyas jırawdıń dóretiwshiligine keń toqtap, onıń atqarǵan namaların teksti menen notaǵa túsirgen.

Erte dáwir ádebiyatlarına, hám folklorlıq shıǵarmalarǵa óziniń bahalı pikirlerin bergen alım K.Mambetov «Qaraqalpaq tolǵawları» (1995-j. «Bilim») miynetinde: «Talantlı qaraqalpaq jırawları Ógiz jıraw, Qurbanbay jıraw, Esemurat jıraw, Qıyas jıraw hámmesi de talantlı shayırlar bolǵan. Hátte Qıyas jıraw óz ómirinde tolǵawlar toplamın jazıp baspadan shıǵarıp, eki dástan dóretken (66 b) ligin atap kórsetedi.

Qıyas jırawdıń ózine shekemgi hám ózinen keyingi jırawlardan ayırmıshılıǵı-folklorlıq shıǵarmalardıń qalay kelip shıǵıw tariyxına qızıǵıw hám onı óz repertuarın jazıp alıwshılarǵa qızıqlı gúrriń etip aytıp beriwi menen ózgeshelenedi. Onıń folklorlıq shıǵarmalar haqqındaǵı maǵlıwmatı áytewir bir ańız emes, tariyxıy tamırlarǵa aparatuǵın janlı áńgimeler, házirgi waqıtta tariyxshılar folklorlıq shıǵarmaları «awızsha-tariyx» dep bahalap atırǵan dáwirde Qıyas jırawdıń hár tárepleme talantlı xalıq jırshısınıń pikirleri itibarǵa ılayıq.

Qıyas jıraw 50-jıldan artıqlaw qolına qobızın alıp xalıqqa jır-jırlap xızmet etken. Óz gezeginde xalıq júreginen orın alǵan, súyikli sazende-jıraw dárejesine jetisken. Búgingi kúnde Qıyas jıraw xalıqtıń ruwxıy mádeniyatında úlken tulǵalardıń biri bolıp esaplanadı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Aliev A. «Máspatsha» dástanınıń variantları hám onıń atqarıwshıları // Ámiwdárya, №4, 1965.
2. Maqsetov Q. Qaraqalpaq jıraw baqsıları. «Qaraqalpaqstan» baspası, Nókis, 1983.

MEKTEPLERDE HÁWESKERLER DÓGEREKLERIN SHÓLKEMLESTIRIW

Askarova Ziywar Kóshkinbaevna - *úlken oqıtıwshı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı
Jumabaev Dawletbay
«Qosıq hám ayaq oyın» qánigeligi 4-kurs studenti

Oqıwshı jaslarǵa estetikalıq tárbiya beriwde mektepte hám mektepten tısqarı mekemelerde shólkemlestirilgen sazendeler ansambleri dógereklerinen paydalanıladı. Bul dógerekler kóplegen oqıwshı jaslardı birlestiredi. Olar ózara baylanısta bir birikken jámáát bolıp, qosıq hám namalardı nota menen shertiwge hám esitip (slux) shertiwge úyrenedi. Dógerektegi hár qıylı muzıka ásbaplarınıń sesleri, kóp dawsılı sesler balalarda muzıkalıq qábiletleriniń ósiwine hám rawajlanıwına paydalı tásir etedi. Olar muzıkanıń názik álwan sırların bilip alıwǵa umtıladı, professional sázendelik sırların úyrene baslaydı. Ansamblge qatnasqan oqıwshılar dáslep duwtar hám rubab (qashqar rubabın) shertip úyrengisi keledi. Lekin qálegen saz ásbapları menen dógerek dúzip bolmaytuǵınlıǵı belgili. Sonıń ushın duwtar, rubab, rubab prima, chang, dáp (doyra) hám.t.b. muzıka ásbaplarınıń sazendeler ansamblinde yaǵnıy dógerekte tutatuǵın ornın hám áhmiyetin túsindiriw zárúr. Oqıwshınıń duwtar, rubab, hám.t.b. muzıka ásbaplarında qosıq hám namalardı shertip beriwi oqıwshılarda sol ásbaplarǵa degen qızıǵıwshılıǵı artadı. Olardı sol muzıka ásbaplarına úyretip barıw menen birgelikte Hárbir oqıwshınıń qálewine qaray, olardı basqa bir muzıka ásbapı menen tanıstırıw jaqsı nátiyje beredi. Rekonstrukciya etilgen, ásirese tarlı muzıka ásbaplarında nota menen namalar shertiwdi úyreniw biraz ańsat bolǵanlıqtan mektepte plektorlı muzıka ásbapları dógeregin shólkemlestirgen maqul boladı. Nota menen shertiwdi úyreniwde olar birinshi ret muzıka ásbaplarınıń aplikaturasın, qaysı bir ásbapta shertiw ushın tiyisli oktava, notalardıń nota sızımlıqlarında jaylasıwı, notalardıń sozımlıǵı hám olardıń sanalıwı, irkilis belgileri, ólshem hám taktti jaqsı ózlestirip alıwları lazım. Sonnan keyin ásbaplarda shertiw ushın kishi-kishi namalar beriliwi múmkin, namalardı úyrenip barıw da nota jazıwında isletiletuǵın basqa belgilerde úyretilip barıladı. Oqıwshılar notanı tez oqıy alıwı ushın hárbir sabaqta kishi-kishi

shınıǵıwlar shertip, jámáát bolıp atqarıwǵa úyretiw kerek. Bunıń ushın shınıǵıwdıń ólshemin anıqlaw, ritmikasın qol menen shappat qaǵıw, notalardıń atların aytıw, sońınan hámme birge asıqpay shertiw kerek boladı. Melodiya - bir dawsılı muzıkalıq pikir. Hárbir anıq kórkem melodiya qanday da bir tásirli mánisti ashadı. Russ klassik kompozitorları da melodiyaǵa hámme waqıt úlken áhmiyet bergen. «Garmoniya», «Instrumentovka», qanday úlken áhmiyetke iye bolsa, olar melodiyaǵa qosımsha bolıp esaplanadı»-deydi Glinka. «Melodiya – muzıkanıń tiykarı»-deydi S.Raxmaninov. Sonıń ushında muzıka shıǵarmasınıń ústinde islegende melodiyanıń mánili shertiliwine, atqarılıwına úlken áhmiyet beriledi. Melodiya islew – baslanǵısh klasslardan-aq iske asırıladı. Melodiyanıń ne ekenligin balalarǵa túsindirgende: – Melodiya – muzıka sesleriniń (dawıslarınıń) bir-birine baylanıslı izbe-izligi»-dese boladı. Lekin gáplerdegi sózlerge uqsap, melodiyadaǵı seslerdiń mánisi de bir emes. Melodiya kóp hám kem áhmiyetli seslerden ibarat. Melodiyada áhmiyetli seslerge qalǵanları háreketlenedi. Hárbir melodiya frazalarǵa bólinedi, bir nápeste atqarılatuǵın shıǵarmalarǵa – fraza delinedi. Gey bir waqıtları frazalar liga menen kórsetiledi. Melodiyanı tolıq shertkende onıń rawajlanıwına áhmiyet berip háwiji belgilenedi, melodiya háwijge jetkende táwiraq keńeyttirilip shertiledi. Melodiyanı durıs shertiwge erisiw ushın avtor tárepinen qoyılǵan nota belgileri úlken járdem beredi. Sonıń ushın da nota tekstine áhmiyet beriwde dıqqatlı bolıp úlken áhmiyet beriw kerek bolıp tabıladı. Sonıń menen birge oqıwshılardıń muzıkalıq bilimin asırıw ushın túrli temalarda: – kompozitorlardıń ómiri hám shıǵarmaları, muzıka janrları, atqarıwshı jámáátler, xalqımızdıń mádeniyatı hám kórkem óneri tuwralı gúrrińler ótkerip, kompozitor hám qosıqshı sazendeler menen ushırasıwlar ótkeriledi. Mektep saxnasında, kárxanalarda, basqa oqıw dárgaylarında, radio-televidenieden uqıplı oqıwshılardıń atqarıwında koncertler shólkemlestiriw jaqsı nátiyje beredi. Bul ilájlar balalardıń dógerekke qızıǵıwshılıǵın oyatadı. Repertuar tańlaǵanda kompozitorlardıń hár túrli mazmundaǵı shıǵarmaları menen bir qatarda xalıq qosıqları, bayramlarǵa baǵıshlanǵan hám balalarǵa arnalǵan balalar qosıqları tárbiyalıq áhmiyetke iye qosıqlar kirgizilgeni maqul boladı. Bul reje mekteptiń bir jılǵa dúzilgen oqıw-tárbiya rejesine muwapıq dúziledi hám mekteptiń basqarıwshıları tárepinen tastıyıqlanadı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Rahmatjon Tursunov «Xalq musiqa ijodiyoti va adabiyoti» Tashkent 2002.
2. Axmedov M., Qodirov D. «Musiqa xalıq marosimlari», «San'at» jurnali. 1990.
3. Á.Alımov, T.Adambaeva, J.Turdımuratov «Házireti sazger» Nókis «Bilim» 2013.

MUZÍKA OQÍTÍWSHÍLARÍN KÁSIPLIK TAYARLAWDÍŃ PEDAGOGIKALÍQ USÍLLARÍ

L.Maxammatdinova
«Folklor hám etnografiya» kafedrası baslıǵı
N.Gaybullaeva
«Baqsıshılıq hám dástanshılıq» tálim baǵdarı studenti

Muzıkalıq-estetikalıq tárbiyanıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı xalıqtıń mıń ásirlik tariyxı menen tıǵız baylanıslı. Basqa xalıqlar sıyaqlı qaraqalpaq xalqınıń óz mádeniyatı, kórkem-óneri, siyasiy-ekonomikalıq tariyxı, geografiyalıq jaylasıwı, ruwxıy mádeniyatı, ózine tán jasaw-jaǵdayları, xalıqtıń qollanbalı óneri, xalıq qosıqları hám namaları, úrp-ádetleri, xalıqtıń jasları tárbiyasındaǵı kózqaras pikirleri bar. Qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatına turmıs-tirshiligine úrp-ádet dástúrler xalıq ómirine teneń kirip bardı. Úrp-ádet dástúrlerdiń emociyalıq-psixologiyalıq mazmunı hám onıń insaniyat sezimine tásir jasawı, xalıqtıń turmıs tirshiligine, bala tárbiyasına aktiv aralasıp, adamlardıń sanasına kóplegen ǵayrı tábiiy sezimlerdi engizedi. Sonlıqtanda xalıq dóretpesiniń usınday túri xalıqtıń úrp-ádet dástúrler menen oyın-zawıqları hám taǵı basqa da úylesimli túrleri júzege keldi. Al onıń kóplegen elementleri xalıqtıń ómirinde bolǵanlıǵı menen, onıń házirgi özimiz bilgen dárejedegi túri bolǵan dewimizge bolmaydı. Sebebi ayırım elementlerin özgertilgen yamasa umıtılıp joǵalıp ketken de bolıwı múmkin. Demek qaraqalpaq xalqınıń ruwxıy baylıǵı mádeniyatı jeterli dárejede saqlanıp qaldı hám házirgi ǵárezsizlik dáwirinde onı elede rawajlandırıwǵa bel baylamaqta. Muzıka tarawında özine tán improvizatorlıq tájiriybesine keleshek áwladqa muzıkalıq-estetikalıq tárbiya beriwdiń óz aldına úrp-ádet dástúri bolǵan. Olarǵa jergilikli xalıqtıń dóretiwshilik tájiriybesi, qaǵıydaları, xalıqtıń mentaliteti hám principleri hárdayım óz sáwleleniwin tárbiyada tapqan. Qaraqalpaq xalıq siyasiy-ekonomikalıq, tariyxıy, geografiyalıq jaǵdaylarınıń, xalıqtıń tárbiya máselesi, atap aytqanda muzıkalıq estetikalıq tárbiya beriwge degen özine tán talaplardı qáliplestiredi. Tariyxıy etnografiyalıq materiallar menen xalıqtıń awızeki dóretpelerin izertlew, usı mashqala jónindegi pedagogikalıq kózqaraslar menen tanısıw hám qaraqalpaq xalqınıń shańaraqtaǵı bala tárbiyasında xalıq dástúrlerin paydalanıw balalarda miynetke, qosıq-muzıkaǵa, sazǵa, xalıqtıń qollanbalı buyımların soǵıwǵa jaslayınan aq úyretiw kerekligin talap etken. Xalıq pedagogikasında shańaraq ishindegi qatnasıqlardıń ishinde balalarǵa degen súyispenshilik, belgili bir dárejede balalardı batırlıqqa, erlikke, óz elin súyiwge tárbiyalaw orın aladı. Ata-analardı, úlkenlerdi sıylaw, tuwısqanlıq baylanıslardı tereń húrmet etetuǵın úrp-ádet dástúrler úlken orındı iyelegen. Sonlıqtan da

tárbiyadağı bul dástúrler xalıq pedagogikasınıń negizi quraydı. Basqa xalıqlar sıyaqlı qaraqalpaq xalqınıń da xalıq pedagogikasında keleshek áwladqa muzıkalıq-estetikalıq tárbiya beriwdiń tiykarında xalıq qosıqları hám namaları improvizatorlıq jolı menen qáliplesken degen juwmaq shıǵarıwǵa boladı. Máselen qaraqalpaq xalqınıń pedagogikasında muzıkalıq estetikalıq, tárbiyada úlkenlerdiń, ata-analardıń islerin úlgi etiw, tárbiyadağı uyat, ar-namıs sıyaqlı pazıyletlerinen keń paydalanıw, úyretiw, kótermelew, jazalaw, maqullaw sıyaqlı jolları menen ámelge asırıp otırǵan. Balalardı jaslayınan miynet etiwge úyrete otırıp ata-analar olardıń tek ózi ushın ǵana emes, el xalıq ushın, el iygiligi ushın miynet etiwge, miynet arqalı quwanıshqa bolatuǵınlıǵın úyretiw kerek. Máselen B.Qaypnazarov sózine «Miynet et» qosıǵı, Esjan muxallesi namasına:

Kemtarlıq joq watanımda xalıq abadan el azat,
Oqıwǵa hám de islewge ıqtıyarlı adamzat,
Menıń gúlistan elimde dáwran súrgen azamat,
Adıwli ana Watanǵa shın kewilden xızmet et.

Qaraqapaq xalıq pedagogikasında jáne balalar menen jaslarda muzıkalıq-estetikalıq tárbiya beriwdiń kúndelikli tájiriybesinde dástúriy tárbiya qollanılıp kelinbekte. Bul balalarda ǵamxorlıqtı, adamlarǵa jumsaq qatnas jasawdı, olarda adamgershilik sezimlerdi oyatıw, ózine degen isenimdi kúsheytiw pazıyletlerinde júzege keltiredi. Qaraqalpaq xalqınıń pedagogikasında bolmısqa estetikalıq kózqarastı, estetikalıq talǵamdı qáliplestiriw, jaslardı bay ádebiy hám muzıkalıq mádeniyatqa taratıw quralları oǵada kóp. Xalıqtıń awızekı dóretpesınıń hár qıylı janrları da xalıqtıń úrp-ádet dástúrleri, shańaraqtıń ishki qarım-qatnasları hám de xalıqtıń , dástúriy oyın-zawıqlar buǵan dáliyl boladı. Shańaraqta balaǵa muzıkalıq-estetikalıq tárbiya beriw ushın qaraqalpaq xalqında ásirler boyı hár qıylı tájiriybeler qáliplesip kelgen. Bunda tuwısqanlıq baylanıslardıń birligi, ata-ananı sıylaw parzı anaǵa húrmet penen qaraw, úlkenlerdi húrmetlew, qartayǵan da ata-analardıń balaları menen jasawı, genje balanıń yamasa jalǵız uldıń ata-ana aldındağı juwapkershiligi, sonday-aq ustazǵa húrmet penen qaraw, h.t.b. usı sıyaqlı kóplegen úrp-ádet dástúrler menen baylanıslıtúrde qáliplesip kelgen. Bunıń hámmesi jeke shaxstıń minez-qulqın jámiyettegi ózara qarım-qatnaslardıń estetikalıq mádeniyatın qáliplestiriw nızamı bolıp tabıladı. Sonlıqtanda bir qatar jaǵdaylarda bul semiyalıq dástúrler muzıkalıq-estetikalıq tárbiya belgili bir mashqalaların sheshiwdi jeńilestiredi. Sonday-aq, húrmetke ılayıq adamlardıń jaqsı pazıyletleri jas balaǵa ótıwın tamiyinlew ushın olardıń sarqıtınan awız tiyiwdi dástúr etedi. Máselen jas balalarǵa belgili sazendenıń, qosıqshınıń, jırawdıń, baqsınıń, sheshen adamnıń, sarqıtınan beriw, tańlayına túpiriw, siyaqlı hár qıylı ırımlar xalıq ómirinen orın alǵan. Sonlıqtanda «Tańlayına túpirip qoyǵanday» degen naqıl usıdan kelip

shıqqan. Sonday-aq, náreste tuwılǵanda onıń kındıgin kesiw hám sol kindik kesetuǵın anasın aldın ala belgilep otırǵan. Máselen kindik ana (sheshesi) qosıqshı yamasa sazende yakı usınday ónerge qızıǵıwshı bolsa, ses qásiyetleri balaǵada ótedi dep túsingen. Dawısı zor qosıqshı boladı**,** barmaǵı uzın-sazende boladı degen naqıl bunıń ayqın dáliyli boladı. Qaraqalpaq xalqında jırawlardıń, baqsılardıń jaslarǵa xalıq qosıqları hám namaları muzıkalıq-estetikalıq jaqtan tárbiya beriw máselesi jóninde birqansha oqıtıw, tárbiyalaw basqıshların ótegen. Olar óz shıǵarmalarındaǵı hám xalıq dóretpelerindegi qaharmanlar obrazların jaslarǵa keń túrde jaqsı túsındırip, tárbiya berip baratuǵın bolǵan. Máselen «Sopaslı Sıpıra jıraw dóretpelerindegi tómendegishe berilgen. Ol óz dáwiriniń belgili sazendesi bolǵan. Onıń dóretken ádebiy miyraslarınıń ishinde «Edige dástanı ayrıqsha áhmiyetke iye». «Awız ayǵaq til tayǵaq», «Ǵarrıman», «Tóreler» hám basqa da tolǵawları tek poetikalıq shıǵarma emes, usınıń menen birge onıń mazmunın da jaslar ushın aqıl násiyat keń orın alǵan, tálim-tárbiyadaǵı arnalǵan didaktikalıq poeziyanıń bálent úlgileri esaplanadı. Sonday-aq Soppaslı Sıpıra jırawdan tısqarı Jiyrenshe sheshen, Asan qayǵı, Dospanbet jıraw, Jiyen jıraw hám basqa da óner iyeleri jasap ótedi. Olar da óz jasaǵan dáwiriniń belgili bir aytqısh jırawları bolǵan. Xalıqtı eldi ásirese jaslarǵa tárbiya beriwde óz pikirlerin bildirip otırǵan. Jiyen jırawdıń dóretpelerinde tálim-tárbiyalıq kózqaraslarında jaslardıń qıyın turmısı tariyxı túspey jasawın gózlep, olardı estetikalıq tárepten qáliplestiriwge de dıqqat awdaradı. Adamlardıń jaqsı sezimin oyatıp, onı jigerlendiriwde, turmıstan ilham aldırıwda kórkem saz ónerinińhám muzıkanıń ayrıqsha xızmet atqaratuǵının esapqa alıp arnawlı túrde «Qobız tolǵawın» dóretip bunda qobız ásbabiniń soǵılıw barısın táriyiplegen. Ustadan usta saylap, tawtaylaqtıń terisinen qobızınıń qapshıǵın tuw-tulpardıń quyrıq qılınan tarın, taw tekeniń múyizinen tiyilgen islengenin, quwraydıń-qaq shayırınan tartqıshına taqtırılǵanın, nátiyjede qobızdıń oǵada shıqqısh bolǵanın bayanlaydı. Usınday saz ásbapları járdeminde adamlardıń qayǵı muńin jeńilletiw múmkin ekenligin, bul arqalı insandı biylep alǵan qayǵını bosastırıwǵa bolatuǵının, insan qálbindegi qapashılıqtı qobız arqalı shıǵarıp al sol uwayımın qoyıp qayǵısın tez tarqatıp turmısqa, keleshekke úmit penen umtıldıradı. Muzıkanıń insanǵa tiygizetuǵın tárbiyalıq tásiri usılardan ibarat ekenligin aytıp ótedi. Sol ushın el basına awır kúnler dushakerleskende kórkem óner iyeleri ásirese shayır-jazıwshılar, jıraw-baqsılar óz ónerleri menen xalıqtı jubatıp eldiń muńlı zarına qayǵılı nama shalıp jeńilletiwge háreket etiwi tiyisliligin wazıypa etedi. Bul wazıypanı orınlawǵa ózinde miynet esaplap «Posqan eldiń ishinde qobızdı qolǵa alıp qayǵılı nama shalıw « menen posqınshı xalıqtıń ruwhın kóteriw ushın aralasıp júrgenligin bayanlaydı. Ol shayırlıqtı jırawlıq penen qosıp alıp barıw ónerdiń estetikalıǵın arttıratuǵının óz tájiriybesinde bayqaǵan. Tolǵaw-terme jazǵanda, dóretkende «Sóz

marjanın kestelep «Sulıw uyqasıq hám pikirdi nama menen birligin sezip, tásirli bolıwın qarastırıw shárt ekenligin túsindirip, geyde tolǵaw-terme asıǵıs túrde jaratılǵan jaǵdaylarda ol xalıqtan keshirim sorap «Sózimniń bolsa qátesi keshiresiz» dep dóretpeleriniń estetikalıq tásiri ázzi bolmawı, buǵan diqqat penen ser salıwın aytqan. Ulıwma alǵanda Jiyen jıraw óz dóretpeleri arqalı xalıqtı, jaqsı tálim-tárbiya alıwın hárdayım násiyatlap kelgen. Sol sebepten usı derekler tiykarında qaraqalpaq xalqı muzıka ónerine kútá erteden-aq beyimlesken degen juwmaq shıgarıwǵa boladı. Álbette qaraqalpaq xalqı bul ónerdi óziniń máńgilik joldası etip alǵan. Olar dáslepki dáwirlerde xalıqtıń teatri, radıo-televedeniesine aylanǵan. Mine usı arqalı olar xalıqqa, ásirese jaslarǵa muzıkalıq jaqtan estetikalıq tárbiya berip otırǵan. Olardıń atqarǵan ashıqlıq dástanları, lirikalıq qosıqları, muzıkaların keń variantların izbe-iz atqarıp otırǵan. Qaraqalpaq xalqında bunday iri kólemli ruwxıy miyraslar oǵada kóp bolǵan, mine usınıń sebebinen dáslepki muzıka izertlewshilerdiń biziń elimizge keliwi buǵan úlken dálil bolıp esaplanadı. Olardıń atqarǵan «Alpamıs», «Qoblan», «Qırıq qız», «Yusup Axmet», «Er shora» h.t.b. dástanları óziniń keń tıńlawshı auditoriyalarına iye bolǵan. Ásirese olardıń shákirt, bala tárbiyalaw, oqıtıw procesleri házirgige qaraǵanda bir qansha ózgesheligine iye bolǵan. Muzıka ónerine talaplanǵan adamlar ataqlı aytqısh sazendelerge shákirt bolıwdı árman etken. Ataqlı sazendeler bolsa, bunday intalı adamları jıllı júzilik penen qarsı alıp óz dógeregine jıynap shákirtlikke tayarlaǵan.

Ustaz óz shákirtine óz sózin birden úyretpegen. Ustazı el aralap sazendelik qılǵanda, jańa kelgen shákirtin izine ertip birge alıp júretuǵın bolǵan. Bunday process uzaq jıllar dawam etetuǵın bolǵan. Olar óziniń ustazǵa shákirtlik qılǵan dáwirin, ustazınan sózdi qalay úyrengenligi haqqında sóz qılǵan. Bul nárse shákirttiń ustazǵa degen say húrmetin, sonıń menen birge átirapindaǵı insanlarǵa degen húrmet-izzet sezimlerin oyatatuǵın bolǵan. Kishigirim toy-tamashalarda dástanlardıń qızıqlı, adamdı ózine tartatuǵın bólimlerinen úzındıler ayttırıp, shákirti keń xalıq massası ortasında ózin qalay tutıw kerekligin úyretken. Sonday-aq úlkenlerdiń, ustaz sazendelerdiń úlgili isleri balalar ushın ibrat boladı. Usınıń tiykarinda balada muzıkanı esitiw qábileti, dóretiwshilik uqıbı, estetikalıq kózqarasları óse baslaydı. Balalar menen jaslardı jasap turǵan oratlıqtaǵı oyın-zawıqlarǵa belsene qatnastırıw, sheshenlik ónerin iyelew sıyaqlı ónerleri balanıń shaqqan ósıwın támiyinlew mexanizmi shama menen usınday boladı. Máselen shańaraq iyeleri ıńıldap qosıq aytıw, yamasa balanıń birinshi ónerin úydegi miymanlarǵa kórsetiw sıyaqlı proceslerde balanıń keleshektegi dóretiwshilik uqıbın arttırıwǵa óz tásirin tiygizedi.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Nadirova A. «Qaraqalpaq muzıka tariyxı» Tashkent «Sano standart» 2018 j.
2. Романова С.Е. Қорақалпоқ миллий мусиқий анъаналари асосида бўлажак мусиқа ўқитувчиларини маънавий тарбиялашнинг педагогик асослари; дисс. канд. Пед наук-Т; ТН Қари Ниёзий номидаги Ўзбекистон Педагогика фанлари илмий тадқиқот институти.
3. Турсунов С.Н, Пардаев.Т.Р, Турсунова.Н.М, Муртазоев.Б. Ўзбекистонда бахшичилик санъатининг шаклланиши ва тараққиёти тарихи монографияси УЎК:398.3(575.1).
4. Erejepov A.A. «Baqsı hám jırawshılıq tiykarları» Oqıw metodikalıq qollanba Nókis-2020 j.

ULÍWMA BILIM BERETUǴÍN MEKTEPLERDE OQÍWSHÍLARDÍŃ RUWXÍY ÁDEPLILIK ESTETIKASÍN TÁRBIYALAWDA XALÍQ QOSÍQLARÍNÍŃ TUTQAN ORNÍ

J.Kojabaev

Qaraqalpaqstan Respublikası pedogogikalıq sheberlik orayı metodikalıq xızmet kórsetiw bóliminiń muzıka páni metodisti

Ósip kiyatırǵan jas áwladtıń ruwxıy ádeplilik, tárbiyasın keń kólemde aparıwda kórkem óner, atap aytqanda, muzıka kórkem ónerin tereń úyreniw úlken tárbiyalıq kúshke iye bolıp esaplanadı. [2; b-12] Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoyevtıń 2018-jıl 14-avgusttaǵı 3907-sanlı qararında oqıwshı-jaslardıń bos waqıtın mazmunlı shólkemlestiriw, orınlarda túrli dóretiwshilik hám tálim dógerekleri [1] iskerligin jaqsılaw, ǵalaba xabar quralları, kino, teatr hám muzıka kórkem ónerinde jaslar ortasında xalqımız ruwxıylıǵın, milliy ǵárezsizlik ideyasın en jaydırıwǵa, búgingi reformalardıń mánisin jarıtıwǵa qaratılǵan sistemalı islerdi shólkemlestiriw máseleleriniń óz aldına toqtalıp ótilgeni biykarǵa emes. Shaxstı rawajlandırıw úshın aldın onıń minez-qulqına tásir etiwshi faktorlardı, onıń tábiyatın, qızıǵıwshılıǵın úyreniwi lazım. Búnıń úshın shaqıstı túrli múnásibetler dógeregine qoyıp baqlawı kerek. Áne sol waqıtta onıń social minez-qulıqı, ruwxıy kórinisi, insannıń pazıyletleri júzege shıǵadı. «Harbir insan - degen edi Abu Nasir Al Farabiy – óz tábiyatı menen sonday dúzilgen , ol jasaw hám joqarı jetiskenlikke erisiw ushın insanlar toparına mútájlik tuwıladı, sol sebepli ol kóp nárselerdi ózara járdemlesiwi arqalı jetiklikke erisedi». Balanıń shaxs sıpatında rawajlandırıwında násil, átiraptaǵı ortalıq, tárbiya áhmiyetli orın tutadı. Oqıtıwshı bul faktorlardı baqlap, úyrenip shıǵıp, oqıwshılardıń qızıǵıwı, qábileti, muzıkaǵa, gózzallıqqa,

miynetke múnásibetlerine qarap, muzıkalıq bilim, kónlikpe hám tájiriybelerdi sińdirip barıwı lazım. Insan muzıkadan ómir boyı zawıq aladı. Sol sebepli oqıwshılardı muzıka mádeniyatına tárbiyalaw, joqarı talǵam menen qurallandırıw, ruwxıy dúnyaqarastı qáliplestiriw baslawısh klass muzıka oqıtıwshısınıń wazıypası bolıp esaplanadı.

Ulıwma bilim beriw mektepleri muzıka sabaqlıqlarında oqıwshılardı xalıq muzıka dóretiwshiligi menen tanıstırıp barıw izbe-izlik tiykarında, basqıshpa-basqısh ámelge asırılıwı, eń kereklisi ózbek hám qaraqalpaq milliy muzıkasın oqıtıw metodikası jaratılıwı zárúr. Biz tájiriybede kórip júrgenimizdey, joqarı oqıw ornında bilim alıp atırǵan student-jaslar, yaǵnıy keshegi mektep oqıwshılarınıń xalıq qosıqları, klassika hám baqsı-jıraw atqarıwshılıǵı haqqındaǵı túsinikleri júdá az, sayız. Bul óz gezeginde muzıkalıq tálimdi xalqımızdıń milliy ruwxıy qádiriyatlarına súyenip, izbe-iz islep shıǵılǵan, zamanagóylestirilgen baǵdar tiykarında jolǵa qoyıw zárúr ekenligin kórsetedi.

Xalıq qosıq hám namaları arqalı ruwxıy ádeplilik estetikasında tárbiyalaw jolındaǵı izleniwlerdiń juwmaqları, bul jumıstı ele de dawam ettiriwge qozǵaw salıp, erksiz ózine tartpaqta. Bunıń mısalı retinde joqarı muzıka bilim jurtlarında qánigeliklerge «Baqsı-jarıw tariyxı» pániniń jolǵa qoyılıwı hám háweskerler dógereklerin shólkemlestirip, onda jas sazendeler, jas baqsılardıń qatnasıwı, jaslardıń xalıq muzıka dóretiwshiligine qızıǵıwı, saz shertiw hám aytıw imkaniyatlarına birinshi gezekte itibar qaratıldı.

Sabaqlarda qatnasıwshılardıń ziyrekligi, intalılıǵına qarap repertuar tańlaw imkaniyatın berdi. Xalıq arasında belgili baqsılar, jırawlar, sázendeler haqqında gúrriń sáwbetler ótkeriw reje tiykarında jolǵa qoyıldı. Bunday jumıslardıń ámelge asırılıwı arqalı biz tómendegilerdi maqset etip qoyǵan edik.

1. Jaslardıń milliy muzıkamızǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın, súyispenshiligin, muhabbat sezimlerin oyatıw, onı qádirlew, qosıqlardaǵı milliy ózgeshelikti seziw.

2. Xalıq qosıq hám namaları jaslardıń ruwxıy dúnyasına emocional tásir kórsetiwine paydalı nátiyje beriwin anıqlaw.

3. Teoriyalıq hám ámeliy túsinikleri arqalı keri tásir etetuǵın shet el muzıkalarına eliklew, háwes etiwine qarsı immunitetler payda etiw bolıp tabıladı.

Keyingi bes jıllıqtıń ózinde milliy dástúrlerimiz qayta tiklenip, jaslardıń xalıq namalarına bolǵan qızıǵıwshılıǵınıń artıp barıwına tiykar bolmaqta.

Ázel-ázelden xalqımız óz namaların, qosıqların tárbiya quralı sıpatında qollanıp kelgen. Bizińwazıypamız birinshi náwbette ruwxıy baylıǵımızdı hám ata-babalarımızdıń bay dástúrlerin dawam ettiriw. Bul joqarıdaǵılardan kelip shıǵıp, bul jolda yaǵnıy jaslardı milliy muzıkamız járdeminde ruwxıy ádeplilikke tárbiyalaw jolında ele de nátiyjeli túrlerin hám usılların izlep tabıw, izleniw, xızmet

sheńberin keńeytiw, tájiriybelerdi tálimniń basqa buwınlarında da batıl qollaw múmkinshiligin beredi.

Ullı pedagog sıpatında pútkil dúnya tán alǵan I.G.Pestolociy «Meniń oqıwshılarım jańalıqtı mennen almaydı, olar bul jańalıqtı ózleri tabadı. Meniń tiykarǵı wazıypam olardıń ózlerin kórsete biliwge, erkin pikirlerin rawajlandırıwǵa járdem beriwden ibarat» [3; b-61]-degen edi. Sol maqsette ádepli, talantlı, ziyrek jaslardı waqtında xoshametlew, olardıń dóretiwshilik ráńbáreńligin asırıw ushın túrli mádeniy, bilimlendiriwshi kórik tańlawlar, ushırasıwlarǵa qatnastırıp barıladı. Oqıwshınıń ruwxıy minezindegi pákleniw, ádeplilik, insap, iyman, ar-namıs, mehir-muhabbat hám soǵan uqsas pazıyletler ózliginen payda bolmaydı, hámmesiniń tiykarında tárbiya jatadı. Solay eken, tálim-tárbiya ornılarında joqarıdaǵı máselelerge itibar qaratıwdı hám olardı ámelge asırıwdı usınsaq maqsetke muwapıq boladı.

Oqıwshılardı ruwxıy ádeplilikke jetelewshi tálim-tárbiyalıq elementler sóz hám saz ırǵaqlarınıń sintezinde professional tárizinde berilgeni, olardı durıs qabıllaw, tuwrı baha beriwge úyretiw, jaslar qálbinde ádeplilik elementleriniń qáliplesiwine xızmet qıladı. Sonıń ushın da tálim hám tárbiya oshaǵı bolǵan ulıwma bilim beretuǵın mekteplerde, óspirim oqıwshılardıń ruwxıy ádeplilik estetikasında tárbiyalanıwına ayrıqsha itibar beriliwi, baslı wazıypalardıń biri bolıp qala beredi. Muzıka óneri jaslardıń ishki ruwxıy dunyasın, hár qıylı sezimlestirilgen turde jagımlı sazlar járdeminde obrazlardı jetkerip beriwdiń bir túri bolıp esaplanadı. Milliy muzıkada sáwlelengen waqıyaǵa qıyal juwırtırıp, ondaǵı qubılıslarǵa ózi qatnasıp atırǵan taqlette túsinip, erksiz túrde sol waqıyaǵa ózin aralastırıp, ishki pikirin kózqarasın bildiriwge májbúr boladı. Júzege kelgen jaqsı sezimler arqalı adamlar menen ózara baylanıslıq, bir pikirlilik qáliplesedi. Demek, muzıka házirgi jaslar tárbiyasında milliy qádiriyatlar dúnya túsingine de kózqarasına da tásirin tiygizip, waqıyalıqqa qatnastaǵı ishki sezimlerinen, tolǵanıslarınan, kewil xoshınan turadı. Muzıka ádebiyat, teatr, súwretlew óneri sıyaqlı adamnıń sana-sezimine, turmısına, ómirine úlken tásirin tiygizedi. Onıń jámiyettegi bolıp atırǵan hámme ózgeriske tikkeley qatnası bar.

Ishki sezim tuyǵılar muzıka ushın súwretlep beriw predmeti bolıwı menen birge teń turmıslıq mazmundı ashıp beriw quralı bolıp esaplanadı. Muzıka sáwlelengen ishki sezim, tuyǵılar waqıyalarǵa baylanıslı bolmaǵan taza abstraktlıq emociya emes. Olar barlıq waqıtta anıq kóz qaras tiykarında tańlaǵan, payda bolǵan insan ómirinde kerek bolǵan sezimler, onı qorshaǵan ortalıqtıń tásirinde payda boladı. Ol turmıs waqıyaları tiykarında payda bolǵan kóz qaraslardı ideyalardı sáwlelendiredi. Milliyligimizge sadıq bolıw, onı ulıǵlaw, barlıq salt-dástúrlerimizge anıq tárbiyalanǵan jaslar, aldaǵı milletimiz, keleshegimiz. Keleshek jaslarımız

bárshe milliy miyraslarımızdı, milliy qádiriyatlarımızdı tolıq biliwi hám milliyligimiz tiykarında tárbiyalanıwları kerek.

Ata-babalarımız miyrasların áwladtan-áwladqa sap halında jetkerilip, jaslardı tárbiyalawda milliy qádiriytlar ruwxında, milliy muzıka rawajlanıwı tiyis. Milliy ruwxta jaslarımız tárbiyasına birinshiden ata-analar, ekinshiden oqıtıwshılar hám ortalıq tásir jasaydı. Milliy muzıkadağı milliy nama qosıqlardağı násiyat terme-tolǵawlardı tele kórsetiwler, radio hám úlken saxnalarda atqarılıp atırǵan koncertlerde baqsı jırawlardıń payda bolıwı, olardıń janlı atqarıwların tıńlap, jaslarımız ózleri-aq milliy muzıkalarǵa qızıqsınıp, hátte úyreniw jollarına tústi.

Qaraqalpaq xalqında ilimpazlarımız xalıq awızeki dóretpelerin jıynap jaslarımızǵa miyras qaldırǵan «Qaraqalpaq folklorı» kóp tomlıq kitapları qayta qolǵa alınıp, jaslarımız ózleri-aq uzaq ótmish tariyxqa qızıqsınıp tanısıp kiyatırǵanlığı sır emes. Jaqınǵa shekem esitiw arqalı biz shákirtler jıraw, baqsı nama qosıqların úyrenip kelgen bolsaq 2004-jıldan baslap D.Allanazarov penen Ózbekstan xalıq baqsısı G.Ótemuratovlar birgelikte «Qaraqalpaq sazları» atamasındagı, 70 xalıq sazların notaları menen jazılǵan qollanba kitabın baspadan shıǵarıp, keleshektegi jaslarımızǵa sazende baqsı jırawlarına inam etti. Bul rasında da úlken jańalıq boldı. Keleshek jıraw-baqsıları endi nota oqıy alatuǵın muzıka sawatına da iye bolıp, namalardı notası menen úyreniw baxtına miyasar boldı. D.Allanazarov Balalar muzıka hám kórkem óner mekteplerindegi jas jıraw baqsılar ushın 5-klass oqıw sabaqlıq kitapların baspadan shıǵarıp jaslarǵa usındı.

Házirgi waqıtta bolajaq jıraw baqsılar menen sazendeler sol kitaplardan úyrenip kiyatır. Jaslarımızdıń qızıǵıwshılığın arttırıwda jaslardıń biri-birine úlgi bolıp kiyatırǵanlığında maqtanısh etip aytqanımız durıs boladı. Jas baqsı jırawlarday bolıp saxnalarǵa shıqsaq duwtar yaki qobız shertip qosıq aytsaq degen armanlar jaslardı erkine qoymay qızıǵıwshılığı mekteplerge erksiz baslap barǵanlığı shın.

Keleshek jaslardı tárbiyalawda joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw sistemasına birqansha wazıypalar júklengen. Mine usınday wazıypalardıń biri – jaslarımızdı milliy muzıka arqalı ádeplilik estetikasına tarbiyalaw, milliy muzıka miyrasları, tiykarınan qaraqalpaq muzıka miyrasları, zamanagóy qaraqalpaq kompozitorları shıǵarmalarındagı pikirler, qaraqalpaq muzıka shıǵarmaların atqarıw kónikpelerin hám bilimlerin qáliplestiriwden ibarat.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining «Yoshlarni ma’naviy-axloqiy va jismoniy barkamol etib tarbiyalash, ularga ta’lim-tarbiya berish tizimini sifat jihatidan yangi bosqichga kutarish chora-tadbirlari to‘g‘risida»gi Qarori www.lex.uz

2. Moyanov I. Qoraqalpoq xalq musiqasi asosida o‘quvchi-yoshlar ma’naviy-axloqiy fazilatlarini shakllantirishning hususiyatlari: pedagogika fanlari bo‘yicha falsafa doktori (PhD) …. dis. – Toshkent, 2019. – 153 b.

3. «Bola ongi va tarbiya masalalari» Z.Qurbaniyazova. «Xalıq tálimi» jurnalı. 2002-jıl 6-san. 61-bet).

BAQSÍLARDÍŃ «ĠÁRIP-ASHÍQ» DÁSTANÍNÍŃ ATQARÍW SHEBERLIGIN ANALIZLEW

L.Maxammatdinova
«Folklor hám etnografiya» kafedrası baslıġı
X.Nawrızbaeva
«Baqsıshılıq hám dástanshılıq» tálim baġdarı studenti

Qaraqalpaq baqsılarınıń repertuarlarınan keńnen orın alġan «Ġárip-ashıq» dástanı kóp waqıtlardan berli qaraqalpaq xalqınıń turmısına sińisip, baqsılar tárepinen aytılıp, qıssaxanlar tárepinen oqılıp kiyatırġan, kópshilik xalıq súyip tıńlaytuġın dástan. Bul dástan Orta Aziya, Zakavkaze, hám de túrk tilles, jáne basqa tildegi kóp ġana xalıqlar úlken súyispenshilik penen atqarıp, ortaq ruwxıy baylıq retinde ardaqlaydı. Onı Ajerbayjan, Túrkmen, Ózbek, Qaraqalpaq, Gruzin, Armyan, Qumıq, Kabardin, Balkar, Turk, İran, Arab xalıqları da ózleriniń milliy baylıġı dep sanaydı. «Ġárip-ashıq» dástanı biziń qaraqalpaq xalqınıń arasına awızsha hám jazba ádebiyat túrinde taralıp kelgen. Bul dástannıń hárbir xalıqta hárbir versiyasınıń sol xalıqtıń úrp-ádeti, turmıs tirishiligi menen dúnyaġa kózqarası anıqlanadı. Sonlıqtan da dástan menen xalıqtıń ózi basıp ótken tariyxıy waqıyaları arasındaġı baylanıslar uqsaslıq penen shamalawlar bayqalıp otıradı. Mısalı: dástandaġı aqlay quda bolıw, patshanıń wádesin buzıp qızın bermey Ġáripti elden quwıp jiberiwdi, qula dúzde ıssıġa kúyip, suwıqqa tońıp qoy baġıwlar, qaraz aydap egin egip, baġlarda shámen baylawları, anasınıń soqır bolıwı, baqsılar jarısı, onnan basqa xalıq tıń tolıp atırġan dástúrleri, dástan óris alġan geografiyalıq orınlardıń jaqınlıġı hám tariyxıy jeke adamlardıń jır etiliwi hám taġı basqalar. Xalıq dástanınıń qaydan kelip shıġıp, qalay taralġanı menen isi bolmay, súwretleniwi jaġınan dástan waqıyaları usı biziń ata-babalarımız jasaġan Qiyat, Shaabbaz (Beruniy) átirapında bolġan dep pámlep óz (bawrına) qobızına beyimley beredi. Dástannıń rawajlanıwı menen kórkeyiwinde atqarıwshılar menen qatar kóp mıńlaġan tıńlawshısınıń oy-pikir dárejesiniń ósiwi menen tariyxıy burılıslardıń ámelge asıwıda úlken tásir etip keldi. Dástandaġı shayırlar menen atqarıwshılıqqa qızıqqan baqsı, qıssaxan qosıqshılar ózleriniń umtılıwshılıġına hám kórkemlik

uqıbı menen talant dárejesine baylanıslı burınnan aytılıp kiyatırǵan syujetin este tutıw menen onıń kompozitsiyalıq birligin saqlay otırıp, qosıp alıp rawajlandırıp, óz úlesin qosıp otıradı. Degen menen bunday ózgerisler tek baqsılardıń atqarıwshılıq talantına, turmısqa bolǵan kóz qarasına baylanıslı bolıp ǵana qalmay jalpı xalıqlıq turmıstıń ózgeriwine, tariyxıy shárt-sharayatqada baylanıslı boladı. Hár atqarıwshı dástannıń waqıyalarına ózinshe qatnas jasap, túrlishe xarakter, túrlishe boyawlar tabadı. Ataqlı baqsılardan Juman (solaqay), Eshan, Japaq baqsılar da Ǵárip penen Sánemniń xarakterinde salmaqlılıq, elge, yarǵa degen opadarlıq basım kelse, Máwlik qazı variantında lirikalıq qaharman turmıstaǵı ádalatsızlıq nátiyjesinde arzıw-niyetlerge jetise almaǵan, sap muxhabbat lázzetin tata almaǵanlıqtan zar áylep, nala shekken jaslar hám onıń tınımsız alǵa ilgerilewi sóz etiledi. Baqsı Amet Tariyxovtıń variantında ushqır qatarlar, kóbirek yumorlıq házil xarakterindegi ushqır sózler orın aladı. Dástannıń dóreliw, taralıw dáwiri tuwralı prof. S.L.Tolstov «Eski Xorezm mádeniyatı izi menen» atlı miynetinde «Romannıń waqıyası Seljukler dáwirinde Siriya menen Azerbayjanda Seljukler imperiyasınıń sońǵı dáwirinde bolıp ótedi»-dep XII-XIII-XIV ásirlerde dóregen degen juwmaqqa keledi. Dástannıń Azerbayjan versiyasın izertlegen ilimpaz S.Z.Yakubova dástandaǵı waqıyalar XVI-XVII ásirlerde Kavkaz hám kishi Aziyada Safiyler dinastiyası dáwirinde maydanǵa keldi dep kórsetedi, basqa dereklerde Xorezmde Zamaxshar aymaǵınıń janındaǵı XII ásirge tiyisli «Shax-Sánem» qalası dástan qaharmanınıń atına qoyılǵanın hám sol átirapta dóregenin tákirarlaydı. Belgili Rus sayaxatshısı general N.N.Muravyov Orta Aziyaǵa alǵan sayaxatı tuwralı jazǵan miynetinde usı «Shax-Sánem» qalası hám «Ǵárip-Ashıq» tuwralı ańız «Ǵárip-ashıq» dástanınıń eń erte zamanlarda dóregen erteklik variantları bolıp, olar Xorezmde keń taralǵan dep keltiredi. Qaraqalpaqlar arasında taralǵan ańızlarda burıńǵı Shaabbaz (Beruniy) qalası «Ǵárip-ashıq» dástanınıń dóreliwinde tiykarǵı oray boldı dep esaplaydı. Túrkmenlerde bolsa, túrkmen ádebiyatınıń klassigi Andalib (Nurmuxammed Ǵárip) tárepinen dóretilgen dep tastıyıqlaydı. Prof. Gamad Araslınıń pikirinshe dástan Ǵárip atlı ataqlı Tábriz Shayırı tárepinen XVI ásirde dóretilgenin aytadı. Sonlıqtan Andalib, Ǵárip hám qaraqalpaq baqsı qıssaqanların, olardıń eń aldıńǵı qatarlı aktiv dóretiwshileri, alıp júriwshileri dep qaraladı. Mine sonlıqtanda dástan dóregen hám taralǵan geografiyalıq territoriyada basqa xalıqlar menen ázelden birge jasap kiyatırǵan qaraqalpaq xalqınıń da «Ǵárip-ashıq» dástanınıń dóreliwi menen qáliplesiwinde teńdey úlesiniń bar ekenligine gúman tuwmaydı. Dástannıń házirgi waqıtları 5 nusqası (variantı) jazıp alınǵan. Dástannıń 1960-jılı X.Tájimuratov tárepinen jazıp alınǵan variantı Qaraqalpaqstan mámleketlik baspası tárepinen kitap bolıp basılıp shıqtı. Bul nusqa baqsı Eshan Qospolatovtan 1930-34-jılları jazıp alınǵan hám Baltabay qıssaxan degenniń de

qoljazba nusqasınan paydalanǵan. Elege deyin xalıq arasında «Ǵárip-ashıq» dástanın awızsha jaqsı biletuǵın, jazılıp alınbaǵan baqsılar bar. «Ǵárip-ashıq» dástanınıń xalıq arasına keńnen sińisip ketkenligi sonshelli, ol hárbir baqsınıń repertuarınan bekkem orın alıp Ǵana qoymastan, al onıń qosıqları hárbir jastıń júreginiń tórinen jay alǵan. Íshqı-muhabbat haqqındaǵı ótken dáwirdegi eń jaqsı qosıqlar tuwralı sóz boladı eken, birinshi náwbette «Ǵárip-ashıq» dástanındaǵı gózzal lirikalıq qosıqlardı esleydi. «Ǵárip-ashıq» dástanın baqsılar menen qosılıp pútkil xalıq aytadı desek boladı. Óytkeni qaraqalpaq baqsıları –Axımbet penen Muwsadan baslap biziń zamanımızdıń eń iri baqsılarınan esaplanǵan Esjan baqsı menen Japaq baqsıǵa deyingi qaraqalpaq sóz sheberleriniń barlıǵı derlik «Ǵárip-ashıq» dástanın súyip aytqan hám óz aldına qaraqalpaq versiyasınıń sóz jaǵınan bolsın, saz jaǵınan bolsın, qáliplesiwine úlken dóretiwshilik miynet islegen. Sonday-aq «Ǵárip-ashıq» dástanınıń qaraqalpaqlar arasına keńnen taralıp, onıń óz aldına bir milliy versiyasınıń payda bolıwında Ájiniyaz benen Berdaqtan baslap Ayapbergen, Abbaz, Sadıqqa hám t.b. xalıq shayırlarına shekemgi jazba islerine tikkeley qatnası bar úlken sóz sheberleriniń ayrıqsha roli bar. Solay etip shiyrin sózli, shiyrin namalı óz aldına «Ǵárip-ashıq»tıń qaraqalpaq versiyasınıń payda bolıwında ataqlı qaraqalpaq baqsılarınıń, ataqlı qaraqalpaq shayirlariniń, ataqlı qaraqalpaq qıssaxanları menen sazendeleriniń rolin ayrıqsha atap kórsetiw kerek. Urıstan keyingi jıllarda «Ǵárip-ashıq» dástanı tiykarında A.Begimov, T.Allanazarovtıń avtorlıǵında «Ǵárip-ashıq» draması jazıldı. Bul pyesa Qaraqalpaq mámleketlik Berdaq atındaǵı muzıkalı drama teatrınıń saxnasında uzaq waqıtlardan berli qoyılıp kiyatır. 1957-jılı Tashkentte bolıp ótken Qaraqalpaq ádebiyatı hám kórkem-óneriniń on kúnliginde «Ǵárip-ashıq» draması tamashagóyler tárepinen hám ádebiy sınshılar tárepinen joqarı baha aldı. Muzıkası xalıq namaları tiykarında Japaq Shamuratov hám Alimjan Xalimovlar tárepinen úlken sheberlik penen jazılǵan. Usı «Ǵárip-ashıq» muzıkalı draması sońǵı jılları kompozitor Q.Zaretdinov tárepinen muzıkaları qayta islenip bir-qansha tolıqtırılıp saxnaǵa qaytadan qoyılǵanın atap ótken orınlı. Qaraqalpaq kórkem óneriniń bir tarawı bolǵan «baqsıshılıq haqqında» sóz etedi ekenbiz, onıń repertuarınıń tiykarǵılarınan birewi «Ǵárip-ashıq» dástanın ayrıqsha atamay ótiw múmkin emes. «Ǵárip-ashıq» dástanınıń xalıqlar arasına keńnen taralıwı, súyip atqarılıwı, onı xalıq dóretpesiniń eń gózzal shıǵarmalarınıń qatarına qoyadı. Sonıda belgilep ótiw kerek, dástannıń jazba variantları awızsha variantlarǵa qaraǵanda hár tárepleme keń hám tolıq bayanlawdı kózde tutadı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Ayımbetov Q. Xalıq danalıǵı. Nókis, 1988.
2. Erejepov A.A. «Baqsı hám jırawshılıq tiykarları». Nókis. «Miraziz Nukus», 2020.
3. Nadırova A. «Qaraqalpaq muzıka tariyxı». Tashkent «Sano standart», 2018.
4. Қарақалпақ фольклоры «Ғәрип-ашық дәстаны», «Қарақалпақстан»-Нөкис, 1986-жыл.

BAQSÍSHÍLÍQ ÓNERI

Askarova Ziywar Kóshkinbaevna
Utemuratova Dilfuza
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Qaraqalpaq xalqında baqsıshılıq óneri yaǵnıy baqsılar, jırawlarǵa qaraǵanda soń payda bolǵan dep tastıyıqlaydı alımlarımız. Baqsıshılıq óneri, xalqımız Orta Aziyaǵa kóship kelgennen keyin, ásirese XVIII ásirde Xorezmge kelgennen keyin qaraqalpaqlar arasına baqsıshılıq óneriniń keńnen taraǵanı hám rawajlanǵanı ilimpazlarımızdıń miynetlerinde óz tastıyıqlawların tapqan. Bqsıshılıq óneri qaraqalpaqlar arasında XVIII ásirden burın, erte dáwirlerden baslanǵanlıǵın dálillep, biraq baqsıshılıqtıń gúllep rawajlanıwı XVIII ásirden baslanǵanlıǵın tariyxıy dereklerge súyene otırıp tastıyıqlaydı. Qaraqalpaq xalıq jırshılarınıń, atqarıwshılarınıń duwtar - shertip, qosıq aytıp atqaratuǵın óner iyesiniń biri «baqsı» dep ataladı. Baqsılar ózleriniń repertuarı, shertetuǵın sazı, hawazı, qosıq aytıw manerası boyınsha jırawlardan keskin ajıralıp turadı. Jırawlardıń shertetuǵın saz ásbabı qobız bolıp, yaǵnıy qobız benen jırlasa, al baqsılar «duwtar» shertip qosıq aytadı. Jırawdı «jırladı», baqsını «ayttı» deydi. Yaǵnıy «jıraw jırlattıq», baqsı «ayttırdıq» dep sóylew tilinde aytıladı. Baqsıshılıq óneri Orta Aziya xalıqlarında burınnan bolǵan. Qaraqalpaqlarǵa bul baqsıshılıq óneri ózbek, túrkmen baqsılarınıń tásiri menen hám jaqınnan qarım-qatnası menen rawajlanıp, jırawshılıq ónerine baqsıshılıq óneri qosılıp kórkem ónerimiz bayıǵan. Baqsı sózi Túrk tilles xalıqlarda burınnan kiyatırǵan eski sóz. Ózbek shayırı Lutfiydiń «Gúl va Navruz» – dástanında: «yanadur quastım bir yaxshılardın», mongol sawatın bilgen baxshılardıń»- (Jaqsılardan hám monǵol sazın bilgen baqshılardan támem bar)- deydi. Qaraqalpaqlar arasınan - Axımbet, Musa, Edenbay sıyaqlı ataqlı baqsılar shıǵıp baqsıshılıq ónerdi joqarı basqıshqa kótergen. Xorezm mádeniyatın keńnen úyrenip, onnan hár tárepleme paydalanǵan. Nátiyjede «Ǵárip-ashiq», «Yusip-Axmed», «Sayatxan-Hámre», «Góruǵlı» sıyaqlı dástanlar baqsılardıń negizgi

repertuarı bolǵan. Sonday-aq baqsılarǵa, jırawlarǵa uqsap shákirt tayarlaw dástúr bolǵan. Olar bolajaq shákirtlerin hár tárepleme sınap, qosıq ayttırıp, saz sherttirip kórip tıńlaǵannan keyin, baqsıshılıq ónerin úyrene alıwına isenimi kámil bolǵannan keyin ǵana shákirt etip úyrete baslaǵan hám shákirtlikke qabıl etken. Uzaq jıllar dawamında shákirtlerin izine ertip hám óziniń repertuarların úyretip bolǵannan keyin xalıq arasında baqsıshılıq etiwge pátiya bergen. Shákirtler ustazdan pátiya alǵannan keyin «baqsı» dárejesine jetken. Qaralpaqlarda baqsıshılıq óneriniń ósip rawajlanıwı jolında Axımbet baqsınıń, túrkmenlerden Súyew baqsınıń, qaraqalpaqlar menen kóp waqıtlardan berli ómir súrip kiyatırǵan Arallı ózbek baqsılarınıń miyneti ayrıqsha orındı tutadı. Baqsı namalarınıń bayıwına qońsılas xalıq baqsılarınıń járdemi hám tásiri oǵada ullı boladı. Súyew baqsınıń namaların ózlestirip, baqsıshılıq usılın rawajlandırıp hám jetilistirip qaraqalpaqlar ishinde dawam etiwshi ataqlı Japaq baqsı, al Axımbet baqsı namaların dawam etiwshi Musa baqsı hám Esjan baqsılar bolıp esaplanadı. Házirgi aytılıp júrgen «Qońırat» naması, «Náylermen», «Ázizim» h.t.b. kóplegen namalar Arallı ózbek baqsılarınıń namalarınan kirgen. Baqsılarda dástan atqarmastan burın jırawlar qusap «termeler» atqaradı. Kóbinese baqsılar termelerde Maxtumqılınıń, Berdaq hám Ájiniyazdıń násiyat-naqıl sózlerinen, lirikalıq qosıq qatarlarınan, sonday-aq xalıq qosıqlarınan atqaradı. Ámiwdáryanıń ayaǵındaǵı «Arallı» dep atalǵan Xorezm ózbekleri baqsılarınıń kópshiligine, túrkmen baqsısı Súyew baqsı ustaz bolǵan. Súyewden burın Súyewdiń zamanında Eshbay, Atash, Ǵáripniyaz qusaǵan Xorezm jigitleriniń ataqlı baqsıları bolǵan. Bul baqsılar ózbek, túrkmen, qaraqalpaq, qazaq xalıqlarına da yaǵnıy Xorezmde jasawshı qońsılas xalıqlardıń da súyip tıńlaytuǵın ataqlı baqsıları bolıp tanılǵan.

Háy yaranlar wáspin Sizge aytayın,
Tilinde-dir haq sanası Eshbaydıń.
Haslı zatın birme-bir bayan eteyin
Haslı kári shaǵataydı Eshbaydıń.
Eshbay barmay heshkim toyın qurmadı,
Júzin kórmey qızlar wákil bermedi,
Pısqı pujır haram iske júrmedi,
Sol qılıǵın eller súydi Eshbaydıń.
Sazını kóterip toyǵa barǵanda,
Xalıqtı xoshwaq qılıp gúrriń bergende,
Yar-yar dep qıshqırıp nala shekkende
Kókke-jeter hár páriyadı Eshbaydıń.
Eshbay, Atash, Nurjan men saz etti,
Besh kúnlik ómirin sárparaz etti,

Ólgennen soń wáspin Ǵáripniyaz ayttı
Ózi ólip atı qaldı Eshbaydıń.

Bul qaraqalpaq xalqınıń arasında oǵada keń taralǵan professional namalardıń biri «Eshbay» naması tuwısqan ózbek, túrkmen xalıqlarınıń muzıkasında da ayrıqsha orın iyeleydi. «Eshbay» namasınıń qaraqalpaqsha variantı oǵada joqarı háwijge iye bolıp, namada hár motiv tákirarlanǵan sayın keńeyip, qosımsha ırǵaqlar qosılıp kem-kemnen háwijge minip otıradı. Nama bir yarım oktava dawıs keńliginde bolıp bul baqsılardan júdá sheberlikti, kúshli dawısqa iye bolıwdı talap etedi. Eshbay namasın anaw-mınaw baqsılar, qosıqshılar ayta bermegen hám atqara almaǵan. «Eshbay» naması «Adıńnan» naması sıyaqlı baqsılardıń ózara jarısında atqarılatuǵın belgili repertuarı bolıp, bir qansha baqsılardı sınnan ótkergen, baqsılardıń «ólshew tası» bolıp, yaǵnıy «konkurs» repertuarı bolıp xızmet atqarǵan. Házirgi waqıtta bul Eshbay namasın keń dawıs diapazonına iye, lapızlı baqsılar hám qosıqshılar ǵana atqarıp kelmekte. Ataqlı baqsılardan Japaq baqsı, Esjan baqsı, Genjebay baqsı, qosıqshılardan Arzıgúl Atamuratova, Gúlparshın Sırımbetovalardıń atqarıwındaǵı bul nama xalqımızdıń yadında uzaq saqlanadı, televidenie hám radio tolqınında jańlap turıptı. Bul Eshbay namasın hám sózin ataqlı Xorezm baqsısı Eshbaydıń shákirti qaraqalpaq baqsısı Ǵáripniyaz baqsı shıǵarǵanlıǵı qosıq qatarlarınan bilinedi. Ǵáripniyaz baqsı óz ustazınıń húrmetine arnap shıǵarǵanın ilimpazlarımız tárepinen ózleriniń ilimiy miynetlerinde tastıyıqlaydı. Súyew baqsı Arallı ózbeklerden kóp shákirt tayarlaǵan. Olardan: Adilbay baqsı (1864-1945), Jańabay baqsı (1887-1961) Súyew baqsınıń baqsıshılıq ónerin qaraqalpaqlar ishinde dawam ettiriwshi baqsılar boladı. Óz namaları menen qońsılas xalıq namaların úyrenip, óz repertuarların, namaların bayıtqan qaraqalpaq baqsıları boldı. Sonday-aq Súyew baqsınıń shákirtlerinen mańǵıtlı Ámet baqsı, Atajan baqsılar, Súyew baqsınıń ataqlı shákirtlerinen hám qaraqalpaq baqsıları bolıp esaplanadı. Ataqlı qaraqalpaq baqsısı Japaq baqsı Shamuratov, mańǵıtlı Ámet baqsı hám Atajan baqsılar shákirti bolıp ol Súyew baqsı jolın dawam ettiriwshi, Súyew baqsı namaların sheber ózlestiriwshi hám kóp namaların qaraqalpaqshalap hám qaraqalpaq xalıq namaların dárejesine jetkerip xalqımızdıń súyip tıńlaytuǵın namalarına aylandırǵan sheber talant iyesi ataqlı baqsı, kompozitor bolıp jetilisti. Súyew baqsı - Xorezm oypatında dańqı shıqqan, Xorezmde jasawshı basqa xalıqlardıń ózbek, túrkmen, qaraqalpaq, qazaqlardıń da belgili ataqlı baqsısı bolıp tanılǵan. Súyew baqsı shawdır urıwı, bazashı tiyresinen bolıp, házirgi Tashawız oblastı, Porsı rayonında tuwılıp kámalǵa kelgen. Qaraqalpaqlar toylarına Súyew baqsını shaqırtıp ayttırıw dástúr bolǵan. Súyew baqsı «Góruǵlı» dástanınıń 12 babın (shaqabın) bilgen. Xiywa xanı Súyew baqsını shaqırtıp ayttıradı hám baspadan shıqqan kitabına qarap otırıp teksergende Súyew baqsı xan aldında,

dástanlardıń birde-bir qatarın aljaspay atqarǵan hám alǵısqa miyasar bolıp «xan baqsı» dárejesin alǵan. Súyew baqsı qaraqalpaqlardıń ataqlı baqsısı Musa baqsı menen zamanlas bolǵan, birin-biri júdá jaqsı bilgen hám húrmet etken. Bir-biri menen repertuar almasıp, toy merekelerdi birge atqarǵan. Súyew baqsı toy-merekelerde qasında girjekshi, balamanshı hám kóplegen sazendeleri menen 10-15, hátte jigirmalaǵan sazendeleri menen birgelikte qosılıp shertip ózi atqaratuǵın bolǵan. Sonsha sazdıń kúshi menen súyemelewi menen xalıqqa tamasha beretuǵın baqsı bolǵan. Sonlıqtanda xalıqqa «Súyew» atı menen yaǵnıy Súyew baqsı laqabı menen tanılǵan. Bir toyda Súyew baqsı menen Musa baqsını jarıstırǵan haqqında xalıq awzınan aytılǵan maǵlıwmatlar bar. Toy sońında «Qaysı baqsı jaqsı ayttı»-degende Súyew baqsı turıp, xalıqqa qarap: – «Musa baqsı mennen jaqsı ayttı, sebebi bir duwtar menen ǵana xalıqqa tamasha berdi, al men bolsam ǵirjekshi, balamanshı, tolıp atırǵan sazdıń kúshi menen, shawqım menen xalıqqa tamasha berdim, mine sonlıqtan da Musa jaqsı ayttı»-degen. Házirgi kúnde de Súyew baqsınıń Túrkmenstanda kóplegen shákirtleri bolıp olar Súyew baqsı jolın dawam ettiriwshi baqsılar bolıp tabıladı. Qaraqalpaq xalqında kóplegen baqsı namaları Súyew baqsı jolı (mektebi) dep tán alınıp, xalqımızdıń súyip tıńlaytuǵın qaraqalpaq xalıq namalarına aylanıp, muzıka mádeniyatımızdıń rawajlanıwında, xalıq namalarınıń hár tárepleme salmaqlı ornı bar.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Q.Ayımbetov «Xalıq danalıǵı». Nókis. «Qaraqalpaqstan» 1988 jıl.
2. Q.Maqsetov «Dástanlar, jırawlar, baqsılar», Nókis. «Qaraqalpaqstan» 1992 jıl.
3. Q.Maqsetov «Qaraqalpaq jıraw-baqsıları» Nókis, 1983 jıl.
4. T.Adambaeva «Qaraqalpaq muzıkasınıń tariyxınan» 1985 jıl.

QARAQALPAQ MUZÍKASÍ TARIYXÍ

M.B.Nasırov
N.Lepesova
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Hárbir xalıq óz milletine, dástúrine, úrp-ádetine, mádeniyatına, sonday-aq, kelip shıǵıw tariyxına iye. Bul miyras dáwirden-dáwirge ótip, atadan-balaǵa, keleshek áwladqa estelik bolıp joytılmay jetip kele beredi. Qaraqalpaq xalqı da Oraylıq Aziyanıń basqa xalıqlarınday óziniń kóp ásirlik tariyxında óz zamanına say, ılayıqlı, joqarǵı mádeniyatqa iye bolǵan xalıqlardıń biri esaplanadı.

«Qaraqalpaq» degen at kótergen xalqımızdıń atı-hawazası ádewir erte dáwirlerden baslanatuǵınlıǵı tariyxıy dereklerden málim.Qaraqalpaq xalqınıń kórkem óner tarawı ásirese muzıkanıń rawajlanıwı xalqımız ushın úlken baylıq esaplanadı. Ata-babadan miyras namalar, salt-dástúr, jırlar, tolǵaw-termeler usı dáwirimizge jetip kelip xalıq miyrası bolıp saqlanıp kelmekte. Derlik barlıǵı bolmaǵanı menen xalıq arasında basım kópshiligi óz ornılarında aytılıp kiyatır. Biziń elimizde muzıka sawatı rawajlanıp milliy miyrasımız dawamı sıpatında, muzıkanıń óz basqıshı, rawajlanıwı kórkeyiwi, keńeyiwi máwritlerinde elimizden shıqqan xalıq iskerleri, el súygendey, el-xalıq este qalǵanday isler isledi, muzıkalar jazdı, nama shıǵardı. Xalqımızdıń muzıka sawatın ashıwda sırt ellerden kelgen muzıka oqıtıwshıları menen kompozitorlar óz úleslerin qosıp, xalıq alǵısına miyasar boldı. Olardan V.Shafrannikov, A.Kondorshtilov, oqıtıwshılar Glaskin, Zarjevskaya, Yagodinlerdi atap ótsek ornılı. Bul ullı insanlar dáslep xalıq namaların jıynap, olardı notalastırıp xalıqqa máńgilik etip saqlap, qaraqalpaqtıń ul-qızların muzıkaǵa tárbiyalap sawatın ashtı. Xalqımız arasınan jas kompozitorlar shıǵa basladı. Dáslepki kompozitorlardan Á.Xalimov, J.Shamuratovlardı atap ótsek boladı. J.Shamuratov xalıqtıń arasında kóbinese baqsıshılıǵı menen tanıqlı. Kóplegen xalıq namaların notalastırıp, milliy muzıkamızǵa birqansha qosıqlar, muzıkalar dóretti. Xalqımızda ádebiyat tarawınıń rawajlanıw dáwiri de, muzıka rawajlanıwı menen sıbaylas. Dramaturglerdiń jazǵan pyesalarına kórnekli kompozitor J.Shamuratov namalar jazıp, muzıka janrınıń rawajlanıwına óz úlesin qostı. Á.Xalimov, J.Shamuratov penen birgelikte xalıq namaların notalastırıp ózlerine qaraqalpaq muzıkasınıń bir arısın tartıp kelgen tanıqlı kompozitorlarımızdıń biri esaplanadı. Á.Xalimov kóplegen shayırlarımız sózlerine qaraqalpaqsha koloritli namalar jazǵan hám 70 dan aslam hár qıylı temetikada tariyxıy zamanagóy xalıqtıń eski miyrasların súwretlewshi hám turmıs dástúrleri haqqında muzıkalı dramalar muzıkası avtorı. Onıń qaraqalpaq saxnasınan kóp jıllardan beri túspey házirge shekem qoyılıp hám muzıkası saqlanıp kiyatırǵan kórkem óner ǵáziynesinen keń orın alǵan muzıkalı drama, komediyalarınan «Súymegenge súykenbe», S.Xojaniyazovtıń qálemine tiyisli, J.Shamuratov penen birge jazǵan «Ǵárip ashıq» pyesası, A.Begimov hám T.Allanazarovlardıń avtorlıǵında «Aygúl-abat» draması, «Berdaq» muzıkalı dramalarǵa muzıka jazǵan.

Á.Xalimov muzıkamızdıń keńeyiwinde óz úlesin qosqan kompozitor. Qaraqalpaq xalqında dramalar qoyılsa, ekinshi tárepten xorlar shólkemlestirildi. Bul dramalarǵa, xorlarǵa namalar jazıp, xalıqtıń názerine túsken birinshi kompozitorlardan bolıp esaplanadı. Muzıka sawatı elimizde tikleniwi menen xalqımızdıń talantlı jas kompozitorları, qosıqshıları, sazende, aktyorları jetilise basladı. Saz álemine úlesin qosqan, xalqımızǵa belgili kompozitorlarımız kózge

túsip, muzıkaları menen tanıla basladı. Olardan Á.Sultanov, X.Turdıqulov, A.Xayratdinov, N.Muxammeddinov, Ǵ.Demesinov, K.Abdullaev, R.Sultanov, S.Palwanov, Ǵ.Amaniyazov, M.Jiyemuratov, Z.Lepesov, Q.Zaretdinov, J.Paxratdinov, T.Esirkepov, U.Abdullaeva, Q.Tólegenov, N.Muwsaev, Q.Xilalov, Ó.Allanazarov, Q.Aekeev, N.Qállibekov, A.Ótepbergenov, O.Mametovlardı atap aytsaq boladı. Bul kompozitorlar qaraqalpaq muzıkasınıń rawajlanıwına ózleriniń salmaqlı úlesin qostı, muzıkanı rawajlandırdı. Rawajlanǵan mámleketler qatarı qaraqalpaq xalqı kórkem ónerine de ásirese muzıkalarında óz sáwleleniwin taptı. Mısalı: simfoniyalıq orkestri, xalıq sazları ansambli, xor jámááti sonday-aq, «Ájiniyaz» operası, «Ayjamal», baleti «Gúlayım» operası, «Xalıq ushın», «Tumaris», «Edige» operası xalqımızǵa inám etildi. Bul qaraqalpaq muzıkasınıń eń rawajlanǵan máwritleriniń biri boldı. Sonday-aq, búgingi kúnde estrada muzıkası háwij almaqta. Kompozitorlar kóbirek estrada muzıkasına muzıkalar jazıp onı xalqımızǵa sheber qosıqshılar arqalı usınılıp atır. Jaslarımız kóbirek estrada muzıkasın tıńlawdı xosh kóredi. Sebebi elimiz rawajlanıw máwritlerin basınan keshirip atırǵanlıǵı, kóplegen shet eller menen doslıqtaǵı baylanısı, texnikanıń jetilisiwi sebepli bolıwı múmkin. Haqıyqatında da ósip-óniw dáwiri, jaslardıń sana-seziminiń, oy-órisiniń, dúnyaǵa kózqarasınıń hár tárepleme rawajlanıwına tásir etedi. Kóplegen dúnya jańalıqların tele kórsetiw kórsetip, radio esittirip, gazeta-jurnallar járiyalap barıwları jaslardıń tárbiyasına, sanasına óz tásirin tiygizedi. Sonlıqtan da tanıqlı bolǵan shet el qosıqshılarınıń qosıq estrada muzıkasın jaqsı kórip tıńlaydı. Birqansha túrli maǵanaǵa iye kinofilmlerine qızıǵadı. Jaslardıń bul qızıǵıwshılıǵın irkiw, toqtatıwdıń ilajı joq hám irkinish jasaw orınsız. Jaslarımız barlıq nárseden xabardar bolıwları kerek hám tárbiyalıq áhmiyetli úlgilerden ózleri órnek aladı. Bir ǵana nárseni yaddan shıǵarmay itibarlı bolǵanlıǵı durıs boladı. Ol nárse milliylik, dástúrler, milliy muzıkası. Milliyligine qanıq bolıp, ózgege dástúrlerin, milletin, qosıqların jeterli dárejede túsindirip biliwi kerek. Házirgi waqıtta qaraqalpaq muzıka áleminde estrada janrı rawajlanıp atır. Kóplegen jaslarımız súysinip tıńlaytuǵın qosıqlarımız estrada muzıkamız bar. Ele de jańa namalar, jaslardıń muzıkaǵa degen talabın qandıra almay atırǵanday. Biraq, áweli jaslarımız muzıkanıń ózi ne nárse ekenligin túsiniwi kerek, muzıkanıń xarakterin, bağıtın, jónelisin azda bolsa ayıra biliwi lazım. Tıńlap ráxát alǵanday muzıkaǵa itibar berip qızıqqanlıǵı durıs boladı. Muzıka tarawına jeterli túsinikke iye bolǵan jaslar meyli muzıkamızǵa sheshiwshi bahasın bere bersin. Házir kóplegen qosıqlar estrada janrında aytılıp kiyatır. Kóp háwesker kompozitorlar payda bola basladı. Bul háweskerler muzıkası álbette kópshilikti ózine tarta almaydı. Sonıń ushın sawatlı kompozitorlardan sabaq, jol-joba alıp háreket etse, ol háwesker kompozitordan da úmit etse boladı. Namanı jetik kompozitor dóretip, sheber

atqarıwshı qosıqshı, xalıqqa jetkerip beriwi talapqa juwap beredi. Xalıq ıqlas penen qabıl etedi hám taza nama xalıq arasında uzaq saqlanıp yad bolıp qaladı. Jaqsı jańa namalar milliy namalarımızday máńgilik bolatuǵınlıǵı sózsiz. Adamzat tariyxı rawajlanıw basqıshlarınıń dáwirlerinde de saz benen sáwbet, oyın-zawıq insanlardıń turmıs qálpiniń ajıralmas ózegi bolıp kelgen.

Saz benen sáwbetti yalǵan demeńler,

Adam ata binyat bolǵanda bardı - degen xalıq qosıǵındaǵı qatarlar insan menen saz-sáwbettiń bárqulla birligin ayqın sıpatlaydı. Muzıka-saz óneri hárqanday xalıqtıń, hár bir millettiń sarqılmas ruwxıy ǵáziynesinen sanaladı. Sonıń menen birge qaysı bir xalıq bolmasın olardıń milliy kelbeti ózleriniń sazları, saz-ásbapları, namaları, qosıqlarındaǵı ses ırǵaqlarınıń ayrıqsha ózgesheligi menen ajıralıp turadı. Dúnyanıń basqada xalıqları sıyaqlı qaraqalpaq xalqınıń da milliy yoshlı oynaqı sazları, jılwalı oyınları adamlardıń ishki jan-sezimlerin terbetip, kewillerine lázzet baǵıshlap, tıńlawshılardı márgiya yańlı ózine tartadı. Milliy namalarımızdı orkestrlerge qayta islep muzıkanı bir jaǵınan bayıtılsa, ekinshi jaǵınan tıńlawshılar jaqsı qabıl alatuǵınlıǵı turǵan gáp. Kóplep usınday namalardı kompozitorlarımız islep shıǵıp, xalıqqa inám etip, qońsılas ellerge de tanılıp atır. Muzıka xalıqtıń júregi, jan dúnyası. Solay eken, hárbir xalıq óz muzıkalarısız jasay almaytuǵınlıǵında, muzıka óz xalqısız jasay almaydı. Hár millet muzıkası óz milliyligi dógereginde jetik rawajlanıwı kerek. Házir túrkmen muzıkası anıq belgili, túrk muzıkasıda attan anıq, gruzin muzıkası, azerbayjan muzıkaları ózlerine tán. Bir-birin qaytalamaydı, bir-birine uqsamaydı. Bular hárbir millettiń koloritli muzıkaları, sonıda aytıp ótiwim kerek bizińmuzıkamızǵa da qanday da tásirin tiygizip atırǵanday. Eliklew barday. Menimshe milliyligimizge tán bir joldı tawıp muzıka jazılsa, hám sol muzıka tek qaraqalpaq jolı bolıp qalıwı kerek. Bul muzıkanıń baǵıtı milliyligimizdi ańlatsa, onı basqa xalıqlar tán alsa ǵana tańlaǵan durıs baǵdar estrada jolında da saqlanıp qaladı. Házirgi waqıtta estrada janrı boyınsha jas kompozitorlar nama dóretip kelmekte. Jaqsı jazılǵan namalar xalıqqa unaydı, xalıq jaqsı kórip súysinip tıńlaydı. Ózbekstan, Qaraqalpaqstan Respublikaları átirapında ótkerilip atırǵan «qosıqlar bayramında», «Ózbekstan Watanım meniń» hám taǵı basqada bayram kesheleri, jarıslarında kompozitorlarımızdıń jaqsı namaları sıylıqlı orındı iyelep kelmekte. Házirgi zaman muzıkasına kóplegen mısallar keltirip ótiwimizge boladı. Kompozitorlar ayaq oyınshılar ushın, xalıq sazları orkestrleri ushın, simfoniyalıq orkestrler ushın, dramalar, kino ushın birqansha namalar dóretpekte. Hárbir saz ásbaplarına jeke «solo» jazıp sheber muzıkantlarımız tanılıp kelmekte. Xalqımızǵa xızmet kórsetip atırǵan «Ámiw tolqını», «Gúlzar», «Uzbek navo», «Ayqulash» ansamblleri, mádeniyat úyleri qosıqshıları, sazendeleri, «Muxalles» duwtarshılar ansambli,

radiokomitetindegi xalıq sazları orkestri, Berdaq atındaǵı Mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrındaǵı simfoniyalıq orkestrlerinde atqarılǵan operalar, kompozitor dóretpelerin maqtanısh etsek arzıydı. Kórkem óner iyeleri xalıqqa sheber talantlıları menen tanıqlı. Zamanagóy muzıkalar, zaman, dáwir talabına juwap bere aladı, óz rawajlanıw jolın tabadı dep oylayman.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. T.Adambaeva. «Revolyuciyaǵa shekemgi Qaraqalpaq muzıkası». Nókis «Qaraqalpaqstan» baspası 1976-jıl.
2. Q.Kamalov. «Qaraqalpaq xalqınıń tariyxı haqqında jańa dárekler». Nókis «Bilim» 2020.
3. A.Júzimbetov. «Ámiwdárya» jurnalınan «Saz áleminiń sárdarı» hám jeke arxiv materiallarınan paydalanıldı. 2001-jıl 3-sanı.

BOLAJAQ MUZÍKA OQÍTÍWSHÍLARÍN KÁSIPLIK TAYARLAWDA QARAQALPAQ MUZÍKA SHÍǴARMALARÍNAN PAYDALANÍW

Mámbetkárimova Qımbat
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

1953-jılı Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan filialınıń ashılıwı menen N.Dáwqaraev atındaǵı tariyx, til hám ádebiyatı institutınıń quramında muzıka laboratoriyası ashılıp qosıqshılardan, dástanlardı atqarıwshı baqsı, jıraw qıssaxanlardan xalıq namaların hám klassikalıq muzıkalar jazıp alına baslandı. Bul iste úlken jan kúyerlik penen xalıq baylıǵın jıynawda qalıs xızmet etken pidáker adamlar boldı. Solardan T.Adambaeva, baqsı G.Tilewmuratov hám Á.Alimov otız jıldan aslam dáwir ishinde kóplegen belgili baqsılarımız hám qıssaxanlardan, qosıqshılardan xalıq qosıqları menen sazlarınıń hár qıylı variantları menen qosıp esaplaǵanda on mıńnan aslam nama sazların magnit lentasına jazıp alınǵan. Bunda ǵáziynemizde qaraqalpaq muzıkasınıń ózine tán qaytalanbas ırǵaqları, ájayıp namaları, jeke hawazı, stili, jeke jolı, olar jaratqan mekteplerinıń úlgisi, tákirarlanbas hawazı bar. Demek milliy sanamızdı qaraqalpaq xalıq qosıqları arqalı rawajlandırıwda usı mısqallap jiynalǵan bul biybaha baylıǵımızdan elede keńnen paydalanıwımız kerek. Sebebi qaraqalpaq xalqı oǵada bay muzıka miyrasina iye. Xalıq qosıqları óziniń jaǵımlılıǵı, hár túrli sulıw intonaciyada bolıwı menen qatar, olar kóbine túrli muzıkalıq bezeklerden (glissando, forshlag, fermata, trellar, dawıstı qońırawday qaltıratıp shıǵarıw), bir buwında birneshe takt

dawamında háreketli túrde sozıw hám basqasha ózine tán ózgeshelikleri menen xarakterlenedi. Qaraqalpaq xalıq qosıqları bir ǵana dáwirdıń jemisi emes, al uzaq dáwirlerden berli dóretilip, aytılıp hám oǵan hár dáwirge say ózgerisler kirgizilip, sulıw tús berilip, kórkemlik jaqtan rawajlandırılıp kelgenligin kóremiz. Xalıq qosıqlar neshe ásirlerden berli xalıqtıń úrp-ádetine, quwanısh qayǵısına xızmet etip bular áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa ótip biziń dáwirimizge shekem jetip kelgen. Xalıq qosıqlarında hárbir jeke adamnıń ómir tirishiligi yamasa tutas xalıqtıń turmısı óz sáwleleniwin tapqan. Xalıq qosıqlarınıń biybahalılıǵıda usınnan bolsa kerek. Sebebi hárbir xalıq óziniń toy merekelerin qızıqlı etip ótkeriw ushın toy dástúrlerine ılayıq toy qosıqların, al adam basına túsken qayǵı-múnásibetke baylanıslı qayǵılı qosıqlardı, balanı jubatıw ushın háyyiw qosıqların payda etken.

Mısalı: Ana óz balasın súyip, balaǵa bolǵan muhabbatın mınaday qatarlar menen bildiredi:

Aynanayin appaǵım,
Qozı júni qalpaǵım,
Jurt súymese súymesin,
Ózimniń súygen appaǵım.

Demek adam anadan tuwılıp dúnyaǵa kelgennen baslap, onı sol ananıń besik jırı kútip aladı. Sonnan baslap sol adamnıń balalıq dáwirinde de, jaslıq shaǵında da, onıń miynetke qatnasına, ulıwma barlıq bir pútin ómirinde qosıq onıń menen ajıralmas joldas boladı. Haqıyqatında da xalıq qosıqları barlıq waqıtta adamnıń gózzallıqqa degen súyiwshiligin arttırıp, óziniń eń jaqsı ideyaları menen xalıqqa ruwxıy azıq berip otıradı. Adamnıń ómiri qanshelli bay mazmunǵa iye bolsa, xalıq qosıqları da sonshelli dárejede joqarı bay mazmunǵa kóteriledi. Óytkeni qosıq-sóz dóretpesi, adam ómiriniń kórkem súwretlew kórinisi.

Qaraqalpaq xalqınıń barlıq ómiri dawamında joldas bolıp kiyatırǵan ruwxıy baylıǵınıń biri-xalıq qosıqları bolıp esaplanadı. Bul ómir súriw dáwiriniń ishinde qaraqalpaq xalqı álwan-álwan túrli, esap-sansız qosıqlar dóretti. Ol xalıqlıq tilek hám talaplar, arzıw-ármanları kózqarasınan ósti, bayıdı, rawajlanıp otırdı. Qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń originallıq belgileri haqqında pikir júrgizgenimizde olar basqa tuwısqan xalıqlardıń namalarınday kóp tarawlı, ápiwayı hám bay intonaciyada bolıwı menen xarakterlenedi. Házirgi waqıtta bizlerge shekem jetip kelgen miyras namalarımız kóp jıllar dawamında xalıqtıń sınaq tárezisinen ótip, onıń kewlinen óshpes orın alǵan namalar bolıp tabıladı. Sonlıqtan da bizler bul biybaha baylıǵımızdıń qádirine jetip qásterlew hám onı tereńnen úyrenip xalıqtıń diqqatına inam etiw júdá orınlı is bolıp tabıladı. Usı baǵdarda respublikamızda keyingi jılları biraz unamlı jumıslar islenip atır. Mısalı: 1992-jılı Nókistegi J.Shamuratov atındaǵı kórkem óner kolledjinde milliy muzıka bólimi ashıldı. Bul

jerde jaslarımız baqsıshılıq, jırawshılıq, sazendeshilik ónerlerin professional dárejede úyrenip atır. Bunnan tısqarı Republikanıń barlıq muzıka mekteplerinde de milliy muzıka bólimleri ashılıp, olarda óspirim jaslarımız ata-babalarımızdan miyras bolıp kiyatırǵan qaraqalpaq xalıq qosıqların hám namaların úyrenip tárbiya almaqta. Nátiyjede jaslarımız óz milliy namaların tolıq ańlay basladı, qaraqalpaq xalıq qosıqların duwtar menen, dástanların qobız benen jırlap, olardı muzıka ıqlasbentleri, xalqımız úlken ruwxlanıwshılıq penen qarsı almaqta. Bul jaslar respublikamızda ótkerilip atırǵan barlıq bayramlarda qatnasıp xalqımızdıń kewlinen shıqpaqta. Mámleketimizdıń ǵárezsizlik siyasatı házirgi waqıtta sırt el mámleketleri menen mádeniy qatnasıqlarǵa keńnen jol ashıp berdi. Bular hár qıylı tematikadaǵı festivallardı, koncertlerdi, mádeniy almasıqlardı quraydı. Bul háreketler bir jaǵınan xalıqaralıq doslıqtı bekkemlese, ekinshi jaǵınan milliy muzıkamızdı keń auditoriyaǵa alıp shıǵıwda, pikirler almasıp mádeniy baylanıslar jasawǵa imkaniyat jaratadı. Máselen 1994-jılı baqsı qız Ziyada Sharipova girjekshi Nasir Nuratdinov penen birgelikte Franciyanıń Di qalasında ótkerilgen xalıq folklor festivalında tabıslı qatnasıp kelgeni, bul jas talantlılardıń xalıq isenimin tolıq aqlaǵanınan derek beredi. Ómirbay Qosimbetovtıń Franciya hám Angliya mámleketlerinde YUNESKO tárepinen ullı ilimpazimiz Mırza Uluǵbektiń 660 jıllıǵına baylanıslı hám 2001-jılı Hindstan mámleketindegi «Hindstan mádeniy orayınıń 50 jıllıǵına» baylanıslı ótkerilgen xalıqaralıq konferenciyalardıń koncert programmalarında qatnasıp, alǵıslarǵa miyassar boldı. 1997-jılı ataqlı jırawımız J.Bazarov Qaraqalpaqstan Respublikasınıń «Altın miyras» fondınıń baslıǵı A.Saparova menen birgelikte Germaniya qalalarındaǵı berilgen koncertlerde belsene qatnasıp kórkem ónerimizdiń propagandasına úlken úleslerin qostı.

«Ullı jipek jolı» boylap atamadaǵı ótkerilgen xalıqaralıq festivallarınıń 2000-jılı Qazaqstan hám Qaraqalpaqstandaǵı 2001-jılı Germaniya, Gollandiya, Belgiyadaǵı, 2002-jılı Amerika, Germaniya, Franciya, Belgiya hám Gollandiya mámleketlerindegi ótkerilgen gezektegi sáneleriniń koncert baǵdarlamalarında óz gezeginde ataqlı baqsı T.Qurbanov, baqsı qızlarımızdan Z.Sharipova, Zulfiya Arzımbetova, girjekshi Salamat Qayıpnazarov hám Injigúl Saburovalar belsene qatnasıp, dúnya júzine milliy namalarımızdı jańlatıp alǵıslarǵa bólenip qayttı. 2005-jılı «Aral krizisi» boyınsha Gollandiya hám Belgiya mámleketlerinde ótkerilgen xalıqaralıq simpoziumda ataqlı baqsı T.Qurbanov, T.Qalliev, G.Allambergenova, girjekshi S.Qayıpnazarov, jıraw B.Sırımbetovlar óz koncert baǵdarlamaları menen qatnasıp qayttı. Sonday-aq Qaraqalpaqstan televideniesi arqalı berilip atırǵan kórsetiwlerde qaraqalpaq xalıq qosıqlarına keńnen orın beriliwi, bulardıń hámmesi milliy sanamızdıń qaraqalpaq xalıq qosıqları arqalı rawajlanıwına tiykar boladı. Solay eken, millettiń ózine tán miyrasların, ata-

babalarımızdıń tárbiyalıq, danalıq násiyatların, ózligimizdıń áhmiyetliligin túsiniw búgingi jaslardıń ádiwli wazıypası bolıp esaplanadı. Ózligimizdi túsiniwde basqa milliy qádiriyatlarımız, miyraslarımız qatarında, milliy muzıka mádeniyatımız, sonıń ishinde qosıqshılıq janrı da úlken áhmiyetke iye. Ózleriniń bálent lapızı, ájayıp ónerleri menen házirge shekem xalqımızdıń júreginen orın alıp kiyatırǵan, keleshek áwlad ushın úlken mektep esaplanatuǵın kórkem óner pidayıları qanshama deysiz. Olar atqarǵan qosıqlar, sazlar búgingi jaslar ushın biybaha ǵáziyne, sarqılmas bulaq. Jaslardı usı biybaha ǵáziyne, sarqılmas bulaqtan tuwrı paydalanıwǵa tárbiyalaw, xalqımızdıń ásirler dawamında toplaǵan usınday milliy miyrasların biliw, olardı jaslardıń sanasına sińdiriw biziń ádiwli minnetimiz hám búgingi kúnıń baslı wazıypalarınıń biri bolıp esaplanadı.

Búgingi elimizdiń ǵárezsizligi sharapatı menen adamzat tariyxında jámiyetlik rawajlanıw barısında xalıqqa óziniń ruwxıy mádeniyatın qáliplestirip, jankúyerlik penen xızmet etip, óz xalqınıń atın, dańqın shıǵarǵan adamlar xalıqtıń júreginen orın alıp hám húrmetine miyassar bolatuǵınlıǵın tariyx dáliyllemekte.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Алеуов У. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. - Нөкис: Билим, 1993.
2. Адамбаева Т «Қарақалпақ музыкасының тарийхынан» 1985ж.
3. Романова С.Е. Қорақалпоқ миллий мусиқий аньаналари асосида бўлажак мусиқа ўқитувчиларини маънавий тарбиялашнинг педагогик асослари; дисс. канд. Пед наук-Т; ТН Қори Ниёзий номидаги Ўзбекистон Педагогика фанлари илмий тадқиқот институти.

DÁSTÚRLER HÁM MILLIY QOSÍQLAR TIYKARÍNDA SANA SEZIM HÁM MÁDENIYATTÍŃ ÓSIWI

X.Nawrızbaeva
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Milliy dástúrler birneshshe tariyxıy dáwirlerdiń tiykarında qáliplesip belgili bir xalıqtıń salt-dástúrlerin payda etedi. Dástúrler hám xalqımızdıń milliy qosıqları xalıqtıń sana sezimleri hám mádeniyatı menen baylanıslı boladı. Xalıq shadlıq qushaǵında bolsa, muzıka sazı da saltanatlı, quwanıshlı boladı. Qosıq onı kewillendirip qádemin nıq bastıradı. Ana qaza tapqan balasın joqlap aza tutsa, muńlı dawıslar qayǵını aytıp beriwge járdemlesedi. Demek muzıka adam ómiriniń joldası hám onıń menen birge máńgi jasaydı. Sonday-aq adamlardıń bir-birin jaqsı

túsiniwine járdemlesedi, muzıkanıń jáne bir ózgesheligi ol adamlardıń kewil jaǵdayın ortaqlastırıp olardıń arasındaǵı qarım-qatnas quralı bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq xalıq qosıqları keleshek jaslarımızdı óziniń jasap turǵan ortalıǵına múnásip ruwxıy salamat áwlad, haqıyqıy insan bolıp jetilisiwinde úlken rol oynaydı, olardıń tárbiyalıq kúshi haqqında pedagoglarımız ruwxıy aǵartıwshılarımız ásirler boyı jırlap kelgen. Qaraqalpaq xalqı kóp milletli xalıqlar sıyaqlı óziniń kóp ásirlik muzıka tariyxına iye bolatuǵın bolsa, usı muzıka tariyxı ishinde qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń tutqan ornı girewli. Qaraqalpaq xalıq qosıqlarında ózine tán tereń ózgeshelikleri xalıqtıń ruwxıy sulıwlıǵı hám dóretiwshilik quwatı bayan etilgen. Onıń kórkemlik jaqtan baylıǵı, koloritiniń garmonıyalılıǵı, sheber atqarıwshılıǵı menen tańlandırdı. Qaraqalpaq xalıq qosıqlarında xalıqtıń maqsetleri, ulıwma ishki sezimleri sáwlelengen. Xalıq uzaq jıllar dawamında ájayıp qosıqlardı hám namalardı yadında saqlap atadan balaǵa miyras etip biziń dáwirimizge jetkeredi. Eń áyyemgi dáwirlerde nota sawatı bolmaǵanlıqtan qosıqlarımız awızdan-awızǵa ótiw jolı menen bizge shekem jetip keldi. Olar: Qaraqalpaq xalıq qosıqları «Bozataw», «Arıwxan», «Qız Minayim», «Ayralıq», «Aqsúńgil», «Bile kel», «Dem bermes», «Nazliniń», «Jaqsıraq», «Gulpaq», «Jeńgejan», «Adıńnan», «Qızlar úyge kir», «Sanalı keldi», «Sen yar qal endi», «Jekke baslı». Ózbekstan milliy sananı kóteriwdi birinshi dárejeli dep qaraǵan halda, mámleketimizde jasap atırǵan barlıq milletlerdiń mádeniyatı, tili, úrp-ádetleri, qullası, milliy sananıń ósıwı ushın barlıq sharayatlardı jaratıp berdi. Kadrlar tayarlaw boyınsha milliy baǵdarlamanı ámelge asırıw bul elimizde islenip atırǵan kútá áhmiyetli qayta dúziw ilajlarınıń biri. Turmıstıń barlıq tarawlarında reformalardıń iske asırılıwın hár tárepleme bilimlerge, sonıń menen qatar joqarǵı ádep-ikramlılıq qásiyetlerine iye bolǵan jaslarsız kóz aldımızǵa keltiriw qıyın. Sonıń ushın da bárinen burın Jaslardıń sanasında joqarı ruwxıy hám ádep-ikramlıq baylıqların bekkemlep barıw zárúr. Xalqımızdıń keleshegi bolǵan jaslarda ádeplilik, ar-namıs, uyat, insap, tuwrı sózlilik, jan kúyerlik, sadıqlıq, bir sózlilik, juwapkershilik bolmasa, onda elimizde ekonomika da, mádeniyatta, bilimlendiriw de rawajlanbaydı. Jaslardı ulıwma jáhán talaplarına juwap beretuǵın, xalqımızdıń milliy úrp-ádetine sadıq, jámiyettiń hár tárepleme jetisken puqarası dárejesine jetkizip tayarlaw ushın xalqımızdıń milliy tariyxıy hám mádeniy dástúrleri, ádep-ikramlılıq tájiriybesi, bulardıń ishinde qaraqalpaq xalıq qosıqları úlken áhmiyetke iye. Sonlıqtanda jaslarımızǵa ásirler dawamında óz tárbiyalıq qásiyetlerin saqlap kelgen milliy dástúrlerimiz ruwxında tárbiyalawda qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń milliy sanamızdıń rawajlanıwında úlken orın tutatuǵınlıǵın uqtırıp barıwımız tiyis. Házirgi kúnniń talabına say jańasha oylap, jańasha pikir júrgiziwdiń tiykarında xalqımızdıń úrp-ádetlerine baylanıslı joqarı oqıw ornılarında tálim-tárbiyanı

milliylestiriw házirgi kúnniń baslı wazıypalarınan bolıp esaplanadı. Mısalı hárbir talaba is-háreketinde, minez-qulqında ulıwma insanıylıq, milliy ádep-ikramlılıq qádiriyatlardı boyına sińdirıwı, milliy mádeniyat qásiyetlerin yamasa xalıq úrp-ádetleriniń, dástúrleriniń áhmiyetin tereń ańlap jetisiwinde olarǵa baǵdar kórsetiwimiz kerek. Jaslardı ruwxıylıqqa hám ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda xalqımızdıń kórkem óneri úlken orın tutadı. Haqıyqatında da dóretpelerde dástúrler, xalıqtıń jasaw jaǵdayları, arzıw-ármanları, muhabbatı, danalıǵı, aqıl-oyı, ulıwma ómirge filosofiyası, estetikası, etikası sáwlelengen. Mısalı qaraqalpaq xalıq qosıqların alayıq. Olar tematikası boyınsha hár túrli bolıp xalıqtıń ruwxıy dúnyasında belgili orın iyeleydi. Qosıqlar adam balasınıń tuwılıwınan baslap, ómiriniń aqırına shekem onıń turmısı hám sezimleri menen bekkem baylanısıp keledi. Jaslarǵa óz watanına, óz tuwǵan jerine muhabbat sezimlerin oyatıwda, olarǵa úlken ruwx bağıshlawda tuwǵan jer haqqındağı xalıq qosıqlarınıń áhmiyeti oǵada úlken. Máselen «Ellerim bardı» qosıǵında biziń qaraqalpaq milletimizge say bolǵan eń jaqsı pazıyletler úlken maqtanısh sezimi menen aytıladı. Sonıń menen «Shımbay» xalıq qosıǵında ádep ikramlıq arqalı jaslarımızda óz milletine bolǵan súyiwshilikti, maqtanıshtı payda etiw arqalı milliy sanasın qaraqalpaq xalıq qosıqları arqalı rawajlandırıp barıwǵa erisemiz. Mısalı:

Keneges Manǵıttıń ekkeni salı,
Qızları periyzat júzinde qalı,
Sóylese tógiler awzında palı,
Xosh múlayim qızları bar Shımbaydıń.

Xalıq qosıqlarında san mıń jaqsı tilek, arzıw-ármanlar, oyın-kúlki quwanıshları, hátte qayǵını súwretlew túrleri de orın alǵan. Jaslar bular menen tanısıw arqalı ómirdiń ashshı dushshısınan xabardar boladı, milliy sananıń rawajlanıwındağı áhmiyetin túsinip baradı. Keyingi jılları mámleketimizdiń ǵárezsizligi arqasında xalqımızdıń milliy muzıka mádeniyatımızǵa degen qızıǵıwshılıǵı artıp barmaqta. Ótmishtegi, uzaq tariyx jollarınan kiyatırǵan muzıka mádeniyatınıń miyrasları hárbir xalıqtıń ruwxıy dúnyası bolıp tabıladı Qaraqalpaq xalıq qosıqlarında xalqımızdıń arzıw ármanları, ómirge degen ıqlası sáwlelengen. Qaraqalpaq xalıq qosıqları sol uzaq dáwirlerden beri xalqımızdıń kewliniń tórinen orın alıp, óziniń rawajlanıw jolında kóplegen talantlı atqarıwshılardıń sheberliginiń arqasında áwladtan-áwladqa, ustazdan-shákirtke ótip, házirgi waqıtta óziniń bay repertuarı hám ózine tán tradıciyalıq atqarıw jolları menen qaraqalpaq milliy muzıkamızdıń negizgi tiregi bolıp jetilisip atır. Qosıqshılarımızdıń hárbirin alıp qaraǵanımızda olar bir-birine usamaǵan halda, ráńbáreńlik sheberligi menen xalqımızdıń turmısın, tábiyat gózzallıqlarınıń, qayǵı hám quwanısh sezimleriniń, ishki kewil keshirmeleriniń hár qaysısı ózine tán ırǵaq naǵıslarına bólenip

súwretlengenin kóremiz. Bul álbette muzıka mádeniyatımızdıń xalqımızdıń arasında ayrıqsha itibarǵa iye hám sol waqıttaǵı atqarıwshılarımızdıń joqarı dárejedegi talantqa iye bolǵanlıǵın bildiredi. Bul qosıqlar qanshelli usınday keń mazmunǵa bayıtılıp barǵan bolsa, olardıń atqarıwshılıq sheberligine degen talabı da sonshelli kúsheyip barǵan. Sonlıqtanda qaraqalpaq xalıq qosıqların kámine keltirip atqarıw hárbir atqarıwshıdan úlken talant, uqıplılıq, tereń sezim, kóp jıllıq tájiriybe hám kóp miynet talap etedi. Sebebi bul qosıqlarda muzıkanıń kóp túrli usıllarınan paydalanıp, olardıń múmkinshiliklerin bayıtıp, ólshemlerdiń, tonlıqlardıń, templerdiń hám milliy muzıkamızǵa sáykes ırǵaqlardan keńnen paydalanǵan. Xalıq muzıkası basqa bárshe qádiriyatlarımızday insanǵa ruwxıy zawıq beriwde ayrısha orın tutadı. Ǵárezsizliktiń sharapatı menen Ózbekstanimizda milliy qádiriyatlar, sonıń ishinde xalıq muzıkasın úyreniwge keń ilimiy tiykarda izertlewge imkaniyatlar jaratılǵan.

Qaraqalpaqstanda xalıq muzıkasına dıqqat 50-jıllardan baslanıp, 1959-jılı kompozitor V.Shafrannikov tárepinen Moskvada «Karakalpakskaya muzıka» (50-nama), 1960-jılı Á.Xalimov tárepinen Tashkentte «Qaraqalpaq namaları» (100 nama) hám basqada toplamlar basılıp shıqtı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Moyanov I.J. Qoraqalpoq xalq musiqasi asosida o‘quvchi-yoshlar ma’naviy-axloqiy fazilatlarini shakllantirishning xususiyatlari: Avtoreferat diss. PhD. Nukus, 2019.
2. Романова С.Е. Қорақалпоқ миллий мусиқий анъаналари асосида бўлажак мусиқа ўқитувчиларини маънавий тарбиялашнинг педагогик асослари; дисс. канд. Пед наук-Т; ТН Қори Ниёзий номидаги Ўзбекистон Педагогика фанлари илмий тадқиқот институти.
3. Xudaybergenova G.J. «Bolajaq muzıka oqıtıwshıların tárbiyalawda pedagoglardıń dóretiwshilik jumısları hám ornı» atamasındaǵı respublikalıq ilimiy-teoriyalıq konferenciya materialları toplamı. 172-173 b. 14-aprel 2022. Nukus.
4. Nadırova A. «Qaraqalpaq muzıka tariyxı». Tashkent «Sano standart», 2018.

QARAQALPAQ NAMALARÍ TARIYXÍ TIYKARÍNDA JASLARǴA BAQSÍSHÍLÍQ ÓNERIN ÚYRETIW

Genjemurat Tursınbaev
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Muzıkanı esitetuǵın, muzıka menen shuǵıllanatuǵın adam jamanlıqtan álbette uzaq boladı. Bárshemizge belgili, saz-sáwbetke, muzıkaǵa muhabbat, muzıka mádeniyatı Xalqımızda balalıqtan baslap, shańaraqta qáliplesedi. Úyinde duwtar yaki basqa saz ásbabı bolmaǵan, muzıkanıń ómir baǵısh tásiyrin óz turmısında sezbesten jasaytuǵın adamdı biziń jurtımızda tabıw qıyın desek, asıra aytqan bolmaydı. Eń áhmiyetlisi, búgingi kúni muzıka nawqıran áwladımızdıń joqarı mánawiyatlı bolıp kamal tabıwında basqa kórkem óner túrlerine qaraǵanda kóbirek hám kúshlirek tásir etpekte. Ónip-ósip kiyatırǵan jas áwladtıń talantın hár tárepleme rawajlandırıw hám mádeniy dárejesin arttırıw, jaslarımızdıń milliy jáne dúnya júzilik muzıkanı súwretlew óneriniń joqarı úlgileri menen keń tanısıwı ushın zárúr sharayatlar jaratıw, baslanǵısh muzıkalıq tálim bilimlendiriw sistemasın túp tiykarınan jetilistiriw, balalar muzıka hám kórkem óner mekteplerin rawajlandırıw bolıp esaplanadı. Hárbir xalıqtiń ruwhıy dúnyası mádeniyatı tili, etnografiyası, arxitekturası, ádebiyatı, milliy muzıkasına iye.

Qaraqalpaq xalıq milliy muzıkası awızeki professional baqsıshılıq tradiciyasınıń rawajlanıwı, onıń atqarıwshıları bolǵan baqsılardıń dóretiwshilik ómiriniń keńeyip olardıń kem-kemnen joqarı dárejege kóteriliwi nátiyjesinde sazlar payda bola basladı. Xalqımızdıń sazlar, qosıq, baqsılar tárepinen dástanlardı tıńlawshılarına tásirli etip jetkeriw maqsetinde, dástandaǵı qaharmanlardıń obrazlıq kelbetin, qaharmanlıq islerin, olar mingen tulpar atlardıń júyrikligin, tábiyat kórinisiniń gózzallıqların súwretlewdegi sazlardı dóretiwdegi sheberliginiń ósiwi arqalı payda bolǵan programmalı dóretpeler bolıp esaplanadı. Máselen: «Ilme Sultan» sazında ushırasatuǵın, hayal-qızlardıń miynet procesinde naǵıs oyıw, keste tigiw, kiyiz basıw háreketleriniń súwretleniwi, sazlarındaǵı atqarıw texnikası arqalı quslardıń sayraǵan dawısınıń beriliwi, «Qarajorǵa» namasıındaǵı tulpardıń tuyaǵınıń dawısınıń esitiliwi hám basqa da usı sıyaqlı barlıǵı sheber professional sázendelerdiń qolında sesleri yańlı jańlap esitiledi. Olar hárbir atqarıwshınıń jeke dóretpesiniń, muzıkalıq til baylıǵınıń ósiwine qolayli jaǵday tuwdırıp otırǵan. Baqsılardıń dástanlardı atqarıwdaǵı eń tiykarǵı muzıkalıq quralı duwtar. Sonlıqtan qaraqalpaqlar arasında duwtar sazları áhmiyetli orın iyeleydi. Duwtar sazları bolsa, rawajlanǵan, tamamlanǵan forması, melodiyasınıń tolıqlıǵı hám kóp variantlılıǵı jaǵınan qaraqalpaq awızeki professional muzıkasında úlken orın iyeleydi. Olardan**:** «Nama bası, Nar iydirgen, Mıń túmen, Ilme sultan, Suw serper, Qara jorǵa, Siy

perde, Tarlan, Ziyada, Boztorǵay, Aq ishik, Sayra duwtar, Muxalles, Nalısh, Qoshım palwan, Dás nama, Sárbinaz, Gór qız, Muwsa sen yar, Torǵay qus hám taǵı basqa, birneshe sazları keń taralǵan. Mine usı sazlar ishinde keń taralıp, xalıq arasında massalıq xarakterge iye bolǵan túri «Nama bası» baqsıshılıq óneriniń «gimni» sıpatında atqarılıp, baqsılar toy merekelerde usı namadan baslaytuǵın bolǵan. Sonlıqtan el arasında bul saz «Bas nama» maqamlar bası, sazlardıń aǵlası, depte atalıp kelgen. Biz xalqımızdıń legendalıq, tarıyxıy saz hám qosıǵına názer taslasaq ata-babamızdıń birqansha mádeniy miyraslarımızdıń saqlanıp qalǵanlıǵın kóremiz. Maqsetimiz xalqımızdıń milliy muzika kórkem mádeniy miyras bolıp, kiyatırǵan xalıq qosıq hám sazlarınıń tariyxın keleshek áwladımız bolǵan jaslar ruwxıy azıqlanadı dep bilemiz. Respublikamızdıń joqarı hám orta arnawlı oqıw orınlarındaǵı muzıka hám kórkem óner bólimleri, balalar muzıka hám kórkem óner mektepleri oqıwshı hám oqıtıwshılarına arnalǵan.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Романова С.Е. Қорақалпоқ миллий мусиқий анъаналари асосида бўлажак мусиқа ўқитувчиларини маънавий тарбиялашнинг педагогик асослари; дисс. канд. Пед наук-Т; ТН Қори Ниёзий номидаги Ўзбекистон Педагогика фанлари илмий тадқиқот институти.

2. Алеуов У. Қарақалпақстанда тәлим –тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы.- Нөкис: Билим, 1993.

3. Erejepov A.A. «Qaraqalpaq xalıq qosıq hám sazlarınıń tarıyxı» Qaraqalpaqstan-2018 j.

MUZÍKA MÁDENIYATÍ TÁLIMIN ZAMANAGÓ'Y OQÍTÍW USÍLLARÍ

A.Nawrızbaeva
G.Tursınbaev
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Muzıka mádeniyatı táliminiń jańa mazmunı jaslardı milliy muzıkalıq miyraslarımızǵa miyras hám ulıwma dúnyalıq muzıka baylıǵın qabıl ete alatuǵın, mádeniyatlı ınsan dárejesinde jetkeriwdi názerde tutadı. Házirgi zaman jasları intellektual kamal rawajlanıp baratırǵanlıǵı, olardıń ilim úyreniwge tırısqaqlıǵı, ǵárezsiz pikirlewi hám ilimiy-dóretiwshilik izertlewleri, jańalıqlar hám jańa ashılıwlarǵa salıstırǵanda sheksiz qızıǵıwshılıǵı hám tálim mazmunına qatallıǵı,

oqıtıwshınıń óz ústinde islew, mamanlıǵın asırıp barıwı hám sanasına jáne de rawajlandırıwı, tálim sistemasındaǵı barlıq jańalıqlardan xabardar bolıp barıwı kerekligi tiykarǵı faktor bolıp xızmet etedi. Sońǵı jılları pedagogika páni, tálim sistemasına kirip kiyatırǵan jańa pedagogikalıq texnologiyalar, ınnovaciyalar, jańa-jańa pedagogikalıq-psixologiyalıq túsinikler, ınteraktiv metodlardı bilim beretuǵın tárepinen ózlestirilip hám qollanıp barılıwı tálim mazmunın túpten ózgerttirip jiberdi desekte asıra aytqan bolmaymız.

Zamanagóy oqıtıwshı sabaq procesinde «aktyor» emes, kerisinshe «rejissyor» bolıwı kerekligin ańǵarıwı kerek. Ol óz oqıwshıların muzıka pánine bolǵan dóretiwshilik kózqarası menen uyımlastırıwı, olarda izleniwshilik qásiyetlerin qáliplestiriwi hám álbette, jańa pedagogikalıq texnologiyadan paydalanǵan halda sabaqtı shólkemlestiriwi kerek boladı. Onıń ushın bolsa ol birneshe jańasha tálim usılların jaqsı biliwi kerek. Jaslarımızdı ózligin ańǵarıw, ǵárezsiz, sanalı pikirlewge úyretiw, olardıń oylawında boslıq payda bolıwına jol qoymaw ushın mektep oqıwshısınıń sóylew baylıǵı, muzıka sawatın asırıwımız, shıǵarma hám eski nama qosıqlarımızǵa qızıǵıwshılıǵın rawajlandırıwımız, olardıń muzıkalıq oylawı qaysı dárejede rawajlanıwın anıqlawımız kerek boladı. Muzıkanıń zárúrli tárepi de sonda, ol bárinen burın sezim-tuyǵılar menen tikkeley baylanısadı, sonday-aq úyrenilip atırǵan hárbir muzıkalıq dóretpe joqarı insanıylıq hám ruwxıy páklikti kórsetip beredi. Muzıka kórkem-óneri ol menen shuǵıllanatuǵınlardan joqarı insanıylıq, ruwxıy páklik hám názik sezimdi talap etedi. Jaslardı mánisi boyınsha bárkamal, ruwxıy kúshli tárbiyalawda muzıkalıq sezim áleminiń ornı kútá úlken bolıp tabıladı. Búgıngi kúnde muzıka kórkem óneri hám mádeniyatı sabaqların ilimiy metodikalıq tárepten hár tárepleme rawajlandırıp, zaman talaplarına uyqas túrde alıp barıw muzıka oqıtıwshı aldına qoyılǵan aktual wazıypalardan biri bolıp esaplanadı. Sol sebepli ulıwma bilim beriw mektep «Muzıka mádeniyatı» sabaqlarınıń oqıtılıwı menen baylanıslı ayırım máseleler hám olardıń sheshimin támiyinlew jolların ayrıqsha bolsada kórip shıǵıwı kerek. Muzıka mádeniyatı pániniń basqa pánlerden óziniń zaman rawajlanıwı menen sáykes bolǵan ózgesheligi bar ekenligi menen ayırmashılıǵı bar ekenligin aytıp ótken edik. Hárbir pánniń ayrıqsha ózgesheligi bolıwı tábiyiy process. Muzıka oqıtıwdıń da ayrıqsha tárepleri kóp, álbette. Bul onıń shólkemlestirilgen dúzilisi hám ámeliy atqarıwshılıq penen baylanıslı kórinislerında ayqın kórınetuǵın boladı. Sol sebepli sabaqtıń hárbir iskerlik túrinde aldınǵı pedagogikalıq texnologiyalardan nátiyjeli paydalanıw múmkin. Sabaq shınıǵıwlarında lekciya, gúrriń, túsindiriw, kórsetiw, muzıka tıńlaw, sáwbet, soraw-juwap, jámáát bolıp atqarıw, dawıs sazlaw shınıǵıwlarında hárbirewiniń mazmun-mánisine kóre ámeldegi shárt-sharayat, oqıtıwshı hám oqıwshılar múmkinshiligine muwapıq tárizde texnologiyalardı qollanıwımız

múmkin. Bunda muzıka oqıtıwshınıń da ayrıqsha qásiyetleri kórinedi. Muzıkaǵa muhabbat, qızıǵıwshılıq, sabaqtı emocional kóterińki ruwxta ótkeriw, pedagogikalıq uqıptı rawajlandırıp barıw, balalardı súyiw, olardaǵı muzıkalıq qábilet, qızıǵıwshılıqlardı itibarǵa alıw hám olardı ámelge asırıwǵa umtılıw usılardan ibarat. Eger oqıtıwshıda bul sıyaqlı ayrıqshalıqlar bolmasa, hár qanday pedagogikalıq texnologiyalar da mazmunsız hám qızıqlı emes, nátiyjesiz bolıp qalıwı múmkin. Sebebi hárqanday tálim forması, modeli, túri oqıtıwshınıń pedagogikalıq uqıbı, bilimi, ilimiy tájiriybesi hám pedadogikalıq iskerliksiz kútilgen nátiyjeni bermesligi anıq. Sonı da aytıwımız kerek, muzıka oqıtıwshı oqıw-tárbiya jumısların teńdey júrgizedi. Oqıwshılardı muzıka arqalı tárbiyalawda oqıtıwshınıń jaqsı sazendelik uqıbı, jaqsı dawısqa iye bolıwı, nota oqıw, túrli qurallardan aqılǵa say hám orınlı paydalana alıwı, sóz uqıbı, oqıwshılardıń qábiletlerın asıra biliwi zárúrli. Oqıtıwshınıń ózi qandayda bir saz ásbabında nama atqarsa yamasa qosıq aytıp berse, klass oqıwshılarına ózgeshe jaǵımlı tásir etedi, olardıń keypiyatları kóteriledi. Muzıka oqıtıwshı bulardan tısqarı sabaqlardı baqlap barıwı kerek. Turaqlı baqlawlar sebepli oqıtıwshı pedagogikalıq sheberligin asırıp baradı. Ol jaǵdaydı bahalaw, oqıwshılardı ishki sezim, qızıǵıwshılıq hám qábiletlerin seziwge úyrenedi. Baqlaw 1-klastan 7-klasqa shekem dawam etedi. Bunda qollanılıp atırǵan usıl, forma hám pedagogikalıq texnologiyalardıń da nátiyjeliligi, qolaylılıǵı, balalar ushın qızıqlı hám itibarlı tárepleri anıqlanıp barıladı.

Muzıka táliminiń ayrıqshalıǵı shólkemlestirilgen dúzilisi, ámeliy atqarıwshılıq xızmetleri, sonıń menen birge, oqıtıw usılları, olardıń nátiyjeliligin támiyinleytuǵın faktorlar, qurallar analizi hám olardıń ulıwma dóretiwshilik nátiyjeli táreplerin ulıwmalastırıw muzıka tálimin ózine ǵana tán bolǵan jańa túrlerin islep shıǵıw imkaniyatın beredi. Bular da óz maqseti hám atqaratuǵın wazıypası mazmun hám mánisine kóre pedagogikalıq texnologiya bolıp, olardı muzıka shınıǵıwlarına qollanıw jaqsı nátiyje beredi. Bunday sabaqlar oqıwshılarda jaqsı keypiyat kóterińki ruwxlanıw hám umtılıwdı kúsheytedi.

Mektep oqıwshıların muzıka kórkem ónerine qızıqtırıw hám tálim nátiyjeliligin támiyınlewde birqansha oyın metodları hám tálim usılları bar. Olar qatarına házirgi kúnde aldıńǵı, ǵayratker oqıtıwshılar tárepinen keń qollanılıp atırǵan tómendegi texnologiyalıq sabaqlardı bólek kórsetiwimiz múmkin. Ulıwma bilim beriw mektep «Muzıka mádeniyatı» oqıw pániniń mazmunına bolǵan minimal talaplar teoriyalıq hám ámeliy xızmetler kompleksinen shólkemlestirilip, olar baslanǵısh muzıka sawatı, muzıkalıq shıǵarmalar dóretiwshileri iskerligi, muzıka atqarıwshılıǵı, xor, ansambl, kompozitorlar hám kompozitorlar dóretiwshiligi hám de ózbek xalıq saz-ásbapların biliw, baslanǵısh muzıkalıq

termin hám sóz dizbekler, muzıka janrları, temalar tiykarında milliy muzıka mádeniyatımızdı ózlestiriwdi názerde tutadı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Қуронов М. Ўзбекистон умумий ўрта таълим мактабларида миллий тарбиянинг илмий-педагогик асослари: Пед.фан.док. Дис….–Т.: ЎзПФИТИ, 1998.–Б.316.
2. Романова С.Е. Қорақалпоқ миллий мусиқий анъаналари асосида бўлажак мусиқа ўқитувчиларини маънавий тарбиялашнинг педагогик асослари; дисс. канд. Пед наук-Т; ТН Қори Ниёзий номидаги Ўзбекистон Педагогика фанлари илмий тадқиқот институти.
3. Qodirov R.G‘., Musiqa psixologiyasi. T.: 2018.y
4. Nadırova A. «Qaraqalpaq muzıka tariyxı». Tashkent «Sano standart», 2018.

ÓZBEK XALÍQ MUZÍKA KÓRKEM ÓNERI

Askarova Ziywar Kóshkinbaevna - *úlken oqıtıwshı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı
Saparova Shaxnoza
«Qosıq hám ayaq oyın» qánigeligi 4-kurs studenti

Ózbek xalqı ertedegi dáwirde foedalizmniń alıs túpkirende jasap, shıdap bolmaslıq awhalda turmıs keshirip keliwine qaramastan, xalıqtıń oyların, maqset tileklerin, sociallıq gúresin, ulıwma dáwirdiń turmıs kartinaların súwretlewshi ájayıp muzıkalıq folklorın kózdiń qarashıǵında saqlap keldi. Ózbek xalqı kóp milletli barlıq xalıqlarday óziniń kóp ásirlik muzıka tariyxına iye. Xalıq muzıka kórkem óneriniń ózine tán tereń ózgesheliklerinde xalıqtıń ruwxıy gózzallıǵı hám dóretiwshiligi bayan etilgen. Onıń kórkemlik jaqtan baylıǵı, koloritiniń garmoniyalılıǵı, sheber atqarıwshılıǵı menen tańlandıradı. Ózbek muzıkası xalıq poeziyasında xalıqtıń maqset tilekleri, umtılıwları, ulıwma ishki sezimleri sáwlelengen. Xalıq uzaq jıllar dawamında ájayıp namalardı yadında saqlap atadan-balaǵa miyras etip biziń dáwirimizge jetkerdi. Xalıqtıń mádeniyatı hár tárepleme rawajlanıwına nota sawatı bolmaǵanlıqtan tek te awızdan-awızǵa ótiw jolı menen saqlanıp kelgenlikten namalar tolıǵı menen sol qálpinde jetiw oǵada qıyın. Bul shıǵarmalar sol dáwirdegi atqarıwshılar tárepinen qosıp ayırım jerleri alıp taslanıp, úzliksiz rawajlandırıp xalıqtıń eleginen ótip kelgenligi anıq. Solay bolsa da ózine tán originallıq qásiyetin pútkilley joyıtqan emes. Bul belgiler áyyemgi dáwirlerden berli saqlanıp atırǵan tariyxıy eskertkishlerde de sáwlelengen. Olar xalıq muzıka tariyxınıń erte zamanlardan baslanǵanlıǵınan derek beredi. Orta Aziya xalıqları ózbek, túrkmen, qırǵız, qazaq, qaraqalpaq hám de tájik xalıqları menen tıǵız

ekonomikalıq baylanısı etnografiya, ádebiyat hám kórkem óneri, sonıń ishinde muzıkasınıń jaqınlıǵı hám de túrk tilles bolıp, mádeniyatı ulıwma bir baǵdarda rawajlanǵanlıǵı tariyxıy dereklerden ayqın kórinedi. Olar dóretken mádeniy miyraslar ózine tán úlken ayırmashılıqlar menen birge ulıwma xalıqlıq, mádeniyattıń úlken arnasına qosqan úlesi bolıp tabıladı. Arablar Orta Aziyanı jawlap alǵannan keyin Islam dininen burıngı barlıq mádeniy baylıqlardı joq etiwge urınıp, sazdı shaytannıń isi, elge apat keltiredi,-dep xalıqtıń kewil kóterip, erkin ómir súriwin qadaǵan etti. Erte zamanlarda Buxara ámiriniń qol astında jasawshı xalıqlarǵa shárıyattıń kórsetiwi boyınsha saz shertip, qosıq aytqan adam dozaqıy, kimde-kim saz shertip qosıq aytsa, ózi ólimdar, malı patshalıq dep húkim shıǵardı. Usı qadaǵan etiwshilik jaǵdayında da saz-sáwbetsiz xalıqtıń birqansha toy-merekeleri ótedi. Usınday qısqıǵa shıdamay xalıq ishinen shıqqan talantlı bir shayır qolında duwtarı menen xannıń sarayına barıp:

Saz benen sáwbetti yalǵan demeńler,
Adam ata biniyat bolǵanda bardı,
Abıl-Qabıl enesiniń qarnında.
Olar hám dúnyaǵa kelgende bardı.

dep, usı qosıqtı sazǵa qosıp aytıp, xannan bul húkimdi biykar etiwin ótinipti. Sonda kóp waqıtlardan beri saz esitpey qulaǵı pitip júrgen xan shayırdıń dawsına balqıp ketip, oǵan taxtqa otırıwdı buyırıptı. Mine sonnan baslap xalıq saz shertip, qosıq aytıwdı bárjay etipti. Bul xalıq awzındaǵı ańız sóz bolǵan menen, xan qanshelli zulımlıq etip, xalıqtıń ózi dóretip boyına sińip ketken ruwxıy baylıǵın joq etemen dese de, qolınan kelmeytuǵının, onıń mángi jasay beretuǵınlıǵın isenimli túrde alǵa qoya bergenliginde real haqıyqatlıq seziledi. X-XVIII ásirler aralıǵında Orta Aziya xalıqlarınıń mádeniyatı, tariyxında birqansha jańalanıwlar payda bola baslaydı. Bul dáwirde al Farabiy, Abu Ali Ibn Sino, Al Xorezmiy, Abduraxman Jomiy sıyaqlı úlken ilimpazlar muzıkanıń tásirine baylanıslı bir qansha miynetler dóretti. «X ásirden XVIII ásirge shekem Orta Aziya ilimpazları dawıstıń okustikalıq qásiyetlerin arnawlı túrde úyrenip, intervallardıń ózara baylanısın hám ritmlerdiń quramalı sıpatların qayta islep shıǵadı. Muzıkalıq teoriyaǵa ilim sıpatında kózqarası basqa ilimler menen ásirese matematika hám astronomiya menen tıǵız baylanısta ekenligi olardıń muzıkalıq teoriyalıq máseleler negizinen keń orın iyelegen traktatalarınıń mazmunın quraydı» dep júdá durıs kórsetken. Muzıka tarawında olardıń miynetleri Orta Aziya xalıqları sonıń ishinde ózbek xalqınıń ótkendegi muzıkalıq miyrasların úyreniwge hám onıń dáwirlik xarakterin ashıwǵa oǵada úlken material bolatuǵınlıǵına gúman joq. Óytkeni saz ásbaplarınan duwtar, dombıra, ud, avgan rubabı, qashqar rubabı, qonun, qobız, ǵirjek, sato, chang, nay, sıbızǵı, qoshnay, balaman, surnay, karnay, shıńqobız, doyra, naǵara,

safail, qayraq, qasıq h.t.b áspablarda, hár qıylı namalardıń kelip shıǵıwı olardıń usılları haqqında muzıka tuwralı kóp ǵana miynetler dóretip iz qaldırǵan ilimpazlar, shayırlar hám ataqlı sazende, talantlı adamlar haqqında bahalı pikir aytadı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. I.N.Karaleva «Voprosi muzıkalnoy kulturi Uzbekistana» izd G‘afur G‘ulam Tashkent 1969.
2. K.Olimboeva, T.Yólchiboeva, M.Axmedov, T.Mirzaev «Ózbekiston xalq sozandalari» izd. G‘afur G‘ulom Tashkent 1974.
3. E.E.Romanovskaya «Zapisi muzıkal`nogo fol`klora» « Tashkent 1957.

ПЕДАГОГИКА ИЛИМИ ҲӘМ МУЗЫКА ПЕДАГОГИКАСЫНЫҢ ТИЙКАРЛАРЫ

М.Б.Насыров - *үлкен оқытыўшы*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Жәмийеттиң социаллық раўажланыўында адамлардың тәрбиясы шешиўши әҳмийетке ийе ямаса жас әўладтың қандай тәжирийбе (салмақлы ямаса унамлы) ийелеўине инсан цивилизациясы дәрежеси байланыслы. Тәрбия социаллық қубылыс. Биринши адам пайда болғанынан баслап тәрбия процеси оның турмысының ажыралмас бөлегине айланды. Инсаният раўажланыўының ҳәр қыйлы дәўирлеринде үлкен әўладтан жас әўладқа тәжирийбе өткерилген, нәтийжелеринен пайдаланылған, жетилистирилген ҳәм кейинги әўладларға және өткерилген. Бул процесс ҳәзир де жүз бермекте. Бул тәрбияның мәңги ҳәдийсе екенлигинен дәрек береди. Егер тәрбия жоқ болса, жәмийеттиң социаллық раўажланыўы тоқтайды. Усы мәнисте тәрбия тарийхый қубылыс. Билимлендириў мазмуны әсте-ақырын өзгертип, жетилистирилип барылды. Жеке турмыс тәмийнатына таярлаў менен бирге (мийнет, аң аўлаў, шарўашылық, дийқаншылық ҳәм басқалар) балаларға гүрриңлер, үрп-әдетлер, диний исенимлер жеткерип берилетуғын болды, бул болса тәрбия процесине мақсетке қаратылғанлық ҳәм мақсеттиң субъективлигин берди.

«Педагогика» сөзи грек тилиндеги еки сөзден – «пайда» - бала ҳәм «аго» - алып бараман, тәрбиялаймен деген сөзлерден алынган. Педагогика пән сипатында философия шеңберинде қәлиплести. Оның раўажланыўы ҳәм тарқалыўына әййемги Грецияның (Сократ, Платон, Аристотель, Демокрит)

ҳәм Римниң (Цицерон, Сенека, Квинтилиан) белгили философлары салмақлы үлес қосқан. Музыкалық педагогиканың раўажланыў тарийхында музыкалық тәрбияны шөлкемлестириў методлары ҳәм формаларын белгилеў субъектив түрге ийе. Бул категорияларға анықлама берген авторлар өзлериниң методикалық ҳәрекетлерин көбинесе анық илимий терминологиялық-семантикалық түрге енген сөзлер менен түсиндириўге ҳәрекет еткен тийкарлар. Бул таң қаларлық емес. Актёрлық өнерин үйретиў процесин биринши рет «текшелерге» жайластырған К.С.Станиславский айтып өтилген жумысында төмендегилерди жазған еди: Данышпан сөзлери оқыўшыны қорқытады. Олар жүректи емес, ақылды қозғатады. Буннан дөретиўшилик ўақтында инсанның ақылы бизиң көркем өнер бағдарымыздағы әҳмийетли роль ушын ажыратылған артистлик эмоциясын оның түсиник асты менен басып шығарады.» Себеби, авторлар тәлим-тәрбия ҳәм көркем өнерге үйретиўдиң айырым түсиниклерине анықлама бериўде олардың дөретиўшилик жумысы әмелиятында жүз берген терминологиядан пайдаланған. Бундай қатнас теориялық анықланыўында тәрбия ҳәм оқытыўды шөлкемлестириў формалары ҳәм усыллары бирдей әҳмийетке ийе болыўына, гейде көркем искерлик түрлери менен араласыўына алып келди.

Музыкалық тәрбия процесине келгенде, бул бағдарда ҳәзирги ўақытқа шекем музыкалық тәрбия методларының теориялық анықламаларында уқсаслық жоқ. Мысалы, рус эстетикалық тәрбия теорияшысы Б.Т.Лихачев балаларды улыўма көркем (дөретиўшилик) тәрбиясында методлардың үш тийкарғы топарын ажыратады: а) әмелий оқыў; б) әмелий оқыў эстетикалық оптимал түсиниў; в) көркем-дөретиўшилик искерлик. Педагогика пәниндеги билимлендириў ҳәм тәрбия процесслери өз алдына көрип шығылып, өзлериниң анық белгиленген усылларына ийе болғанлығы себепли биз бунда терминологиялық надурыслылықты көремиз. Бизиң пикиримизше, музыкалық тәрбия усылларының характеристикасы анық белгиленген киши жастағы балаларды музыкалық тәрбиялаў машқалаларын изертлеўши Н.А.Ветлугина тәрепинен қәлиплестирилген бул сыпатлама оларды педагогиканың улыўма тәрбия теориясы тийкарында анықлаўдан ибарат, яғный: а) усыллар музыка жәрдеминде исендириў; в) үйретиў ҳәм шынығыў усыллары. Бундай қатнас илимий-теориялық тийкарға ийе болып, тийкарғы тийкар негизинде усылларды және де толық тийкарлаў имканиятын береди. Белгили профессор О.А.Апраксина теориялық тийкарлардан қашып, мектеп оқыўшыларын музыка тәрбиясын шөлкемлестириўде төмендегилерди өз ишине алатуғын системаға сүйениўди усыныс етеди: мектеп оқыўшыларын тәрбиялаў, музыкаға қызығыўшылық ҳәм муҳаббат, музыка менен

пикирлесиў зәрүрлиги; музыка жумысының ҳәр қыйлы түрлерин үйретиў; раўажландырыў, музыкалық-дөретиўшилик қәбилетлери, билимлендириў, жәҳән музыка мәдениятының ең жақсы үлгилери менен танысыў.

Музыкалық педагогиканың предмети ҳәм тийкарғы түсиниклери

Музыкалық педагогиканың предметин музыкант шахсты қәлиплестириўдиң бир пүтин процесин қурайтуғын музыка оқытыўы ҳәм тәрбиясының шөлкемлестириў формалары, усыллары, қураллары ҳәм басқа да атрибутлары жыйындысы деп есаплаў керек. Бул процесс анық тарийхый характерге ийе болып, улыўма педагогиканың раўажланыў нызамлары ҳәм нызамлылықларына сәйкес түрде әмелге асады. Музыка педагогикасы пәнин үйрениў дереклери төмендегилерден ибарат:

1. Өтмиштиң музыка-педагогикалық тәжирийбеси. Булар үлгилерди жаратыў, топлаў ҳәм сақлаў мәкемелери көркем мәдений раўажланыўы тарийхындағы музыкалық ҳәдийселер. Оған композиторлар, сазенделер, музыка мәдениятының ғайраткерлериниң дөретиўшилик мийрасы киреди, ол музыка дөретпелериниң ең жақсы үлгилери, атқарыў шеберлиги, жәмийетлик, ағартыўшылық ҳәм музыка-педагогикалық жумыс нәтийжелерин көрсетеди.

2. Заманагөй музыка-педагогикалық ҳәдийселер ҳәм изертлеўлер. Бул, ең дәслеп, музыка билимлендириў мәкемелериниң профессионал музыкантларды тәрбиялаў ҳәм таярлаў бойынша әмелий жумыс тәжирийбеси, айырым дөретиўшилик мектеплери ҳәм жеке меншик музыка оқытыў ҳәм тәрбия методикалары болып есапланады.

3. Алдынғы илимий музыка-педагогикалық тәжирийбе. Бунда музыка тәлим-тәрбиясын оптималластырыў ҳәм ең нәтийжели технологияларды излеў бойынша изертлеўшилердиң илимий-тәжирийбе жумыслары нәтийжелерин үйрениў ҳәм улыўмаластырыў нәзерде тутылмақта. Бул музыка билимлендириўи ҳәм тәрбиясы машқалаларының шешимин жетилистириў ҳәм жақсылаў бойынша ислеп атырған илимий-изертлеў институтлары, лабораториялар, илимий хызметкерлердиң изертлеўлериниң нәтийжелери болып есапланады.

Музыкалық педагогиканың тийкарғы категориялары. Музыкалық педагогиканың өз категориялары бар. Бул категориялар улыўма педагогикалық категориялар сыяқлы оның теориясының тийкарын музыка тараўының өзине тәнлигин есапқа алған ҳалда қурайды. Музыкалық билимлендириў – бул музыкалық билим, көнликпе ҳәм әдетлерди өзлестириў процеси ҳәм нәтийжеси болып, ол музыкалық қубылысларды аналитикалық-теориялық ямаса әмелий атқарыў тәреплеринен өзлестириўдиң тийисли дәрежесинен дәрек береди. Музыкалық билимлендириў жәмийеттиң

музыкалық тәжирийбесин жаратыў, топлаў институтларының болажақ музыкалық қәнигелер тәрепинен усы тәжирийбени жеткерип бериў ҳәм өзлестириў процесслери менен диалектикалық өзара тәсирлесиўинде жумыс алып барады. Музыка билимлендириўи тийисли тәртипке салынады оның мазмунын ҳәм тийкарғы принциплерин белгилейтуғын мәмлекеттиң нызам ҳүжжетлери менен белгиленеди. Музыкалық тәлимниң нызамлылықлары - бул жәмийетлик ҳәм музыкалық ҳәдийселер ямаса процеслер арасындағы әҳмийетли байланысты характерлейтуғын объектив себеплер болып, оларсыз музыкалық оқытыў ҳәм тәрбияны нәтийжели әмелге асырыў мүмкин емес. Оларға:

• музыка билимлендириўи ҳәм тәрбиясы мазмунының заманагөй жәмийеттиң музыка мәденияты раўажланыў дәрежесине сәйкеслиги;

• музыка тәлим-тәрбиясы процесиниң миллий музыка тараўының раўажланыўын тәмийинлеўдиң экономикалық шараятларына байланыслылығы;

• музыка билимлендириўи ҳәм тәрбиясы мазмунының миллий музыка дәстүрлерине бағдарланғанлығы.

Музыка педагогикасының раўажланыў тарийхында музыка тәлим-тәрбиясын шөлкемлестириў логикасын теориялық таллаўға бағдарланған жумыслар оғада аз. Авторлар ҳәм изертлеўшилер, бәринен бурын, мектепте музыка оқытыўдың методикалық өзгешеликлери, айырым музыка әсбапларын шертиўди үйретиў, дирижёрлық, баланың улыўма музыкалық раўажланыўына, оның музыкалық қәбилетине жәрдемлесетуғын гармония ҳәм сольфеджиони оқытыў методикасының өзине тән өзгешеликлерине итибар қаратпақта.

Музыкалық педагогиканың раўажланыў тарийхында ең әййемги дәўирлерден баслап ҳәр түрли музыкалық жумысты оқытыўдың ең белгили методикалық системалары ҳәм усыллары төмендегилерден ибарат:

• Графикалық ҳәм илмекли ноталаў нота жазыўы ҳәм музыка оқытыўының ең әййемги формасы болып, айырым мағлыўматларға қарағанда, Византиядан келип шыққан ҳәм XII әсирде пүткиллей ширкеў қосығына оқытыўдың аўызеки күнделикли әдет орнына қәлиплескен.

• Музыка жазыў системасы - XI әсирде италиялы музыка теорияшысы Гвидо (995-1050) тәрепинен киргизилген. Ол белгилерди ҳәр қыйлы реңли сызғышқа жайластырып, оларға музыка текстлерин жазып алыў имканиятын беретуғын дәл сес бийиклигиниңмәнисин берди.

• Санлы нотация - Ж.-Ж.Руссо тәрепинен ислеп шығылған ҳәм кейин ала Пьер Гален (1786-1821), Еме Пари (1798-1866), Емил Шеве (1804-1864)

тәрепинен жетилистирилген сөзлерди санлар менен жазыў арқалы қосық айтыўды үйретиў усылы болып есапланады.

• Емил Жак-Далькроз (1865-1950) методикалық системасы музыка оқытыўының тийкарында музыка, сөз ҳәм ҳәрекетлердиң үш түрли бирлигин қурал сыпатында шахс қәлиплесиўин нәзерде тутады. Оның системасы тийкарында евритмика усылы (музыканың ҳәрекет пенен байланысы), оның темпли, динамикалық ҳәм метроритмикалық өзгешеликлерин көрсетиў арқалы балаларға музыка сыпатларында ҳәрекетлениўди үйретиў тийкарғы ўазыйпаны орынлаў имканияты болған.Жак-Далькроз системасының басқа қурамлық бөлимлери сольфеджио ҳәм импровизация болып, олар музыка тәлиминиң жоқары (профессионал) дәрежесинде әмелге асырылды.

• Карл Орф (1895-1952) методикалық системасы белгили «шулверк» («Счулверк») методикалық қолланбасында баян етилген. Атамасы еки немец сөзинен келип шыққан - «[шулен]» - үйретиў ҳәм «[веркен]» - ҳәрекет етиў. Оның системасы тийкарында ҳәр түрли музыкалық-саҳна искерлигинен пайдаланған ҳалда элементар музыка ислеў принципи бар музыка сабақларында қолланылатуғын әсбап-үскенелер музыка педагогикалық системасын әмелге асырыўдың тийкаргы методикалық қуралына айланды.

• Золтан Кодайдың (1882-1967) методикалық системасы музыка тәрбиясында хор қосықшылығын тийкарғы жумыс түри сыпатында қолланыўдан ибарат. «Кодай методы» оқыўшыларда тәртип сезимин, лад пикирлеўди, сес бийиклигин раўажландырыў ушын ҳәр қыйлы шынығыўлар жәрдеминде тәрбиялаўды нәзерде тутады. Буның ушын оның системасында салыстырмалы (ладлы) сольмаластырыўдан пайдаланыў кеңнен усыныс етиледи.

• Дмитрий Кабалевскийдиң методикалық системасы (1904-1987) 1970-жыллары киргизилген ҳәм бурынғы Совет Аўқамы ҳәм Европаның айырым социалистлик мәмлекетлериндеги улыўма билим бериў мектеплери ушын «музыка» оқыў бағдарламасына киргизилген. Бағдарламаның тийкарғы (улыўма) темасы - «Музыка ҳәм турмыс.» Музыка менен шуғылланыў баланы гөззаллықты сезиўге алып келетуғын тийкарғы әдеп-икрамлылық-эстетикалық принциплерге бойсынады. Программаның тийкарғы усылы музыка ҳәм музыка қубылыслары ҳаққында пикирлесиў. Тийкарғы жумыс түри - музыка тыңлаў. Музыкалық әсбапларда оқытыўды шөлкемлестириўге бағышланған заманагөй методикалық роботларда жеке өзи яки хор арқалы қосық айтыў түсиниги, оқытыў усылы дерлик барлық ўақытта жумыс түри менен айқынластырылған. Бул билиў ҳәм изертлеў жумысына байланыслы теориялық түсиниклердиң классикалық философиялық анықламаларына

тийкарланыўы керек болған анық терминологияның анықланыўына түсинбеўшилик киргизди (ҳәм киргизеди). Биз миллий педагогикалық ҳәм илимий-методикалық әдебиятларымызда музыка педагогикасының улыўма теориялық тийкарларын белгилеп беретуғын ҳәм оған сүйениў керек болған изертлеўлерди, соның ишинде, музыка оқытыўының улыўма методларын белгилеп беретуғын изертлеўлерди көремиз. Соның ушын бул мәселе биз ушын турақлы қызығыўшылық болып, келешекте де оны үйрениўдиң үлкен перспективалары бар. Алдын көрсетип өтилгениндей, шахсты музыка оқытыў ҳәм тәрбиялаў тийкарында оның мазмунын эмоционал-образлы өзлестириў, оны қабыл етиў ҳәм аңлаў музыка-эстетикалық искерлик пенен тығыз байланыслы болады. Бул жумыстың логикалық таллаўынан келип шығып, оқыў дәўиринде оны шөлкемлестириўди шәртли түрде еки түрге - репродуктивлик ҳәм продуктивлик яғный өнимдарлыққа ажыратыў мүмкин.

Жумысты шөлкемлестириўдиң репродуктив формасы материалды стереотип түрде қабыл етиў ҳәм өзлестириўди нәзерде тутады, ол ҳеш қандай ойланыўды, ойланыўды талап етпейди. Булар, мәселен, еслеп қалыў мақсетинде музыкалық үлгилерди, лекция, гүрриңлерди тыңлаў, дирижёр басшылығында ансамбльде (оркестрде, хорда) партияларды музыкалық атқарыў, атқарыўшылық техникасын жетилистириў мақсетинде музыкалық шынығыўлар (гаммалар, вокализлер, дирижёрлық ҳәрекет шынығыўлары) ҳәм т.б.ибарат. Жумысты шөлкемлестириўдиң аналитикалық түсиниўге ҳәм оның мазмунын аңлаўға қаратылған өнимли формасы ҳәм соның ушын сын көзқарастан қатнас жасаўды нәзерде тутады өз тәжирийбесин арттырыў, талқылаў ҳәм әмелий шығарыўда жаңа, өз бетинше, тәкирарланбас элементлерди қосыў мақсетинде музыкалық материалға қосылады. Бул формаға жеке шынығыўлар, музыкалық шығарманы үйрениў ҳәм орынлаў үстинде өз бетинше жумыс ислеў, гармония, полифония, композиция бойынша тапсырмаларды орынлаў, рефератлар, тақризлер жазыў ҳәм басқаларды киргизиў мүмкин. Буннан келип шығып, соны жуўмақлаў мүмкин, музыкалық оқытыўдың улыўма талапларын қамтып алатуғын методларды белгилеўде муғаллим ҳәм оқыўшы (студент) ниң анық өз-ара қатнасықларын музыкалық жумысты шөлкемлестириў формалары ҳәм түрлери менен тығыз бирлестириўди есапқа алыў зәрүр, бул нәтийжеде музыкалық билим, көнликпелерге ийе болады. Бундай қатнас улыўма педагогикалық анықламада музыкалық оқытыўдың улыўма методларын оқытыў методларының бинар топарына киргизиў мүмкин екенлигин атап өтиўге тийкар береди, бул жерде толық метод, яғный өз-ара тәсир, жумыс түри бирлеседи. Солай етип, музыкалық оқытыўдың улыўма усылларын

белгилеў тийкарында музыкалық-педагогикалық жумыстың төмендеги тараўларында анық музыкалық билим, көнликпе ҳәм көнликпелерди бериў ҳәм өзлестириўге қаратылған оқытыўшылар ҳәм оқыўшылардың (студентлердиң) анық өзара қатнасыўлары менен жумысты шөлкемлестириўди алып қарайық:

• музыка саўатлылығы ҳәм музыка теориясын үйретиў;

• музыка әсбапларын шертиў, қосық айтыў ҳәм дирижёрлық ислеўди үйретиў;

• музыка дөретиў ҳәм атқарыў искерлигин үйретиў.

Биринши тараў негизги болып, тек ғана теориялық музыкалық тәжирийбени өзлестириўди емес, ал оқыўшылардың (студентлердиң) жеке музыкалық пазыйлетлерин - сес жоқарылығы, метроритмикалық, көркем-дөретиўшилик аналитикалық қабыл етиў қәбилетлерин (музыкалық еситиў, ритм, форма сезими) ҳәм т.б. турақлы раўажландырыўды нәзерде тутады.

Соннан келип шығып, музыка оқытыўдың улыўма методларын шәртли түрде үш топарға бөлиў мүмкин:

• теория ҳәм тарийхты оқытыў усыллары музыка;

• ойын үйретиў усыллары

• музыка әсбаплары

• дирижёрлық;

• музыкалық пазыйлетлерди үйретиў ҳәм раўажландырыў усыллары. Бул группаларды өз алдына қарайық. Музыка теориясы ҳәм тарийхын оқытыў методлары. Музыкалық саўатлылық ҳәм музыка теориясын оқытыў басқа ҳәр қандай оқытыўдан өзгешелиги сонда, оның пәни тек ғана ақылый қәсийетлер арқалы өзлестирилиўи мүмкин болған илимий теория емес, ал көркем өнер түри - музыка болып есапланады. Музыкалық теориялық пәнлерди оқытыў оқыўшылардан (студентлерден) тек ғана ақылый пазыйлетлер (еслеў, пикирлеў ҳәм басқалар) емес, ал музыкалық қәбилет, музыка ҳәдийселерин тек ғана көриў ҳәм еситиў органлары менен қабыллай алыў қәбилетин де талап етеди. Музыка теориясын оқытыў усылларын шәртли түрде сөз-информациялық, сөз-көргизбели, сөз-әмелий түрлерге ажыратыў мүмкин. Бундай киши топарларға бөлистириўди биз жоқарыда айтып өтилген бинарлық пенен тийкарлаймыз. Сөз-мәлимлеме усылларының киши топарына сөз искерлиги менен байланыслы ҳәрекетлер киреди, олар даўамында мәлимлеме бериледи ҳәм үйренилип атырған темалардың мазмуны өзлестириледи. Булар лекциялар, гүрриңлер, сәўбетлер болып, олардың темасы музыка көркем өнери тарийхы ҳәм теориясы болип табылады. Бундай методларды әмелге асырыў дәўиринде оқытыў материалды қабыллаў дерлик

ҳәмме ўақытта репродуктив, яғный анализ ҳәм критикалық түсиниўсиз әмелге асырылады. Бул, мәселен, ҳәр қандай композитордың өмири ҳәм дөретиўшилик жолы ҳаққындағы материалды өз ишине алатуғын музыка тарийхы бойынша лекция, музыка теориясы бойынша «Интерваллар ҳәм олардың дүзилиси,» гармония бойынша «Түрли дәрежедеги туўысқанлық модуляциялары» ҳәм басқа лекциялар болады. Сөз бенен көргизбели методлар ҳәрекетлерди нәзерде тутады, олар даўамында сөз бенен түсиндириўлер иллюстрация ҳәм демонстрация элементлери менен толтырылады. Әмелиятта схемалар, кестелер, фоножазыўлардан пайдаланыў, муғаллим тәрепинен музыка материалы фрагментлерин саз әсбабында атқарады. Әмелият методлар оқыўшылардың (студентлердиң) оқыў ўақтында әмелий искерлигин нәзерде тутыўшы ҳәрекетлер - жазба шынығыўларды орынлаў, мәселелерди шешиў, музыкалық дүзилислерди, темаларды, үйренилип атырған материал мазмунын қурайтуғын фрагментлерди әмелий атқарыў менен характерленеди. Сөз бенен әмелий методларға китап пенен өз бетинше ислеў де киреди. Музыка әсбапларын шертиў, қосық айтыў ҳәм дирижёрлық ислеўди үйретиў. Музыка теориясын үйретиў методларынан парықлы түрде, ойын, қосық ҳәм дирижёрлыққа үйретиў методлары тийкарында әмелий атқарыўшылық искерлиги турады.

Ҳәр қыйлы тип ҳәм дәрежедеги музыка оқыў орынларының әмелиятында музыка атқарыўшылық жумысы индивидуал ҳәм топарлыққа бөлинеди. Педагогикалық оқытыў методлары бирдей дәрежеде қолланылады ҳәм шәртли түрде көргизбели-информациялық, әмелий-излеў, әмелий-эвристикалық ҳәм комплексли методларға бөлинеди. Көргизбели - музыкалы шығарманы оқытыў, қосық айтыў ҳәм дирижёрлыққа үйретиўдиң информациялық усыллары оқыўшылар (студентлер) тәрепинен музыкалы шығарманың улыўма мазмунын, оны орынлаў өзгешеликлерин аңлаўға жәрдемлесетуғын ҳәрекетлерди өз ишине алады.

Оқытыўшы тәрепинен музыкалы шығарманың көргизбели орынланыўы, шығарманың аўызеки музыкалық-теориялық анализи, техникалық характердеги қурамалылықлардың көриниси, фактура, аппликатура, тесситура, дирижёрлық ишаратының семиотикасы ҳәм басқалар усылар қатарына киреди. Әмелий-излеў оқытыў усыллары музыкалы шығарманы атқарыў ўақтында техникалық ҳәм көркем көнликпелерди әмелий үйрениў ҳәм өзлестириў менен байланыслы ҳәрекетлерди нәзерде тутады. Бул жаңа шығарманың бетинен оқыў, көп мәртебе атқарыў, айырым орынларын қосық тексти менен айтыў, метр-ритмикалық үйрениў (қабақ, қәлем ҳәм т.б.) болады. Ең әҳмийетли әмелий-излениў усылларынан бирине музыка

шығармасы үстинде үйдеги еркин жумыс киреди. Әмелий жақтан эвристикалық оқытыў усыллары ақырғы нәтийжеси белгили бир дөретиўшилик ашылыў болыўы керек болған ҳәрекетлерди нәзерде тутады. Егер ҳәр бир сабақта ямаса ҳәр бир әмелий атқарыўшылығында робот музыка шығармасы үстинде жаңа көркемлик өзгешеликлерди ойлап табыў, тәкирарланбас образларды жаратыў менен байланыслы болса, бул әсиресе оқытыўдың жуўмақлаўшы басқышларында тән болады, яғный айрықша техникалық орынлаў усылларын қолланыў арқалы өткериледи. Әмелиятта бул музыкалық шығарманы индивидуал талқылаў, оның айрықша бөлимлерин орынлаў болып есапланады. Орынлаўдың дәстүрли емес техникалық усылларын қолланыў (сынаў) ҳәм басқалар. Атқарыўшылық, қосық айтыў ҳәм дирижёрлық, оқытыўдың комплексли усыллары аўыз, көргизбели ҳәм әмелий ҳәрекетлерди бир ўақытта қолланыў менен тәрийипленеди. Оларды көрсетиў (демонстрция) - гүрриң (түсиндириў) - шынығыў формуласы арқалы анықлаў мүмкин. Индивидуал ҳәм топарлық музыка оқытыў әмелиятында комплексли метод профессионал музыка оқытыўының тийкарын қурайды. Музыка сыпатларын оқытыў ҳәм раўажландырыў усыллары. Алдын айтып өтилгениндей, шахстың музыкалық пазыйлетлери - бул музыкалық-көркем түсиниўдиң индивидуал қәбилетлерине тийкарланған билим, көнликпелер жыйындысы. Музыкалық қәбилетлер адамға тәбияттан берилген, бирақ олар өз-өзинен музыка қәбилетлерин белгилеп бермейди. Музыкалық қәбилетлерге ийе болған адам оларды тийисли искерлик арқалы раўажландырмаса, онда қәбилетлер раўажланбайды. Демек, қәбилетлер қәбилетлерге, қәбилетлер болса сапаларға айланыўы ушын оларды турақлы раўажландырыў керек. Музыкалық билим бериў әмелиятында оқытыў ҳәм музыкалық пазыйлетлерди раўажландырыў усылларының тийисли топарын ажыратыў зәрүрлиги пайда болмақта. Они шәртли түрде еки киши топарға - музыка қәбилетин раўажландырыў усыллары ҳәм музыка қәбилетлерин үйретиў усылларына бөлиў мүмкин. Музыка технологияларын раўажландырыў усыллары. Қәбилет - бул өз ара бирге ислесиў болып, оның мақсети музыка материалын аналитикалық түсиниў көнликпелерин раўажландырыўдан ибарат.

Бул әдетлер жеке музыка қәсийетлериниң тийкарын қурайды ҳәм төмендегилерди өз ишине алады:

• сес бийиклигин аналитикалық түсиниў көнликпелери (музыкалық еситиў);

• метроритмикалық аналитикалық түсиниў көнликпелери (темп ҳәм ритм сезими);

• темпро-динамикалық аналитикалық түсиниў көнликпелери.

Музыкалық еситиў, ритм, тембр, динамика көнликпелерин раўажландырыў ушын - анализ ҳәм салыстырыў усылларына тийкарланған аналитикалық методлар. Булар, мәселен, аккордларды талқылаў ҳәм дүзиў, оларды тыңлаў ҳәм аналитикалық салыстырыў; музыка фрагментлерин тыңлаў ушын таңлап алыў; музыка әсбабында импровизация ислеў, жазба ҳәм аўызеки музыка-еситиў викториналары, диктантлар ҳәм тағы басқалардан ибарат. Әмелиятта оқытыў-атқарыўшылықлар (гаммаларды атқарыў, техникалық шынығыўлар, вокализлер), сольфеджио ҳәм сольфеджио шынығыўларды қағаздан оқыў, ядтан үйрениў, қосық айтыў, саз атқарыў, жәмәәт болып саз шертиў, талқылаўлар алып барылады. Солай екен, музыкалық тәрбия процеси өзиниң логикалық дүзилисинде өз структурасына ийе болып, ол объектив ҳәм субъектив факторлар менен белгиленеди. Объектив факторларға заманагөй жәмийеттиң раўажланыў өзгешеликлери ҳәм оған байланыслы көркем-эстетикалық дөретиўшилик ҳәм музыка көркем өнери процеслери, профессионал музыка билимлендириўи ҳәм тәрбиясының мәмлекет дәрежесинде раўажланыўы, миллий музыка дәстүрлери ҳәм халық дөретиўшилигиниң қайта тиклениўи, музыка көркем өнериниң жәмийетлик турмыстың түрли тараўларына тийисли. Жаслардың салмақлы бөлегиниң музыка-дөретиўшилик искерлиги әдетлерин өзлестириўге умтылыўы, күнделикли турмыста музыка көркем өнери үлгилеринен пайдаланыўы, музыка көркем өнеринен пайдалы бизнести шөлкемлестириў қуралы сыпатында пайдаланатуғын мәкемелер тармағының кеңейиўи субъектив факторлар болып есапланады. Музыкалық тәрбияның методологиялық тийкары, улыўма көркем-эстетикалық дөретиўшилик сыяқлы эстетика - инсан тәрепинен ҳақыйқатлықты көркем өзлестириўдиң улыўма нызамлылықлары ҳаққындағы философиялық илим, ҳақыйқатлықты сәўлелендириўдиң мазмуны ҳәм формалары ҳаққындағы ҳәм өмирди гөззаллық нызамлары бойынша өзгертиў ҳаққындағы илим болып есапланады. Соның ушын музыка тәрбиясының мақсети ҳәм структурасы улыўма етип айтқанда эстетикалық категорияларға бойсынылыўы керек, олар «нызамлар бойынша» турмысты тәкирарлаў ҳәм жақсылаўға жуўап береди ҳәм жәрдемлеседи. Бундай шараят музыкалық тәрбия процесин раўажландырыўдың объектив ҳәм субъектив факторлары бирден-бир мақсетке - гөззаллықты қәдирлей алатуғын ҳәм оны өзиниң әтирапында жарата алатуғын шахсты қәлиплестириўге бойсынған жағдайда ғана әмелге асыўы мүмкин. Демек, процесс структурасы музыка тәрбиясы - бул тәрбия процесиниң тийкарғы мазмунын қурайтуғын, тийкарғы теориялық ҳәм әмелий компонентлериниң логикалық, избе-из жыйындысы. Оған тийисли: тәрбияның мақсети, мазмуны, шөлкемлестириў формалары,

метод ҳәм қураллары, нәтийжесинен ибарат. Музыкалық тәрбияның мақсети адамның ҳәр тәреплеме музыкалық раўажланыўын нәзерде тутады, бул оған музыка-эстетикалық ҳәдийселерди жәмийетлик сананың бөлеги сыпатында қабыл етиў ҳәм қәдирлеў, оларды раўажландырыў ҳәм қоршаған турмысты жақсылаў ушын пайдаланыў, музыкалық шығармалар ҳәм музыка мәдениятының басқа үлгилерин жаратыў имканиятын береди.

Ғәрезсизлик жыллары Өзбекстан Республикасының социал-экономикалық ҳәм мәдений раўажланыў перспективасын белгилеў, жәҳән жәмийетшилиги мәмлекетлери қатарынан мүнәсип орын ийелеўге умтылыў жолындағы кең көлемли реформаларды әмелге асырылмақта. Жәҳәнниң раўажланған мәмлекетлери тәжирийбелерин үйрениў, жергиликли шараят, экономикалық ҳәм интеллектуаллық ресурсларды есапқа алған жағдайда жәмийет турмысының барлық тараўларында түпкиликли реформалардың әмелге асырылыўы, жаңадан жаңа жетискенликлерге ерисиўди тәмийинленбекте. Түрли тараўларда жолға қойылып атырған халықаралық шериклик егер өз нәтийжесин берип атырған болса да, бирақ, миллий ғәрезсизликти ҳәр тәреплеме беккемлеў, ерисилген табысларды байытыў, әмелдеги кемшиликлерди оператив сапластырыў жәмийет ағзаларынан бөлек садықлық, пидайылық, ғайратлылық ҳәм қатаңлық көрсетиўди талап етпекте.
Жоқары тәлим мәкемелери педагогларын қайта таярлаў ҳәм маманлығын асырыў курсларында түрли қәнигеликлер оқытыўшыларының интеллектуаллық потенциалын асырыў, дүньяға көзқарасларын байытыўда оларды инновациялық тәлим технологиялары менен жақыннан таныстырыў зәрүрли әҳмийетке ийе. Билимлерди жетилистириў системасында «Инновациялық тәлим технологиялары» оқыў модулының оқытылып атырғанлығы педагог кадрларды заманагөй инновациялық тәлим технологияларының шөлкемлестирилген, техникалық ҳәм дидактикалық мүмкиншиликлеринен хабарлы болыўлары ушын шараят жаратып қалмастан, кәсиплик искерликте олардан нәтийжели пайдаланыў бойынша илимий тәжирийбелериниң беккемлениўин де тәмийинлейди. Әсиресе «Инновациялық тәлим технологиялар» оқыў модули жоқары тәлим педагогларды қайта таярлаў ҳәм олардың маманлығын асырыў курсларында тыңлаўшылар тәрепинен өзлестирилип атырған кәсиплик билим, көнликпе, илимий тәжирийбе ҳәм компетентлик сапаларын және де раўажландырыў, кең көлемли илимий-изертлеўлерди алып барыў, күшли бәсеки әмелдеги болған мийнет базарында өз орнын сақлап қалыўына жәрдем береди.

Оқыў модули шеңберинде тыңлаўшылар инновациялық тәлим технологияларының мәниси, зәрүрли тийкарлары менен танысады, кәсиплик

искерликте педагогикалық технологияларды нәтийжели, мақсетли қолланыў, илимий тәжирийбелерине ийе болады ҳәм тәлим процесин ақылға сай проектлестириўге тийисли тәжирийбелерин және де байытады. Сондай-ақ, тыңлаўшылар педагогикалық инновацияларды тийкарлаў, жаратыў ҳәм әмелиятқа нәтийжели енгизиў жолларынан хабардар болады, инновациялық характерге ие болады, авторлық бағдарламаларын ислеп шығыў көнликпелерин табыслы өзлестиреди. Бул болса өз нәўбетинде оқытыў процесинде студентлердиң активлигин тәмийинлеў, билимлендириўдиң сапасын жақсылаў, нәтийжелиликти арттырыўда үлкен әҳмийетке ийе.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Апраксина О.А. Методика музыкального воспитания в школе: Учебн. пособие для студентов пед. ин-тов. — М.: Просвещение, 1983. — С.19-25.
2. Дидактика современной школы / Под ред В.А.Онищука. — К.: Рад.школа, 1987. — С.34-329.
3. Дьяченко Н.Г. и др. Теоретические основы воспитания и обучения в музыкальных учебных заведениях / Н.Г.Дьяченко, И.А.Котляревский, Ю.А.Полянский. — К.: Муз. Украина, 1987. — 110 с.
4. Лозова В.І., Троцко Г.В. Теоретичні основи виховання та навчання: Навч. посібник для студентів пед навч. закладів. — Харків, 1997. — С.160-270.
5. Михайличенко О.В. Основи методики викладання суспільних дисциплін у вищій школі: навчальний посібник. – Суми: ВАТ „СОД‖ видавництво „Козацький вал‖, 2006. – 102 с.
6. Педагогічний пошук / Упор. І.М.Баженова. — К.: Рад. школа, 1988. — С.127-250.
7. Педагогика: Учебн. пособие для студентов пед. ин-тов / Под ред. Ю.К.Бабанского. — 2-е изд., доп. и перераб. — М.: Просвещение, 1988. — С.385-407.
8. Ростовський О.Я. Лекції з історії західноєвропейської музичної педагогіки: Навч. посібник. – Ніжин: Вид.-во НДПУ ім.М.Гоголя, 2003. – 193 с.
9. Рудницька О.П. Педагогіка: загальна та мистецька. —Навч. посібник. — К.: АПН України, 2002. — С.142-171.
10. Соловей М.І., Спіцин Є.С. Основи професійно-педагогічної підготовки майбутнього вчителя: Навчальний посібник для студентів вищих педагогічних закладів освіти. — К.: Вид.центр КНЛУ, 2002. — С.23-61.
11. Фіцула М.М. Педагогіка: навчальний посібник. — К.: Видавничий центр «Академія», 2000. — С.75-117.

БАҚСЫШЫЛЫҚ ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ РУЎХЫЙ ТЫМСАЛЫ

Худайбергенова Гулшынар
Турсынбаева Азиза
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Халқымыздың бай фольклоры тийкарында раўажланған қосық, жыр, саз, нама, миллий саз әсбаплары руўхый мәдениятымыздың бийбаҳа ғәзийнеси, жаратылыстың бизге жарасық еткен инамы, руўхый мүлки болып табылады. Инсаният тарийхында барлық мәдений қәдириятлардың ишинде саз өнериниң жасын, өмирин бир неше әсирлер менен өлшейтуғын болсақ, атқарыўшылық өнериниң пайда болыўы да адамзат дүньясының жаратылыс дәўири менен тәрийиплесек асыра айтқан болмаймыз.

Миллий фольклорымызда сөз ҳәм саз өнери ҳаққындағы рәўиятларында саз өнери инсан пайда болмастан, яғный Адам атадан бурын-ақ пайда болып, инсанға жан бергенин айтып, саздың тәбиятындағы салыстырып болмас күдиретин тәрийиплеп *«Саз бенен сәўбетти ялған демеңлер, Адам ата бинят болғанда барды»* деп ўәсият етип кеткенинде мәзи айтылған әңгиме емес.

Қарақалпақ халқының руўхый дүньясында терең из қалдырған сөз ҳәм саз өнерин бириктирип, синкретикалық өнер ийелери жыраў-бақсылар әсирлер даўамында халқымыздың руўхый шөлин қандырған әжайып кәраматлы тулғалар болды. Сөз ҳәм саз өнериниң уллы тулғалары, бақсышылық мектебиниң ири ўәкиллери Ақымбет бақсы, Муўса бақсы, соңғы дәўирлердеги Ещан, Жапақ, Қаражан ҳәм т.б. бақсылар дөретиўшилигин умытыўға болама? Соның менен бирге сөз өнериниң сақыпқыранлары, уллы шайырлар Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Жаңабай шайырларда бақсышылық өнеринен бийнесип болмаған.

Түркий халықларының ишинде әсиресе өзбек, қарақалпақ ҳәм түркмен халықларында бақсышылық күшли раўажланғанлығын көриўге болады. Бул халықларда саз өнери менен дәстан айтыўшыларды (атқарыўшыларды) бақсы (бахши, багши) деп атаған. Өзбек бахшилары эпикалық жанрдағы қаҳарманлық дәстанлары, қарақалпақ бақсылары лирикалық қосықлар менен бирге лиро-эпикалық (ашықлық) жанрдағы дәстанларды атқарған. Қарақалпақ бақсыларының репертуары түркмен ҳәм Хорезм бахшиларының репертуары менен жақын болған. [1.126-147]

Бақсышылық кәсиби сөз ҳәм саз өнериниң бир неше мың жыллық дәўиринен бизге мийрас болып киятырған өнер түри. «Бақсы» атамасының

(термини) пайда болыўы, тарийхый раўажланыў дәреклери көпшилик илимпазларды қызықтырып келди. Белгили алым А.Самойлович «бақсының тийкары ески санскрит (**bikshi**) ямаса қытай тилинен (**paksi**) алынған.

Ол әййемги дәўирдеги уйғырлардың будда динин үйретиўши адам деген мәнинде қолланылған» [6.256] деп баҳалайды. Солай етип, уллы данышпан қамусий алымлардан Әл Фарабий, Махмуд Қашқарий, Әбу Райхан Беруний, Ибн Сино, Қорқыт ата, Соппаслы Сыпыра жыраў, Алишер Наўайы, Мырза Бабур өзлериниң бийбаҳа әдебий мийрасларында бақсы-жыраўлардың ел арасындағы ҳүрмети, абырайы, халық руўхый сүйениши сыпатында баҳалантуғынлығын жазып қалдырған.

Бақсышылық қарақалпақ халқының руўхый тымсалына айланып үлгерди. Халқымыз бақсылардың намаларынан, сөз-жырынан руўхый мәдет алды, көркем-эстетикалық сезимлерге бөленди.

Атақлы алымлар Н.Дәўқараев ҳәм Қ.Айымбетовлар қарақалпақ бақсышылық өнерин Муўса ҳәм Сүйеў мектеби деп еки мектепке бөледи. [1.127] Бул илимпазлар бақсышылық мектебин дүзиўде әдебий дәстаншылық көркем текст бағдарына көбирек кеўил бөлген. Ал, соңғы дәўирдеги изертлеўлер, үйрениўлер ҳәм бақсышылық өнерине терең ҳәм ҳәр тәреплеме баҳалаў барысында бақсының атқарыў техникасы, музыкалық атқарыўшылық шеберлиги, ҳәр бир бақсының жеке атқарыўшылық өзгешелигине, дәстанлардың жеке вариантлығына ийе болғанлығын есапқа алып, Ақымбет бақсышылық мектеби оннан өрбиген Муўса мектеби, Сүйеў мектеби, Арзы мектеби, Орынбай қарақалпақ бақсышылық мектеби деп бөлип қарайды. [2.12]

Ерте заманлардан берли адамзат дүньясында оның мәдений раўажланыў барысында шайырлық ҳәм атқарыўшылық бирге раўажланып, өмир сүрип киятыр. Заманның ақыл ийеси, дәўир руўхын сәўлелендириў, инсанлардың руўхый дүньясын байытыў, жасаўға, өмирге, муҳаббатқа қуштарлық сезимлерине бөлеў сыяқлы пазыйлетлери менен баҳаланады. Соның ушын да жәмийет қосықсыз ҳәм оның аткарыўшысыз, сазгерсиз жасаўы мүмкин емес.

Бақсы жәмийетиң эстетикалық сезимин оятып, мәдений, әдебий ҳәм көркем-эстетикалық талғамын қәлиплестирип келген уллы кәрматлы тулға. Қарақалпақ диярында улыўма Орта Азия, Жақын Шығыс еллеринде бақсышылық өнери мәдений турмысымыздағы атқарыўшылық ўазыйпасы, әҳмийети жағынан теңи тайы жоқ қубылыс болды десек асыра айтқан болмаймыз.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Айымбетов Қ. Халық даналығы, Нөкис:- «Қарақалпақстан», 1988.
2. Алымов Ә., Адамбаев Т., Турдымуратов Ж. Ҳәзирети сазгер, Нөкис:-» Билим», 2013.
3. Дәўқарев Н., Шығармаларының толық жыйнағы, том.II Нөкис:- »Қарақалпақстан», 1977.
4. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар, Нөкис:-»Қарақалпақстан», 1992.
5. Жирмунский В.М. Тюркский героический эпос. Ленинград: -»Наука», 1974.
6. Самойлович А.Н. Очерки по истории туркменской литературы.- Сб.:Туркмения.-Л.,1929.Т I.

SALT - DÁSTÚR QOSÍQLARÍ

Axımbetova Gúlbahar
Qálimbetova Gózzal
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Salt-dástúr qosıqları xalıq poeziyasında qanday áhmiyetli orındı iyelese, muzıkalıq folklorda da sonday bahalı orınǵa iye. Sebebi bir qosqtı óziniń hawazı menen jarasıqlı bolıp qanshelli naǵıslı ırǵaqlarǵa bay bolsa, xalıqtıń júregine sonshelli jaqın bolıp keledi. Sonlıqtan áyyemgi dáwirlerden berli dástúr jırları xalıqtıń yadında umıtılmay saqlanıp kiyatırǵanınıń ózi de muzıkalıq folklordıń turaqlılıǵına baylanıslı. Ózbek salt-dástúr qosıqları xalıqtıń úrp-ádeti, oyın zawıq hám milliy belgilerin ózinde saqlap onıń tariyxıy rawajlanıw procesi menen tıǵız baylanısta dóregen. Qız-jigitler toy-mereke, otırıspalarda «Toy baslaw», qız uzatıwda «Yar-yar» qosıqları kópshilikke belgili. Awızdan-awızǵa ótip kiyatırǵan qosıqları menen birin-biri maqtap, házillesip qosıq aytısqan dástúr qosıqlarınıń túrinen jámáát bolıp aytılatuǵın túri «Yar-yar» qosıǵı. Dástúr boyınsha kóbinese uzatılatuǵın qız óziniń ata-anası, tuwısqanları hám tuwılıp ósken eli menen xoshlasıw retinde aytadı. «Yar-yar» qosıǵın qız-jigit bolıp, uzatılatuǵın qızǵa haq jol, bekkem shańaraq, baxıt tilep, jubatıw maqsetinde aytatuǵın bolǵan. «Yar-yar» qosıǵınıń arnawlı naması bolıp sulıw ırǵaqlarǵa bay qosıq esaplanadı. Bul qosıq qazaq, túrkmen, qaraqalpaqlardıń toy máresimlerindegi qosıqlarǵa uqsas bolıp keledi. Ana óz balasın qolına alıp «Háyyiw» aytsa, ata tolǵawlarǵa salıp jırlaǵan. Dástúr qosıqlarınıń balaǵa eń kóp aytılatuǵın túrleriniń biri «Besik jırı». Ol xalıqtıń awızeki poetikasında uzaq dáwirlerden aytılıp kiyatırǵan názik túrleriniń biri. Ana óz balasın jubatıw maqsetinde onıń keleshegi haqqındaǵı óziniń eń jaqsı tileklerin

belgili qosıq arqalı bayanlaydı. Balasınıń joqarı adamgershilikli, bir sózli, er júrek bolıwına, óz watanın súyiwge, dushpandı jek kóriwge tilekleslik bildiredi.

Shıǵıstıń ataqlı ilimpazı Abu Ali ibn Sino óziniń «Kitabiy shıpa» miynetinde bala tárbiyasına ayrıqsha kewil awdarıp, qızıqlı pikir aytadı: bóbektiń tilegin qanaatlandırıw ushın oǵan eki nárseni qollanıw kerek. Birinshiden, balanı áste ǵana terbetiw. Ekinshiden, onı uyqılatıw ushın dástúrge aylanıp ketken nama ırǵaǵı menen háyyiwlew. Sol ekewin qabıl etiw muǵdarına qarap, balanıń denesi menen dene tárbiyaǵa hám ruwxı menen muzıkaǵa qábiletin payda etedi. «Ómir bar jerde, ólim bar» «Shayqalmaytuǵın teńiz, terbelmeytuǵın taw bolmaydı» delingen danalıq sózlerde. «Yar-yar» aytıp qız uzatsa, «Joqlaw» aytıp ólini sońǵı saparǵa jóneltken. Joqlawdıń basqa qosıqlardan ayırmashılıǵı onı tek te hayallar atqaradı. Músiybet túsken úydiń eń jan ashır bir adamı yaki bolmasa professional joqlawshı hayallardı tawıp ákelip joqlaw ayttıratuǵın bolǵan. Ózbek salt-dástúr qosıqları arasında mazmunı, tematika hám forması melodiyasınıń qurılısı boyınsha bay koloritke iye hám basqa xalıq qosıqlarınan ritmikalıq jaqtan ayrılıp turatuǵın qosıqlardıń biri «Uzgancha», «Oydek tolibdir» qosıqları esaplanadı. Ózbek, tájik hám basqa da xalıqlar arasında keń tarqalǵan yaki qosıqshı jeke yamasa kópshilik bolıp, jigit-qızlardıń házil dálkek formasında oynap lápar usılında aytatuǵın qosıqları «Omon-yor», «ÁIilla-yor», «Jaxu-jaxu», «Qora soch» hám t.b qosıqlar mısal bola aladı. Belgili lirikalıq xarakterde kewilli házil lápar formasında aytılatuǵın qosıqlardan «Chamanda gúl», «Qaylarga boray», xorezm xalıq qosıǵı «Rumolim» qosıqları. Lápar bul eki atqarıwshı jup járdemshi degen mánini ańlatadı. Ádette, jigit penen qız birge qosılıp lápar aytısadı. Lápardıń sózleri kóbinese házil dálkek, teatr háreketleri, mimika, ayırım waqıtları jámiyetlik orınlarda bolıp atırǵan hádiyselerdi lápar arqalı kritikalap qosıq formasında aytadı.

Lápar kóbinese orıslardıń chastushka qosıǵınday oynap aytıladı. Kelin toylarda basqa da xalıq jıyılǵan orınlarda qız-jigitler aldıńǵı qatarǵa shıǵıp oynap lápar formada qosıqlar aytqan. Lápar arqalı qız-jigitler bir-birin jaqsı kóriw, súyip qalıw, muhabbat, ishki dártin jaǵımlı qosıq qatarları arqalı bildirip turatuǵın bolǵan. Házirgi dáwirde qollanıp kiyatırǵan láparlar saxnalıq kórinisler menen baylanıstırılıp doira yamasa xalıq sazları ansambli menen birgelikte atqarıladı. Lápar qosıqlarında dindi súyiw, házil dálkek, kúlki beretuǵın sózler kóplep ushırasadı. Biraq onıń naqıratı bolmaydı. Lápar aytqanda jekpe-jek bir-birine soraw-juwap aytısıp qır dógerekte oynap aytadı. «Paxta teredi» qosıǵı unison hám de xor jámáát bolıp antifonno usılında aytılatuǵın qosıqlardıń biri. Paxtakeshlerdiń paxtanı egiwden baslap tárbiya beriw xızmeti haqqında sóz etiletuǵın súwretleme qosıqlar qatarına jatadı. Terip alǵan paxta ónimi tekstil fabrikada islep shıǵılıp onnan alınǵan material hayal - qızlardıń saltanatlı bayram keshelerine kiyip shıǵıw

ushın kóylek hám basqa da kiyim -kensheklerdi tigiw maqsetinde qollanılatuǵınlıǵı haqqındaǵı tematikaǵa arnalǵan qosıq. «Paxta teredi» qosıǵınıń melodiyası lya bemol tonlıǵında kewilli, kóterińki yoshlanıp, shaqqan tempte aytıladı. Qosıq kvinta intervalınan baslanıp aqırǵı noqatta tamamlanadı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. E.E.Romanovskaya «Zapisi muzıkalnogo folklora» Tashkent 1957.
2. S.I.Musabekov «Muzıka tarbiyası» izd. «O‘qituvchi» Tashkent 1973-y.
3. T.S.Vizgo, I.N.Karaleva, F.M.Karamatov «Istoriya uzbekskoy muzıki» izd. Ǵafur Ǵulyama Tashkent 1972.
4. K.Olimboeva, T.Yo‘lchiboeva, M.Axmedov, T.Mirzaev «O‘zbekiston xalq sozandalari» izd. G‘afur G‘ulom Tashkent 1974.

ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРЫНЫҢ СЮЖЕТЛИК ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Бекбергенов Равшанбек
Илимий басшы: **Г.Мунтеева**
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Көркем өнер – шегара билмес қудиретке ийе күш. Адамзатты гөззаллық дүньясына алып кирип, руўхый тетиклик, пәклик, айрықша қуўаныш, өмирге, жасаўға деген шын мәнисинде қуштарлығын арттырады. Бул көркем өнердиң инсан өмириндеги әҳмийетиниң қай дәрежеде екенлигин көрсетеди. Сонлықтан өткен дәўирдеги көркем өнер үлгилерине көз таслап олар менен ҳәр тәреплеме танысыў ҳәм руўхый мүтәжликлеримизге жаратыў бүгинги күнимиз ушын зәрүр. Адамзат муҳаббатының, әрманының, ийгиликли мақсетлериниң өшпес гүўасы болған көркем өнер дөретпелерин тәрийиплеўге сөз өнери де әззилик қылады. Көркем өнер, поэзия адамның жан дүньясының нәзик тарларын шертип, айрықша бахытқа бөлейди. Ҳәр ким ҳәр қыйлы қабыллайтуғын болғанлықтан, сүўретлеў өнери әдебияттың өзи толық образы тил менен сүўретлей алмайтуғын қудиретли сезимлерди, кеширмелерди реңлер арқалы оятады. Ал, енди усы сүўретлеў өнеринде бояўлар арқалы музыка жәрдеминде қәлбимизге қуяды. Демек, бирин-бири толықтырып отыратуғын өз ара байланыслы бул гөззаллық дүньясын бир-биринен ажыратып түсириў көркем өнерге жүзеки қараў болар еди.

Қарақалпақ фольклортаныў илиминде дәстан, ертек, легенда, аңыз сыяқлы эпикалық жанрлардың сюжетлери дөгерегинде илимий изертлеўлер алып барылған.

Сюжетлик ҳәр қандай көркем әдебияттың тийкарғы белгилеринен есапланады. Улыўма фольклортаныў илиминде фольклорлық сюжетлер ҳаққындағы мәселелерде көпшилик илимпазлар фольклорлық дөретпелердеги этикалық жанрларға кириўши шығармалардың сюжетлик өзгешеликлерине көбирек итибар береди. Ал лирикалық турлерге кириўши жанрлардағы сюжетлик өзгешеликлер ҳаққында мийнетлер көп емес.

Бизге белгили ҳәр қандай лирикалық түрге кириўши дөретпелерде де инсанның өзин қоршаған орталыққа, ондағы ҳәр қыйлы қубылыс ҳәм ҳәдийселерге қатнасы сәўлеленеди. Сондай-ақ лирикалық түрге кириўши фольклорлық дөретпелердиң бир жанры болған ҳалық қосықларында халықтың белгили бир объективлик орталыққа қатнасы сөз етиледи.

Лирика реал ўақыяның тийкары екен, демек оның ишки элементлери болған руўхый кеширмелер ҳәм оның сыртқы ўақыя ямаса ҳәдийсе бир-бири менен ажыралмас пүтинликке ийе. Себеби, лирикалық сюжетте турмыслық фактлер сүўретленеди, типикалық характерлер өз сәўлесин табады.

Лирикалық дөретпелердиң сюжетлик өзгешеликлериниң және бир өзгешелиги, сюжеттиң тийкарғы элементлери болған экспозиция, кульминация, ҳәрекетлериниң раўажланыўы қосық қурылысында толық ушыраса бермеўи менен де ажыралып турады.

Хәзирги дәўир қарақалпақ халық қосықларының сюжетин анализлеп, қарағанымызда соңғы дәўирлерде халқымыз турмысында жүз берген турмыслық ҳәдийселер сәўлелендирилген. Мысалы:

Киндик қаны усы жерге тамбаған,
Өртенсең, өртенип бирге жанбаған.
Қыйынлықта елиң менен болмаған,
Басшыларың хандур қарақалпағым.

Қосық қатарлары тубалаў дәўиринде дөретилген болып, сюжетте конфликт миллий идея ҳәм мораль нормаларын бузыўшы образды факт етип жүзеге келген.

Кең халық массасының жәмийетте орын алған унамсыз ҳәрекетлерге қатнасы сөз етиледи. Социаллық қубылыслар ҳәм ўақыялар сюжетке тийкар болып тарийхый шынлық ашылып барады.

Ҳәзирги дәўир халық қосықлары бир сюжетлик характерге ийе болып келеди. Мысалда келтирилген «Қарақалпағым» қосығында қосықтың төрт қатардан ибарат ҳәр бир жуўмағы, басқа жуўмақлардан ғәрезсиз сюжетлик пүтинликке ийе.

Халық қосықлары фольклорлық мотивке тән сюжетлик қурылысына, ҳәрекет етиў өзгешелигине ийе. Яғный «синкритизм» сөз, саз ҳәрекетлердиң бирлемшилиги. Жанрдың өзгешелиги усы сюжет арқалы көзге тасланады. Мәселен: «Бесик жыры»ның сюжети. Ана қәлбиндеги меҳир, баласының келешектеги гөззал, баласының бала болып жетилисиўин тилеў, әрманлаў болса, муҳаббат қосықлары инсанның кеўил-күйин, ишки руўхый дүньясын аллегориялық ямаса символикалық усылда сәўлелендиретуғын өзине тән сюжетлик өзгешеликке ийе.

Ҳәр бир жанрдың тәбийғый өз ырғағы ҳәрекетлери бар. Булар сюжетке қосымша мазмун бере алады.

Халық қосықларының ҳәр бир жанры, сол жанрдың шегарасында ҳәрекет ететуғын сюжетлик майданға ийе.

Сюжетлик майдан әсирлер даўамында қәлиплескен өз дәстүринен, поэтикалық, композициялық өзгешеликтен ибарат.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Ахметов С. Бахадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис. «Билим» 1992, 87 б.
2. Байниязов Қ. Тубалаўшылық дәўириниң қосықлары ямаса «Қарақалпағым» халық қосығының тарийхы. «Әмиўдәрья» 1994, №3
3. Қарақалпақ фольклоры V том. Нөкис. 1980
4. Краев Д.С. Ўзбек халқ қўшиқлари параллелизмнинг характер ива бадиий композицион вазифалари. Т. 1993.

ХАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРЫНА АЙЛАНҒАН ДӨРЕТПЕЛЕР

Минажов Рахим
А.Темирбаев- *доцент*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Халық қосықларының дөретилиўинде, раўажланыўында халық шайырларының тутқан орны үлкен. Халықлық өнерди ийелеген шайырлар поэзиясында қәлиплескен дәстүрлерден пайдаланып өз ҳаўазы менен

шайырлық таланты менен халық қосықларын раўажландырады. Бул ҳаққында профессор Ә.Пахратдинов «Миллий мәденият тарийхында Аббаз шайырға тең келетуғын шайырлар кемнен-кем ушырасатуғын еди. Ол өзи көркем әдебият, фольклор өзи барып турған тарийх еди. Бул үшеўин көз алдымызға келтирмей турып Аббаз шайыр ҳаққында түсиникке ийе болыўымыз да мүмкин емес деп көрсетеди. [1] Аббаз Дабылов туўралы айтылған бул пикирлер Аяпберген шайырға да, Садық шайырға да, Тилеўберген шайырларға да туўры келеди. Халық шайырларына тән болған тийкарғы сыпатлар усы үш негиз болып есапланады.

Аббаз шайырдың қосық дөретиў өнеринде халықлық мотив дәстанлардан нәрленген қаҳарман образларының теңеўлери жүдә күшли сәўлелендириледи. Мысалы, «Нәўбәҳәр» қосығында

Бота көзли жаңа туўған шолпандай,
Ай сәўлеси сағышланып турғандай,
Көрген көз айырмай мийри қанғандай,
Жайнаған жамалы бизиң Нәўбәҳәр.

Қаслары қыйылған қәлем бе дейсең,
Бундай қыз қайда бар әлем дейсең,
Ғәрийп жаны қайда, Сәнем бе дейсең,
Я соның сыңары бизиң Нәўбәҳәр.

Жүзинде турғандай күнниң қуяшы,
Көрген айтар қандай шыққан уясы,
Ақ қағазға тамған қәлем сыясы,
Қас үстинде қалы бизиң Нәўбәҳәр. [2]

Фольклорлық творчествода ғы поэтикалық шығармалардың дөрелиўинде өзине тән болған көркемлеў қураллары менен көркемликти сүўретлеўдиң усыллары әсирлер даўамында пайда болған болса халық шайырлары бул усылларды өзлестириў менен оларды ҳәр тәреплеме раўажландырып жасаған орталығына, дәўирине сай дәтүрли жолды жанландырып отырады. Қызлардың көзлерин ботаның көзиндей, жүзин қараңғы түндеги сәўлели айға, қасларын қыйылған қәлемдей, Ғәриптиң ашығы Шахсәнемдей деп теңеўлеринде фольклорлық мотивтен толығы менен пайдалана отырып Нәўбәҳәрдиң сезимлерин, ҳәрекетлерин анық ҳәм жеке адамға тән қәсийетлерин ашып береди. Халықлық өнерди өзинде жәмлей отырып йошлы қосық қатарларын дөретиў халық шайырлары дөретиүшилигиндеги ең унамлы қубылыс. Аббаз шайырдың «Неге дәркар» қосығындағы:

Алмастан қайтқан полаттай,
Порсаң аяқ жаман аттай,
Жарықтағы жарғанаттай,
Болған жигит неге дәркар.

Арыслан киби билеклери,
Халық бирлиги тилеклери,
Қап таўындай жүреклери
Мәрт жигитлер бизге дәркар.

Қулашлап тоқпақ урғандай
Қайтпас табанда турғандай,
Душпанның мойнын жулғандай
Мәрт жигитлер бизге дәркар. [2]

Келтирилген барлық қосық қатарларында фольклорлық сүўретлеўлер арқалы мәрт жигиттиң образын қәлиплестиреди. Халық шайыры Аббаз бул жерде адамлардың өмир сүрген орталығы менен есапласа отырып өз дәўириниң машқаласына жуўап беретуғын дәрежеде социаллық, психологиялық жақтан талап ҳәм тилекке жаңаша өзинше қатнас жасайды. Халық шайырларының дәстүрли усыллардан пайдалана отырып халықтың өзине, тилине, жырына айландыра алған шығармаларын тәбийғый жол менен халықлық сыпат алып халық қосықларына айланып отырды.

Халықтың миллий өзиншелиги, жан сезими, лиризм күнделикли өмири, турмысы-салты халық шайырлары поэзиясында барынша көринисин тапты. Халық шайырлары дөретиўшилигин халықтың қабыллаўы да күшли талғампазлық пенен өз раўажланыўын даўам етти.

Халық қосықлары халық өнерлериниң бири болып, узақ жыллардан берли халықтың руўхыятын байытып хызмет етип киятырған фольклор жанрларынан саналады. Халық қосықларындағы миллий колориттиң басымлығы, миллий өзгешеликти тереңнен сәўлелендирип ҳәр бир миллеттиң тәнҳа өзине тән болған сыпатларын халық шайырлары өзлестирип олардың раўажланыўына үлес қосып келди.

Фольклористикада фольклорлық шығармалар халық дөретпеси халық даналығының жыйындысы деп баҳа береди. Халықлық дөретпениң пайда болыўында индивидуал жеке автордың бар екенлигин илимпазлар айтып өтеди. «Фольклорды биз авторы нәмәлим, белгили бир жәмәәт тәрепинен дөретилген дөретпелер деймиз. Деген менен авторы белгили шығармаларда фольклорға кирип кетиўи мүмкин. Әжинияздың, Бердақтың, Жаңабай

шайырдың гейпара шығармалары усындай. Олар гейпара тил өзгешелиги бойынша фольклорға жақын, халық сүйип өз мүлки қылып алған, ядынан шығармай айтады. Мысалы, «Бозатаў», «Ақсүңгил», «Айжамал» ҳәм т.б. [3]. «Жәмәәтлик дөретиўшилик тек жәмәәттиң дөретиўшилиги ҳәм жеке шайырлардың дөретиўлишиги болып ғана қалмастан - бул дөретиўшилик улыўма көпшиликтиң де, жеке өнер адамының да, пүткил халықтың бирлесип дөреткен мүлки болып қалады» [4] деп көрсетип өтеди. Халық шайырларының соның ишинде Аббаз шайырдың айырым қосықларының халықлық дөретпеге, халық мүлкине айланыўы әдебият тарийхындағы заңлы қубылыслардың бири саналады.

Әдебиятлар

1. Пахратдинов Ә. Аббаз шайырдың көркемлик дүньясы. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009, 6-б.

2. Дабылов А. Шығармаларының III томы. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1972.

3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1996, 4-бет.

4. Бердиев Р. Жыршылық дәстүр. -А.: 1980, 42-б.

JÍRAWSHÍLÍQ HÁM QOBÍZ SAZ ÁSBABÍNÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HAQQÍNDA DÁREKLER

Jaqsılıq Saytov
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Jırawlar jırdı, dástanlardı qobız benen jırlaydı. Jırawlardıń shertetuǵın ásbabı «Qobız», qaraqalpaq xalqınıń arasında shıǵısı jaǵınan eń eski muzıkalıq saz ásbabınıń biri. Qobız ásbabı qaraqalpaqlardıń basqa kópshilik shıǵıs xalıqları qazaq, qırǵız, ózbek, uyǵır ulıwma túrkiy tilles xalıqlardıń kópshiliginde bolǵan, sonday-aq ukraynlarda (bandura) hám taǵı basqa xalıqlarda da bolǵan.

Tariyxıy dereklerge qaraǵanda qobızdıń qurılısı, jırawdıń aytıw (jırlaw) texnikasına názer salsaq ol kútá áyyemgi saz ásbabı bolǵanlıǵı málim.

XI ásirde jasaǵan ullı ilimpaz Maxmud Qashqariy «Devaniy luǵat at-turk» kitabında muzıkalıq ásbaplardan qobız, sıbızǵı, karnay h.t.b. ásbaplardıń atların jiyi kórsetedi. XVII ásirde jasaǵan belgili ilimpaz Darvish Alidiń aytıwına qaraǵanda qobız kútá jaǵımlı hám kórkem dawıslı tar tartılǵan muzıkalıq ásbap. Onıń aytıwına qaraǵanda qobız ullı sazende hám muzıka teoriyasın tereń iyelegen Sultan Jalayır (1356-1374) atlı alım tárepinen soǵılǵan.

Tuwısqan xalıqlardağı: qırǵız manasshıları, qazaq jırshıları, ózbek hafızları sıyaqlı qaraqalpaq jırawları da xalıq tárepinen joqarı bahalanıp húrmet izzetke sazawar bolǵan. Dáwirdiń ótiwi menen birqansha basqa xalıqlarda qobız kem-kemnen qalıp qoyǵan, qollanıwdan shıǵıp qalǵan, ornın basqa bir saz ásbapları iyelep alǵan. Al, qaraqalpaq xalqında bolsa, qobız ásbabı elege shekem xalıq turmısında turaqlı orın iyelep kiyatır. Jırawlarımız házirgi kúnde de jırawshılıq ónerin xalqımızǵa taratıp, úlken-úlken koncertlerge qatnasıp jıraw jolların qobız namaların dastanlardan terme tolǵawların jırlap kiyatır.

Mine, sonlıqtan da biz qobızdı qaraqalpaq sazlarınıń atası, eń tiykarǵı eski milliy saz ásbaplarınıń biri sıpatında tanıymız hám tán alamız. Tiykarınan alǵanda da haqıyqatında onıń ǵańqıldaǵan sestinde ótmishtegi ata-babalarımızdıń ásirler dawamında basınan keshirgen azap aqıretleri, awır awhalı, búlginshilikke ushıraǵandaǵı qayǵılı kúnleri, keleshekte baxıtlı ómirge talpınıwdaǵı arzıw-ármanları, patriotlıq minezleri menen kúshli keyipleri ushlasıp jatadı.

Sonlıqtan da: «Ómir júgin arqalap, beli búkiriygen qobızım» dep xalqımız oǵan biykarǵa aytpaǵan. Qaraqalpaq jırawları «qobız» haqqında mınaday ápsanalar saqlaǵan: «Qobızdıń piri Qorqıt ata» dep esitemiz. Bizlerden burıńǵı jırawlardıń aytıwı boyınsha Qorqıt ata aǵashtan qobız islep saz shertiwdi árman etipti. Kóp aǵashlardı jonıp hálek bolsa da nátiyje shıǵara almaptı. Qorqıt atanıń qobız jonıp otırǵanın shaytanlar kórip qoyıptı. Qorqıt ata qobızın shaytanlardan jasırıptı. Onnan keyin Qorqıt ata toǵaydan shıǵıp ketetuǵan kisi uqsap, jasırınıp barıp shaytanlardıń sózin tıńlaptı.

Shaytanlar Qorqıt ata tuwralı bılay dep otır eken: «Qorqıt ata kútá ájayıp isti baslap alǵan eken dá, biraq aqırına deyin jetkere almaptı. Egerde toǵaydaǵı dońız súykenip quwraǵan jigildik jiyde aǵashınan qobızdı jonsa, onnan tostaǵan oysa, onıń tostaǵanın baqırawıq túyeniń bas terisi menen qaplasa, oǵan kisnewik ayǵır attıń quyrıǵınan kesip alıp qıl taqsa, qumlıqta, tawda ósetuǵın sasıq qurıydıń shiresinen (shayırınan) jaqsa, qıldıń astınan kóterip turatuǵın góne qabaqtan jonıp tiyek salsa júdá shıqqısh áspab bolar edi»-dep otırǵan shaytanlardıń sózin esitip Qorqıt ata ǵırra izine qayırılıp, shaytanlardıń aytqanınday etip qobız islegen eken. Bul túrli namaǵa kelip shertiletuǵın saz ásbabı júdá jaqsı qobız bolıptı.

Qorqıt ata qobızdı túrli namaǵa salıp shertip júre beripti. Mine sol eken Qorqıt ata qobızdıń piri bolıptı. «Jıraw» sózi túrkiy tilles xalıqlardıń eń eskiden kiyatırǵan sózi. Ózbekstannıń ataqlı shayırı Lutfiy (1411) «Gúl hám Nawrız» dástanında, Nawayınıń shıǵarmalarında da ushırasadı. Qazaqtıń awızeki ádebiyatında jıraw qazaqta aqındıqtıń eń góne túri bolǵan uqsaydı. Jıraw degen sózdiń tórkini jırlaw degen sózden kelip shıqqan dep keltiredi. (E.Ismaylov «Aqındar» A-ata., 1956)

«Jıraw» sóziniń shıǵıw negizi «jır jırlaw» negizi «jır» túbir sózinen kelip shıqqanı ilimpazlar tárepinen dálillengen. Jırawlar urıslarda, sawashlarda jawıngerlerdiń aldında, yaǵnıy aldıńǵı sapta bolǵan hám olardıń ruwxın kóterip jırlar jırlaǵan. Keleshekti boljawda úlken orın tutqan. Bul jırshılardı, jırawlardı patshalar da, xanlar da óz saraylarında uslap jırların tıńlaǵan. Qaraqalpaq jırawınıń saz ásbabı qobızdıń ózine tán shertiliwine qaray namaları bar. Ol házirgi qaraqalpaq baqsılarınıń namalarınan ayırılıp turadı.

Qobız namalarınıń atın atap Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı I.Yusupov 1957-jılı Qurbanbay jırawdıń 80 jıllıq yubileyine arnap qosıq jazǵan edi. Kóplegen shayırlar, ádebiyatshı ilimpazlar, muzıka izertlewshileri, tariyxshı, sonday-aq jazıwshılar óz miynetlerinde qobız haqqında, jırawlar haqqında kóplegen jaqsı pikirler aytqan. Óz shıǵarmalarında keńnen táriyiplewge orın bergen. Qaraqalpaq xalqınıń dástúrlerinde xalıq jırshılarınıń (jırawlarınıń, baqsılardıń, qıssaxanlardıń) shákirt tayarlawları hár túrli bolǵan. Sonıń ishinde jırawlardıń shákirt tayarlaw jolları birqansha ózgeshelikke iye. Jıraw bolıwdı árman etken adamlar ataqlı, aytqısh xalıq ishine keńnen málim bolǵan, belgili jırawlarǵa shákirt bolıwdı árman etken. Jırawshılıq ónerine qızıqqan, árman etken, usınday adamlardı ǵana jırawlar óz dógeregine jıynaǵan hám shákirtler toplaǵan. Jırawlar shákirtlerine óz sózin, sazın birden úyretpegen jańa kelgen shákirttin izine ertip el aralap jırawshılıq qılganda ǵana birge alıp júrgen. Basqa waqıtları jańa kelgen shákirt jırawdıń úy jumısın islegen. Atın baqqan, atın ertlep bergen. Jıraw jırlaǵanda ǵana jırların tıńlap sózlerin esitip yadlap júre bergen.

Bul process uzaq jıllar dawam etken. Jıraw bos waqıtları ózi jırlaǵan dástanlardıń mazmunın shákirtine sóylep bergen. Namalardıń bir-birinen parqın qay jerde qanday namalarǵa salıp jırlaw kerekligin aytıp berip túsindirip otırǵan.

Jıraw shákirtin uzaq sınap jırlap kórip jırları jetilisti namalardı tolıq ózlestirdi sózlerdi «sazlardı yadqa alıp ayta bildi degen isenimge iye bolǵanda ǵana shákirtine pátiya (aq pátiya) berip endigi jaǵında ózi xalıq aldına shıǵıp toy mereklerdi xalıq aldında jırlawına ruqsat etken. Ustazdıń shákirtine pátiya beriwi úlken saltanat penen xalıqtıń aldında bolǵan. Bul dástúr jırawlar arasında házirgi waqıta da dawam etip kiyatır.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Maqsetov Q. Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri. -Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1996, 4-bet.

2. Berdiev R. Jırshılıq dástúr. -A.: 1980, 42-b.

SHAXSNING MA’NAVIY TARBIYASIDA MUSIQA SA’NATINING AHAMIYATI

Embergenova Gulayda Aytbaevna
Yo‘ldoshev Lochinbek Ergashboy og‘li
O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali

Musiqaning inson ruhiyatiga ta’sir qilish borasida keng imkonyatlari qadimdanoq musiqashunoslar, mutafakkirlar va olimlar diqqatini óziga jalb qilgan. Ular musiqa san’atining insonlarni shaxs sifatida shakllanishiga ta’sir qiladigan xususiyatlarini aniqlashga urunishgan. Darhaqiqat jahon fani ravnaqiga ulkan hissa qo‘shgan buyuk ajdodlarimiz komil insonni tarbiyalashda musiqaning o‘rnini chuqur anglab, shaxs kamolotidagi ahamyatini o‘z asarlarida, pedagogik qarashlarida tadqiq qilib bizga beqiyos manbalar qoldirgan. Musiqa – ohang (intonatsiya) san’ati, sadolarda ifodalangan voqelikning badiiy aksidir. U borliqni óziga xos tarzda aks ettirib, uni boyitadi, hamda uni tushunib olish va o‘zgartirishga yordam beradi. Ma’lumki, musiqa jamiyat hayotida muhim rol o‘ynaydi. Musiqa insonning turmush tarzi va ijtimoy hayotida, mehnat va dam olish chog‘larida albatta ishtirok etadigan bo‘lib, kishini ma’naviy qadriyatlarga erishtiradigan noyob vositadir. U shaxsning ma’naviy olamini, axloqiy maqsadlarini shakllantiruvchi estetik tarbiyaning samarali quroli hisoblanadi. Musiqaning ózi, uning yaratuvchilari, ijro etuvchilari, tinglovchilaridan iborat musiqa madaniyati jamiyat madaniyatidagi muhim bir sohadir. Umuman olganda musiqa ham dastavval inson ongiga ona allasi orqali singadi. Vaqt o‘tishi sayin musiqaga bo‘lgan ehtiyoj va qiziqsh ham shu tarzda shakllanadi. Musiqa inson ijtimoiy-ruhiy holatiga ta’sir ko‘rsatuvchi va ma’lum darajada uning holatini belgilovchi unsurdir. Musiqa shaxs psixologiyasini turli holatda harakatlantiruvchi bir lamchi omildir. Sababi insonning eshitayotgan musiqasi kayfiyatini ko‘tarishi, yaratuvchanlikka, ijodkorlikka undashi, xafa qilishi, tushkunlikka tushirishi múmkin. Aytilgani kabi bular musiqaga bog‘liq. Lekin biz yuqorida keltirib o‘tganlar ko‘p jihatdan qo‘shiqqa xos. Qo‘shiqni esa biz fiziologik jihatdan (ohangni) eshitish, psixologik jihatdan (so‘zlarni)tahlil qilish orqali ózimizga qabul qilamiz. Musiqashunoslida musiqiy idrok tushunchasi bo‘lib, biz qo‘shiq yoki musiqiy asrni musiqiy idrok orqali his qilamiz. Tom ma’noda shu orqali musiqaning ruhiy va jismoniy holatimizga ta’sirini anglaymiz.

Insonning musiqa faoliyati asosan uch bosqichda amalga oshiriladi: ijod, ijro va tinglash (uquv). Har bir bosqichda asarning mazmun va shakli o‘zgacha kórinishga ega bo‘ladi. Ijod bosqichida badiiy g‘oya va shakl muallif ongida mushtarak holda tug‘iladi. Ijro jarayonida shakl va mazmun ijrochi tomonidan

uning dunyokarashi, estetik tasavvurlari, shaxsiy tajriba va maxoratiga mos ravishda o‘zgartiriladi. Musiqa ixlosmandlari ham ijro etilayotgan asarni o‘zlarining xususiy didi, hayotiy va badiiy tajribasiga asoslanib qabul qilishadi.

Musiqa inson ruhiyatini ajralmas qismi. Musiqadan ozuqa olish uchun inson yuksak madaniyatli, sof qalb egasi, go‘zallikni his eta oladigan, o‘z kasbiga, Ona vataniga mehr ko‘ygan bo‘lishi kerak. Shu bilan birga, millatimiz ko‘zgusi deya e’tirof etiladigan, milliy musiqa san’atimiz inson faoliyati unumdorligiga ta’sir qiladigan, ma’lum manoda kuch beradigan, ishga baraka bo‘ladigan – ijodiy g‘ayrat quroldir. «Bilasizlarmi, madaniyat bilan yaqin bo‘lgan insonning dunyoqarashi madaniyatli bo‘ladi. Uning umri uzoq bo‘ladi… Ashula bilan seni ishingda o‘n baravar baraka bo‘ladi. Odamning chehrasida mehr paydo bo‘ladi», - degan edi Prezidentimiz. O‘zbek milliy qo‘shiqlarini maromiga yetkazib kuylash, tinglovchining yuragiga ijobiy ta’sir qila olish – bir san’at bo‘lsa, millatimiz ko‘zgusi bo‘lgan milliy ko‘shiqlarini tinglashning ózi ham bir san’atdir. Milliy qo‘shiqlarimizdan bahra olish, undagi mumtoz kuy va g‘azal o‘yg‘unligini tinglay olish, ardoqlash, e’zozlash – san’at chinavandalaridan ham ma’lum darajada saviya talab qiladi. Sharq musiqashunosligining asoschisi, uning rivojiga katta hissa qo‘shgan serqirra ijodkor va mutafakkir Abu Nasr Forobiy ózining shaxsining ma’naviy kamolotida muhim ahamiyatga ega bo‘lgan musiqa ta’limi bilan ham mukammal shug‘ullangan. Al-Forobiy fikricha: «Musiqa – nodir san’at, ezgulikka yetaklovchi kuchdir». Osiyoda yashagan buyuk olim al Forobiyning musiqaga bag‘ishlangan «Musiqa haqida katta kitob» asari cholg‘u madaniyatimiz tarixining o‘qilmagan saxifalarni birmuncha oydinlashtirish imkonini beradi. Kishi ruhiga, qalbiga, his–tuyg‘ulariga kuchli ta’sir qiladigan musiqa san’ati bilan shug‘ullangan hamda uning nazariy va amaliy–tarbiyaviy ahamiyati to‘g‘risida asar yozish o‘sha davrda buyuk jasorat edi. Forobiyning tabiricha san’at, shu jumladan, musiqa ilohiy ne’mat emas, balki inson ijodining mahsulidir. Uning vazifasi insonga o‘z intellektual va axloqiy sifatlarini takomillashtirishda foydali bo‘lishidan iborat. Avvalo, shaxsning insoniy fazilatlarini shakllantirishda musiqaning ijobiy ta’sirini ta’kidlab, u shunday yozadi: «Oh, musiqa dunyosi, agar siz bo‘lmasangiz, odamning ahvoli qanday bo‘lar edi». Musiqa san’ati qachonki millat ko‘zgusiga aylanadi. O‘sha qo‘shiqlarda o‘sha millatning urf-odati, turmushi, hayoti va xalqning ertasi ko‘rina olsagina. Milliy musiqaga qadimdan ezgulikka yeltuvchi va shaxsga ilohiy ta’sir qilguvchi, inson vujudiga ruh ato etadigan ijodiy ne’mat sifatida qaralgan. Forobiy musiqa ilmini keltirib chiqargan asarlar hususida yozar ekan, musiqaning axloqiy-tarbiyaviy jihatlariga diqqatni jalb etadi.

«Bu ilm shu ma’noda foydaliki, – deb yozadi u «Ixso al-ulum» asarida – u o‘z muvozanatini yo‘qotgan (odamlar) xulqini tartibga keltiradi, mukammallikka

yetmagan xulqni mukammal qiladi va muvozanatini saqlab turadi. Bu ilm tananing salomatligi uchun ham foydalidir, chunki tana kasal bo‘lsa ruh ham so‘ladi, tana to‘siqqa uchrasa, ruh ham to‘siqqa uchraydi. Shuning uchun ovozlarning ta’siri bilan ruhni sog‘aytirish yordamida tana sog‘aytiriladi, ruh esa o‘z kuchlarining tartibga solinishi va substansiyaga moslashtirilishi orqali sog‘ayadi. Milliy musiqa san’atini tibbiyot ham qadrlagan. Nafaqat tarbiya quroli sifatida, joiz bo‘lsa undan kasallikka malham sifatida ham foydalanishgan.

Foydalanilgan adabiyotlar:

1. https://cyberleninka.ru/article/n/yangi-o‘zbekiston-taraqqiyotida-musiqa-sanʾatining-orni
2. Ahmedov B. Milliy musiqa san’ati – millat ko‘zgusi.//jurn. Teatr №1. 2023. – Toshkent. (10-12 b)
3. G‘oyib B., Ermuhammad K. Yana kelar sen kutgan bahor.//jur. Guliston №10. 1989 y. O‘zKMK nashriyoti. (32 b).
4. Elmurodova G. Musiqa san’ati va uning bizning hayotimizdagi o‘rni //jur. Ta’lim fidoyilari №1. 2022. – Toshkent (4-8 b).
5. Turanazarov N. Musiqa o‘qitish metodikasi va maktab repertuari.: - Termiz. TerDU. 2006. 92 bet.
6. Ashurov M. Yoshlar tarbiyasida musiqa san’atining ahamiyati. Qarang: https://znanio.ru/media/yoshlar-tarbiyasida-musiqa-sanatining-ahamiyati-2661546
7. Mahkamova Sh. Insoniyat evolyutsiyasida musiqa san’atining tutgan o‘rni//jur. «Science and Education» Scientific Journal. – Toshkent. 2021. №2. www.openscience.uz.

FORTEPIANO SAZ ÁSBABÍNDA QOL TEXNIKALARÍN RAWAJLANDÍRÍW USÍLLARÍ

D.Ch. Ermanova
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Biz pianino texnikası haqqında sóz etkenimizde, biz pianinoshıǵa kerekli kórkem óner hám dawıslı nátiyjege erisiw ushın zárúr bolǵan qábilet, uqıp hám usıllardı názerde qamtıymız. Ullı kompozitorlar Betxoven Shopen, List hám Brams, Debyussi hám Ravel, Skryabin hám Prokofiev, hárbiri óz jolında ásbaptıń ilgeri jasırıńǵan múmkinshiliklerin júzege keltirdi. Fortepiano muzıkasınıń rawajlanıw procesinde onıń barlıq ańlatıwshı quralları ózgergen; fortepiano fakturasi jáne de quramalı hám túrme-túr bolıp barǵan. Pianinoshılar aldında jańa-jańa máseleler

payda boldı, olardı aǵarıwda atqarıwshılıq hám pedagogikalıq pikirler kóbinese keshiktirildi; usınıń menen birge, jańa payda bolǵan muzıka talapları hám oynawdıń eski usılları arasında bóliniw payda boldı (mısalı, bunday bóliniw, mısalı, romantiklar muzıkası koncert turmısı avanssenasına shıqqan dáwirde payda boldı). Sol waqıttaǵı pianinoshılar áwladtı sharshatatuǵın, nátiyjesiz jumıs penen shuǵıllanıp, kóbinese qol keselliklerine shalınǵan. XIX ásirdiń birinshi yarımında texnikalıq tárbiya usıllarına barmaqlardıń mexanikakıq rawajlanıwına tiykarlanǵan. Eski texnikalıq metod sheshimsiz máselelerge dus keldi. Jańa qıdırıw baslandı. Shopen hám Listtiń atqarıwshılıq hám pedagogikalıq iskerligi texnika ústinde islewdiń ájayıp úlgilerin berdi. Biraq, olardıń jetiskenlikleri muzıka pedagogikasında júdá áste qabıl etilgen hám tek birneshe on jıllar ótkennen keń tarqalǵan. Úlken pedagoglardıń tiykarǵı usılları oyınnıń tábiyiyligi, oyın háreketlerine pútkil qol, niyeti, jelke qosılıwı edi.. Ekinshiden aytıw kerek, Shopen óz shınıǵıwların ápiwayı non legato shınıǵıwınan baslaǵan, bunda barmaqlar eń tábiyiy, qolay, jaǵdayda bolǵan. Muzıkashılar shınıǵıwlar mexanikalıq emes, bálki psixikalıq, anıqraǵı psixofizikalıq process ekenligin ańlatadı. Bul Talberg, A.Rubinstein hám. Gofman, nemec pianino teoriyalıq F.Shtaynxauzen. Oyın háreketiniń maqsetke muwapıqlıǵı, puqtalıǵı, muzıkalıq shınlıǵı ideyaları ilgeri súrildi. XIX ásirdiń aqırında anatom-fiziologlar dep atalǵan mektep payda boldı. Bul mektep wákilleri (L.Deppe, T.Bandman, R.Breitgaupt, Ervin Bax hám basqalar) tek ǵana insan qolı dúzilisinen kelip shıqqan halda tuwrı pianino oynawdıń receptlerin beriwge háreket etiwdi. Eger anatomiya-fiziologlardıń ayırım paydalı ideyaları (mısalı, «salmaqlıq oyını» ideyası) keyinirek qollanılǵan bolsa da, ulıwma alǵanda olardıń jolı áwmetsiz boldı. Bul jerde hám odan keyin baspalarǵa siltemeler sonday belgilenedi, olardıń dizimi kitap aqırında keltirilgen. Biraq anatomiya-fiziologlardıń qáteleri fortepianoda oynawdıń texnikalıq máselelerin qızǵın talqılawǵa túrtki boldı. Pianino muzıkası, atqarıwshılıq ámeliyatı hám pedagogikalıq pikirlerdiń aldıńǵı rawajlanıwın óz ishine alǵan bul tartıslar procesinde texnikaǵa zamanagó‘y qarawlar qáliplesken. Texnikalıq qábilet, álbette, qoldıń fizikalıq, anıqraǵı, fiziologiyalıq qásiyetlerine baylanıslı. Professional pianino oynaw olardıń ólshemi, kúshi, elastikligine salıstırǵanda talaplar qoyadı. Qánigelerdiń pikirine kóre, pianinoshi texnikasın tabıslı rawajlandırıw ushın oktava, ásirese, barmaqtı kóteriw qábiletine iyelew júdá zárúrli bolıp tabıladı. Hárqanday kórkem ónerde texnika kerek. Pianino atqarıwshılıǵı esaptan tısqarı emes, kerisinshe pianist texnikası, onıń kóp túrleri sonshellı quramalı, arnawlı hám kóp jıllıq miynetsiz onı iyelewdiń ılajı joq. Bul jumıs klaviatura menen birinshi tanısıw waqtınan baslanadı hám pianinoshılar ushın pútkil ómir dawam etedi. Bunday úyreniw balalıqtan, yaǵnıy 6-8 jastan baslap ápiwayı jaǵday bolıp kelgen,

bul bolsa, eń dáslep, texnikanı ıyelew qıyınlıǵı menen baylanıslı. Pianinoshı túrlishe rawajlanadı. Tájiriybe sonı kórsetedi, muzıka mektebiniń joqarı klasslarında hám oqıw orınlarında oqıtıw waqtı texnika ústinde kóbirek islew ushın eń qolay waqıt esaplanadı. Bul jas, fizikalıq hám psixologiyalıq faktorlar menen baylanıslı. Eger texnikanıń tiykarı mektepte qoyılǵan bolsa, onıń pútkil skeleti oqıw jurtında qurılıwı kerek. Sonda joqarı oqıw jurtında texnikanı jetilistiriw, bayıtıw, rawajlanıwǵa baǵıshlanadı. Quramalı usıl tárepinen túrme-túr repertuarın úyreniw menen baylanıslı joqarı oqıw orınları studentleri aldında turǵan muzıkalıq wazıypalar, bul halda, tabıslı sheshiw ushın eń qolay sharayatlarǵa iye. Klaviatura menen baylanıs ushın tómendegi shınıǵıwlar quramalı muzıkalıq hám dawıslı wazıypalardı kórsetpeydi, biraq bul jerde da esitiw qadaǵalawı ıqtıyat bolıwı kerek. Birinshi shınıǵıw Etyud yamasa pyesadan bólek bir qol menen atqarıladı. Shınıǵıwdı baslawda bunday usıl oqıwshıǵa úlken payda keltiredi. Qol stolǵa qóyıladı, keyininen barmaǵın kóteriw tez stol ústine olardı shertiw keyin basqa barmaqlar menen de tap sol jumıstı atqaradı. Soǵan uqsas, pianinoda da shınıǵıw etiw kerek. Biraq barmaqtı ǵárezsiz túrde háreketlendirgende qoldıń erkinligin saqlap qalıw talay qıyınlaw, sebebi pianinoshı qolın uslap turıwı kerek. Geyde, waqtınshalıq oqıw sharası retinde, oqıwshıǵa atqaratuǵın qoldı erkin uslap turıwdı usınıs etiw múmkin. Júdá aste tempte shınıǵıw qılıw kerek (48-60). Dáslep hárbir qol menen bólek. Material retinde gammalar, etudalar, sonıń menen birge pyesalardıń bólimlerin shertiw múmkin. Bunday shınıǵıwlardı tómen dawısta baslaw jaqsı bolıp tabıladı. Keyingi últs kúshin asırıwı kerek. Shınıǵıwdıń ekinshi májbúy shárti tómendegi talap bolıp tabıladı: shertiw kerek bolǵan barmaqtı kóteriw aldınǵı dawıstı alıw menen bir waqıtta ámelge asırıladı. Shertiwdi baslawdan aldın barmaqlardı qayta kóteriwge jol qoyılmaydı. Bunda aste trelliler bir barmaqtıń úlesin bir waqıttiń ózinde shınıǵıw etiw hám ekinshisin tayarlaw ushın qolay; barmaqlar ózgerttiriledi», biri tómenge, ekinshisi joqarıǵa. Shınıǵıwdıń úshinshi shárti - barmaǵınıń shertiw arqalı joqarıǵa kóteriliwin anıq jáne onıń klaviatura orayına anıq baǵdarlaw. Soǵan qaramay, klaviatura orayın gózlewdi úyreniw kerek, Shınıǵıwlar sharshaqqa alıp keliwi múmkin, sol sebepli bárhama asıqpaw kerek. Eger qolıńız sharshasa, shınıǵıwdı dawam ettire almaysız. Bul qoldıń sharshawına hám keselligine alıp keliwi múmkin. Sharshawdıń sebeplerin anıqlap, olardı saplastırıw kerek. Kóbinese olar itibarsızlıqta jasırınǵan. Birinshi shártke ámel etilmegen - qol erkinligin baqlaw. Basqa sebepler asıǵıs temp (dawıslardı alıw arasında dem alıstıń joq ekenligi. Ayırım pianino texnikası sonshalıq quramalı, onı ózlestiriw ushın kóp jıllar talap etiledi. Bul pianinoshılar ushın pútkil ómir dawam etetuǵın is bolıp tabıladı, ásbap penen birinshi tanısıwdan baslap. Óziniń pútkil turmısı dawamında, pianinoshılar aldında qoyılǵan

wazıypalarǵa qaray, texnika rawajlanadı hám túrli ózgerislerge dus keldi. Onıń klassifikaciyası da ózgerdi.

G.Neygauz fortepiano texnikasınıń birneshe túrlerin ajıratıp kórsetedi:

1) Bir nota alıw;

2) Trel;

3) Gammalar;

4) Arpedjio;

5) Eki notalar;

6) Akkord texnikası;

8) Polifoniya.

F.List texnikalıq qıyınshılıqlardı tort klasqa bólip shıqtı:

1) Oktavalar hám akkordlar;

2) Tremolo hám trelilar;

3) Ekilemshi notalar (tersiya, sekstalar);

4) Gammalar hám arpedjio.

Pianino ásbapları muzıkanı ańlatıw ushın eń qolay texnikalıq sharayatlardı jaratatuǵın principler tiykarında rawajlanadı: 1. Tábiyiylıq principi. Qol hám dene poziciyaları kóbinese oyındı quramalılastıratuǵın hám sharshawdı asıratuǵın tabiyiy emes elementlerdi óz ishine almaytuǵın bolıwına háreket etiw. 2. Tejemlilik principi. Barlıq háreketlerdi puqtalıq menen atqaramız: bulshıq etlerdi tartıw hám eljirewdi almastırıw arqalı, bulshıq etlerdiń tartılmaslıǵın gúzetip baramız. Tolıq háreketleniw ushın háreket penen baylanıslı bolmaǵan bulshıq etler erkin bolıwı kerek. Bulshıq et kernewiniń bólistiriliwi: kópshilik háreketler bir funkciyadaǵı birneshe bulshıq etlerdiń kelisim háreketi sebepli ámelge asıriladı. Eń kúshli bulshıq etler tiykarǵı júkti kóteriwi, eń hálsizleri bolsa eń kem júkti kóteriwi kerek. 3. Maqsetke muwapıqlıq principi. Oyın waqtında barlıq háreketleri mánisli bolıwı kerek. Muzıka pedagogikası ámeliyatı sonı kórsetedi, mayda texnikanı rawajlandırıw pianistlik uqıpı ushın zárúr shárt esaplanadı.

Gammalar. Gamma usılların uzaq waqıt úzliksiz túrde úyreniw, birinshi klastıń aqırınan baslap, eki jóneliste ámelge asırılıwı kerek - bul bólek poziciyalar ishindegi qıyınshılıqlardı hám jańa poziciyaǵa ótiw usılların ózlestiredi. Gammalardıń maqseti - passajdı jılısıwsız, tuwrı dawıs hám waqıt qatnası boyınsha úzliksiz shertiw bolıp tabıladı. Kóteriliwlerdiń tiykarǵı sebebi, shertiwdiń bir tegis emesligi 1-barmaqtıń háreketsizligi. Sol sebepli, tuwrı hám tez shertiwdi támiyinlew ushın, onıń qıyınshılıǵın hám jeńilligin rawajlandırıw kerek. Dawıstıń teńligi hám tolıqlıǵına mudamı sezim qılıw arqalı erisiw múmkin. Tazalıq hám tegislik tek ǵana tuwrı dawıstı alıw arqalı, bálki barmaqlardı klaviaturalardan waqtında alıp qoyıw arqalı da támiyinlenedi. Eń kóp payda keltiretuǵın shınıǵıwlar

eki qońsılas qádemdi páseyttirilgen trelli formasında túrlishe barmaq jubı menen orınlanǵan: 1-2, 2-3, 3-4, 4-5 (Neygauz boyınsha ekinshi element).

Fortepiano texnikası ústinde islewdiń túrli usılları usınıs etilgen. Hártúrli texnikalardı úyreniw pianino shertiwdi úyrenip atırǵan oqıwshınıń texnikalıq hám muzıkalıq rawajlanıwına úlken payda keltiriwi múmkin. Ol fortepiano texnikasınıń tiykarǵı formulaların ózlestiriwge múmkinshilik beredi; ámeliyatta tiykarǵı aplikaturalıq formulaları menen tanısıw; barmaq anıqlıǵı, tegisligi, tezligi. Texnika tezlikti ańlatıwshı qural. Ol mudamı jetilistiriwdi talap etedi. Bul heshqashan toqtamaytuǵın zat. Pianistlerdiń texnikalıq isleri tek ǵana shınıǵıwlar kerekli shıdamlılıqtı rawajlandırıwǵa járdem beredi. Texnika ústinde kún sayın islew, onıń barlıq bólimlerine itibar qaratıw. Texnika - bul tezlik, tegislik, barmaqlardıń anıqlıǵı. Jumıs sapalı hám anıq baǵdarlanǵan bolıwı kerek. Elastik kist bolsa muzıkalıq tártiptegi nápesti beredi, sóylewde járdem beredi. Maqset shıǵarmanı esitetuǵın hám xarakterin kórsetip bere alatuǵın qoldı tárbiyalaw. Texnika ústinde islewde itibarlı bolıw kerek.

Paydanılǵan ádebiyatlar

1. Алексеев А. Методика обучения игре на фортепиано. М., 1978.
2. Баренбойм Л1.Фортепианно-педагогические принципы Ф. М. Блуменфельда // Вопросы фортепианной педагогики и исполнительства. Л., 1974.
3. Браудо И. Артикуляция (О произношении мелодии). Л., 1961.
4. Бузони Ф. Путь к фортепианному мастерству (K'avieriibung): В 3-х вып. Вып. 1. М., 1968. Вып. 2. М., 1973.
5. Бузони Ф. О пианистическом мастерстве. Избранные высказывания // Исполнительское искусство зарубежных стран. Вып. 1. М., 1962.
6. Ганон III. Пианист-виртуоз. Будапешт, 1964.
7. Гофман И. Фортепианная игра. Ответы на вопросы о фортепианной игре. М., 1961.
8. Коган Г. Работа пианиста. 3-е изд. М., 1979.
9. Корто А.Рациональные принципы фортепианной техники. М., 1966.
10. Майкапар С. Годы учения. М.-JL, 1938.
11. Либерман Е. Работа над фортепианной техникой. - М.: Классика - XXI, 2003 г.

ÁPSANALARDÍŃ PAYDA BOLÍW HÁM QÁLIPLESIW JOLLARÍ

Nawpirbekov Allabek
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Ápsanalar shınlıq penen qıyaldıń qosındısınan, ayırım jaǵdaylarda taza qıyaldıń járdeminde dóreledi. Olardıń mazmunında burın tariyxta jasaǵan belgili adamlar haqqında dáslep ańız bolıp tarap, waqıttıń ótiwi menen qıyal arqalı kórkemlengen áńgimeler, ekinshi bir túrleri adamnıń, haywanatlardıń, ósimlikler dúnyasınıń, aspan, jer, quyash, ay, juldızlardıń payda bolıwı, geografiyalıq orınlar menen bazıbir nárselerdiń kelip shıǵıwı yamasa atalıwı sebeplerin boljawlar menen qıyal járdeminde bayanlaytuǵın áńgimeler, úshinshi bir túrlerin hár qıylı diniy isenimlerdiń payda bolıwı menen dórelgen diniy kitaplardıń («Quran», «Hádis», «Tasfir»,»Injil» hám basqa da kitaplar), patshalar tariyxı, payǵambarlar tariyxı.t.b syujeti arqalı taraǵan áńgimeler quraydı.

Ápsanalardıń dóreliwi hám qáliplesiwiniń birneshe evolyuciyalıq basqıshları bar. Ápsanalardıń túp-deregi turmısta aytılıp júrgen ápiwayı áńgimeler. Biraq, hámmege málim, ápiwayı áńgime folklor shıǵarması bola bermeydi. Bul áńgime jámiyetlik turmısta bolıwı múmkin bolǵan waqıyalar tiykarında dórelip, belgili bir syujetti payda etip, xalıq arasında ómir súrse ǵana, folklor shıǵarmasına aynaladı. Máselen, qanday da bir batır, mergen, yamasa urıw basshısı ózinıń basınan ótken waqıyalardı óz átirapındaǵı jaqın adamlarına aytıp beredi. Onı esitken aldamlar waqıyanı sol dáslepki qálpinde emes, biraz ózgerisler kirgizip, qosımshalar qosıp aytadı. Al, onnan esitken adamlar oǵan jáne óz yadınan qosımshalar qosıp bayanlaydı. Birewden-birewge tarap, waqıyalar turaqlı syujet payda etedi hám ol folklor shıǵarmasına aynaladı. Bunday shıǵarmalardı, yaǵnıy, tariyxta bolǵan adamlar, bolǵan waqıyalar haqqında aytılatuǵın áńgimelerdi ańızlar dep ataymız. Dáwirlerdiń ótiwi menen ańızlar ápsanaǵa aylanadı.

Ańız benen ápsana xalıq prozasınıń kórkemlik jaqtan jetilisiwiniń eki dáwiri dese de boladı. Sebebi bul ekewiniń de túp-negizinde kóp jaǵdayda ómirde bolǵan waqıyalar jatadı, biraq ańız waqıya bolǵan dáwirge jaqınıraq boladı, sol sebepli ol onsha kórkemlenbey, maǵlıwmat beriw maqsetinde aytıladı. Waqıya bolǵan dáwirden alıslaǵan sayın, ańızda qosımsha detallar payda bolıp, dáslepki maǵlıwmatlıq áńgime kórkemlenedi. Bunda ańız dáslepki sıpatın joǵaltıp, ápsanaǵa aylanadı [5:154].

Tariyxta jasap ótken tariyxıy shaxslar, patshalar, ásker basılar, urıw basılarınıń alıp barǵan isleri, ómirleri menen baylanıslı waqıyalarǵa qurılǵan áńgimeler waqıttıń ótiwi menen dóretiwshiler tárepinen qıyal, káramatlı hádiyseler menen

tolıqtırılıp ápsanalarǵa aylanadı. Máselen, uzaq ótmish tariyxta jasaǵan patshalar, ásker basılardıń (Jámshid, Súlayman, Dawıt, Shıńǵısxan, Iskender, Ámir Temur, Edige), káramatlı áwliyeler, shayıxlar, pirlerdiń (Shibiliy shayıx, Ábubákir Omar, Ospan, Áliy pirler) kósemler, danıshpanlardıń (Qorqıt ata, Sulayman Baqırǵanıy, Hákim Ulıqpan, Xoja Yassawiy) islegen isleri, ómirleri menen baylanıslı waqıyalarǵa waqıttıń ótiwi menen qıyal, ájayıp sıyqır kúshi, káramatlı hádiyseler qosılıp ápsanaǵa aylanǵan.

Qorqıt ata tuwralı áńgimeler túrkiy xalıqlarınıń arasında keń tarqalǵan. S.Qasqabasovtıń pikirinshe, Qorqıt ata haqqında eń dáslep ańız bolıp tarqalǵan áńgimeler waqıttıń ótiwi menen burınǵı sıpatın ózgertip, ápsanaǵa aynalǵan, ápsanaǵa negiz bolǵan waqıyalar kómeski tartıp, umıtılǵan. Qorqıt tuwralı qazaq folklorında túyin, real waqıyanıń joq bolıwı usını kórsetedi, jáne dáslepki ańız sıpattaǵı áńgimeler ciklge túsip, kórkemlenip basqa janrǵa awısqanlıǵın dálilleydi. Sonlıqtan biz Qorqıt tuwralı qazaq arasında aytılǵan folklorlıq shıǵarmalardı ápsana-hikayatlar dep qaraymız [5:130-131]. Bul keltirilgen pikirler qaraqalpaqlar arasında aytılıp júrgen Qorqıt ata, Iskender patsha, Shıńǵısxan, hám t.b. tuwralı aytılıp júrgen ápsanalarǵa da tiyisli. Mine, biz ápsanalardıń payda bolıw hám qáliplesiwiniń evolyuciyalıq basqıshların kórip ótik. Biraq, bul process bir jámiyetlik dúzimde júz beretuǵın qubılıs emes. Olar insaniyat jámiyetiniń hár qıylı dáwirlerinde júz beretuǵın folklorlıq qubılıs. Olarǵa birneshe dáwirlerge tán bolǵan sana, oylaw, isenim, sonday-aq hár qıylı jámiyetlik dáwirlerdiń tańbası óz izin qaldırıp baradı.

Ápsanalardıń payda bolıw hám qáliplesiwinde barlıq waqıtta usı evolyuciyalıq basqıshlar (ápiwayı áńgime-ańız-ápsana) saqlana bermeydi. Geypara jaǵdaylarda ápsanalar óz betinshe de dórele beriwi múmkin. Bunday jaǵdayda ápsanalar tariyxıy waqıyalarǵa tiykarlana bermeydi. Olarda sóz etilgen waqıyalardıń syujeti oydan shıǵarılǵan yamasa diniy kitaplardıń syujeti tiykarında dórelgen áńgimelerdi sóz etedi. Aspan, jer, ay, juldızlardıń payda bolıwı, adamnıń, haywanatlar hám quslardıń payda bolıwı, diniy hám miflik mákanlar (beyish, dozaq, Barsa kelmes, Qap tawı, álemdegi úsh úlke-trixotomik) hám olardaǵı subyektler haqqında (Quday, perishte, shaytan, ruwxlar, periler, dáwler, jinler, mástan, albaslı h.t.b) geografiyalıq orın, aymaq, qala, mazarıstan, dárya, kól, tawlardıń hám olardıń atamalarınıń kelip shıǵıwı haqqında, diniy dástúrler hám bayramlardıń kelip shıǵıw tariyxı haqqında sóz etiwshi ápsanalardıń mazmunı, kóbinese, oydan shıǵarılǵan boladı. «Adam ata hám Hawa Ene», «Jeti qaraqshı», «Shómish juldız», «Jerdi kótergen kók ógiz», «Úrker juldız», «Qus jolı», «Xozarasp», «Úbbi xoja-bala sheyit», «Sultan baba» h.t.b qoyımshılıqlardıń kelip shıǵıw tariyxı, Qurban-hayt bayramınıń kelip shıǵıwı hám t.b. Ańız hám ápsanalar xalıq awızeki prozasınıń

ayırım-ayırım janrları. Bular xalıq awızeki prozasınıń kórkemlik jaqtan jetilisiwiniń eki dáwiri. Biraq ekewiniń de túp negizinde turmısta bolǵan waqıyalar jatadı, biraq ańız waqıya bolǵan dáwirge jaqın. Al, ápsanalarda sóz etilgen waqıya bolǵan dáwirinen uzaqlasqan hám hár túrli qosımsha detallar, fantastikalıq qıyal, káramatlı hádiyseler aralasıp, kórkemlik sıpat alǵan áńgimeler. Máselen, uzaq ótmish tariyxta jasaǵan patshalar, ásker basılar, (Jámshid, Súlayman, Dawıt, Iskender, Shıńǵısxan, Ámir Temur, Edige), káramatlı áwliyeler, shayıxlar, pirler (Shibiliy shayıx, Ábubákir Omar, Ospan, Áliy pirler) kósemler, danıshpanlar (Qorqıt ata, Súlayman Baqırǵanıy, Hákim Ulıqpan, Xoja Yassawiy) h.t.b. islegen isleri, ómirleri menen baylanıslı waqıyalarǵa waqıttıń ótiwi menen qıyal, ájayıp sıyqır kúshi, kármatlı hádiyseler qosılıp ápsanaǵa aylanǵan. Adamnıń, haywanatlardıń, ósimlikler dúnyasınıń, aspan, jer, quyash, ay, juldızlardıń payda bolıwı, geografiyalıq orınlar menen bazıbir nárselerdiń kelip shıǵıw yamasa atalıw sebeplerin boljawlar menen qıyal járdeminde bayanlaytuǵın ápsanalardıń syujeti, kóbinese, oydan shıǵarıladı. Xalqımız arasında jer betinde tirishiliktiń payda bolıwı, jerdiń, aspan áleminiń payda bolıwı, atamalarınıń kelip shıǵıw yamasa atalıw sebeplerin boljawlar menen qıyal járdeminde bayanlaytuǵın ápsanalar bar. Máselen, «Adam ata hám Hawa Ene», «Jeti qaraqshı», «Shómish juldız», «Úrker juldız», «Qus jolı», geografiyalıq orın atamaları «Xozarasp», «Úbbi xoja-bala sheyit», h.t.b qoyımshılıqlardıń kelip shıǵıw tariyxı, Qurban-hayt bayramı, basqa da diniy máresimlerdiń kelip shıǵıwı hám t.b.

Paydanılǵan ádebiyatlar

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. –Нөкис: «Билим», 1996.
2. Алламбергенов К. Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге». -Нөкис: «Билим», 1995.
3. Алламбергенов К. Миф, ертек, тарийх ҳәм дәстан. -Нөкис: НМПИ баспасы, 2014.
4. Палымбетов К. «Қорқыт ата китабы» ҳәм қарақалпақ қаҳарманлық дәстанлары. –Нөкис: «Билим», 2010.
5. Қасқабасов С. Қазақтың халық прозасы, Алматы: Ғылым», 1984.
6. Жураев М. Ўзбек халқ самовий афсоналарининг тарихий асослари. Филол. фан. докт. дисс…. Автореф. –Тошкент: 1996
7. Имомов К., Мирзаев Т., Саримсақов Б., Сафаров О. Ўзбек халқ оғизаки поэтик ижоди. –Тошкент: «Ўқитувчи», 1990.

JIYEMURAT JÍRAW JÍRLAǴAN DÁSTANLAR

Ismaylova Sarbinaz
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Insan qálbindegi sherdi tolqıtıp shıǵarıp, tula boyındı balqıtıp, sezimińdi terbetetuǵın bul sazdıń qúdiretine tásiyin qalasań. Bul qúdiretli sazdı qolǵa alıp, ózine joldas qılǵan jırawlardıń há biriniń talantı óz aldına. Búkir aǵashqa ishek tardı baylap, ullı-ullı zibanlardıń ırǵaǵın keltirip shıǵarıp, oǵan xalıq turmısı menen tariyxın birlestirip, júreginen jay berip jır-jırlaǵan sazdıń hawazına hawaz qosqan jırawlar qaraqalpaq xalqınıń ruwxıy mádeniyatında, kórkem ónerinde shınjırma-shınjır kiyatırǵan jırawlar sebin bizińdáwirimizge tutastırdı.

Joqarı hám ortanǵı qaraqalpaqlar degende Qoqan, Dańǵara, Balıqshı, Nurata, Baysın Kenimex rayonlarındaǵı dalalıqlarda pútkil Túrkistanda jońǵar shabıwılınan burın-aq qaraqalpaqlardıń qonıslasıp jasap kelgenligin eske túsiremiz. Qaraqalpaq xalqınıń ásirlerden asıp kelgen ájayıp dástanları jáhán ádebiyatınıń dúrdana dóretpeleri qatarında tap usı diyarda dóretilip kelgenligi málim. Dúnya júzilik ánjumanlarda tán alınǵan qaraqalpaq dástanshılıq dástúri sıpatında óziniń uzaq tariyxına iye. Sol dástúrdi rawajlandırıp, xalıq baylıǵın saqlap kelgen hám sońǵı áwladqa jetkergen atqarıwshılar, jıraw-baqsılar ekenligi belgili. Olar tek dástanlardı atqarıwshılar ǵana emes, onı qorǵawshı, túrlendirip bezewshi, qayta tiklewshi, iláhiy saz ırǵaqları menen bayıtıwshılar da boldı. Usınday qaraqalpaq jırawshılıq ónerińiń ullı wákilleriniń biri Jiyemurat jıraw.

Jiyemurat jıraw Bekmuxammed ulınıń jırawshılıq ónerine bolǵan qızıǵıwshılıǵı jas waqıtlarınan baslap-aq kórine baslaydı. Shoraxan átirapındaǵı qarqalpaqlardıń toy merekelerinde jırlaǵan qaraqalpaq jırawlarınıń qobız namaları menen Alpamıstıń ayrıqsha erlik sıpatların táriyipleytuǵın jerleri Jiyemurattıń jırawshılıq kásipti iyelewdegi qushtarlıǵın oyatadı. Jasınan saz benen sózge qızıǵatuǵın Jiyemurat, jıraw bolıwdı ármanlaydı. Awılda júrgende ózinshe qosıq aytıp júredi, jırawlardan úyrengen dástanlardan yadta qalǵan úzindilerdi, terme jırlardı jırawnamalarına salıp aytıwdı mashqı etedi.

Jiyemurat jıraw 15-16 jaslarında Shoraxan átirapındaǵı bir toyǵa belgili qaraqalpaq jırawı Qazaqbay jıraw kelip jırlaydı. Buxaralı Qazaqbay jıraw kelipti degen xabardı esitken Jiyemurat Qazaqbaydı izlep tawıp alıp, onıń atqarǵan dástanların esitedi. Ásirese, onı Qazaqbay jırawdıń «Alpamıs» tı naqshına keltirip aytqan jırawshılıq sheberligi jańa talapkerdi eliktirip alıp ketedi. Sol jerde Jiyemurat Qazaqbay jırawǵa shákirt bolıw niyetin bildiredi. Biraq, Qazaqbay jıraw Jiyemuratqa: «Inim, niyetiń durıs, sen maǵan shákirt bolma, men seni Shańket degen ustazım bar, soǵan alıp barayın deydi. Jiyemurat Qazaqbay jırawdıń bul

aqılın maqul kóredi. Bolajaq jıraw Jiyemurat sol jılı gúzge salım Buxaradağı Shańketti izlep ketedi hám Shańket jırawǵa altı jıl shákirt bolıp, onnan kóp dástanlar, terme tolǵawlar úyrenedi. Bul waqıtta Shańket jıraw eliw jaslarındağı adam bolsa kerek. Solay etip Jiyemurat shákirtliktiń mashaqatlı jolın bastan keshiredi. Jiyemurat jıraw ustazı Shańkettiń izine erip, Buxaradağı Kenimex, Kermene, Nurata boylarındağı elatlıqlardı aralaydı hám ózi de ustazınıń nusqawı menen toy merekelerde dástan jırlaydı, belgili jıraw degen lawazımǵa iye boladı. Solay etip ol jigirma jasları shamasında ustazı Shańket jıraw bergen qóbızın alıp, óz tuwǵan eli Shoraxanǵa kelip jırawshılıq kásibin dawam etedi. Al, Jiyemurat jırawdıń Shańketten basqa jırawǵa shákir bolǵanlıǵı tuwralı házirshe maǵlıwmat kem. Jırawshılıq dástúrin jetilistiriw boyınsha Buxara jırawlarınıń ustazlıq roli qaraqalpaq jırawlarında kúshli bolǵan. Bul másele de belgili qaraqalpaq folkloristleri Q.Ayımbetov «Qaraqalpaq jırawlarınıń burınnan kiyatırǵan ádeti boyınsha jırawshılıq ónerin tereńlestiw hám óziniń sózin «pátiwaǵá» astırıw ushın haqıyqat jıraw, atanıp qaytıwǵa Nurataǵa baradı.

Jiyemurat jırawdıń repertuarlarındağı házirshe bizge belgilisi Divaev bastırıp shıǵarǵan «Alpamıs» dástanı. Bunnan basqa «Qoblan», «Edige» dástanları da bolǵan. Esitken informatorlardı belgili folklorist Q.Maqsetov jazıp alǵan.

Paydanılǵan ádebiyatlar

1. Maqsetov Q. Qaraqalpaq xalqınıń ataqlı jırawı «Ámiwdárya» jurnalı, №3, 1978.
2. Maqsetov Q. Qaraqalpaq jıraw baqsıları «Qaraqalpaqstan» baspası, Nókis, 1983.
3. Mámbetnazarov Q. Jiyemurat jıraw. «Ámiwdárya jurnalı», №9, 1986.

QARAQALPAQ XALÍQ ÁPSANALARÍNÍŃ JANRLÍQ ÓZGESHELIKLERI

Biysenbaeva Nazira

Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Qaraqalpaq xalıq awızeki prozasınıń óz aldına kórkemlik ózgesheliklerge iye janrlarınıń biri ápsanalar bolıp tabıladı. Qaraqalpaq folklortanıw iliminde eń dáslep mifke anıqlama bergen alım N.Dáwqaraev boldı. Bunnan keyin Q.Maqsetov, J.Xoshniyazov, Q.Kamalov, S.Bahadırovalar ápsanalardı óz aldına janr sıpatında qaraydı, olardıń úlgilerin anıqlap, ilimiy talqılawlar jasadı.

Folklorshı Q.Maqsetov «Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri» (Nókis,1996) miynetinde N.Dáwqaraev, Q.Kamalovlardıń pikirlerin esapqa ala otırıp, ápsanalarǵa anıqlama beredi, olardıń sıpatlı belgilerin atap ótedi. Bunnan basqa da Q.Mámbetnazarov, J.Xoshniyazov, S.Bahadırovalardıń ápsanalar haqqında bahalı miynetleri bar.

Qaraqalpaq dástanlarınıń genezisin úyreniwde, syujetlik motivleri hám obrazlar júyesiniń (sistemasınıń) mifologiya menen baylanısı hám tásirin ashıp beriwde N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov, I.Saǵıytov, Q.Maqsetov, S.Bahadırova, Q.Kamalov, K.Allambergenov, J.Xoshniyazov sıyaqlı alımlar tárepinen birqansha pikirler bildirilgen.

Q.Maqsetov joqarıda atı atalǵan miynetinde N.Dáwqaraevtıń mif haqqında bergen anıqlamasına tiykarlana otırıp, ápsanaǵa mınaday anıqlama beredi: «Ápsana degenimiz–bul káramat yaki din menen baylanıslı, tábiyattıń yaki jámiyettiń hár qıylı qubılısların juwmaqlastırıp túsindiretuǵın Allanıń, payǵambarlardıń, pirlerdiń, áwliyelerdiń, qaharmanlardıń t.b. atı menen aytılatuǵın ótken bir erte dáwirlerdegi adamlardıń dúnyaǵa kózqarası». [1:196]

«Folklor terminleriniń qısqasha sózligi»nde ápsanaǵa mınaday túsindirme beriledi: Mif – (grek sózi ápsana, ráwiyat) áyyemgi dáwirde adamlar tábiyat stixiyasınıń sırın túsinbegenlikten olardıń qúdireti menen baylanıstırǵan sada túsinigi. Mif tábiyat penen adamlar arasındaǵı qatnasqa qurıladı, tábiyattıń adamǵa túsiniksiz kúshin ájayıp obrazlar, qudaylardıń atları menen baylanıstıradı. Hárbir mif áyyemgi adamlardıń qorshaǵan ortalıq, tábiyat, jer, aspan, suw, haywanlardıń qaydan kelip shıqqanlıǵı jónindegi ózi oylap tapqan oyları. [2:61]

Qazaq xalıq awızeki prozasın izertlewshi alım S.Qasqabasov ápsanalardı ápsana-hikayat degen qosarlı termin menen ataydı. Onıń pikirinshe, «ápsana-hikayat dep ertede bolǵan bir waqıyanı kórkemlep bayanlaytuǵın, biraq, kóbinese oydan shıǵarılǵan, ya bolmasa kitabiy hám de diniy syujetlerdi barınsha kórkemlep áńgimeleytuǵın prozalıq shıǵarmalarǵa aytamız» degen pikirdi bildire otırıp, tematikalıq hám syujetlik mazmunına qaray tariyxıy-mákanlıq, kitabıy-diniy hám utopiyalıq ápsanalar dep bólip qaraydı. Olardı mazmun hám kórkemlik jaǵınan ajıratıw hám terminlik uǵımdı jeńilletiw maqsetinde tariyxıy-mákanlıq hám utopiyalıq áńgimelerdi ápsanalarǵa jatqaradı, al kitabıy-diniy syujetlerdi bayanlaytuǵın áńgimelerdi hikayat dep ataydı. [3:156]

Ózbek folkloristleriniń «Ózbek poetik ijodi» jámáátlik miynetinde ápsanalaraǵa mınaday túsindirme berilgen: Ápsana – parsı sózi bolıp fantastika, sıyqırlı káramat hám de turmıslıq úydirmeler tiykarında payda bolǵan prozalıq hikayalar-degen pikirdi bildiredi. Hikayanıń bul túrdegi formasına sıyqır kúshi,

fantastikalıq element hám de turmıslıq úydirmelerdiń bolıwı óz-ózinen málim. Ápsanalar faktlik waqıya hám qıyaldan toqılǵan hádiyselerdi bayanlaydı. [4:116]

Qaraqalpaq folklorında da bir waqıtları yaǵnıy uzaq ótmish tariyxta bolǵan waqıyalar, adamlar, olardıń is-háreketleri haqqında qıyalıy- fantastikalıq hám de turmıslıq úydirmeler tiykarında sóz etiwshi, ekinshiden, jer betindegi tirishiliktiń jaratılıwı, aspan jer, juldızlardıń payda bolıwı, suw, taw, mákan, aymaqlar tariyxı haqqında ájayıp qıyal menen baylanıstırılıp bayanlanatuǵın áńgimeler, sonday-aq eskertkish kitaplar (Memorat), diniy kitaplardıń («Injil», «Quran», «Tasfir», «Hádis») syujetlik mazmunı tiykarında dórelgen áńgimeler bar. Bunday áńgimelerdi biz ápsanalardıń ishinde qaraymız.

Ápsanalardıń janrlıq ózgesheligin izertlew oǵada qıyın másele. Sebebi ápsanalar janrlıq jaqtan jetilisiwinde óz boyına miftiń de, ertektiń de, ańızlardıń da janrlıq sıpatların sińdirgen. Bul nárse ápsanalardı óz aldına janr sıpatında qarawda biraz qıyınshılıqlar tuwdıradı.

Janrlar óz aldına dara halda ómir súrmeytuǵınlıǵı, olar qáliplesiw, rawajlanıw basqıshlarında bir-biri menen qarım-qatnasta bolıwı haqqında alımlarımızdıń bahalı pikirleri bar.

Folklorshı alımlar folklor janrların klassifikaciyalawda birneshe ólshem-kriteriyalardı basshılıqqa aladı. Bul ólshemler janrlardıń ideyalıq-kórkemlik ózgeshelikleri, ásirler dawamında qáliplesken dástúriy formaları, kótergen máselelериniń birligi, haqıyqatlıqtı bayanlawda súwretlew usıllarınıń bir-birine sáykesligi, sóz etilgen waqıyalardıń haqıyqatlıqqa qatnası, atqarılıw ózgeshelikleri, sonday-aq turmısta atqaratuǵın funkciyası da esapqa alınıwı tiyis. Bul kriteriyalar xalıq prozasındaǵı ertek, ańız hám ápsanalardı óz aldına janr sıpatında qarawda durıs sheshimlerge alıp keledi.

Ańız benen ápsana bir-birine jaqın. Bul ekewiniń de túp negizinde kóp jaǵdayda tariyxta bolǵan waqıyalar jatadı. Biraq, olar kórkemlik ózgesheligi menen, turmısta atqaratuǵın xızmeti, sóz etilgen waqıyalardıń haqıyqatlıqqa jaqınlıǵı, obrazlar júyesi boyınsha bir-birinen ózgeshelenedi.

Ańızlar xalqımızdıń tariyxında óshpes iz qaldırǵan Aydos biy, Ernazar biy, Erejep tentek qusaǵan batırlar haqqında, Iskender Zulxarnayın, Ámir Temur, Hákim Ulıqpan Aflatun, Alastun haqqında xalqımız arasında aytılıp júrgen tariyxıy áńgimeler menen birge Qońırat, Xojeli, Shımbay, Gúldirsin h.t.b qalalardıń, ruwlardıń payda bolıwı haqqında aytılatuǵın áńgimeler. Olarda belgili dárejede qıyalıy hádiyseler bar. Biraq olarda ertek hám ápsanalardaǵıday kórkemlenbegen yaǵnıy fantastikaǵa jetpegen qıyal isletiledi. Máselen: «Gúmbezi dawwar» degen ańızda: Kók ala teńizdiń ortasında sawlatlı gúńgiralarına altın shaptırılǵan gúmbez bar desedi. Bul gúmbez aylanıp turadı eken dá, jıl on eki ayda esigi bir ashılıp,

basqa waqıtta jabıq tursa kerek. Kim bilimdi ıshqı etse, sol adam dúnyanıń barlıq ǵawasatınan keship, sol gúmbezdi izleydi hám kógildir kók teńizdiń jaǵasına barıp, gúmbezdiń jaǵaǵa aylanıp keliwin, sóytip, óz máhálinde esiginiń ashılıwın kútiwi kerek. Bul «gúmbezi dawwar» yaǵnıy ilim ájayıbatı delinedi.

Gúmbezi dawwarǵa kewili durıs, janı taza hám qatań zeyni bar, ziyrek adam ǵana kiriwge miyasar boladı. Gúmbezi dawwarǵa kirip, ilim nurı menen qanıp shıqqanlar dúnyada hár elde birli yarım ǵana kisiler boldı. Bul gúmbezdiń ájayıp tilsimin eń dáslep Aplatun hám Álastunlar ashtı da, ózleri oqıp shıǵıp ilim dúnyasına húkimin júrgizdi. Bul gúmbezde Firdawsiy, Muralı Sher, Nawayı, Xoja Xafız, Abusiy degen ullı adamlar oqıwǵa miyasar bolǵan. [5:105]

Bul ańızda waqıyanı bayanlawda heshqanday qıyalıy-fantastika, sıyqır kúshi yamasa káramatlı hádiyseler joq. Sonıń menen birge, bul anıq tariyxıy fakt te emes, bunda qıyalıy úydirmeler de bar, biraq bul qıyalıy úydirmelerdiń ózi de turmıs haqıyqatlıǵınan uzaqlamaǵan.

Ápsanalar dáslepki adamlar, haywanlar, quslar, aspan, juldızlardıń payda bolıwı, orın, mákan, jer-suw, taw atamalarınıń kelip shıǵıw tariyxı haqqında oydan shıǵarılǵan áńgimelerdi, tariyxta bolǵan, yamasa boldı dep esaplanǵan waqıyalar, tariyxta jasaǵan adamlar, qıyalıy-fantastikalıq, miflik hám diniy personajlar (dáw, peri, jin, albaslı, ruwh, Quday, perishte, shaytan, h.t.b) olardıń is-háreketlerin sıyqırlı káramat, qıyalıy fantastika qabıǵında súwretleytuǵın áńgimeler. Ápsana degen sózdiń ózi parsı sózi bolıp fantastika, sıyqırlı káramat degendi bildiredi. [4:117]

Paydanılǵan ádebiyatlar

1. Q.Maqsetov. Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleri- Nókis, «Bilim», 1996.
2. S.Axmetov. S.Bahadırova Folklor terminleriniń qısqasha sózligi, «Bilim», 1992-j.
3. S.Kasqabasov. Qazaqtıń xalıq prozası, Almatı- «Bilım» baspası, 1984.
4. O‘zbek poetik ijodi. Jamoat, Toshkent, 1980.
5.Qaraqalpaq ańızlar, ápsanaları, sheshenlik sózleri, Nókis «Qaraqalpaqstan», 1992.
6. T.Qayıpbergenov «Qaraqalpaqpan, táwekelshimen». Roman-esse. «Bilim», 2003.

NAQÍL-MAQALLARDÍŃ TÁRBIYALÍQ ÁHMIYETI

Bekimbetova Sevara
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Xalıq awızeki ádebiyatı málim bir dáwir waqıyasın, xalıq turmısı hám mádeniyatın dóretiwshi, kórkem súwretlewge bay bolǵan miyras. Hárbir kórkem dóretpeniń mazmunı belgili bir waqıya yaki hádiyse qubılıslardı óz ishine jámlep, belgili bir forma tarawında júzege kelip, qosıqlar, ertekler, dástanlar sıyaqlı janrlarǵa bólinip ketedi.

Naqıl-maqallar qálegen xalıqta eń dáslepki payda bolǵan folklorlıq kórkem nusqalar. Esi bar, sanalı hárbir adam alǵashqı jámiyette bolsın, biziń ásirimizden burınǵı eralarda bolsın sóziniń jubın aqıllılıq penen, bar ıqlası, intası menen, tereń mazmunlı etip sóyleytuǵın bolǵan. Sonlıqtanda onda adamlardıń ibratlı sózleri átirapındaǵılarǵa ayrıqsha unap tásir etkenlik olardıń ishinen eń seydinlerin ushıǵanıń qıyqımınday etip bólip alıp, ózleriniń yadında máńgi saqlawdı úrp-ádet etken. Olardıń da qısqa hám mazmunlı hám kórkem qısqa formaların naqıl-maqal retinde turmısta paydalanǵan. Áne sol oylar búgingi kúnimizge deyin naqıl-maqal sózler formasında bizlerge jetip kelgen. Ol xalıqtıń ásirler boyı bay tájiriybeleriniń joqarı mánini ańlatatuǵın filosofiyalıq tuyǵıları esaplanadı. Oratorlıq (sheshenlik) óneri degenimizde bizler naqıl-maqaldan artıq turatuǵın sózlerdi taba almaymız. Eń sheber sóylewshini tańlaǵanda da sózlerinde naqıl-maqallardı orınlı qollanıp sóyleytuǵın sheshen adamlardı ónerli dep esaplaymız. Naqıl-maqallardı qosıp aytqan soń, olardıń gápleri sulıw, sheber hám tásirli shıǵadı. Bunday insanlardı da sheshenler qatarına qosıwǵa boladı. Biraq sózlerine naqıl-maqallardı kóp qosıp sóylep, úlken jıyınlarda, májlislerde, toy-merekelerde, otırıspalarda utımlı hám unamlı gáplerdi tawıp sóyley almaytuǵın adamlardı da sheshenler qatarına qosa bermeymiz. Sheshen - hámme tárepleme hám turmıslıq mútájliklerde, hámme orında óz ornın bilip, sóyleytuǵın sózin oylap, sheberlep aytatuǵın professional adamlarǵa aytıladı. Sonlıqtan da naqıl-maqallarda sheshenlik sózleriniń túp saǵası jatadı. Olar hárqanday da kórkem sózlerdiń kópshiliginen burın dóregen dep esaplaymız.Naqıl-maqallardı qollanbaytuǵın taraw joq.

Ol sózdiń júyesi. Hámme sózdiń as-qatıǵı. Sonlıqtan da danalar naqıl-maqallardı «aqıl-násiyattıń kodeksi» dep baha beredi. Onı xalıq arasınan shıqqan talantlı, sózge sheber sóz ustaları dóretken. Onda qısqa, tujırım, nıq, adam balası hárqanday jaǵdayda da kewil qoyarlıq máni bar sózler. Sóyler sózdiń quwatı, kúshi, qúdireti ayrıqsha ayqınlanıp turadı. Naqıl - sózge qulaq aspaw múmkin emes. Naqıl-maqal sózlerdi awızeki hám jazba ádebiyatta da paydalanbaǵan kisi joq. Sebebi: ol ele jazıw-sızıw bolmaǵan dáwirlerde-aq payda bolǵan.

Klassiklerde, pútkil dúnya ádebiyatınıń wákilleride óz shıǵarmalarında jiyi qollanǵan. Naqıl-maqallarda sonlıqtan da adamzat basınan keshirgen barlıq waqıyalarda óz sáwlesin tapqanlıǵın kóremiz. Solay eken, onda klasslıq formaları da ushırasadı. Onnan keyin óziniń payda bolıw dáwirine sáykes qurılǵanda naqıl-maqallar kóp. Sol ushın geypara naqıl-maqallar dáwirdiń ótiwi menen óz kúshin jolǵaltatuǵınları barında bayqawǵa boladı.

Naqıl-maqallar hárbir xalıqta hár túrli de, bir túrli de aytılıwı múmkin. Olar variantlasqan halda da ushırasadı. Ishinde hálsiz formaǵa iyeleri de tabılıp qaladı. Bundayları da ápiwayı gáplerge salıstırǵanda anaǵurlım utımlı, tıyanaqlı oydı bildirip, tásirli pikirge jáne de kúsh qosa aladı. Naqıl-maqallar tipine el ishinde sheshenlik, dilwarlıq dárejesin iyelep júrgen xalıq talantlılarınıń geypara gápleri de qosılıp ketiwi múmkin. Olar men naqıl sóz dórete qoyayın dep sóylemeydi. Quday bergen talant májbúrlep turǵan soń, onıń eń hasıl sózleri naqıl-maqalǵa da aylanıp ketip turadı. Olar áwladtan-áwladqa, elden-elge ótedi, qayta islenedi, sıydamlanadı, waqıttıń ótiwi menen naqıl-maqalǵa, ibratlı sózge aylanadı. Onı waqıt ólsheydi.

Xalıq naqıl-maqalları ullı ustazlar Beruniy, Xorezmiy, Farabiy, Abu Áliy Ibn Sina, Nawayı, Maqtımqulı, Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh, Gúlmurat, Abbaz, Sadıq, Ibrayım shıǵarmalarında da óz sáwleleniwin tapqan. Kóplegen awızeki hám jazba dástanlarda da ushırasadı.

Qaraqalpaq naqıl-maqallarınıń ózine tán kórkem dúzilisi bar. Ol birinshilerden bolıp naqıl-maqallarda feyil formalarınıń kóp isletiliwi, ásirese bayanlawıshı buyrıq feyildiń ekinshi beti, bayanlawıshı feyildiń úshinshi beti, bayanlawıshı feyildiń belgisiz túrinen yamasa ataw gáp, bayanlawıshı belgisiz gáp jasalatuǵın formaların anıqlaydı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Q.Maqsetov. Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleri - Nókis, «Bilim», 1996.
2. S.Axmetov, S.Bahadırova Folklor terminleriniń qısqasha sózligi, «Bilim», 1992-j.

JÍRAW HÁM BAQSÍSHÍLÍQ KÓRKEM ÓNERINIŃ RAWAJLANÍW JOLÍNDAǴÍ ORÍNLANÍP ATÍRǴAN HÁM ORÍNLANÍWÍ KEREK BOLǴAN ÁHMIYETLI MÁSELELER

Jalǵasbaeva Azada - *magistr*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Búgingi globallasıw dáwirinde kommerciyalıq quralǵa aylanǵan «ǵalabalıq mádeniyatı», shou-biznestiń keri tásiri barǵan sayın kúsheyip baratırǵan bir dáwirde folklor kórkem-ónerine itibar hám qızıǵıwshılıq kemeyip baratırǵanı kóp orınlarda umıtılıp, saqlap qalıwǵa mútáj bolıp turǵanı kózge taslanbaqta. [1] Hárbir xalıq milliy muzıkasınıń ózine tán ózgesheligi, tarıyxı, tili, mádeniyatı, atqarıw usılları bar bolıp, bul xalıqtıń ázeliy ótmishin, salt-dástúrin, atadan-balaǵa jetip kiyatırǵan milliy qádiriyatları menen birgelikte, sol xalıqtıń jasaw tárizin de sáwlelendirip, xalıqtıń biybaha baylıǵı sıpatında qorǵaw hám rawajlandırıwdı talap etedi. Jırawshılıq hám baqsıshılıq mine usınday eskiden kiyatırǵan kórkem óner túrleri bolıp, házirgi kúnge shekem jetip kelgen hám xalqımız kewilinen óshpes orın iyelegen milliy muzıka túrleriniń biri bolıp tabıladı. Qaraqalpaq xalqında jıraw hám baqsılar ázelden úlken húrmetke iye bolǵan. Olar xalıq penen birge bolıp, olardıń arzıw-ármanın, qıyın-qıstaw kúnlerin jırlaw menen bir qatarda, jas áwladlarımızdı eldi qorǵawǵa, ilim-bilim úyreniwge, xalıqtı batırlıqqa, miynetke, erlik kórsetip jumıs atqarıwında ózleriniń kórkem sóz sheberlikleri menen ruwxlandırıp turǵan. Xalqımızdıń ázeliy tarıyxı hám mádeniyatın, eń dáslep awızeki-folklor kórkem ónerin, milliy dástúr hám ózine say qádiriyatların saqlaw hám rawajlandırıwda mine usı jırawshılıq hám baqsıshılıq kórkem óneri áwladtan-áwladqa sap halında jetıwında úlken rol atqaradı. Sonıń ushında bunday kórkem óner túrlerin rawajlandırıw maqsetinde prezidentimiz basshılıǵında kóp ǵana jırawshılıq hám baqsıshılıq mektepleri ashılıp, milliy qádiriyatlarımız benen kórkem ónerimizdi dunya júzi káleminde tanıtıw hám ónerli jaslarımızdı hár tárepleme qollap quwatlaw shara-ilajları ótkerilip kelinbekte. Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 14-maydaǵı «Baqsıshılıq kórkem ónerin jánede rawajlandırıw shara-ilajları haqqında»ǵı PQ-4320-sanlı qararı, Ministrler Keńesiniń 2018-jıl 26-apreldegi «Baqsıshılıq hám dástanshılıq kórkem ónerin jánede rawajlandırıw hámde shólkemlestiriw shara-tádbirleri haqqında»ǵı 304-sanlı qararı, 2019-jıl 23-sentyabrdegi «Respublika



baqsıshılıq kórkem óner orayı hám onıń janındağı, Baqsıshılıq kórkem önerin rawajlandırıw jamǵarmasın shólkemlestiriw haqqında»ǵı 798-sanlı qararı jırawshılıq hám baqsıshılıq kórkem öneriniń rawajlanıwında ayırıqsha orın iyeleydi. Házirgi waqıtta Qaraqalpaqstan Respublikası, Bulunǵur, Qorǵan, Nurota, Shahrisabz, Qamay, Sherabad, Xorezm dástanshılıq mektepleri bar.

Xalıqara baqsıshılıq kórkem óneri festivalı-2019-jıldan baslap hár eki jılda bir márte Ózbekistanda ótkeriletuǵın festival. 2018-jıl noyabr ayında Ózbekstan Prezidentiniń Surxandáryaǵa saparı waqtında Prezidentimizdiń usınısı menen usı festivaldı dástúrli ótkeriw rejelestirilgen. Festivaldan kózde tutılǵan maqset shıǵıs xalıqları folklor öneriniń birlemshi janrlarınan biri bolǵan jırawshılıq hám baqsıshılıqtı keńnen dodalanıwı, folklor dástúrleri hám qádriyatların rawajlandırıw hám onı tereńnen úyreniwge tiykarlanǵan. Baqsıshılıq hám dástanshılıq tariyxı, olardıń dóretiwshiligin jaqınnan úyreniw, xalıq awızeki önerine tiyisli shıǵarmalardı jıynaw, baqsı-shayır, aqın-jırawlar shıǵarmashılığınıń shıǵıs mádeniyatı hám kórkem önerdegi ornı hámde áhmiyetin jánede asırıwdan ibarat. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 5-10-aprel kúnleri Surxandǵrya wálayatı Termiz qalasında I Xalıqaralıq baqsıshılıq kórkem óner festivalı ótkerildi. Festivalda 74 mámleketten 160 tan zıyat shet el wákilleri qatnasqan.

Usı festival sheńberinde ilimiy-ámeliy konferenciyalar ótkerilip, 2021-jılı Nókis qalasında «Baqsıshılıq kórkem öneriniń jahan mádeniyatı civilizaciyasında tutqan ornı»temasında konferenciya bolıp ótip, sol jıldıń 17-20-sentyabr kúnleri Nókis qalasında II Xalıqaralıq baqsıshılıq kórkem óner festivalı bolıp ótti. Onda filialımız oqıtıwshısı Gúlbaxar Axımbetovanıń atqarǵan «Goruǵlı» dástanı tóreshiler tárepinen bahalanıp, II dárejeli diplom menen sıylıqlandı. Xalqımızdıń milliy miyrasımızǵa, awızeki kórkem önerimizge degen qızıǵıwshılığı sónbey, atadan-balaǵa, ustazdan-shakirtke sap hám azada halında jetiwi ushın kóplegen shara-ilajlar óz gezeginde milliyligimizdi joǵaltpawımızǵa sózsiz xızmet etedi.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. A.A.Erejepov «Baqsı hám dástan atqarıwshılıq tariyxı». Tashkent «Metodist» nashriyoti 2023.

2. Q.Maqsetov «Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri». Nókis «Bilim» baspası 1996.
3. Q.Ayımbetov «Xalıq danalıǵı». Nókis «Qaraqalpaqstan», 1968.
4. «Xalıqaralıq baqsıshılıq óneri festivalın ótkeriw tártibi haqqında Nızam» lex.uz.

MUZÍKA OQÍTÍWSHÍLARÍNA QOYÍLATUǴÍN TALAPLAR

R.Uspanova
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Barlıq kásipler ishinde oqıtıwshılıq – muǵallimlik kásibi eń ullı hám úlken juwapkershilikli kásip bolıp esaplanadı. Sebebi, keleshek áwladlarımızdıń taǵdiri, erteńgi kúni bul ómirden óz ornın tawıp, bir kásipti iyelep, jámiyet ishinde belgili bir xızmeti menen mámleketimizdiń rawajlanıwına óziniń úlesin qosıwı bul álbette, oqıtıwshılardıń bergen bilimleriniń nátiyjesi bolıp esaplanadı. Sol ushın usı orında aytıp ótiw kerek, oqıtıwshı qanday bolıwı kerek? Olardıń házirgi zamanagó'y talaplarǵa juwap beretuǵın wazıypaları nelerden ibarat? Búgingi kún oqıtıwshısına qanday talaplar qoyıladı?

Ótken bes jıl waqıt ishinde elimiz turmısında úlken jańalanıw hám ózgerislerge tolı jıl boldı. Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev baslaması menen islep shıǵılǵan bilimlendiriw tarawlarına tabıslı endirilgen mámleketimizdi 2017-2021-jılları rawajlandırıwdıń bes áhmiyetli baǵdarı boyınsha «Háreketler strategiyası» xalqımız turmıs tárizíniń ózgeriwine, oy-órisiniń keńeyiwine, alǵa ilgerilewine sebepshi tiykar boldı. Usı jıldan baslap elimiz basshısınıń jańa pármanına muwapıq 2022-2026-jillarǵa baǵdarlanǵan «Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyası» islep shıǵılıp «Insan máplerin támiyinlew hám máhálleni rawajlandırıw jılı»nda ámelge asırılıwı kerek bolǵan jumıslardıń mámleketlik baǵdarlaması xalqımızdıń elede gúllep jasnawına arnalǵan is ilajlardıń ámelge asırılıwın belgilep beredi. Bul strategiyalardıń maqseti eń aldı menen xalıqtıń sawatlılıǵın asırıw, hár bir insannıń qolında keminde ózın-ózi tamiyinlew ushın óneri bolıwı áhmiyetli ekenligi, jaslarǵa bolǵan úlken itibarı hám isenim bildiriwiniń ayqın dáliyli bolıp esaplanadı. Bunnan kelip shıǵıp hárbir tarawda sol tarawdıń barlıq kásiplik baǵdarlarınıń bilim hám kónlikpelerin, is-tájiriybelerin teoriyalıq hám ámeliy bilimlerin tereń úyretip, jas áwladlarǵa bilim beretuǵın pedagog oqıtıwshılarǵa bolǵan talaptıń jánede juwapkershilikli bolıwın talap etedi. Bul ushın barlıq tarawlarda bilimli joqarı maǵlıwmatlı oqıtıwshılardı jetistiriw húrmetli Prezidentimiz tárepinen qabıl etilgen párman hám qararlar tiykarında «Kadrlardı qayta tayarlaw» boyınsha koncepciya

islep shıǵıldı. Koncepciyaǵa muwapıq oqıtıwshılardı belgili múddet dawamında qayta tayarlap, olardıń bilimlerin asırıw oqıwshılarǵa jańa metodlar tiykarında sabaq ótiw jolların hár tárepleme tolıqtırıwdan, rawajlandırıwdan ibarat ekenligi belgilep berildi. Sonnan qala berse mádeniyat tarawı oqıtıwshılarına úlken isenim bildirip juwapkershilikli islerdi ámelge asırıwǵa, keleshegimiz awladları bolǵan balalarǵa milliy mádeniyatımız dúrdanaları bolǵan milliy saz hám qosıqlarımız benen elede jaqın etip tárbiyalawǵa shaqırdı. Usı qatarda mádeniyat hám xalıq bilimlendiriw bólimlerine kóplegen tapsırmalar berdi hám qararlar qabıl etti. Solardan usı 2022-jil 2-fevral sánesinde 112-sanlı qararı boyınsha, 2022-2023-oqıw jılınan baslap bilimlendiriw mákemelerinde oqıwshılardıń bilim hám kónlikpelerin arttırıw ushın ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıwshılarǵa duwtar, dombıra, dáp, tanbur, rubab, girjek, nay milliy saz ásbaplarınan keminde birewin shertip qosıq aytıw sheberligi úyretilip olardıń pitkeriw gúwalıǵına kirgiziliwi, muzıka páni ushın háptesine belgilengen bir oqıw saatı jáne oǵan qosımsha túrde hár háptede milliy muzıka ásbaplarında qosıq aytıw dógereklerin shólkemlestiriw hám sabaq ótiwi talapları qoyılǵan. 2023-2024-oqıw jılınan baslap usı kórsetilgen ásbaplardan keminde úshewin atqarıp úyretiliwi kerek ekenliginiń ózi búgingi kún bolajaq muzıka oqıtıwshılarına qoyılıp atırǵan talap hám minnetleri bolıp esaplanadı. Muzıka páni ushın ajıratılǵan oqıw baǵdarlaması tiykarında «Saz shertiw ómirimniń mazmunı» súreni astında muzıka atqarıwshılıǵı oqıw sabaqları jolǵa qoyılıwı, bunnan tısqarı oqıwshılardıń bos waqıtların mazmunlı ótkeriw maqsetinde muzıka oqıtıwshıları tárepinen muzıka saz áspabların atqarıp úyretiltuǵın dógerekler shólkemlestiriwi jolǵa qoyılmaqta. Juwmaqlap aytqanda, usı júklengen tapsırmalar tiykarında búgingi kún bolajaq muzıka oqıtıwshıları aldına birqansha talaplardı qoyıwdı usınıs etemiz:

- ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdiń mámleketlik bilimlendiriw standartları hám usı tiykarında muzıka páni boyınsha oqıwshılardıń tayarlıq dárejesine qoyılatuǵın májbúriy talaplardı biliwi;
- óz qánigeligi boyınsha ilimiy – izertlewi nátiyjesinde metodikalıq jumısların alıp barıwı hám olardı ámeliyatta qollay alıwı;
- hárbir sabaqqa tiyisli bezew, qural, muzıka saz ásbapları, kórgizbeli qurallar, didaktikalıq materiallardan paydalanǵan halda oqıw sabaqlardı pedagogikalıq sheberlik penen ótkeriw tájiriybesine iye bolıwı;
- oqıtıw (sabaq beriw) hám tárbiyalaw sheberligine iye bolıwı;
- intalı oqıwshılardı anıqlap alıwı hám olarǵa arnalǵan bilim beriw jollarınıń, formaları hám de usılların islep shıǵıwı;
- búgingi kúnde muzıka páni boyınsha mashqalalar hám jańalıqlardı, ilimiy izleniwler haqqında maǵlıwmatlardı biliwi;

- sabaqlardı baqlaw, talqılaw tájiriybesine iye bolıwı. Demek, búgingi kún bolajaq muzıka páni oqıtıwshısı qoyılǵan talaplarǵa tolıq ámel etiwi nátiyjesinde jaqsı nátiyjelerge erisedi.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Sh.Mirziyoyev «Mádeniyat hám kórkem óner tarawın jánede rawajlandırıwǵa baylanıslı qosımsha is-ilajlar haqqında» ǵı PQ-112-sanlı qararı 02.02.2022.
2. Ǵ.Amaniyazov, S.Tajetdinova,. «Muzıka», N., «Bilim». 2008 j.

BAQSÍSHÍLÍQ KÓRKEM ÓNERINDE DÁSTAN, QOSÍQLARDÍŃ ORNÍ

Qalbaev Alawatdin
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Baqsıshılıq qosıqların tıńlaw, dástanlardı atqarıw arqalı olarda kórsetilgen mazmunın ańǵarıw, xalıq muzıkası tásirinde qáliplesken babalarımız tárepinen awızdan-awızǵa ótip kelgen, xalıqtıń bay mádeniy miyrasların keyingi áwladlarǵa jetkeriw jolında xızmet etetuǵın jónelisler maydanınan qıyallar qáliplesiwiniń psixologiyalıq qásiyetleri haqqında óz sáwleleniwin tapqan. Xalqımızdıń mentalitetin óz aldına sızıqlar arqalı ańlatpalap beretuǵın baqsıshılıq qosıqları haqqındaǵı dáslepki qıyallardı oqıwshılar sanasında qáliplestiriw menen baylanıslı jaǵdaylardı ańlatıwda psixologiyalıq tásir múmkinshiliklerinen keń paydalanıw muzıkalıq tálim procesindegi tiykarǵı wazıypalardan biri bolıp tabıladı. Dástan xalıq ruwxıy qádiriyatların iylegen halda sáwlelengen awızeki dóretiwshilik formalarınan biri bolıp, ol jaǵdayda qosıq aytıw, muzıka deklamaciya qılıw, bayanlaw sıyaqlı kórkem-estetik qádiriyatlar óz sawleleniwin tapqan. Dástanlarda joqarı insaniy pazıyletler ullılanadı, olar baqsılar tárepinen atqarıladı. Dástanlardıń sezim kúshi arqalı babalarımızdıń aralasıp ketken filosofiyalıq, diniy, etikalıq qarawları, úrp-ádetleri, turmıs tárzi kórkem oylaw jemisi retinde bayanlanadı.

Qaraqalpaq dástanshılıǵı óziniń áyyemgi túbirleri, ayrıqsha usılları, dialekti hám de jarqın ózine tartatuǵın nama hám qosıqları menen ajıralıp turıwshı bay quramalı hám áyne waqıtta ortaq kórkem ádebiyatqa baylanıslı-muzıkalıq waqıyalar bolıp tabıladı. Kópshilik túrk xalıqlarda bolǵanı sıyaqlı Qaraqalpaq dástanları da aralas, yaǵnıy gúrriń, qosıq, ayırım jaǵdaylarda qosıq formasında kórinetuǵın boladı. Oqıwshılarda muzıkalıq qıyallardıń qáliplesiwi, rawajlanıwı, xalıq baqsıshılıq folklorın iyelewge salıstırǵanda beyimliktiń payda bolıwı, ol

jaǵdayda kórsetilgen ishki-tuyǵılardıń óz sezimleri menen proporcionallıǵı olardı estetik tárbiyalaw múmkinshiliklerin keńeyttiredi. Aytılıp atırǵan baqsıshılıq qosıqları, dástanlardıń mazmunında kórsetilgen insannıń ishki keshirmeleri, sezimlerin túyiw arqalı oqıwshılarda watanpárwarlıǵı, adamlarǵa salıstırǵanda shın berilgen bolıw, adamgershilik, miynetsúygishlik sıyaqlı pazıyletleri oyanadı.

Hárbir xalıqtıń uzaq ótmish, haqıyqatlıqqa tolı tariyxıy dáwirleri, basınan ótken keshirmeleri, maqsetke muwapıq rawajlanıwı muzıka menen baylanıslı. Áyyemgi dáwirlerden baslap muzıka kórkem óneri úzliksiz túrde xalıqtıń jasaw tárzi, dáwiriniń rawajlanıwı menen sáykes bolıp kelgen. Qandaydur waqıyaǵa baylanıslı dóretilgen sesler uyǵınlıǵı xalıq namalarına aylanıp ketkenligi sebepli xalıq naması degen at kelip shıqqanlıǵı, tariyxıy dereklerden málim. Bizge shekem atqarılıp jetip kelgen xalıq qosıqlardı namaǵa qabileti bar insanlar dóretken biraq dóretilgen namalar nota jazıwına túsirilip qaldırılmaǵanlıǵı sebepli olardıń atları saqlanıp qalmaǵan. Qaraqalpaq xalqı uzaq ásirlerden beri óz turmıs-tirishliginiń aynası sıpatında túrli janrlarda bay muzıka mádeniyatınıń qosıq hám dástanlardıń ádebiy miyrasların dóretken. Xalıqtıń awızeki ádebiyatın xalıq qosıqları, dástanları zamannan zamanǵa, atadan balaǵa alıp keliwshi, xalıq dóretpelerin, qosıqların dástanların yadlap, onı ózleri jasap ótken zaman tiline biyimlep hám de qayta islep, xalıqtıń awızeki sózlerin sóylep, aytıp jırlap beriwshi, bul ónerge óziniń ómirlerin sarp etiwge xalıqtıń jırları jıraw menen baqsıları, qıssaxan menen shayırları, ertekshi menen sazende hám qosıqshıları boladı. Qaraqalpaq xalqınıń baqsıshılıq óneri muzıka mádeniyatında erte zamanlardan beri ósip rawajlanıp kelgen. Bul rawajlanıw jaslardı tariyxshı alımlarımızdıń, ilimpazlardıń, ádebiyat hám kórkem óner izertlewshi alımlar, tárepinen izertlenip, hár tárepleme qaralıp hám tastıyıqlanıp kelmekte. Qaraqalpaq xalqınıń baqsıshılıq óneriniń muzıka mádeniyatın rawajlandırıwshılar, eń eskiden kiyatırǵan súyikli ónerpazlarımızdıń esaplanılatuǵın jırawlar, baqsılar, qıssaxanlar, qosıqshılar bolıp esaplanadı. Olardıń sazı menen sózi xalıqtıń qosıqlarına, dástan atqarıwlarına say únles bolıp keledi. Xalqımızdıń mádeniy miyrası bolǵan muzıka mádeniyatlarımızdı rawajlandırıwshılar bolǵan jıraw, baqsı, qıssaxan hám shayırlardıń tutqan ornı oǵada ullı. Jaslardı watandı súyiwshilikke tuwǵan jerge, xalıqqa ana watanǵa sadıqlıqqa taǵıda kóp ǵana adamgershiliktiń eń jaqsı pazıyletlerin tárbiyalawda muzıkanıń, ásirese xalıq muzıka ǵáziynelerinde qosıqlar, dástanlar, batırlıq jırları, terme-tolǵawlardıń, watan, miynet tuwralı hám úgit násiyat qosıqlarınıń tásirsheńligi ekenligi málim. Qaraqalpaq xalıq namaların atqarıw, Xalıq qosıq hám dástanların atqarıp rawajlandırıw tarawında atqarıwshılardıń tutqan ornı oǵada ullı. Qaraqalpaq xalqında atqarıwshılar, jırawlar, baqsılar hám qıssaxanlar bolıp úsh úlken tarawlarǵa bólingen. Sonıń ushında jırawlar hám baqsılar shıǵısı jaǵınan

qaraqalpaq xalqınıń eń eski kórkem-ónerlerdiń biri bolıp esaplanıp, Orta Aziya xalıqlarınıń qobızı menen atqaratuǵın jırawları sıyaqlı kúta erteden kiyatırǵanlıǵı málim. Qaraqalpaq muzıkasında hám baqsıshılıq kórken-ónerinde ásirler boyı dawam etip kiyatıǵan atqarıshılıq kórkem óneri dástan menen namanıń arasındaǵı baylanıstı bekkemlep kelgen. Baqsılar qosıq hám dástanlardıń tekstte qurı mazmunın bayan etip baylanıstı bekkemlep kelgen. Baqsılar dástanlardı tekstte mazmunın bayan etip ǵana qoymay, olar óz bayanlamasın saz benen namaǵa salıp atqarıp kelgen. Qaraqalpaq baqsıshılıq kórkem óner muzıkasında dástanǵa salıp aytılatuǵın namalar úlken orındlardı iyeleydi. Lirikalıq dástanlarda qosıq penen nama bir-biri menen tıǵız baylanısta bolıp, olar hadal muhabbatı, xalıqlar doslıǵın, hayal-qızlar áwladınıń húydanına berikligin, aqıllılıq penen tapqırlıqların aytıp ótedi. Olar bastan ayaǵına shekem qosıq muzıkası menen tolı. Sonlıqtanda qaraqalpaq xalqınıń lirikalıq xarakterdegi namalardıń rawajlanıwında aqıllıq penen tapqırlıqtı aytıp ótedi. Qaraqalpaq xalqınıń lirikalıq xarakterdegi namalardıń rawajlanıwında onıń ádebiy folklorında lirikalıq dástanlardıń payda bolıwı menen baylanıslı hám tásiriniń oǵada ullı bolǵanlıǵın aytıp ótiwimiz kerek. Hárbir xalıqtıń kóp ásirlerden beri kiyatırǵan ruwxıy mádeniyatınıń ájayıp ǵáziyneleriniń biri – bul qosıq aytıwshılıq óneri bolıp esaplanadı. Házirgi kúnde xalıq arasında xalıq qosıqlarınıń taralıwı sebeplerin, saqlanıwın túsindiriwshi atqarıwshı bolıp. Biraq eski xalıq qosıqları arasında xalıqtıń ruwxıy talaplarına juwap beretuǵın, olardı atqarıwshılar arqalı tıńlawshılarǵa haqıyqıy estetikalıq lázzet baǵıshlaytuǵın kóplegen qosıqlar ǵana elege deyin jasap atırǵanı ayqın nárse. Qaraqalpaq xalıq qosıqlarımız gózzallıǵı sulıw intonaciyası jaǵımlı ırǵaqları milliy koloriti qusaǵan ózgeshelikleri menen basqa xalıqlardan ayrılıp turadı. Xalıq qosıǵı bul úziliksiz jańalanıp baratuǵın, háreketsheń material, ol jańa áwladlarǵa jańasha oy-pikirler júritiw ushın túrtki boladı, tiykar beredi.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Алламуратов А. Дуўтар сазлары. Қарақалпақ бақсылары ҳәм сазенделери. «Әмиўдәрья» журналы, 1994, №5-6.
2. Алымов А. Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары. Нөкис, «Қарақалпақстан».
3. Turdımuratov J. Házireti sazger, Nákis:Bilim 2013.

QARAQALPAQ XALÍQ NAMALARÍNÍŃ TARIYXÍ

M.Paluaniyazov
S.Xojamuratov
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Qaraqalpaq xalıqınıń kórkem óneri, bay ádebiy miyrası, milliy nama qosıq sazları, jırawshılıq, baqsıshılıq, qıssaxanlıq óneri, ustazdan shákirtke ótiw jolı menen miyras bolıp búgingi kúnimizge shekem kelip jetken. Qaraqalpaq xalıqı da óziniń kóp ásirlik tariyxına iye bolıp, turmısın sáwlelendiriwshi hár túrli janrda ónıń bay ádebiy hám mádeniy miyrasın dóretken, awızeki xalıq dóretpelerin kóplep dóretken sonday-aq ájayıp namalar menen qosıq sazlardı dóretken xalıqlardan bolıp tabıladı. Qaraqalpaq xalıq erte zamanlardan baslap-aq óziniń kóp tarawlı bay muzıkalıq korkem ónerine iye ekenligi málim. Usı muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwında saz ásbapları u`lken rol atqarıp keledi. Saz ásbapları qaraqalpaq muzıka mádenıyatında Orta Aziya xalıqları kórkem óneri qatarında kóp ásirlik tariyxına iye. Ataqlı baqsılarımız tárepinen dóretilgen qosıq namaları, olardıń atqarǵan liro-epikalıq dástanları, xalıq qosıqları, duwtar sazları, olardıń shákirtlerine, atadan balaǵa, izbe-iz ulasıp, birinen-biri ótip, jańalanıp, jetilisip, uzaq jıllar dawamında bulardıń eń hasıl dúrdanaları olardıń yadında saqlanıp ustazdan-shákirtke miyras bolǵanınday biziń dáwirimizge jetip kelgeniniń búgingi kúni hámmemizge belgili hám guúwasımız. Xalıqımızdıń kórkem óneri, muzıka mádeniyatı, izi úzilmey kem-kemnen jańalanıp, tolısıp, hár tárepleme jetilisip, zaman talabına say rawajlanıp bara beredi, xalıqımızǵa xızmet qıladı, jańlay beredi, xalıqımızǵa ruwxıy lázzet baǵıshlaydı. Baqsılar dóretken namalardı kópshilik xalıq ishinen shıqqan qosıqshılarda, jaqsı dawısqa iye qosıq aytıwshılarda yadlap alıp aytıp júrgen. Kópshilik xalıq bul namalardıń, qosıq hám sazlardıń atların bir-birinen ayırıp bilgen, xalıqımızdıń kópshiligi bul namalardı kimler dóretkenin de jaqsı bilgen. Kóplegen ataqlı baqsılar ózleriniń atqarıw sheberligi, dóretiwshilik uqıpları menen kompozitorlıq qatnas jasap namalar dóretip, olar ustazdan shákirtke ótip xalıq arasına taralıp otırǵan. Qaraqalpaq baqsılarınıń kópshiligi dóretiwshilik uqıpqa iye bolıp, olar dóretken namalar hám sazlar ádebiyatshı, tariyxshı alımlarımızdıń miynetlerinde, maqalalarında, kitaplarında, anıqlanıp tastıyıqlanǵan. Ataqlı qaraqalpaq baqsıları, Axımbet, Muwsa, Edenbay, Bayniyaz, Shernazar, Artıq, Arzı, Berdaq baqsı, Húrliman qız baqsı, Qarajan, Qurbaniyaz, Eshan, Japaq, Ámet, Genjebay hám taǵıda basqa da baqsılarımızdıń atları tarıyxtan orın iyeleydi. Olardıń atqarıwındaǵı qosıq namalar, duwtar sazları, dástanlar uzaq jıllar dawamında keleshek áwladlarǵa jemis bolıp, xalıqımızdıń yadında mángi saqlanadı. Xalıq ishinen shıqqan talantlı kórkem ónerge qızıǵıwshı jaslarǵa,

qosıqshı, sazende-góyendelerge, jas baqsılarımızǵa, sonday-aq, kóplegen talant iyeleriniń jetilisip shıǵıwına, olardıń qatarınıń ósip, kóbeyiwine úlken tásirin tiygizetuǵınına gúmán joq.

«Siyperde» - naması, tariyxıy maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda nama Arzı baqsı tárepinen dóretilgen. Arzı baqsı Xiywada medreseni tamamlaǵanda qasındaǵı pitkeriwshiler oqıtqan mollasına anaw-mınaw sıylıqlar, sawǵalar berip otırsa, Arzı baqsı mollanıń aldına soqqa júginip, bir dizege qonıp, shananıń ishinen duwtarın alıp - «taqsır sizge ákelgen meniń onday at-ton, sarpayım joq, biraq sizge degen jaqsı sarpayım bar, sonı sawǵa etemen» - dep, «Sıy perde»-ni úsh ret shertken eken. «Sıy»-qádimgi sıylaw, «Perde» duwtardıń perdesi, demek «Sıyǵa duwtar perdesi» degendi ańlatadı. «Sıy perde» namasın sońǵı waqıtları, «Si perde» dep atap, «Si perde» atalıp kiyatır.

«Muxalles» - naması burınları «Muxammes» dep aytılıp kelgen. Sońǵı waqıtları «Muxammes» sózi «Muxalles» dep aytılıp kiyatır. «Muxalles» namaları bul baqsılardıń tili menen aytqanda:-sazlardıń, namalardıń aǵlası, seydini degendi ańlatadı. Ótkendegi ataqlı baqsılar ózleri toy-merekelerde qosıq aytqanda aldı menen, usı «Muxalles» namasına baslamay turıp basqa namalardı aytpaǵan. Aldı menen «Muxalles» namaların aytqan, sońınan basqa qosıqlardı aytqan, sońınan dástanlarǵa túsken. Qaraqalpaq baqsılarınıń repertuarlarında muxalleslerdiń bir neshe túrleri bar, oǵada kóp. Olardan: «Háwij muxallesi», «Azizim muxallesi», «Kepter muxallesi», «Áy Álip muxallesi», «Barmeken muxallesi», «Nigarım muxallesi», «Serper muxallesi», «Terme muxallesi», «Ziuar muxallesi», «Sáwdigim muxallesi» taǵı-taǵılar. Házirde baqsılar qosıq aytarda usı muxalles namalarınan baslap óziniń qosıq aytıwın baslaydı. Biz joqarıda aytıp ótken namalardıń barlıǵıda qaraqalpaq xalıqınıń súyikli perzentlerinen Japaq baqsı Shamuratov, Esjan baqsı Qospolatov, Amet baqsı Tariyxov, Genjebay baqsı Tilewmuratov, Qayıpnazar Reymov, Turǵanbay Qurbanov sazende-baqsılar Aytjan Xojalepesov, Ibrayım Patullaev hám t.b da kóplegen baqsılardan Qaraqalpaqstan Radiosınıń altın fondına magnit lentasına jazıp alınǵanı júdá quwanıshlı jaǵday bolıp tabıladı. Baqsılarımızdıń kewil tórinen yoshıp shıqqan, janǵa jaǵımlı, kewilge qonımlı, óz milliyligimizdi ańlatatuǵın milliy kaloritke bay milliyligi basım naǵız qaraqalpaq namaları keleshek jas áwladtı tárbiyalawda, olarda xalıq namalarına degen qızıǵıwshılıqtı oyatıwda úlken tárbiyalıq áhmiyetke iye bolıp tabıladı. **«Bozataw»** qaraqalpaq xalıqı óziniń awızeki kórkem ónerine, sonıń ishinde qosıqlardıń álwan túrlerine oǵada bay. Olar xalıqtıń ásirler boyı júreginde saqlanıp kiyatırǵan oyların, júrek sherin hám keypin ańlatıw menen birge tereń tariyxıy dereklerge iye. Xalıq óziniń ishki sezimlerin tek nama arqalı ǵana emes, nama menen teksttiń birlespesi bolǵan qosıq arqalı hár tárepleme jetkerip bere aladı.

Miynetkesh xalıq óziniń qosıq dóretpesinde turmıs haqıyqatlıǵın real bayan etken. Eldiń búlginshilikke ushırap, talay mártebe kóship qonıwına qaramastan óziniń qosıq dóretpesin qádirlep saqlay biledi. Ájiniyazdıń «Bozataw» qosıǵı onıń Watan haqqındaǵı sezimlerinin jıyıntıǵı dep ataw múmkin. «Bozataw» qosıǵın esitip otırǵanımızda óz Watanın súygen shayırdıń sestin esitip atırǵanday bolamız. Ájiniyazdıń 1858-1859-jıllardaǵı Qońırat kóterilisiniń ideologlarınıń biri bolǵanlıǵın seziwge boladı. Bozataw qosıǵı usı dawirdegi tariyxıy jaǵdaylar tiykarında jazılǵan. Ájiniyazdıń «Bozataw» qosıǵı mine usınday waqıyalarǵa baǵıshlanǵan. El-jurt dushpanlar qolında bende bolıp, adam shıday almaslıq azap tartıp atırǵanda, bul jerde shayır Ájiniyaz da bar edi. Ol basqınshılardıń barlıq hareketlerin óz kózi menen kóredi. Putkilley qarabaxanaǵa aylanıp qalǵan Bozataw shayır juregine ulken dart saladı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Q.Maqsetov «Qaraqalpaq jıraw-baqsıları» 1983.
2. Q.Maqsetov «Dástanlar, jırawlar, baqsılar» 1992.
3. Q.Ayımbetov «Xalıq danalıǵı» 1988.
4. A.Allamuratov, O.Dospanov, G.Tilewmuratov «Qaraqalpaqsha Kórkem óner atamalarınıń so‘zligi» 1991.

QARAQALPAQ ALA MOYNAQ DUWTAR ÁSBABÍNDA ATQARÍLÍW USÍLLARÍ

Esanov Muzabbar

Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Ala moynaq duwtarı atqarıwshılıq ámeliyatında júdá keń qollanılatuǵın saz ásbabı bolıp esaplanadı. Ala moynaq duwtardı otırıp hám turıp shertiletuǵın sazlardan bolıp, ansambl atqarıwshılıǵında hám jeke atqarıwshı atqarıwshılıqta júdá kóp qollanıladı. Duwtardı jaqsı ózlestiriw ushın atqarıw waqtında onı tuwrı tutıw áhmiyetli bolıp tabıladı. Atqarıw waqtında atqarıwshınıń sırtqı kórinisi shıraylı bolıwı, gewdeniń, ayaq, qolınıń erkin tutıwı úlken áhmiyetke iye. Duwtardı jaqsı atqarıwshılıq halatında dáslepki shınıǵıwlardanaq úlken itibar beriw kerek. Bunda oń hám shep qoldıń halatı, yaǵnıy saz ásbabtı tuwrı uslaw, dásteni tuwrı tutıw, tuwrı uslaw sıyaqlı elementlerdiń bir-biri menen óz ara qatnasında bolıwın támiyinlew eń tiykarǵı wazıypalardıń biri bolıp tabıladı. Saz ásbabtı uslaw halatındaǵı ámeldegi bolǵan kemshilikler kóbinshe atqarıwshılıǵı tómen dárejede

